БИБЛИОТЕКА ИА «ЧЕЧЕНИНФО - CHECHENINFO.RU

**Электронная версия: З. Кулаева**
**Редактура эл. версии: М. Алиева**

**Бакаров Мусса**

# Обарг Зеламхех дагалецамаш

**Книга авторо шен чоьтах арахецна, кхуьнан спонсор ю «Баьццара болам» олу Нохч-Г1алг1айчоьнан меттигера юкъаралла.**

**ЧУЛАЦАМ**

Зеламха……………………………………………………………………………………3
Зеламха набахтера веддачу деношкахь Султанов Лусех кхетар, церан къамел а……….....10
Лусус хоьтту Зеламхе ……………………………………………………………………14
Саь1идан къамелан шозлаг1а дакъа……………………………………………………...25
Гелдаганойн Зеламханна харачойн Зеламхас далнйна шолг1а масал……………………....41
Зеламхан йоь1аца Медица хилла къамел……………………………………………………..44
Махкат1ерачу воккхачу стеган Суайпан Шабазан дийцар……………………………..49
Селман-Тевзнарчу воккхачу стага Дикис Зеламхех дийцира………………………………55
Миллер Адолфан дийцар……………………………………………………………………59
Муха вевзира инарла Чермоев Тапий, харачойн Зеламхий. Жимчу Ата-г1арчу Исалан дийцар………………………………………………………………………………………...63
Жимчу Атаг1арчу Дикин къамелан шозлаг1а дакъа………………………………………82
Т1ехьа-Мартант1ерачу Б1ехон дийцар……………………………………………………..93
Зеламхан йоь1ан Медин шозлаг1а дийцар…………………………………………………..110
Зеламхех лаьцна суьйлийн 1елас дийцира…………………………………………………..120
Суайпан Шабазан дийцаран шозлаг1а дакъа………………………………………………..131
Акхсайхь ваьхначу Баширов Ахьмадан дийцар…………………………………………....138
Зелимханов Мохьмадах лаьцна Джафаров Хьасана дийцира……………………………...147
Зеламхан к1антах 1умар-1елех лаьцна……………………………………………………153

**Б 19 Бакаров М.**

Воспоминания об абреке Зелимхане. - Грозный: Чеч.-Инг. издат.-полиграф, объединение «Книга», 1990 - 160 с.

Махкат1ера Бакаров Муса харачойн обарг Зеламхех йолу материалаш лехьон волавелла 1940 шарахь дуьйнна. ХIара дагалецамаш цунна хуучуьван жима дакъа бен дацахь а, хIорш бешначунна ц1еяхханчу обарган аналех дикка х1уманаш хуур ду.

**Б** $\frac{\textbf{4700000000-50}}{\text{М 135(03)-9О}}$ **Без объявл.** **С2 (Чеч).**

ISBN 5-7666-0308-8

© Бакаров Муса, 1990

# Зеламха

И дара 1940-чу шеран апрель баттахь. Школехь каникулаш а йолуш, ас тхайн дега дийхира со Соьлжа-гlала Шерипов Зоврбек волчу хьошалгlа вахийтар. Уьш хиллера вайн республикан мохкбовзаран музейна уллохь Iаш. Шен мукъачу дийнахь сан самукъадаккха оцу музее вигира со Зоврбека. Цу чохь сан уггаре а самукъадаьлларг говрахь а волуш, шен дерриге а герзащца кечвелла, турмалца генна дIа а хьоьжуш, дийнна дегIаца диллина сурт а, цунна бухахь охьабехкина Зеламхин тIеман гIирсаш а, нуьйр а, таьлсаш а, ша лела некъаш юханехьа гойтуш долу цо лелийна говрана туху ленаш а, кхин дуккха а х1уманаш а яра.

Цул т1аьхьа ткъа шо гергга хан – Сийлахь-боккхачу Даймехкан т1еман а, нохчийн бехк боцуш махках баьхна шераш а – юкъаюьйлира сан цига юха ваха йиш ца хуьлуш. Даймахка юха а дирзина, Нохч-Г1алг1айн республика юхакхоьллича дукха хан ялале вахара со оцу музее. Амма суна хьалха гина сурт аьттехьа дацара, Зеламхин х1уманаш йоцуш яра цу чохь. Ас деллачу хаттарна жоп луш музейн белхахочо элира, Зеламхин портрет а, кхиболу г1ирсаш а кхузара д1аьбаьхьна аьлла. Мухха делахь а, 1960-чу шарахь юха а цига вахана, музейн завхозе ас хаьттича, цо жоп делира и ерриге а х1уманаш Гуьржехара схьаеана, складехь 1оххуш ю, уьш юха музей чу д1ах1итторан г1уллакх къастоза ду аьлла. Цул т1аьхьа къаьсттина хаа лиира суна, мила хилла Зеламха, х1ун бахьана ду республика юхакхоьллинчул т1аьхьа цуьнан истори т1е нехаш хьаькхна йитар.

Оццу 1960-1961-чуй шерашкахь суна хиира, мел лерам беш хилла Зеламхин вайн республикехь 1944-г1а шо т1екхаччалц, вуьшта аьлча, вайн республика д1айохаяллалц. Суна хиира, Зеламхин ц1арах Шелан районехь колхоз а, Гуьмсехь урам а хилла хилар. Зеламхех лаьцна яьккхина фильм хилла хилар а. Ткъа радиочухула декаш хилла цунах лаьцна исбаьхьа халкъан иллеш: «Вицлур вац Зеламха нохч-г1алг1айн к1енташна. Дицлур дац, Зеламха, ахь дина г1уллакхаш»… Иштта хиира Зеламхин воккхах волу к1ант Мохьмад вайн лаьмнашкахь Советан 1едал д1ах1отточу хенахь Махкат1ехь 1едална дуьхьал хилла айам бохош, эскарна хьалха а х1оьттина, НКВД-н мог1аршкахь а волуш вийна хилар. Иштта хиира цуьнан шолг1а к1ант 1умар-1ела обаргашца латточу къийсамехь 1947-чу шарахь Веданан НКВД-н хьаькаман даржехь воьжна хилар а.

Оцу турпалчу стагах дерг толлуш, хоьттуш со лелачу хенахь, цхьаццаволчуьнгара хезара: «Витахьа и Зеламха. Зуламхо хилла волчу цунах ахь хIун до?» ТIаккха цу хенахь (1961-чу шарахь) 75 шо хан йолчу тхайн дега (шу марша, хIинца вац иза) Бакаров 1усмане дийцира ас, Зеламхех цхьаццаволчо зуламхо а ма олу, нийсонца дерг муха карор дара-те сунна, аьлла. Т1аккха цо дийцира, Октябрьски к1отарахь шен б1е шо сов хан а йолуш, уггаре а дика Зеламхех дерг хаа а хууш, бакъдерг бен дуьйцур а доцуш цхьа воккха стаг ву, и волчу г1ур ву вайша, аьлла. Цул совнаха, т1етуьйхира цо, Зеламха т1еэцна аьлла, шен доьзалца чувоьллина кхо шо хан яьккхина а ву и Саь1ид.

Май беттан деза денош долуш (оццу 1961-чу шарахь) вахара сой, тхан дай и воккха стаг Тумхаджиев Саь1ид волчу. Тхойшинца Махкат1ера Чолтаев Мохьмад а веара. Воккха стаг дика са гуш а вацара, меттахь 1уьллура, ткъа цуьнан х1усамнана – къена йоккхастаг – дикачу доьналлехь яра. Могаш-парг1ат хаьттина девлча, тхан дас долийра: «Саь1ид, ахь хьайн доьзалца Сибрех кхо шо даьккхина ма боху Зеламха бахьанехь. Ткъа цу Зеламхина цхьаццаволчо, ша саннарг кхин хир воцуш, бакъо езаш къонаха вара а ма олу, цхьаццаволчо зуламхочун ц1е а ма туьллу цунна. Ахь бакъдерг бен дуьйцур доций хаьара суна. Дийцахьа, хьайна цуьнах хуург».

Иштта къамел долийра т1аккха Саь1ида: «И дара 1аьнан чиллан хенахь. Зеламхина дуьнен тIехь яккха йисина хан кхо шо бен а ца хиллера. Суьйранна говр, сту 1алашдеш вара со, «Саь1ид, кет1а валахь» аьлла, мохь тоьхча. Ши говр а, цхьа бере а гира суна. Говрашна т1ера дохк санна хьацаран 1а г1иттаро кхетийра со и бере лаа цахиларх. Ков схьа а доьллуш, араваьлча, суна вевзира Хорачара Закин 1ела.

- Хьо лаа вуй? - аьлла динчу хаттарна иштта жоп делира цо:

- Вац. Тахана кхоалгIа де ду Зеламха, лаьцна кхаалха гуо болуш, вайн ломарчу хьехахь волу. Цу хьеханчу ваха ваьхьаш стаг вац цигахь. Хорачойн коьрта нах паччахьан инарлас лецна латтош бу. Царна юкъахь ву Кибин 1абдулхьаьжи а, Г1онукъин Запулла а, Хьаьжа Аласхин Атабай а, иштта кхиберш а. Цу т1е инарлина хиъна, Зеламхина хьол тешаме стаг хорачойх воций. Цундела, хьо соьца ца ваг1ахь а, инарлин б1оно хьо цига вигаза вуьтур вац.

Ас, оьг1аз а вахана, элира:

- Мотт социйла со вийцинчун, мотт тоьхначун!

Кхин чу ца воьдуш, сайна т1ехь йолчу божли чу лелочу хормица цу беречо ялийначу говрахь со лома вахара. Эскар дIаса а теттина, йоккхачу ц1арна юххехь ал т1е тесначу вертан т1ехь кетарх хьаьрчина 1ан инарла, хьала а гIаьттина, соьга куьг а делла уллохь волчу талмаже гоч а дойтуш, къамел дан волавелира:

«Х1ара тахана сан кисанахь волу паччахьан мостаг1а обарг Зеламха хьоьх бен, цхьана а хорачочух ца тешар хиъна суна. Ахь хIинца, цу хьеха чу а гIой, цуьнга дIадийца кхузахь долу хьал: д1ахьажа цу хьехана кхаалха лаьцна лаьттачу гоне, дIо долчу мехкадаьттанан шина чермане (цу хьеха чу к1ур бан кечдина хиллера уьш), эзар салтичух эскар долуш ду, тховса кхин а оццул кхочур ду аьлла бина хаам а бу сардалера. Х1ара хьал ма-дарра д1а а дийций, шех соьга кескаш ца йойтуш, дийна каравола ала цу хьайн гергарчу стаге».

ТIехдаьккхина цуьнга х1ума дуьйцийла яцара, делахь а сайн юьртахошна, цара со вийциний сайна хууш хилар хаийта, ас инарле элира: «Сайн дег1 хьеран тIулгаца аьхьча а, со моттухур боцуш вуй хаьа цу Зеламхина а, кху хьуна гонаха лаьттачу сан юьртахошна а. Хуучара шайна маршонна я хьан дикане сатесна

вийцина кхара со хьоьга. Даза ца долу ахь бохург, со кийча ву». «Идите», - аьлла, цкъа со, букъа юккъе куьг тухуш, д1а а теттина юха а: «Стой!» - вухаверза элира цо талмаже. Т1аккха: «Вало, цунна хьалха а валий, дIагайта цунна вайн берриге а ницкъ», - аьлла, дIахьажийра тхойша инарлас. Талмажа, эскаран бIо а, кхиболу кечамаш а суна гойттушехь, шеггара тIетуьйхира: «Кхара, цхьогал санна, кIур а бина, чохь вен а вийна, такхийна аравоккхур ву иза. Цул дийна каравола ала ахь цуьнга. И хьох дозуш ду!» - аьлла.

Ца дог1учу дагца хьеха чу вуьйлира со: «Во Зеламха! Во Зеламха!» - бохуш, бетташ мохь а болуш. Лоьман санна, аз делира чуьра схьа: «Юхавала, мила ву хьо?» «Со Саь1ид ву, Тумхьаьжин к1ант», – жоп делира ас. «Схьавола, схьавола», – аьлла, суна дуьхьал а веана, берте биллинчуьра къожан ц1ов д1а а баькхина, сов хазахетта чу вигира со. Чохь охьабиллина бара бакъийна дума а, баьпган юьхьиг, цхьана туьтан чохь жимма хи а, т1еман г1ирс а, т1етосуш лелош 1аьржа верта а, г1евлинга юьллуш цхьа дечган гуьйриг а яра. «Суна уггаре а дукхавеза хьаша ву хьо, – бохура Зеламхас, – дийцал айхьа деанарг».

– Дера бу, Зеламха, ас беанарг кху дуьнен чохь кхин хила йиш йоцуш къаьхьа кхаъ. Кху хьехана лаьцна лаьтта салтийн кхаалха го, тахана кхоалг1а де ду боху инарлас ша и го лаьцна. Со х1инца валийна хьан уггаре а тешаме, гергара стаг ву аьлла, мотт сацаро мотт а бина. Цу хьеха хьалха ду ши салаз ча, ши черма мехкадаьтта. Цул совнаха, хьан мостаг1ех кхо стаг а ву цигахь, шайн герз кечдина лаьтташ. Тховса т1екхиа безаш бу кхин а эзар салтичух лаьтта цхьа б1о а.

Дукха парг1ат соьга хеттарш до Зеламхас, докъаран биста кхаччалц. Тlаьххьара а хоьтту, lаббаз воккхахиллий, иза а, х1усамнана а могаш дуй олий. Моьттар дара, со и волчу леррина хьошалгlа веана. Чlогlа цецвелира со оццул меттахь дог долуш, воьхна воцуш, иштта парг1ат и хиларх. «Саь1ид, - боху цо соьга. - Хьуна ас х1ун дича бакъахьа хета?» Соьца царна тlеволахьа аьлла, дехар дира ас цуьнга. Цо доцца жоп делира: «Ахь х1ун алий оцу инарле? Суна Тифлисерчу воккхачу сардалан куьг а, мух1ар а т1ехь долу кехат дан алахь кху хьеха чу. И схьакхаччалц со кху чохь lийр ву, и схьакхаьчча т1е а вог1ур ву. Цу т1ехь яздина хила деза со бахьанехь, сан накъостий бахьанехь а мел лаьцна адам Іедалан буйнара д1ахоьцу аьлла чlагlо. Шолгlа - цу т1ехь хила деза хьоладай а, мисканаш а цхьатерра бакъонаш йолуш бу аьлла

чlагl1дар а. Тlаккха со а, сан накъостий а кийча бу цара бохург дан».

И къамел шега дӀакхаьчча чуьравелира инарла, омра до, чехка юха а верзий, доцца ала цуьнга, хьо сан кисанахь ву, цхьогалан кӀорни санна. Ас хьо лоцур ву я и· мокхазан берд цу стиглан Ӏаьршашка бохуьйтур бу, бохуш. Ценна гуш дара и дийна каравалийча инарлех воккха хьаькам вийр волуш хилар а, и цуьнга сатуьйсуш хилар а.

Ша и дийна лоцур ву бохуш, пачхьалкхан диъна ахча а дара цунна дагахь.

Цхьа дог ца догӀуш юха а хьеха чу ваха дийзира сан. Инарлас бохург чӀогӀа дайдеш дӀадийцира ас Зеламхе, диъ-пхи шо хьуна хан а тоьхна, хьо дийна вуьтур ву боху, цхьана а тайпа ницкъ а бийр бац боху, аьлла. «И кехат лой цо?» - хотту вукхо. Ца ло, вайна дош ло цо, ас аьлча, «и дешнаш вайна дукха хезна, Саь1ид, мецачу барзо уьстаг1ана лучу дешнех тера хуьлу уьш дерриш. ХӀинца кхин ма дийца ца хиндерг», - олий, хададо Зеламхас.

ТӀаккха цхьа чӀогӀа вела а лой, вистхуьлу Зеламха: «Саь1ид, ахь цу инарле х1ун алий? Х1окху Россехь мел долу эскар цо д1ах1отторах, цуьнга со лацалур вац, ас сайх ларло боху, алахьа. Кхузза дехар дира ас цул хьалха суна тӀаьхьаваьлла леллачу эпсаре, и нах ма хьийзабе, даккхий хабарш а ма дийца, ас вуьйр ву хьо аьлла. Цо ца дира ас бохург. Сан и вен дийзира. Кхин сан го лацахь ас вуьйр ву и».

Юха а тӀевирзира со цунна, хӀаллак ма хилахьара хьо, кара гӀахьара, сан а, вайн гергарчу нехан а цхьа эзар сов уьстаг1а бу, б1е сов бежнаш ду, уьш дерриге дӀадоьхкина а, хьуна кӀезиг бен хан тухуьйтур яцара вай, бохуш.

- Делахь дика ду, Саь1ид, - элира цо, - со цара вен а ца вуьйш, Іуьйра ламаз макажойн а, вайн а дозанахь долчу шийлачу хи т1ехь а деш, д1авахча тоьий хьуна? Со араволуш ас шозза мажар кхуссур ю. Цуьнан тата оцу инарлина а девза хьуна. Цул тӀаьхьа цо дукха хан ялале и дерриге а адам, шел ца деш, дӀадохуьйтур ду. Кхин цхьа х1ума ду. Бехк сан белахь а, бацахь а цу ахь буьйцучу сан мостагӀашна юкъахь Хьаьжа велахь, ас бохура алий, иштта дешнаш ала цуьнга: «Хьаьжа, хӀара де гуш ву-кха хьо». Ткъа инарлица ас цуьнан шен чохь къамел дийр ду я Гуьржех боьдучу новкъахь цунна дуьхьалкхета хьожур ву».

ТӀаьххьара а дуй а кхуллуш дехар до ас, йийцахьа, сан ваша, х1окху балех хьо вер ву боху хьайн деган йовхо.

- Дера, Саь1ид, со шайх а ма вац, - вистхуьлу Зеламха, - хьуна ма-хаъара. Селхана буса, кху чу со веаний а хьанна хаьа аьлла, чӀогӀа кӀадвелла а волуш, дӀатевжина, наб озийнера суна. ГӀенан кхоьллахь суна тӀе а хӀуттий, тхан дас олу соьга: «КӀант, воха-м ца воьхна хьо, ца хаьа хьуна хьайна лаьцна го буй?» - олий. ЦӀеххьашха самаволий, хьехан берте а воьдий, доьазза мажар кхуссу ас жӀарах. Суна дуьхьал т1ом болало. Циггахь хиир-кха суна. Нагахь кху бахьанина сан хан кхаьчнехь, волийла дац. Цкъа лийриг хиларан шеко яц, ткъа доьхна а долуш делча, вайн берашна наха тӀехдеттар ду иза, - бохуш, сан сатедан гӀерта Зеламха.

- Да а, шиъ ваша а вийна, тешаме доттагӀий х1аллакбина, масех б1оно го лаьцча а кӀелхьаравуьйлуш хьо леллий хаьа суна, Зеламха, - боху аса. - ХӀинца кху хьеха чохь висинчу кепара вон деаний хьоьга цкъа а? - хотту ас.

- Дера, - дуьйцу цо, - нийсса баттахь ца вуьжуш, набахтехь пена кӀел 1уьрг даькккхина со араваьллачу буса а, Соьлжехь дийнна юьртана го лаьцна, оцу юьрта чохь висинчу буса а, да, ваша, доттагӀа вийначу дийнахь а; шаьш байа дӀабуьгу аьлла, доьзал ГӀалгӀайчу лома дӀабуьгуш а холчу хӀоьттина ма вац со, цхьана дийнахь Маьлхистойн хьуьна юккъех чекхволуш сайна йоьлхуш дуьхьал еанчу жимчу зудчун дехар сайн дуьззина кхочушдан ца деллачу дийнахь санна. Накъосташкара пурба а дехна, дуьхьал новкъа сихха вахана вогӀур-кха со аьлла, ГӀалгӀайчу доьзал х1ун деш бу хьажа со воьдуш дуьхьалкхийтира шийлачу маьхьарца йогӀу цхьа жима зуда. Соьга бехк ца биллар а дехна, шена вешийла дар дийхира цо, шен карара даькккхина пхи-ялх бутт кхаьчна божабер а эцна, дӀога басех чу воьдуш ву ши стаг, цаьргара и схьадаккха хьажахьара хьо, аьлла. Говраца цигах чувахалур а ца хилла, цуьнга сайн говр дӀа а лацийтина, лайн к1ац хиларна къаьсташ йолчу лорах чу хьаьдира со, цхьана жимчу ирзех дехьаволуш тӀе а кхиира цаьршинна. «ХӀей, ши стаг, и бер охьа а диллий, дӀавала кхузара», ас аьлча: «Хьан х1ун бала бу?» - аьлла, вон вистхилира соьга царех цхьаъ. Ас сайга цу зудчо дина дехар дийцича а шек ца велира. Кхоазза дуй кхуллуш а дийхира ас. Цул тӀаьхьа Делаца чӀагӀо йира, бер охьа ца диллахь, вуьйр ма ву шуьшиъ,

аьлла. Цу шиммо, ваша а ца вешаш, цхьамма бер буьрка санна ирх а кхоьссина, вукхо шаьлта тоьхна цуьнах ши дакъа а дина, д1аведира и шиъ. Ас эццахь ший тоьхна вийра. И ши ах дина беран дакъа сайн башлакхан т1оман цу зудчунна т1ехьочу дийнахь санна холчах1оьттина вац-кха со, Саь1ид, цкъа а, - чекхдаькккхира шен дийцар Зеламхас, сан хаттарна жоп луш.

Эпсарш бен ц1арна улло а ца кхочуш, арахь шийла долу хьал сайна довзарна, со башха сиха а вацара хьеха чуьра аравала. Зеламха а, дагахь х1уъа хиллехь а, со аравала башха лууш волчух тера а дацара. Иштта къамелаш деш буьйса юкъал т1ехъяьлча, Зеламхас элира:

- Саь1ид, хьошалг1а варна хьуна баркалла, х1инца хьо парг1атхила, со жимма сада1а воллу. Нагахь, дукха хIунда Iара хьо аьлла, инарлас хьайга хаттар дахь, ас сацийна ара ца волуьйтуш Iийнера алалахь.

Бакъду, Зеламхас шех кхид1а йолчу хенахь ларло бохура аьлла, тесна кхерам инарле ма-барра дIабийца со ца ваьхьира (и бакъдерг-м хиллера). Дийна а волуш, тIевогIуш вац и аьлла, дийцира ас. Сахила йиснарг а яцара дукха хан а, амма милла леш лаьттара со а, гонаха долу адамаш а.

Суна дагадеара Зеламхас Хьаьжега дIаала аьлла дина кост. «Хьаьжа, хьо гуш ву-кха хIара де» и дешнаш ас тIе а вахана, Хьаьжега Зеламхера дIааьлча, и хьала а гIеттина: «Вало, ши к1ант, дIадели хIара. Дала аьтту бойла хьан, Зеламха!» - аьлла, дIавахара, шен ши накъост  а вуьгуш.

Цул т1аьхьа сатосу хан герга кхочуш, хьехан бертехь шозза мажар елира, ткъа салташа берриге а ломан арц бекош дуьхьал т1ом болийра. Оццу минотехь хьехан бертехула чувоьжна, ломан тIулгаш т1е веталуш чувоьдуш стаг хаавелира юьйлучу тоьпийн серлонгахь. Инарлас мохь беттара: «Ура-а! Бе-ей!» - бохуш.

Шаьш вийначун докъе хьажа вочу басехула чу хьаьдда вахана инарла, дог вон а хилла, салташа айбина вохьуш вара. И цара тIе тоьпаш йиттгинарг юкъахь гуьйриг а йолуш долу Зеламхин верта хиллера. ГIуллакх иштта дирзина боккха синкъерам хиллера дукхахболчу бехк боцуш хьийзочарна а, гуш дара дукхахболчу  салташна цунах там хилла хилар а.

Цхьацца дарбанаш лелийначул т1аьхьа меттавеара инарла. ТIаккха велха хIоьттира зуда санна. Бехк а бацара вилхича а. Сардал хила сихвеллачу хIокхо кхоъ телеграмма елла хиллера БуритIе а, Тифлисе а, Петербухе а, Зеламха шен карахь ву аьлла. ХIинца шен чин дужург хилар а, Зеламхас ша саннарг хIаллаквой а хууш вара иза. Бакъду, Зеламха дIавахана лар цIенна гуш йоллушехьа, суьйлийн эпсар Муртаз-Iелис а, оьрсийчо Вербицкийс а  цунна т1аьхьа лар-м ца ехьира.

И Зеламха оцу буса шайн карара валар сан бехк болуш санна, сайн доьзалца араваьккхина Сибрехь вахийтира со, даиманна а аьлла. Амма кхо шо сов зама яьллачул т1аьхьа Зеламха цуьнан «гергарчу наха» тешнабехкаца д1овш малийна вийра, ткъа тхо д1ахийцира.

ТIаккха жимма соцунг1а а хилла, кхидIа а дуьйцу СаьIида:

 - Доьзалца Сибрех а вахийтина, ас бала хьегнехь а, и гуш вац со. Суна хIун го хьуна аьлча, вайн Нохч-ГIалгIайчохь 1едало, вайнехан пурстоьпийн, юьртдайн гамонаш а нисъеш, гIийлачу адамашна беш болу ницкъ Зеламхина дIахиъча шайн чекхбер боций а хууш, и дийна мел ву, цуьнан бекхамах кхоьруш сацийна хилар. И цIенна хаьара суна. Иштта суна дика дагадогIу Соьлжа-г1ала шайн миска пал (даьтта, к1алд, кхин тайпа сурсаташ) бохка базара бахана нохчийн, гIалг1айн зударий, баккхий нах моггIара базарахь хевшина 1аш, «уьш муха ле гайта ас шуна» аьлла, цхьана инарлас тIе пулемет а хьовзийна, царех вуьрх1ийта вийча, и инарла шен накъосташца ГIизларе воьдуш дуьхьал а ваьлла, ц1ерпошт саца а йина, цу  т1ера и инарла юкъахь а волуш вуьрх1ийта эпсар охьа а воссийна, Зеламхас церан дакъош охьадаххар. Кхин а дагадогIу суна Зеламха набахтера веддачу  шолгIачу шарахь дуьйна вайн ярташкахь ницкъаца, хьолаца тоьллачара г1ийлачарна, мискачарна шаьш хIинццалц бина луьра ницкъаш совцийна хилла хилар  а...

- Ванах, Саь1ид, жимастаг волчу хенахь шун юьртахь х1уманна т1ехь а билгал варий Зеламха? - хоьтту тхан дас 1усмана.

- ГIиллакх-оьздангалла шегара цхьаммо а йоккхур йоцуш, х1инцца кхиъна жимастаг вара иза. Цхьана а юьртахочуьнца цуьнан дар-дацар хилла боху меттиг хааелла яцара, - дуьйцу Саь1ида. - Юьртахь жимчо а, воккхачо а олура: «Зеламхас бахахь, бакъ ду шуна». Ткъа цуьнан воккхах волчу вашас а цхьацца х1уманна т1ехь юхаозавора шен да: «Дада, собар дехьа, сихо дика яцар-кха х1уман т1ехь». Бакъду, цхьацца нехан меттанаш а, цуьнан шен цхьана а тайпапа бехк боцуш цхьана нахаца 1иттаделлачу г1уллакхаша а дезийтира Зеламхин шен оцу новкъа х1отта. Юха т1аьххьара а ойла елахь хьайна: массо а ша бечу т1амехь Зеламхин толам хилла хиларо а гойту хьуна и даима а бакълуьйш хилар. Амма ша к1орггера тешаш, шен дегайовхо йолуш хиллачу адамийн тешнабехкана дуьхьал дарба ца хилла-кх цуьнан, - дерзийра шен къамел Саь1ида.

Зеламхех лаьцна цуьнан дуьххьарлера дийцар дара иза, сайна ма-хаззара ас и д1а а яздина. Кхин а дийцира цо тхуна Зеламхин дахарх, леларх лаьцна х1уманаш...

# Зеламха набахтера веддачу деношкахь Султанов Лусех кхетар, церан къамел а

Гезгина олучу ламанан басахь сайн жа делкъанна цхьана тогIичу а хIоттийна, суна г1ехь набаран тар а туьйсуш, садоIуш Iачу хенахь, «Ассаламу Iалайкум, сан хьоме юьртан ваша», - аьлла, тIехIоьттира Зеламха. - «ВаIалайкум салам, вогIийла хьо марша, сан хьоме ваша. Нуц а вай хьо-м, - аьлла забар а еш, со, сов чIогIа цецваьлла хьалаиккхина, цунна маракхийтира. - Ва Зеламха, бакъ дуй-те х1ара? Хьо суна вуха гар мел боккха Делан къинхетам бу хаьий хьуна, дера волийла-кха хьо эзар балеха», - аьлла тхойша охьахиира, тхаьшшиъ цхьанна а ца гун волчу кулла т1ехьа а ваьлла. Цо соьга хаьттира, керла х1ун ду вайн юьртахь, велла-висина верг, яханарг-еанарг - дерриге а цо хоьттура, ас цунна жоьпаш лора.

Ас цуьнга кадам бира церан дедех БIеховх. Кадам беш лаьтташехь кхораш санна хин тIадамаш охьахьевлхира Зеламхан бIаьргех. Дера, Лусу, дедай-м нехан а ма хилла, бала а ма белла, валарах бан тамаша бацара сан, и БIехо воций-м набахтехь волуш хиънера суна. Дера вац хьуна со валарах кхоьруш а, я цунна хиллачу Делан Iожална реза воцуш а, суна кху дуьненахь дийна мел ву дицлур дац-кха оцу сан дедас Солтамурдан захало бахьанехь бина къурд. И дара дан амал доцуш тхо Iедало чу а доьхкина, «юха царна Хорача гахь тамаша бу» бохуш, цхьаццаммо хабарш а дуьйцуш, бехк белахь а бацахь а - и юьртана гуш дара. Амма юьртана бехк буьллийла дац, хIунда аьлча, нийсо йийца оьшуш яц хIинца болчу Iедалан хьаькамашца, хаац, цхьа Делан гIуда хьаьрчича санна галделир-кха и тхан захалонан гIуллакх.

Бакъду, сох шена цхьа агIо а, сох стаг а хиларе дог доху ша олий, сан дог хьостуш вара воккха стаг, бакъду, ас цунна тхо вовшех къаьстачу дийнахь дош деллера, Зезаг боху вайн нус вайн неIар тIехьа хир ма ю аьлла. Лусу, дуй баар, чIагIонаш яр а цхьа гуш х1ума а доцуш, ледара хета суна, сох теша мегар ду-кх хьуна - айса БIехона делла дош цхьанна а минотехь сан дагара дIадаьлла дацара. Тхо Веданахь долуш а, Соьлжа-гIала набахте кхаьчча а айса лелийнарг ас т1аьхьа дуьйцур ду хьуна. Со хIокха кхаа дийнахь цхьа кана цуй, хий доцу х1ума диъна вац хьуна, ахь х1ун де аьлчи, цIа а гIой, йоккхачу стеган елахь кхалла хIума яхьаш вола, со хьоьга хьожуш соцур ву, Зеламхана аьлча, чехка цIа а вахана, тхешан нене элира ас: «ЧIогIа мацвелла, кIадвелла новкъа воьда воккха стаг ву со волчохь сецца шен уьстагIашца, БIаьча-юьртарчу вайн гергарчу нахаха. Сихха ер йолу х1ума ехьа цунна». Тхан ненас сихонца хьалтIамаш а йина, цхьа боккхачу кедахь кIалдаьтта а дина, уьш а, боккха межарг нехчи а эцна, со сайн хьешана тIевахара. ДIа а, схьа а ведда вахарна, Зеламха дукха

цецваьллера. Ой, Селихьат-м кийчча Iаш ма хилла яа х1ума а йина аьлла. Дера, Зеламха, ас цунна тахана аьшпаш ма боьттина, вичахьана айса боьттина боцу. Муха аьлча, жаца лома воьдуш БIаьча-юьртара вайн гергарчу нахах волчу стага ваийтина со аьлла. Ас иштта айса динарг дийцича, Зеламхас кlеззиг къежаш элира: «Дера, Лусу, суна шера ма хаьа айса схьаэцнарг уггар бакккхийчух дуьненан бала буйла. Дика ойла елахь, оцу тхан деден бIе шерал сов хан ю, цо а, цуьнан дас, вежарший а цхьана хlуманна тlехула чIагlо йина хиллера юьртана хьалха - имам Шемал Хорачах схьа Нохчийчу шаьш воуьйтур вац аьлла. И шайн дош ца дохош цара хlуъа дича а цигах охьа ша ваийтарх дог диллича, иза Члебарлах дlа а вахана, малхбузехьа Чобаьkkхинаройха, Дlайхула, Шуьйтахула охьавеъна шен накъостащца. Амма, бакъду, шен тоба стам а елла, ша Веданахь дlачIагIвелча цо хlун динера аьлча, серийн заlарш а дайтина, цу кlел тхан дай шен эскаре хьешийтинера. Шарlахь ду а бохуш, даккхий таlзарш динера, Дагестанарчу Каякент олучу метте тхан цIийнан нах бохийна дlа а бахийтинера, амма цигарчу наха даккхий дехарш а дина, хlорш шайна юкъара дlабаха аьлла, цхьа к1еззиг нах боцурш, буха Хорача баьхкинера уьш.

Олуш дара цу воккхачу стеган, варий, сан бераш, дика ойла яй бен шайн багах дош ара ма далийталаш, амма арадаьллачу дашна тlаьхьара а ма девллаш, наха дlо хьенеха бохург бакъ дац аьллачул тlаьхьа шаьш беллачу нахаца ларийла ша олий, гуттара тхан лергах мехий дохура цо.

Лусу, цо тхоьга олуш кхин цхьаъ а дара хьуна, и нийсачел а нийса а карийна суна. Цо олура, нагахь санна хьайн вешийца нехан стега дийцар хилча и хьайн ваша харц луьйш валахь, хьайн юьртан ваша бакъ луьйш валахь, хьайн ваша човха вай, саца а вай, юьртан ваша ларвелахь, цхьана заманахь цунах, хаалахь, хьайн ваша хир вуй, амма харц луьйш волчу хьайн нанас дена винчу вешехьа хьо валахь, хьо кхуссур ву хьуна юьрто, дlатесна багара дlакхуссу боьху туй санна.

Доцца аьлча, хаъал со хилчахьана воккхачу стага а, тхан дас Гушмацlас а тхуна ден хьехар дара, варий-варий, харц ма лелаш. Доцца аьлча, ц1еран алу хьайга хьайн кераюкъахь латта ца лахь, доттаг1че ма кховдалахь. Иштта хьал ду, сан ваша. Бакъду, Лусу, со меца ма вара хьуна, х1инца хьуна хьашт мадду къамел далур ду соьга, хьан къалдаьттий, галнаший Дала саг1адойла. Цу воккхачу стеган х1уманаш-м кхана х1ара хан хиллац дийцича а вериг вацара.

Лусу, хьо яахlума ян воьдуш ас элира хьоьга, Соьлжа-гlалахь лелийнарг т1аьхьа дуьйцур ду аьлла. Дагара мел д1адаккха г1ортарх, дагара дIадолуш дацара суна оцу Добровольский бохучу полковника шена тIе а вахана, дlахецахьара ахь бехк боцурш аьлла дехар дича, цу жIаьло озийна цу БIехон маж, «хlай газа, хlара хIунда лелайо ахь», аьлла. Бакъду, ас биъна дуй бахьанехь эццахь сан хилла дог. Оцу Соьлжа-гIаларчу набахтехь цхьана а буса наб йина вац со, карахь боцчу нуьцкъаца лаьттах ор даккха а, метар сов болу шуьйра еттинчу кибарчигийн пен бохон а даима тхо лардечу хехошна ца хаьаш сов хала дара. ЧIогIа кхераме дара и гIуллакх, амма, бакъду, цу чохь яхь йолуш тоьлла къонахий бара.

Ас цаьрга дийцира, айса Зезаг вайн кирхьанехь хир ю аьлла, БIехонна дош далар а, ткъа дехаре ваханчохь и полковника сов маьттаз а воккхуш цуьнан маж озор а. Эццахь айса биъна дуй а.

Шайн даккхий хьекъалаш хиларе терра, цара барт бира дика хууш болчушка иллеш олуьйтуш, назманаш, зуькарш олуьйтуш, суна ас уйн маьнги кIел охкуш пен бохош ен г1овг1а хехошна ца хазийта. Оцо сов доккха гIо а дира суна. И болх беш ши бутт сов хан яьллачу хенахь цу кибарчигин пенан шоралла цхьа ше бен йоцуш аьхкина ваьлча, ас элира накъосташка: «КIентий, лахь вала а, вехь вен а, ший хирриг хила а, со сайн дош ларданза ца волу. Ца эли олийла дац, шуна аравала луачунна меттиг кийча ю шуна, амма лууш воцчунна Iен хIара набахте а ю, цхьа хIума ду, шу хьийзон мега со бахьанехь, шуна ма-гарра, со цхьаъ бен вацара дечкан маьнги к1ел вуьжуш верг, аш х1ун ала аьлча, «Дера хаац, шуначулла бен тхуна а ца хаьа цо цу маьнги кlел лелийнарг» ала. Олуш оьрсий кица ду «не знаю бохучу дешан беза мах бу» аьлла, вайна хууш долу и дош «не знай» аьр-кха аш аьлла, со хьалагIаьттира.

Бакъду, Лусу, суна тIаьххье ара кхин кхоъ накъост а велира, уьш хьуна бевзар бац, Шелара, ШаIми-юьртара, кхечахьара а. Цу чохь вара Соьлжера вайн тайпана цхьа харачо. Цо сайга дина весет бахьанехь сан Соьлже ваха дийзира. Эццахь суна дагахь доцуш цхьаммо мотт а тоьхна, юьртана го лаьцна хилар хиира суна а, сан хьешана а, амма рицкъа тIехь хилча бахьана хIуттург хиллера, дийцича ца тешшал тамашийна хилира цу кIелонах валар.

Сан аьтто муха хилира аьлча, сов юькъа дохк юьйлира арахь, со чохь волчу цIачуьра божал чу вахара, божал охьадоьдачу Соьлжана йистехь дара, хийистехь сов луьста дитташ дара, цу дитташна юкъа вахара со. Хийистехь, хи чохь а генна дIа дара дитташ, суна хууш нека а дацара, делахь а логгелц хи чохь а волуш, и дитташ а лоьцуш, цу гона юкъара велира со. Бакъду, ши де хьалха ду иза, со ца карийча, цара динарг кестта хуур ду вайна.

Со цига юха кхочур ву, жимма са а даьIна. Цхьа а шеко яц сан, со чохь хилла цIа царна муьлха ду хаьа аьлла, хIунда аьлча, со кетIех чу вахана вац, стоьмаш юкъах бешах вахара со. Делахь а юьрта чу веаний хиина хилар хаьа суна, хIунда аьлча, цу юьртана гена доццуш дийра ас сайна тIаьхьара ца долу доккха жIаьла.

# Лусус хоьтту Зеламхе

- Дийцахьа, Зеламха, хьан х1ун ойла ю, ма доккха х1ума ду ахь т1елаьцнарг. Масех эзар салти юххе а ваьккхина лелачу оцу полковникана, массо а дех лечкъаш лела везачу ахь х1ун бекхам бер-те оцу Добрускина (Добровольский). Мел дукха бу вайн аг1ора цо къиза ет-таш чубуьхку а, бехк боцуш Сибрех ихна а х1аллакьхуьлуш берш.

Дагадог1ий хьуна, вайн эвлара ворх1 стаг цо лаьцна д1а а вигна, кхаа шераш хенаш а ехна, шаьш да болчух бевлла лелла, хьан деден-м маж озор бен цо дина х1ума а дацара, ткъа цо ша лецначу нехан зударий дехаре баьхкича, салташка месаш а лоьцуш, уьш текхабайтарх а хаьа массарна а. Тахана хьайчул сов сайн хьекъал ду бохург ма дац сан, делахь а хьекъал халкъе декъна ду олуш ду, мел хьекъал долчо а, шех цхьаъ 1оттаделча, кхечуьнга хоттуш а хуьлура.

- Дера, Лусу, хьо бакъ луьйш ма ву, амма цхьана барзана эзар ж1аьла а дац новкъа, хьо шек д1а а ма хила, харц лер вайн дакъа дац, харц луьйн стаг цкъа а тоьлла меттиг яц. Бакъо т1ехь бен 1ийр яц.

Ас оцу Добруске кхузза дехар дийр ду, и цул лакхарчаьрга д1а а хоуьйтуш. Ма хьийзабе бехк боцурш, схьахецa айхьа бехк боцуш лецнарш, аьлла. Бакъду, адам ден ца де х1уъа а дийр дара; цо цхьа а дехар кхочуш ца дахь, цуьнан хье юккъе шокъулай кхетта аьлла хезар ду-кха хьуна, ва Лусу. Ас цкъа а дина дац дозалла я деш верг нийса а вац, олуш ду: «ден г1уллакх алсам хилийта, дийцар к1езиг де» аьлла.

- Дера, Зеламха, Добрускица дерг санна хала ма ду нехан юьрта маре яхана зуда юха схьаяккха а, и сан неIарт1ехьа х1уттур ю аьлла ахь воккхачу стаган делла дош дала а.

Бакъду, суна дош ца хетара и ши г1уллакх Зеламхане кхочушдалур ду аьлча.

- Лусу, хьоьга х1умма а ца боху ас, хьо дика кхеташ стаг хилла, ас яа х1ума ян аьлла вахийтича, шайн нене ахь дийцинарг хьуна дагадеача, ткъа нене ца дийцинарг, ахьа цхьангге а дуьйцур доций хаьа суна, х1инца садовш доллу, хьайн уьстагIаш а эций, хьо цIа г1о, тхан цIахь хууш дац со ведда хилар, ахь хIун де аьлча, Солтамурдей, Бицигей ала, со хьайца сарралц цхьаьна вара алий, ас йина чIагIо цаьрга ма йийцалахь, цара чIогIа сагатдийр ду, цхьана кIиранах со хьох кхета хьожур ву, цкъачунна лар ца лахь вайн юьрта вогIийла дац сан, Лусу.

Сан цхьа дехар дара хьоьга, кхана Iийна, лама хьо же юха а кхуза вар а, хьо вог1уш Солтамурдах кхетий сан топ а, тапча а, патармаш а, шаьлта а хьайн вертан кIел а лаций схьаяхьа, со т1екхочур ву хьуна. ЦIахь самагатде ала, дада а, ваша а, кхиберш а кеста цIа

богIур бу ала. Доцца аьлча, ша дийна а волуш шуна хала дац, кхи Добрускас шуна ницкъ а бийр бац ала, ткъа вайна хилла зен со валаза висахь оцу Добруска бохучу жIаьло а, Чернов бохучу зуьдо а охьадуьллур ду ала, - Зеламхас сан 1одика йира.

Со оццу сарахь вахара церан цIа, Солтамурд цlахь вацара, Бици жимчу бераца чохь яра, чохь цхьацца дуьйцуш хьевелира со, ткъа Бицина хиъна хиллера шен цIийнда Зеламха набахтера веддий, ас Бице хаьттира, хьуна муха хиира аьлла, Бицис дийцира:

- ХIокху шина буса наб йина яц ас. Оцу схьаоьхуш болчу старажникаший, вайн юьртарчу баккхийчу нахий Iойла дайина сан, хаац суна-м, айса х1ун дича бакъахьа ду. Делахь ас аьлла, аш лаьцна дlавигна сан цIийнда, соьга х1ун де боху аш?

Ас и аьлча цхьаммо церах волчо элира, вайн кху зудчуьнга баха хlума дац, х1ара хьийзорах кхиа хlума дац. Цул тlаьхьа юха ца баьхкина и кхайкхаза хьеший, делахь а юьрта тle догIу некъаш лардеш дуй хаьа суна.

Лусу, ахь ала оцу стаге, ас боху алий, Солтамурд цхьа гlуллакх хилла Iаьнда вахана цIахь вац, ваха-м и стаг веддий ма хиъи Добрускас иштта а хьийзош вуьтуш вацара иза, цундела оху цlера дlаваккха вахийтина иза, цкъачунна цигахь вайн хьеший болчахь Iе хьо аьлла. Делахь а оцу стаге иштта ма аьллахь. Тlаьххьара а хаа-м хуур дара цунна.

Бицина цlенна Зеламха веддий хууш хилар сайна хиъча, аса дийцира тхойша вовшахкхетар а, цу Зеламхана сайга дина къамел а, сайна кхана Iийна же вогIуш шен герз далахь сайга алар а. ТIаккха Бицис соьга омра дира:

- Лусу, цу Зеламхане ала, цIахь ледарло хир ю алий са ма гатде, тхо ледар хир доций а хаийта. Стаг стаг хила веза, ша воккхачу стагана делла дош шен ницкъ кхочуш кlел ма дита ала. Мацца велла а валаза ца волу цхьа а, ткъа шен доьзалний, тайпанний цо ма-баххара долу эхь тIехь ца дуьтуш массо а валарх а х1умма дац, ша набахтера водуш цо т1аьхьа бисинчу нахе ца дийцинехь дика дара «со бекхам бан воьду» бохург, и дийцина даьлла, цундела шен са а, дег1 а ца кхоош, ша дийр ду аьлларг кхочушде ала цуьнга, дера бакъ ма ду, оцу воккхачу стага Б1ехос ша леш алар «Зеламхана эрна дешнаш лур доций хаьа шена, цо тайпана а, юьртана а т1ера эхь д1адоккхург хиларх тешна ма ву ша, х1инца со валарх г1айг1а беш вац ша» - и дешнаш сайн лера хезна ю хьуна со. Иштта ас бохург д1аала, суна а гур-м хир ву иза, делахь а лар ч1ог1а ло ала цуьнга. Лар ца лахь, цхьа а хир дац кхочуш.

Лусу, цуьнан герзах цуьнга ахьа ала, цуьнга хьан герз со йол лахьон йоьдуш хьо тхуна тlекхаьчначу дийнахь тхан шичас хьоьга и говр оцу басах хьалаялахь, ас Бици йоуьйтур ю хьоьга аьлла цо забар йича, ахь говр кхоссаялийтира цхьана кIоргачу хоршах. Оцу хоршах йолу дакан кол хIинца а йолуш ю, цу юкъа хьажа ала, циггахь карор ду цунна шен герз. И дара со цуьнга яхале цхьа бутт хьалха.

- Бици, ткъа елирий и говр цу басех хьала?

- Ас дуьйцуш ма товш а дацара и, делахь а хьо а вац сол дукха воккха а, тайпанан ваша велахь а, бехк ма билла, дера хьала ялар-м хаац сунна, и-м хlумма а кхераме дацара, юха эццахь тlулгаш тlехула шершина чу а воьссина, юха цу хоршах дехьа а ваьлла, тхоьга схьа вистхилира, ас доьху шуьга, тlаьхьашха сайна вон хlума ца дийцар, аьлла забар а йина дIа ма вахара иза. Ма мотталахь, ас и дозаллина дуьйцу, и цIенна бакъдерг ду хьуна.

Бакъду, со церан чуьра ара а ваьлла дIавоьдуш, цхьанна аьлча а, цу чу мила вог1у хьажа аьлла хе хIоттийначунна со гина хиллера. Оцу шолгlачу дийнахь со юьртадена тIе а кхайкхина, чIогlа левира, мича бахьанина вахара хьо цаьрга, Зеламха набахтера веддий хаьий хьуна?

Ас жоп делира: «Суна хlун хуур ду иза, денна жехь волчу?» - «Ткъа хьо хlунда ваханера цаьрга?» Эццахь ала дезарг Бицис суна хьехна ца хиллехь, со Добрускас чу волла мегаш дара г1уллакх. Сайна ма-хьеххара ас элира:

«Дера ваханера, и шайн уьстагIаш дIадига я шайн рог1ехь царна тlаьхьа гIо аьлла, уьш кIорда а дина». Ткъа хьоьга хlун элира Бицис?» - «Со жимчу бераца дан амал доцуш яра, ткъа Солтамурд цхьана-шина дийнахь цIаван мегара, и цIавеача оха цуьнга раг1 йоьккхуьйтур ю», - аьлла. Оццу минотехь суна дуьхьал ялийра Бици, цо ша суна ма-хьеххара жоп делира, цул тIаьхьа со парглат витира.

Ши де даьлча, сайга Зеламхана ма-аллара, же вахара; делкъа ламаз динчул тIаьхьа дукха хан а ялале, сан жа ша Iуьллучуьра меттахделира, дIахьаьжча, Зеламха вара суна тIехьа лаьтташ, соьга салам а делла, цо хаьттира, х1ун ди ахь.

- Дера, Зеламха, вайн цIахь хьо веддачу шолгIачу буса дуьйна хууш а ма хилла хьо веддий. Бакъду, Солтамурд цIахь ца хилча ас Бице элира ахь герз схьадаийта боху аьлла. ТIаккха Бицис, ша хьекъал долуш хиларе терра, соьга элира, герз хьан говр дехьа кхоссаеллачу хоршахь карор ду, ши де даьлча хьоьга цига хьажа бохура цо, и харш а, басе а хьуна мичхьа ю хаьа бохура цо.

ТIаккха Зеламха велакъежира: «Ой, Лусу, и-м йоьхна а ма яц, и йоIстаг йолуш, соьга яле хилла тхан забарш а, ас говр кхоссаялийтар дагадогIуш хилча, - элира Зеламхана. - Ткъа кхин х1ун ду?»

«Зеламха, и зуда а йолуш, хьуна хала дац аре лелон, иза шатайпа хьекъал а, доьналла а долуш хилла, боьршачу стагана эхь хетуьйтур долуш ю», - ас аьлча, Зеламхас забар йира: «ХIаъ, вайн дайша аьлла ду, дика йоI байгиш некъенах йолу, дика кIант месадойн некъенахах волу, аьлла» (и дош-м башха суна товш а дацара).

Цул тIаьхьа соьга цо хаьттира:

- Добруска я  Чернов цхьа а варий хьо тIекхайкхинчохь?

- Добруска вацара, важа суна вевзаш а, гина а вац, Добруска-м гинера суна. Мила вара хаац, цхьа нохчашца воцу стаг-м вара цу чохь.

- Маржа, Лусу яI, ма хаьара суна тахана ахь бохьур болу кхаъ, дера, Лусу, дац хьуна дерриге а царна хетарг а, я вайна хетарг а хир, делахь а заманан йохалло ша гойтур хирг дукха дерриге а. Бицис хIун боху хьажа цу хорша-м гIур ву со, амма Iаьндарчу ях йолчу кIенташа суна герз а, хIара хьуна хIинца соьгахь гуш йолу хорма а елла, Дала сий дойла церан, цIераш ца йоху ас. Лусу, хьуна хаьий сан говр йолуш юй-те? - Дера ю, шиког кIайн а болуш, суна и хьан расха дин тIаьххьара де хьалха сой, Iелий реме рагI такха вахча ган а ма гина.

- Делахь, Лусу, со кхин ца Iа, нагахь Дала аьлла делахь юха а гур ву вайша, со могушмаьрша набахтера аравалар Саь1иде хаийталахь, ас доггах баркалла боху хьуна.

Цул тIаьхьа тхо жаца Теркайисте доьлхуш Цоцин-эвланий, Майртуьпаний юкъахь буьйса яккха севцца а долуш, буьйсанна тхо дийшале мохь туьйхира, во, Лусу боху стаг вуй шуьца аьлла (иза Зеламхан аз дацара), ас дуьхьал жоп делира, со ву, хIун боху ахь аьлла. Цо соьга элира, цкъа схьанехьа волахьа, хьоьца къамел долуш вара со. Со т1евахча, кхо накъост шеца а волуш, Зеламха вара.

Бакъду, тахана хьалхалерра вацара иза суна а, нахана а гергахь. ХIунда аьлча, цо кхочушдинера шен деден а, ден а весеташ, уьш-м дийца а ца оьшура, адмашна мел паргIато яьллера, цхьанхьа а хезаш дацара пурстоьпо я юьртдайша тIе а кхойкхий нахана йиттина бохург. Зеламхас суна тIедиллира, сихонца дика уьстагIа тила а бай, кхехка а бай кечбехьа, тхо юха кхуза схьадог1у хьуна, хьо воллушехь – нагахь хьайца болчу накъосташа х1ун ду, мила ву аьлла хаттахь, цаьрга ала дезарг хьуна хьайна хуур ду аьлла, соьга кхо сом ахча а делла, уьш Майртуьпа бахара, уьш юха берзале ас уьстаг1а кеч а бина, уьш схьа ма кхьаьчна цаьрга д1абелира, бакъду, уьш сиха бара, амма мах кхузза сов бара.

Цхьана уьстагIан мах цхьа сом бен бацара. Уьш новкъа бевлачул тIаьхьа Зеламхас, шен говр юха а хьовзийна, элира: «Лусу, иштта сихонца вайшиъ вовшахкъастар а, дIадаханчу пхеа-ялх шарахь лелийнарг а, хилларг а дуьйцуш, вай вовшахкхетар ду, хьайна со ган лаахь, оцу хьайн тайпанан веше Саь1иде хаийта мегар ду хьуна. Х1унда аьлча, тхойша беран хенахь дуьйна вевзина ву, вовшийн дагара дуьйцуш а ву. Ткъа тахана ас хьош болу некъ кхана я лама хаза мега хьуна, ца хазахь вай вовшахкхетча хуур ду хьуна, аьлла, Зеламхас шен дин накъосташна тIаьхьа дIахийцира. Бакъду, соьца цхьа а хийра нах бацара, ас ма-дарра цаьрга дIадийцира, царах цхьаммо а, мел дукха дехча а, цхьаьнгге а хьахор доций сайна цIенна хуу дела.

Цул тIаьхьа цхьа шо сов хан дIаелира, тхойшиъ вовшийн ганза. Зеламханна хаьара Шулукхахь тхан ирзо мичхьа ду, иза цига веара, тхан да а, нана а дара цигахь. И набахтера

веддачул тӀаьхьа тхойша кхозлагӀа гар дара иза.

ГӀехь оханаш аттачу даьллачу хенахь дара иза, суьйранна стерчий дажон аьлла со юьстах воллушехь, веана тӀекхечира Зеламха, хӀинца кхуьнгахь Ӏаьржа дин бара. Ас цуьнга хаьттира, тахана-м вац хьо иштта сиха, аьлла.

- Дера вац-кха, - жоп делира цо.

Ас цуьнга дийхира, тховса тхайца буьйса яккхар. Цо суна жоп делира, доккха ши стаг тӀаьхьо паргӀат дуьтур ду вайшимма, вало хӀета аьлла, тхойша тхан хӀусаме вахара (Зеламхан говранна хӀоъ а белла).

Чохь Ӏаш долу тхан да-нана сов инзаре цецдаьлла хьалаиккхира. Зеламха къевллина тхан дас Султана маравоьллира. Иштта элира воккхачу стага:

- Дера, сан кӀант, хьо санна кӀант дуьненчу валар хьан дена-нанна, юьртахошна хилла ца Ӏаш, ерриге а ДегӀастанан кӀенташна массарна а сийлалла ма ю, дела лела хьо маьрша. Тхан дас ца вуьтуш Зеламха шена юххе охьахаийра, тӀаккха цо кадам бира воккхачу стагах БӀехойх, цхьацца кхечех а. Йоккхачу стага сихха яй буьззина жижиг тесира, ткъа воккхачу стага хеттарш долийра. Уггар хьалха цо хаьттира:

- Ва Зеламха, муха нисдели хьан и Зезаг юха вайн цӀентӀе схьаялор?

- Дера, воккха стаг, рицкъа а, бахьана а лелийча Дала дӀасадерзош ма хилла. Сан къонахаллех а дац хьуна хӀумма а, Дела реза хуьлда адамашна. Бакъду, бийца хуучу наха цӀенна нохчий мотт бийцича маслаӀат ца хила йиш яц, и Зезаг йигначу МахкатӀерачу нехан бехк ца карий суна, бехк вайн вешин болуш ду хьуна; и цига яхар, хьажал хьо, зуда йолчо шена алссам дуьненан даьхний схьа а эцна, юкъахь лелла долчух кхета а ца веш, ша да ву кхуьнан аьлла, зуда дӀаелча церан бехк буй-те?

Бакъду, схьалур яц бохург бакххийчаша цкъа а хазош дацара, царна шера хаьара, бакъо вайн юйла. Иштта хӀума юкъа доьжча цхьаццаболу нах хуьлу адамана тӀехь даӀ лоьху боьха мозий санна, цу адмашна дарбане дерг ца дуьйцуш, маслаӀатан метта зулам дан харц мотт лебеш. Цу массо хӀумано чӀогӀа дахдира и гӀуллакх. Уггаре а хьекъал ду моьттачо олура: «Зеламха, хьуна динарг стаг вуьйн хӀума ду, цӀийца бен хьан дайна сий юха меттахӀуттур дац, ахь стенга ладоьгӀу». Суна и тайпа хьекъал оьшуш дацара, и сайга аьлларг ас вон жоп лой, сацавора, ткъа кху дуьненчохь уггаре а бехкениг да-нана ду, цул тӀаьхьа уггар хьомениг а, къахета дезарг а йиша ю, шен кийрахь жимма а цӀена дог долуш волчунна. Гой хьуна, воккхастаг, нагахь со харц велахь, ву аьллахь, ас оццул дийцарш деш, юкъа нах оьхуьйтуш дехарш деш а лардинарг, цкъа делахь, сайн ненан сий дара хьуна, сан нана чермо ма ю. Со чермойн (йишин) кӀант ма ву. Ненахощца я стунцахощца гӀиллакх доьхча цхьа а гӀиллакх доцуш ма ду. Цул совнаха, массо а Нохч-ГӀалгӀайчохь а бевзаш болчу цу Ражапан некъий олучу нахехь чермошкахь ма ю сан йиша. Цул совнаха, сан захалш я ненахой ца хилча а, со вала а волуш маьрша стаг вуьйр волуш а ма вац. Хьуна хиъний хаац суна, ас церан нехан - воккхачу стеган - дин дӀабигира элистанжойн Аьхкачухула, бакъду, и ламаз деш воллура оцу хенахь. Со оцу говра хууш лаьтташ, чу а хьаьдда, вист а ца хуьлуш, сан луьйта а лаьцна, некъ дика хуьлда хьан цо сайга алар дагах кхийтира суна. Вуха а вирзина, Элистанжа со кхаьчча, баккхий нах лаьттара пхоьханахь. Со салам а делла тӀехӀоьттича, цара соьга дийцира шайца воккхачу стеган хилла къамел:

- Ой, хьо говрахь ма вара Ведана дӀавоьдуш, мичахь ю хьан говр?

- Дера цхьа гӀуллакх хилла, сихха воьдучу тхешан йишин во1е Зеламхане ма йигийти ас и. ХӀей, дадала цу къонахчун, мел товш велира иза цу дина, со дӀахьаьжча, Зеламха тӀехууш и шен букъ охьасаттийра-кх цу дино, - аьлла, тхоьца кхин къамел доцуш дӀавахара воккха стаг. - Цу элистанжоша и сайга аьлча кхин хӀотта меттиг боцуш юьхьӀаьржахӀоьттина, оцу минотехь говрара воьссина ас цхьа элистанжо вахийтира чехконца дӀало хӀара говр, гӀоза лелайойла алий. Мел нийса аьлла ду, хазчу дашо Ӏуьргара лаьхьа баьккхина бохург. Иштта хазчу гӀиллакхца тхан гӀуллакх дӀадахар бахьанехь, ас ма-дийццара дӀаса нисделир-кха говр дӀайигийтар а, Зезаг вайга схьаяр а.

Бакъдерг ала деза, и дерриг нисдинарг Махкат1ерчу нехан тхьамда вар-кха.

- Х1инца дийцахьа, Зеламха, муха нисдира-те цо шо гергга шеца хан яьккхина оццул исбаьхьа хаза зуда юха нахана д1аялар.

-Дера, Султан, и бакъ ма ду и ерриг юрт бохург санна, и нехан зуда хилар а хиъча, и бахьанехь лелийна г1уллакхаш а хиъча, цул совнаха, юха паччахьан 1едалера геч хила йиш йоцуш со набахтера вадар а хиъча, цул совнаха, со шайн йишин во1 хилар а, сан йиша шайгахь хилар а лерина, массо а чермо ур-атталла Зезаг йигна шен нах а цхьаьна: «Д1ало нехан зуда» бохуш, шега дехар дарах и вайн «нуц» шайн нахана т1е а ца вирзина, шена дика герз а кечдина, ша а обарг вер ву аьлла кечвеллачул т1аьхьа цуьнах масла1ат дар муха хилира аьлча, Нохчийчохь а хазалла ц1еяхана йолу шен йо1 цу вайн «невце» ло ша йоккхачу юьртана а дуьхьа вайца хаза г1иллакх а лаьцна, вайна т1е уггаре а сийлахь нах дехаре а оьхуьйтуш, иштта шен ненахой ларбинчу Зеламхана а, цуьнан деден сов сийлахь къонах волчу Б1ехона дуьхьа ц1енна со боьрдах эккха кечвеллачу хенахь маьждигахь эзар сов волчу юьртавежаршна хьалха цу Юсупа д1акхайкхор бахьанехь ас схьаялийра и вайн нус. Дер бакъ ма ду иза, мадарра ас лелийнарг а Зезаг бахьанехь дуй хууш болчу чермоша и Зезаг а эцна со юьртах волуш, соьга ма олура: «Дала некъ тобойла хьан, Зеламха». Цхьана чермочо элира соьга, и Зезаг а эцна хьо юьртах волуш хьуна т1екхаьчнехь ас юьгуьйтур яцара хьоьга и тхайн нус. Ас цунга элира: «Валлах1и, хьуна а тоьхна, патарма бойур ма бацара ас, хьо мел веттаваларх».

Цу сан дешах кица а дина, нахана цо ша и дийцича, шен юьртахоша х1инца а хьийзош, цунах буьйлуш лелар а хаьа суна.

Султан, нагахь санна хьо мила ву а ца хоуьйтуш, уггаре а нах болчу нахаца хьан гергарло делахь, цу наха шаьш веш хиллера стагах стаг.

Дера, Султан, ейтта юьртаца т1ом латтош, мохк къуьйсуш шотойн дозанера 1аьнди дозане кхаччалц болу мохк схьа а лаьцна, цахуьлчу даьлча паччахьан 1едална дуьхьалбовла а кийча болчу сайн ненахошца чермошца сан юкъаметтиг ас йохийча, сан некъ тоххурехь хаьдда хир ма бара хьуна. Хезний хьуна, оху 1аьнди ломахь оьрси инженер а, гуьржи эпсар а лоцуш, масех эпсар вожош тхан хилла т1ом? Цу дийнахь уггаре а тоьллачу дойшца и тхуна т1аьхьадаьлла эскар эзарнал сов дара, оха и к1ело йиний хуучу мотт сацаро мотт а бина, тхан т1ом болалуш тхуна т1екхиира, леррина боккха мах а биллина, суна т1аьхьа лела кечдина эскар, хьуна ма-хаъара, Къоьзан 1омана гена дацара тхо, юьстахвала ур-атталла кол а яцара. Хьун вуно гена яра, ткъа накъостел хьалха а ваьлла сан д1аг1ойла янне а яцара, ас сайн динан цигахь урх д1ахецча, суна вуно гена т1аьхьа хир дара эскар. Цигахь уггаре а сан яхь ерш, со цхьа дош хеташ, суна т1ебаьхкина г1алг1айн дика к1ентий бара, уггаре диканиг а, сан аьтту берг а эскарна хьалхаваьлла эпсар хилар дара. И т1еман низам дара. Сан накъостийн говраш г1ийла хилар а хууш, Макажойн ломара дуьйнна Садойнний, Эг1ашт1ахойний лома кхаччалц болу некъ дикачу динан цхьана дийнан делккъалц балла некъ бара, амма хан кхаьчна цахиларна бен оццул долчу эскаро т1е бечу т1амехь топ ца кхета цхьа а бахьана дацара. Цу эскарна хьалха кест-кеста д1ах1утту эпсар сан тоьпо вожавора, бакъду, салташна кхеташ меттиг а хила тарлора. Ткъа цу бердах чу а иккхина адам дийна дисина я дуьсур ду аьлча, говраш хеккина бог1учу нахана со чу эккхаш гуш ца хилча, дийцарх цхьа а тоьшийла яцара. Эццахь говраххьий бен кхин сан вала меттиг бацара, цу т1аьхьахеккина бог1учу б1ехойн говраш сиха а яра, цул совнаха, мел хьуьнаре хиларх, говрал хьалхаволийла дацара керахь дикка деза герзаш а хилча.

Тхан берриге а аьтто бохийнарг лаххара 45-50 чаккхарма оха бечу некъаца т1ехьа а лечкъина дуьхьал т1ом бан аьтто боцуш и меттиг хьун йоцуш шера хилар дара.

Цхьа бакъду, со ц1енна дог тешна вара 1еламнаха сайна дийцинachух. Соьга массийттамо а аьллера, ша шен муха х1аллакъхуьлу стаг. Масала: я ша-шена тоьхна, я ирах оллавелла велларг, я д1овш мелла и веллехь, я ша х1аллакъхуьлий хуъушехь боьрдах иккхинарг эхарте даха дог дац олуш дукха хезнера суна. Делахь а цу шерачу ломахула къегина кхетта малх а болуш, цу б1ан карараваала г1ерташ айса дуьхьалбинчу т1амо маса вийна хуучу ас, т1аьххьара говрана чов а хилла со висича, Деле ондда мохь а тоьхна, цу

к1оргачу боьрдах со чу кхоссавелира, хьуна го-кха, х1ай везан Дела, хьо бен накъост вац-кха сан тахана аьлла. Бакъду, ас йина ч1аг1о яра, сачохь а долуш, дийна кара ца ваха, сайна ц1енна хуу дела со дийна кара вахча цара сайх ден дерг.

Дийцича а теша ца тешшал тамашийна дара цхьа а меже ца йойш, цхьажимма когаш лазор бен, со могуш-маьрша 200-300 метар к1орга бердах а вахана, дийна висина бохург.

Цул т1аьхьа суна хиира со бердах чу иккхина, сов генахула го баьккхина, сан дакъа д1ададахьа цу б1ан хьаькамо салтий бахкийтар. Хууш ма-хиллара, со лаца арабевллачаьрца а бара сан хьеший.

Массо а накъост сайл хьалха волуш, тхо д1аихира. Бакъду, со топ т1ех цатуьлуьйтуш тоха 1емина хиларе терра, эскарна хьалха х1уттушехь, эпсар сан мажаро вожавора. Эццахь уьш кхин эпсар хьалха д1ах1отталц т1аьхьабуьсура. Цу тайппана лаьмнашкахь тхо д1аоьхуш оха т1ехьа йитира итт сов юрт, ткъа

хIора юьртахь «со Зеламха ву, хьошал делахь хьешана» олуш, ас берриге а бохург санна накъостий кIелхьарабохуш дIасабийкъира.

Амма ас мел дехар дарх, сан ваша Бисолта дIа ца къаьстира, тIаьхххьара Бисолтан говр а хIоьттина, тIе беш тIом а болуш  тхойша Садойн лома тIехволучу хенахь, цхьана а метте дIасатаIийла йоцуш, тхойша воьдуш тIеетта тоьпаша хьалха Бисолтан говрана кхетта чов йира, нагахь топ тIехьа волчу цунна кхетахь аьлла, сайна говра хьалха Бисолта а хаийна, тхойша цу ЭгIаштIахойн, Садойн дозане кхочуш тIеетта тоьпаш гуттар кIиръелира, ши стаг говре сиха вахьа ца лора. Эццахь говрара чу а воьссина, кхолгIа бIен эпсар ас вожийча, коьртах топ  кхетта, говрара чу а вужуш Бисолта велира. Эццахь цуьнан киснара Къуръан схьа а эцна, ас юха говр дIахаьхкира. Цхьана боккхачу берда йисте со нислуш, сан говр, топ кхетта, цу бердах чу керчира. Цунна тIаьххье бердах чу иккхира со а. Амма ша шен дегIах дог диллинарг бен цу бердах чуэккхар вацара.

Эццахь жимма ас садаьIира, суна тIекхача церан цхьана сохьтехь некъ бан дезара и меттиг евзаш хилча а, амма суна и меттиг дика евзаш яра. Цхьа бакъду, говрашца бен вуьшта гIаш уьш сайна цу бердах а лелхаш, тIебогIур боций а хууш, дика сайн говра тIера нуьйр схьа а яьккхина, и ги а йоьллина со новкъа велира.

Юьйлира Iаьржа буьйса. Цхьана жимчу ирзехь гуш цхьа кIеззиг серло яра.  Тениг олу хи схьадолучал гена йоццуш. Оцу ирзехь жима Iила  яра, цигахь цхьа доьзал бара Iаш. ЦIийнден садочун цIе Яна яра, и Чермойн ломан дозанехь Iаш вара. Цу Яна бохучу стаге ас со новкъа ваккхийтира. Iанне а ца Iаш, соьга шен говр елира цо. Цу говрахь со Хьомце олучу ирзехула Ваштар олучу хи чу воьссира. Цу Ваштарна йистехь Iаш сан ненаншичой бара, Къаршай, Муртай, Элшай, Iелахьаьжий бохуш. Са хуьлуш, н1аьнеш кхойкхуш со цига кхечира. Бакъду, ас Яне со Хоттунечу воьду элира, оцу Iуьйрана малх схьакхеташ и эскар Хоттунечу кхаьчнера... Цул тIаьхьа Махкат1ехь болу тхан ненахошна чу хьовса а баьхкина, Селман-Тевзана хьала кхечира, гIеххьа йоьлла дохк а йолуш. Церан аьтто хиллера, со чохь волчу Къаршин цIенца го лаца, бакъду, со т1ом бан ойла сецна а волуш, Къаршас дехар дира, нисса божлех а х1оттийна дIадоьттина лаьттачу гIодмашна юкъа волахьа аьлла, и сайна осал хетташехь, цо дуй кхоьллича цу гIодамийн хоьлана юкъавуьйлира со, хезаш дара аравала бохуш детта маьхьарий, тIехула етта тоьпаш а, хезаш бара кхерабелла боьлху зударий а, сан тоьпан лаг озо аьтто а бацара. Цхьанхьаша Янайн говр сарле д1акхачор ю аьлла делла дош а дара суна новкъа. ЦIийнах хьевсина бевлча, дIасакхийса долийра шайн тоьпийн цхьамзанашца со юкъахь волу гIодмаш, дера, церан догIмаш суна гуш а долуш, иттех цIов бисинчу хенахь со сайн топ царна тIеерзон кечлуш а волуш, мохь ма туьйхира цхьаммо: «нету, нету, все», аьлла. Эццахь цIенна хиира суна, цу б1он инарлал церан дукхахболчу салташна со везаш хилар. Эццахь со цахиларх догдиллина, уьш дIабахара.

Цул тIаьхьа кхин хан ца йолуьйтуш, ас Муртай вахийтира Янан говр дIаэцна Садойн к1отара. Бакъду, со цигара дIавахна цхьа-ши сахьт далале, цхьа садо хьалха а волуш эскар Яна волчу кIотара кхаьчнера, цхьамма моттоьхна хиллера, Селман-Тевзанахь Дичалайн бераш ду цуьнан гергара а, уггаре тешаме а аьлла. Иштта баьхкинера цакхайкхина хьеший

КъаршигIаьрга.

И суьйре тIеккхаьчча со МахкатIе вахара. Илесан Чолтехула суна хиира, сан вешин Бисолтан дакъа Махкат1ерчу Дакхайн уьйт1а кхачар. Дакха суна дика вевзара, юьртахь цIе йоккхуш дика къонах вара иза, цо Бисолтан дакъа дика кеч а дина, МахкатIера тоьлла къонахой шеца а болуш харачошка дIаделлера.

- Ва Султан, цунах хаьий хьуна, къонахошца гергарло делахь, даима хьайн некъ маьрша хир буй?

Султана хотту:

- Ва Зеламха, оццул хьо вешех ваьлла, накъостех хаьдда, говр йийна холча хIоьттинчу дийнахь, и нуьйр еллачу говрара схьа а яьккхина и ги йоллал х1ун бала бара хьоьгахь? И-х хьуна миччахь а кароp яра.

- Дера, Султан, и сайн ледара делахь а, дацахь а, ас бакъдерг дуьйцур ду хьуна. Суна и гIалгIа к1ант Саламбек вевзичахьана ас аренашкахь, лаьмнашкахь лелаш дIаяьхьанчу хенахь берриге а сан толам хилийтинарг уггаре а кхерамечу агIор дIа ца хIуттуш со ларвинарг и Саламбек ма вара, оццул тешаме хилла сайца чекхваьлла волчу, шен дегI а, са а ца кхоош хилла волчу. Со бахьанехь ша хIаллак а хуьлуш, со барзан гуро санна, тешнабехк а бина, ша тешнабехк бийр бац аьлла биъна шен дуй а къарбеш, Нохчмахкахь вен лаьцначохь со кIелхьара а воккхуш ша леш вуй хуъушехь волчу уггаре а сан тешамечу доттагIчо гIалгIайн СогIопшийн к1анта Саламбека елла яра и нуьйр. Яларал сов, цо дуй кхоьллира соьга, хIара йоцчу нуьйра ма хаалахь аьлла, ас дош делира, со дийна а волуш, кхечу нуьйра хаахь, со кхахьпачу метишканал оьшуш ву аьлла. Дуьне духу аьлча а, дуй къарбан йиш яцара.

Кхин цхьа хIума а дара, и тхойшиннан къамел хууш сан дуккха а накъостий а бара. Дера кхин бахьана-м дацара ас и нуьйр цигахь гехь идон.

- Цул тIаьхьа хIун дира ахьа, Зеламха?

- Бакъду, со чIогIа гIелвеллера. Цу некъо суна ницкъ бинера.

Цхьана кIирца садаIа дезара. Суна цIенна хууш, Веданарчу Iедало мах а биллина стаг вара Хоттанечохь, амма вешел тешаме ву ша хьуна бохуш, соьга чIогIа хаза хабар дийцина ма вара и накъост; и а вевзаш, со бахьанехь лийр а волуш, цо лелориг цIенна хуу цхьа кхин стаг а вара сан оццу Хоттанечохь. Ас шолгIаниг вукхунна тIаьхьаваьккхира. Цо лелориг а, дIабоккху ког а соьга бийцалахь аьлла. Цу шолгIачу тешамечу накъостехула суна хиира, Хоттанхойн ломахь цо сайна моттохар а, цигара со кIелхьараваьлла дIавахара. Амма эццахь суна моттоьхча деллачу ахчанах цу накъоста дика говр ийцира. Цхьа а шеко сайн йоцчуха, и эскар Ведана дIадирзинчу шолгIачу буса оцу вешел тешаме ву баьхначуьн керта вахана, цуьнга же сихонца говрана нуьйр тилла аьлла, говр а кечъяйтина, элира:

- Варий, цхьанна а дегIе хьаха ма делахь, со нийсса баттана садаIа гIуьмкийн махка воьдуш ву, Теркал дехьа, хьайн говрана са ма гатделахь. Нагахь санна со кхин хьелахь, хьан говр схьаялон гIолахь Сарбаев Жубан волчу Бабин-юьрта аьлла, со Нуй вахара, цигахь дика къонахой бара Илесан Бакаран доттагIий Эскай, Дашай, Бахьнашай бохуш. Эццахь дика ас са а даь1ира. Хууш дара, и накъостий зебелла къонахий хилар.

Дера бакъ ма ду, ва Султан, оцу Бабин-юьртарчу СарбаевгIеран гонаха ха-м лаьттинера нисса шина кIирца. Ас и хIунда дийцира аьлча, айса левинчу хоттанхочун санна хабар хаза а долуш, тешам боцуш и вон къиг йолу дела.

Дера, Султан, хIинца хьуна кIордина а хир ма ву со. Бакъду, дIадаханчу бархI-исс шарахь ткъеиттазза Iожалан бIаьра хьежна со, амма, бакъду, хан ца кхаьчча хIуъу тIехIоьттича а, хьуна хIума цахилар ма хиъна суна.

Бехк ма билла дукха лерна, Лусу, схьаоза сан говр, х1ара баккхий нах мукъа буьту ас, - аьлла, Зеламха дIаваха хьалагIаьттира, воккхачу стеган, йоккхачу стеган Iодика а йина, Зеламха новкъа велира.

# Саь1идан къамелан шозлаг1а дакъа

Тхуна йоккхачу стага хьалха биллина уггаре сийлахь кхача - жижиг-галнаш диъна девлча, ас Саь1иде элира:

- Доьху сайна бехк ца биллар. Ахь дийца дукха дара ма элира Зеламханах лаьцна, ткъа тхо леррина даьхкина ду-кха Махкат1ера дуьйнна хьо волчу.

- Дика ладогIалахь, сан к1ант. Тхо кхо ваша вара - Сайдуллай, СоIдуй, сой. Тхо вежаршца долу тешаме гергарло дацара хьуна цу Зеламхан цхьанцце а, шен девежарий, шен шича Iеламха ца лерича. Бакъду, цуьнан къайле хууш а, доьзалан дола деш а, Нохчийчохь къонаха ву аьлла цIеяххана а БIаьча-юьртара БуьлтIиг вара хьуна. Муха аьлча, гIалгIайн ломахь Зеламхан доьзал лецна БуритIе бигча, царна цу набахтехь рицкъа латтийнарг а, церан цу доьзалан юкъаметтиг а, дегара хьал хууш леларг а и БуьлтIиг вара хьуна. И доьзал Сибре махкара Iедало буха балийча, Зеламха царна тIелестар ву, циггахь лоцур ву вай аьлла уггар хьалха дагадеанарг а, церан терго йинарг а и БуьлтIиг вара хьуна. Уьш буха хIунда балийна а, и шена бугIуш гур буй а хиьна, Зеламха чIогIа ларлуш лелачу хенахь шен доьзале шайна оьшург БуьлтIиге ала, со шуна эшначу хенахь я шуна ган лаахь, со мичхьа ву БуьлтIигана хаьа шуна аьлла ву хьуна и Зеламха. Бакъду, Зеламха цхьаммо а вийна вац, ша чIогIа цомгуш хилча дарбане сатесна, лоьрийн дан хIума хилахь дика ду, ца хилахь де дийне мел дели ша кIелвисар хууш волчу цо, денна бохург санна лоьрийн дарба лелор ду бохуш, хабарш кхехьийтинчу стагана ша тIевигийтира. Оцу БуьлтIиган чохь биъ-пхи бутт хан яьккхира цо цомгуш. Цигара дIавигира иза, иштта Iачул велча гIолехь хеташ. Эццахь, сан кIант, Зеламхан «цIока» йоьхКира, шайна доккха неIалт а оьцуш.

Сан кIант, валаза висина да вац кху дуьненчохь, амма шен хан кхаьчча иштта бахьана хIоьттина цунна.

Ас юха хотту:

- ХIун бахьана хIоьттина лецира хьо а, хьан доьзал а 1едало?

- Дера бакъ ма ду, суна а, сан шина вешина а хууш ма дара Зеламха лела некъаш, цо вайн халкъана деш долу гIо а, цуьнан хьуьнарех тешар вац дийцарх, суна санна и стаг дика вевзаш ца хилча. Цо х1ун дора аьлча, ша х1окху хенахь хир ву (Хорачана ши чаккхарма бен гена яцара и хьех) олий, ши-кхо де хьалха тхо кхаа веше хаам бора. Дерриге юьртахь а, округехь а, цуьнан доьзалехь а долу хьал оьций, тхох цхьаъ и волчу хьеха воьдура, доллу адам дIатийначу хенахь буьйсанна. Бакъду, уггаре а дукха цига ихнарг со ву хьуна. Соьга шен дагара и хIуъу къайле а юьйцуш вара Зеламха, бер хенахь дуьйна суна вевзаш а вара иза. Юккъешха делахь а, и цуьнан зуда Бици тхан яра хьуна. Цу Зеламханехь хила хьакъ йолуш къонаха а яра иза.

Цу Зеламхана ша и езаш хилар сох лечкъош дара, шина-кхаа шарахь чIогIа къайлахь и цунна тIехьийзаш лелачу хенахь, цу шинна юкъаметтиг а хууш, тхешан дайн Iадат а хууш волчу ас ойла йира. Зеламханна езаш а хилча, тIехьийзош оццул хан а хилча, х1ун ду-те кхеран доьхнарг аьлла, ас хаьттира Зеламхане (цунна Бици езар а, и тIехьийзош лелаш хилар а сайна хууш хиларна), х1ун ду-те шуна новкъа дерг, суна цIенна хууш ду хьо Бицина тIехьийзаш волу дукха хан хилар (ткъа цу хенахь ша юьгуш йоцчу йоIана тIехьийзаш дукха а ца лелара). Ахь сох бехк ма леца, Бицига и ас хоьттур дац, дийца суна, х1ун бахьана ду и ца ялош хьо Iеран ас аьлча, Зеламхана:

- Дера, Саь1ид, кхин цхьа а бахьана ма дац, цхьа суна нийса ца хеташ Iадат ду шун тайпанан.

И хIун ду ас аьлчи:

- Шун зударийн шайн Байгашан некъене бен маре бахча мегар дац бохуш беxкам бу. Цу Бицина чIогIа новкъа ду иштта долуш шун тайпана юкъахь д1адоьду гIуллакх.

Ас элира Зеламхане:

- Дера, сан доттагIа, и долуш ма ду хьуна, и хьуна хууш а ма ду, цхьана Бицина тIехь долон дисина а доцуш. Цу тхан ворхIолгIачу дена Байгашна тIера дуьйнна схьадогIуш ду и Iадат. Дуьххьара чергасийн элашкара схьаэцна ду хьуна и тхан дайн Iадат, ткъа цуьнан бахьанах тайпанан хIу ца бехдеш цIена хила деза олуш деш захалонаш ду уьш. Ва амма,

бакъду, Зеламха, хьо санна волчу кlанте йоI яхар йоккха сийлалла ю, дена-нанна-м хаац суна, доллучу тайпана а, - аьлла, ас жоп делира. - Бицига хIума олуш верг ас сацор ву. Ас иштта боху дIаала цуьнга, гlуллакх хилла ду хьуна. Хаа хьуна а, Бицина а ас аьлларг дош дуй.

Цхьа кIира далале цул тlаьхьа Зеламхана йигира Бици, амма вайн Iадатехь ловзарга сан гlойла дацара. Цу хенахь доккха эхь лорура, шен зуда яханчу метта ловзарга вахар.

Бакъду, цу Зеламхан доттагIий уггаре а хьекъал дерш а, нахана дош хетарш а бен бацара хьуна, оцу яхь йолчу нохч-гIалгIайн к1енташа цуьнга хаам бора хьуна и миччахь хилча а, цунна болчу кхерамах а, тешначу бехках а и ларвеш. Уггаре а суна цуьнан хIуманех тамашийна хетарг хIун дара аьлча, цо юьхьа дуьхьал а хIуттий, дIаолура: накъост, бос хуьйцуш бу хьан бIаьргаш. Хьох тешам бац, олий. Ша иштта Куьйра цIе йолчу стаге алар дийцира цо соьга нисса диъ де хьалха. Цо ма-баххара, цуьнан доьзал гIалгIийн ломахь бу аьлла мотт бинарг и Куьйра хиллера (бакъду, Куьйра лаьттах-м вахара).

Иштта цо дуьххьал дlааьлла хиллера шен доттагlчуьнга БоргIанига а, Дударе а, кхечаьрга а.

Цо ма-аллара, цунна тешнабехк цаьргара гучубаьлла хиллера.

Хьан хаттарна «х1ун бахьана долуш лецира хьо а, хьан доьзал а» жоп дала хьевели со, сайна Зеламхех лецна и бакъдерш дуьйцуш кlорда ца дарна.

Дера, сан к1ант, со а, сан ши ваша а чlогlа хьийза а ма вира тхан ши дош дийца йиш цахиларна. ХIинца дагаеа суна цу хьехан го лаьцначохь хиллачу полковникан цIе, и вара Маргани, коьртехь верг, шозлагIа верг Веданан округан полковник вара Каралов, церан талмаж вара Автурхьажин к1ант lаббаз, нийсса кхойтта дийнахь левира со, дукха хьолахь следователцa хуьлура и Каралов. Цара чlогIа хоьттург дара - хьалха хиънерий хьуна Зеламха хьеха эхар? И ца дийца гIерташ ас масех кица далийра. Талмажа Iаббаза дуй буура, дийца бакъдерг, хьуна геч дийр ду шаьш бохуш, ахь бакъдерг дийцича. Со цунах а, цуьнан дуйнех а, полковниках а тийшира, ас бакъдерг дlадийцира. Ой, дера хаьара, цу хьеха и оьхуш вуй суна а, сан шина вешина Сайдуллина а, Солдуйна а, харачошха тхо кхоъ бен кхин хууш да ма вацара.

Хаттар до соьга, хIунда лечкъадора аш Iедалах и цигахь хилар хьалха яханчу хенахь а, хlинца а?

Эццахь далийра ас цхьогалах лаьцна кица:

- Борззий, ломмий, цхьогаллий вовшахкхетта, церан барт хилла, шайна ижу лаха цхьаьний новкъа лела. Царна хьекхолгашна юкъа а хьарчийна Iуьллуш жен нехчан межарг карийна. Эццахь барзо аьлла, хlинца ша кхо дакъа дийр ду кхунах. Мацалла дарделлачу лоьмо катоьхна берзан бага ятIийна, тlаккха лоьмо цхьо- гале аьлла, нехча ахь бен йоькъург яц аьлла. ТIаккха цхьогало нисса ши дакъа дина цу межаргех. Лом, хьо доккха ду, хIара кхо дакъа дан хIума а яц. ХIара цхьа дакъа хIинца дуур ахьа, важа дакъа Iуьйранна даа ахь аьлла, цхьогал духа хилла. Лоьмо боху:

- ЭхI, диканиг, иштта и хьекъал мичара дела-те хьуна?

- Дера, тхан баьчча, оцу берзан ахь ятIийначу муцIаре хьаьжча ма доьссира суна и хьекъал, - жоп ло цхьогало.

Iаббаза (талмажа) боху соьга:

- Хьо хьан доьзалца Сибрех вохуьйтуш ву, ахь Зеламха лоцуш гIо дийр ду аьлла тIе ца лацахь.

Со оьгlаз вахара, хlинца бакъдерг дийцича гечдо а аьлла, со теша а вина, и зуьдан хабар хlунда дийци ахь? Иэхь ца хета хьуна? Эццахь церан хилла сацам хир бар-кха со Сибрех вахийтинарг.

Ас юха а хаьттира:

- Дийцахьа, Саь1ид, мила хилла Куьйри? Муха хилла Зеламхан доьзал Сибрех бахар?

- Жима къонаха, хьан дена наб йогlуш санна хета суна. Юххе дIатаь1на Iачу дена туьйсуш набаран тар дара.

- Цу Куьйрех дерг а, гlалгlайн махкара Зеламхан доьзал лаьцна Буритlе бигар а, цигара

дІа Сибрех бигар а суначул дика хаьа хьуна эцца Веданахь хIинца а ехаш йолчу Зеламхан йоIана Медина. И хьо ларийнчух цуьнга хоттур ахь, со воккха стаг ву, сан дош галдала ца лаьа суна. Шаьш лоцуш а, Сибрех дуьгуш а, цIенна дага догIуш а, оьрсийн маттах дика кхеташ а, харц дерг шен багах доккхур доцуш а ю хьуна и Меди. Нагахь санна хьо ларийча, тIаккхахула дийца дуккха а Зеламханах лаьцна бакъдерш сан долуш ду хьуна. Хьуна магарра, дика гуш са а доцуш сайн хуург дийцар бен беш болх бац сан, хьайна ма лиъна ван мегар ду, суна чIогIа хазахета оццул дикачу къонахчух дерг хьо хаа лууш хилар, - аьлла, воккхачу стага шен къамел дерзийра. Цуьнан Iодика а йина, тхо арадевлира.

Бакъду, воккхачу стагах гIиллакхе ца хетташехь, шозлагIа а вахара со Саь1ид волчу. СаьIида къамел долийра:

- К1ант, и Зеламха шен дегI-са доьхкина, гIийлачарна чу садиллина, шен дегIана там ца лоьхуш, накъосташ ларбеш, шен доьзал санна массо а гIийлачу къаьмнех къахеташ хилла хьуна. Къаьмнаш ца къестош, нийса некъ безаш, гIийлачо шега бала балхийча, цуьнан хьашт кхочушдар шен декхар лоьруш, тоьлаче дехар дой, гIийланиг витахьара, ма хьийзавахьара бохуш, шен дехар кхузза духа тоьхча цу харцонан новкъахь волчунна таIзар дора цо. Бакъонан некъа тIехь хабарш кIезиг дуьйцара, дечу гIуллакха т1ехь ша гойтара, амма ша дина и гIуллакх ца дуьйцара, накъостийн сий айдеш. Шен багар а даьллачу дашна тIаьхьара ца волуш, амма шен ницкъ боцург шен багах долучух лардеш. Ша ца ден дерг нахана т1е ца дуьллуш. Наха шена дича халахетар дерг нахана ша дийр доцуш, цкъа а шен хьекъал ду олий хIума ца деш, хьекъал халкъе декъна дуй хууш, Дала шена майралла елла, амма кураллех хьаса шен дегIаца боцуш. Олуш ма-хиллара, узуш воцуш, молуш воцуш, шен долчух даима тоам беш хIуъа и делахь а, ойла йой бен дош ца олуш. Цо даима олуш дара: «Мел хьекъал долчух дагаваьлча а бац пайда, хьайн коьртаца ойла еш а, хьекъал хьайгахь долуш а хьо вацахь». Цхьа кица далийра цо ас шега цхьа дехар дича, вела а велла. Сан дехар хIун дара аьлча, доллучу халкъана хууш, цу Зеламхин «цIоканах» Iедало диллина сов дукха ахча дара, шайн къеллина и ахча дезаш цунна гучу а буьйлуш тешнабехк бан гIерташ адмаш хилар цунна шена а хууш дара, ткъа церах стаг Зеламханна карон вуно атта дара. Цундела ас цуьнга дехар дира, Зеламха, шайн доцчу хьекъална цу дуьненан рицкъех Iехабелла цхьацца нах хьуна гучабовлар хууш ву со, ткъа со хьол воккха, хьан ден хенара волун дела боху ас хьоьга, церах стаг вен ма гIорталахь, хьан и дар бен, сий хила меттиг яц хьуна. МостагIал хала ду хьуна.

Цул совнаха, и нах массо а 1ункар лаьттича а, хьуна хила хIума дац хьуна, оцу Дала ша яздинчу дийнахь бен. Иштта элира: - Ва Саь1ид, пайда буй-те массо адам сагуш хиларх, со бIаьрзе велахь?

Юха а элира цо, шен хьекъал ду аьлла Iехавелларг, хаалахь, кIезиг хьекъал долуш я данне а хьекъал доцуш ву хьуна. Вайн баккхийчийн цхьа кица ду: «Хьера ваханчо БIане вахнарг къарвина», олуш. Иштта элира Зеламхана:

- Хьекъал долчо хьалха дика ойла а йой эриг кIеззиг олу, ткъа и доцучо хьалха бага деънарг дIа а олий, шена бала бо я ехха ойла еш дохковолий лела ша эрна аьллачунна.

Сан кIант, ас цхьа масал а далош, и Зеламха кIорггера хьекъале, собар долуш хилар а дуьйцур ду хьуна. Зеламханна тIевеана шен цIе Зеламха а йолуш, дегIана кхул тоьлла волуш, ткъа бакъдерг ала деза, Iовдал-майра стаг а хилла и. Хиларах пайда буй, муьлххачу дохнах, рицкъанах а дан дезарг хууш вацахь? Ткъа цу шозлагIчу Зеламха цIе йолчо хьаькккхина харачойн Зеламханна тIе а веана, аьлла:

- Зеламха, со а ву хьо санна тIаьхьадаьлла Iедал а долуш, ведда лелаш. Бакъду, гуттара «Зеламха, харачойн Зеламха» и ду нехан дийцар, схьахьажал соьга, со ву хьуна куьцана, дегIана, майраллина хьоьца со миччахь а ларор хилар хууш. Цул совнаха, хьуна лаахь летар ву вайша, т1ом бан лаьий - тIом бийр бу вайша, хьуна лаахь тахана дуьйнна со хьоьца хир ву.

Гелдаганой хIумма а ледар кIентий бац я харачойл оьшуш а бац, вайшиннан бакъо а, деш дерг а цхьабосса долуш хила деза, хьо цунна реза вацахь, хIинца хьожур ву вайша, муьлха майра ву а, муьлха тоьлла а. Реза вуй хьо?

Тlаккха Зеламхана, вела а велла, забарца элира:

- Дела ва хьо марша, Зеламха, хьо санна волу накъост ца карош, дукха чабол идош лелла со, ахь бохучун ас дика ойла йира.

Делахь а, дукха вахарг, хьайн дегI а, куц а, ницкъ а бу боху ахь. Амма хьекъалах дерг ца хьахий ахьа, гой хьуна, гелдаганой я харачой бийца цхьа а бахьана ца го суна, кица ду вай дайн: «Ейначу т1аьхьено шайн дай хестор, къевеллачо дIадаьлларг дуьйцур» аьлла. Сих ца луш соьга ладогlалахь, гелдаганойн Зеламха.

Тахана вовшахлетта хьо а, со а хlаллакьхилча, хьанна хаьа, я хьо тоьлла со лер, я со тоьлла хьо лер. И хууш дац. Бакъду, хьо Іедалах ведда лелий а, цlе Зеламха юй а суна а, Іедална а, нахана а хууш ду. Гой хьуна, вайша эрна валарал совнаха, хьан а, сан а кегий доьзалш бу, царна дай а хир бац. Цул, вайн гlийла нах хьийзош, эскарш юьрта а дуьгий, бертаза вайн нахе уьш кхабуьйтуш - цхьацца вайн нах а бу бехаш паччахьа Іедалан берта а бахана, адмашкара тlехь оцу ясакхаш йохуш лелаш цу йовсарех летта я паччахьан банк йохийна боберашна, гlийлачарна гlодеш вала хьуна лаахь, цхьана адамашна

пайде а хьоьвзаш велча бакъахьа ма хетара суна-м, хlай гелдаганойн Зеламха, - аьлла вистхилира харачойн Зеламха.

ТIаккха вистхилира гелдаганойн Зеламха:

- Вайн дайн кица ду «ши лом цхьана ирзехь тар ца ло» аьлла, вайшимма къастон деза вовшашлахь тахана дуьйнна дlа коьрта мила хир ву.

- Дика ду, со реза ву, - жоп ло харачо Зеламхас, - делахь тахана собар дийр ду вайша, садовн хан а ю, кхана Шуьйтара духа доьрзуш ду аьлла соьга, со бахьанехь цаьрга кхаба а, со лаца а арадаькккхина эскар. Нагахь кхана ца багlахь и бIо, лама хlете а, вете а цу Шаройн, ЧIентийн шина Органна юккъе охьакхача беза Шуьйтара, ткъа вайша, цхьаьний ца волуш, цхьацца царна дуьхьалвер ву. Хьайна лаахь хьо хьалха вала дуьхьал, хьайна лаахь тlаьхьа вала, суна бен а дац, - жоп ло харачойн Зеламхас, цунна резахуьлу гелдаганойн Зеламха. Ши накъост вовшахкхета йиллинчу меттехь, Дубин-эвланна къилбехьа, Органна йистехь кхана Іуьйранна малх схьакхеташ.

Вовшийн мара а кхетта, дIадоладо гелдаганхочо:

- Схьадийцал хIинца, муха вала веза цу б1онна дуьхьал, хIун ала деза цаьрга?

- Нагахь уьш тахана цу новкъахь охьа багIахь, - жоп ло харачочо, - и ши Орга вовшахкхетачу меттехь ши некъ бу - Дубин-эвлаххий, важа ЧIишкаххий, ший а некъ Соьлжа-г1ала боьдуш бу. Ткъа цаьрга цу шина Органна юккъе дlа а х1оьттина, хlара омра дан деза: ша вала лууш воцург Дубин-эвлахула бен ЧIишкахула гlур вац шуха, хlара омра деш верг Гелдаганара Зеламха ву, олуш, мохь а тоьхна, церан ЧIишка боьда некъ а бихкина, уьш Дубин-эвла дlахьовсо беза-кха вайша, ас бохучунна хьо даггара реза велахь.

- Дика ду, харачо, хьалха со гIур ву царна кIел, хьо шозлагlа гlор, - элира гелдаганхочо. ДIавало аьлла и дlаволавелча, Зеламхас, вуха а вирзина, цуьнга элира:

- Цхьа дехар дара сан хьоьга, хlун дара аьлча, нагахь хьо лахь ас а, со лахь ахь а вайшиннах тlаьхьависсинчо ма-дарра хlара вайшиннан хилла къовсам, тIе а ца тухуш, тIера а ца доккхуш вайн накъосташка дIабовзийтар.

Дика ду аьлла, шен герзаца Гелдаганара Зеламха Орган чу а воьссина, цхьана куллан ІиндагIе а хиъна, Шуьйтара богlу бIо ларбеш Іара. Цуьнга хьоьжуш, берда йистте ша нахана ца гучче кулла тlехьа а ваьлла и ларвеш, цуьнан омра хеза долччохь харачойн Зеламха а Іара. Иштта хlара шиъ Іачу хенахь делкъал тlаьхье а хилира. Харачочо чехка шен ламаз дира, цул тIаьхьа дукха хан ялале догIуш гуш маггlара эскар дара шишша цхьаьна а хIоьттина, хьесапехь бIе сов хила тарлуш. Уьш шена цхьа бlе метар т1екхаьчча, гелдаганхочо омра дира: «Стой, со гелдагано Зеламха ву, шуна некъ биллина бу Дубин-эвлахула. Шу ЧIишках гlо ша вала ца луург», аьлла. (ЧIентин Органах бовла хи доккха а хилла, хи дистина хиларна, ламанца догIа тоьхна, хIорш Дубин-эвлахьа шаройн Органах бовла схьабирзира). Эццахь гIехь севцна а хилла, тIаьхьа вогlучу командира уьш човхийна, хlара тергал а ца веш, уьш Органах бовла дlабуьйлабелира. Цул тIаьхьа нийсса царна дуьхьала хIоьттина, омра дира харачо Зеламхас, чlогlа мохь а тоьхна, шуьга луьйш верг харачо Зеламха ву, ша вала ца

луург ЧIишках бен ма гlо, Дубин-эвлах некъ бихкина бу шуна аьлла. Эццахь севцца, шайн командире а хьевсина хlорш дIах1уттушехь, ЧIишках «вперед» аьлла командира, уьш буха ЧIишках дIаберзира. Цул тIаьхьа гелдаганойн Зеламха шен карара топ харачочунна тIе а лаьцна, тIе а веана:

- Ахь динарг хIилла ду, уьш ахь дIаберзор шозза шина меттера мохь тоьхча, ирча болх, обаргийн йоккха кIело хир ю шайна йина аьлла, цунах кхерабелира уьш, хьох ца кхерар хаалахь.

Кхеравел ахь со, - аьлла, тIелаьцначуьра топ дIа ца йоккхуш къамел дора. ТIаккха харачойн Зеламха велавелира:

- Ой, ма сиха бицбелла хьуна селхана вайшинна хилла барт. Собарде, сих ма ло, замано гойтур хьан а, сан а майралла, цкъа цхьаьний Теркал дехьавер ву вайша. Эццахь а хуур ду, цигара вуха вирзича я цига вахале Буру-гIалахь а ду гIуллакх, ткъа Соьлжа-гlалахь а ю ваха везаш меттигаш, - аьлла гелдаганойн Зеламхин са тедира харачочо.

Шаьшшиъ цхьаьна лелийла доцийла цуьнан сонталлех хаа а хиъна, ур-атталла Буру-гlала, Соьлжа-гIала я Теркал дехьа хIунда гIур ву цуьнга ма-дарра ца дуьйцуш, эрна дов а ца деш, харачойн Зеламхас элира: «Зеламха, ас дуьйцур ду хьуна бакъдерг, и къонахалла а, майралла а стаге йоьдуш-йогIуш ю хьуна, ткъа сан майралла хIун ю аьлча, со оьшур вуй сайна ма-хиъи, вадар ю хьуна.

Гой хьуна, дукха вахарг, сан далане а ка ца долуш лелаш ву Вербицкий бохуш цхьа сан а, вайнехан халкъан а мостагI, и хьуна ца гинехь а, вуьйцуш хезна а хир ву.

ХIунда ву и паччахьан а мостагIа? Гой хьуна, цо Гуьмсе базарахь, Соьлжа-гIалин базарахь бехк боцун байина миска нах, мотта тарло, цо церах Петарбухе я Гуьржех волчу паччахьан инарле луш йолу отчет бакъдерг дуьйцуш ло, дера ца ло. Суна цIенна хууш ду, Гуьмсе базарахь кхоъ адам ден а дуьйш, масех адмана чевнаш а еш, бехк боцчу мискачу нахана ша бина т1ом цу базарахь обургаший, салтеший вовшийн етташ кхетта белла и нах аьлла, цу Вербицкийс отчет ялар (иза церан белхалочо Яндаров Этена дийцира суна). Цул совнаха, хьо базарахь мах бечу бабанел оьшуш ву шена дуьхьал ца ваг1ахь аьлла, суна тIе и кехат а даийтина, ша тешнабехкаца со лоцур ву моьтташ, ша дIа а лечкъина, шега хьоьжуш Iачу суна го лаца шен эскар даийтира цо. Уггаре а и халкъан а, паччахьан а мостагI хилар хIун ду аьлча, ас шега со ларвелахь, цу ГIизлар-гIалахь оццу хенахь со цигахь хир ву аьлла кехат яздича, ведда Соьлжа-гIала а веана, гIулгех ловзуш хиллера иза (гIулгаш-шахматаш). Шех паччахьа масийтта район а тешийна, хьаькам ву аьлла дIахIоттина волчу цо шех тешийначу участкехь деш куьйгал а ца хилча. Дерриг нохчи, гIалгIи, кхиндерш къаьмнаш паччахьа Iедалца гамдеш а хилча. Суна хетарехь, и Вербицкий вайн къелли санна мостагIа хила хьакъ хета суна, ва Султан, цул совнаха, и дика ца вевза лакхарчу Iедална. Со тешна ву, ма-варра и вевзича, Iедало ша и шен мостагI санна хIаллакврийриг хилар. Цхьа бакъду, мекарло йоллу цуьнгахь, цхьогалехь санна. И ду-кха ас и паччахьа а ву къаьмни санна мостагIа бохург, ва Султан. Ур-атталла шех бIон инарла а вина лелачу паччахьан а дера ву иза мостагIа. Дера, сан доттагI, ас ялх шарахь кху пачхьалкхан мостагI со воллушехь дина ма дац Николай паччахьана цо ша цхьана шарахь деш долу зен. Кху ДегIастанахь мел долчу халкъана шех мостагI вина цо, цул совнаха, дуьххьара Соьлж-гlала веанчу шарахь хазахета 17 нохч-гIалгIайн бераший, зударий дайира цо, Гуьмсехь кхоъ нохчийн адам дийра цо, муха ле хьажа санна. Масийттана чевнаш йира, хьажал хьо, цу Вербицкийс со кхузза газета тIе туьйхира, доьазлагIа ша меттиг йиллича, цига ван а ца ваьхьна лелаш волчу и харачо Зеламха зударий хечан меха вац аьлла а туьйхира газета тIе. Оццул воккха мостагI и сан а, вайн дерриге а халкъан воллушехь, цо кхайкхинче-м вахара со, делахь а цигара ведира хьуна со, даго хьийхира со оьшург хилар. Ткъа суна моьттарг-м цо а ца дира. И муха дара аьлча, цо суна меттиг йиллира Ведана гIалина малхбузехьа Аьхкал дехьа Цицкан-ирзе олучохь. Бакъду, со цига вахара сайна Вербицкий тIе вог1ун а ларвеш, со хиъна Iачу хенахь Ведана «гIопа чуьра ара лелхачу эскаран (гIаш а, говрашкахь а) юьхьиг нисса Аьхка чу йирзира, т1аккха со цига веана вуй цу жIалена а, цуьнан бIонна а хаийта шозза царна тIехь топ а тоьхна, со дIаведира.

Амма, бакъду, и меттиг - Іин а, кІаг а - сов дика йовзарна, акхаройн некъаш а довзарна, со ведда церан керара велира. Суна санна царна со вахана некъ хууш хилча, цхьа а дийцар доцуш, со цара лоцур а, вуьйр а волуш хьал дара.

Доллучул а сан дагна Іаьткъаш йина чов цу Вербицкийс, газета тІе а тухуш, хІун яра аьлча: «КІилло зудабер, харачо Зеламха» аьлчи а - иштта корта а болуш газета тІе цо тоьхна статья ю. Цу тІехь цо яздо: «Цхьана Іовдалшна цхьа хІума таръелла цу Зеламхех, и хІумма а йоций суна-м ц1енна хаьара, ас шега кхайкхича суна дуьхьал ван ца ваьхьна волу, шен да вийча, ваша вийча ведда ша кІелхьараваьлла волу, накъостел хьалхаэккхий идда волу, ас шена го лаьцчи котаман буьне лечкъина кІелхьараваьлла волу, масане ду уьш»...

Сан накъост, хьуна хаа лаахь, дений, вешиний дуьхьал итт эпсаран дакъа охьадиллина бен, со ведда вац хьуна, хаалахь, цхьане а меттехь кхерам тІехІоьттинчахь массо сайл хьалхаваьkkхина бен со ведда ца хилар. Юха а боху ас, ца тоьла волчу тІамехь майралла вадар ю хьуна сан. Юха а хаалахь бакъдерг, хьенех, кхоьру олург хьекъална кІезиг верг ву хьуна.

Ларвала хууш ву и хьенех, олуш берш алсам хир бу хьуна, шен хьекъал тоа деза массо а меттехь, амма дагаволуш хила а веза хьекъал долчех. Хьажал, гелдагано Зеламха, хьо майра стаг вуй хаьа суна, цунах цхьа а шеко яц сан, хьан дегІ а, куц а гуш ду.

Ас цхьа ши масал далор хьуна.

Со вара Чермойн ломахь садоІуш хиъна Іаш, цхьа гІехь гІеметтахІоьттина стаг нисса новкъа со Іачу лекхачу ломан гоьлтІе схьа тІе вогІура. Суна дагадеара, айса х1ара кхерор, аьлла. Цуьнца забар ян, цкъа тІех а валийтина, ас элира:

- ХІей воьдарг, сох лети хьо? - аьлла.

- Ой, хьан да валла нелца, и хІун ду ахь дуьйцург, кхи сох ца летчи вала меттиг бац-те хьуна, вало дІо бердах чуэккха, хьо вала гІертахь, - аьлла жоп а делла, вуха дІаволавелира и накъост. Цуьнан гехь сов боккха мохь бара гуш. Со тІехьа волавелира:

- ХІей доьду зудабер, летий сох бохий аса-м! - аьлла. Эццахь саца а сецна, цо шен гирачу махьана тІехула тІетесна шен машин чоа охьа диллича схьагучубаьлла мохь - кхийра куьйр яра, тІаккха цо цу куьйрана тІе бихкина бухка схьа а баьстина, шен куьйр гира охьа а йиллина ца херца йоллуче, и къонаха схьахьедира (эццахь суна дага деара цкъа а керара айса садоІуш а охьа ца дуьллу цани юкъа охьаехкина топ а, тапча а, тур а. Ур-атталла шаьлти а, я урс а дацара сан карахь. Схьа тІекхоччушехь дикка ластийна суна буй тухуш воллура иза, со дІа а иккхина, цуьнан буйнах ларвелла, вуха, цІеххьашха цунна тІекхийтира. Дера бакъ ма ду и, цо со гІапъаьлла кІел ма туьйхира, халла кІелхьара а ваьлла, делахь ма ца оьшу дов ду хьо аьлла, ведда вахана 10-15 гІулч цаналахь Іуьллу сайн топ схьа а эцна, цунна гойтуш чу патарма а хеххина и кхеро со шена тІе топ а лаьцна тІе хьаьдча, дуьхьал а хьаьдда цо суна тІе лестина терхаш цхьаъ схьакхеттехь, со велла хир ма вара.

Дера бакъ ма ду иза, сайн тоьпаца со цу стагах вадар. Ведда гена а ваьлла ас дехар дира: «Делах доьху хьоьга, ас йинарг забар яра, хьайн новкъа дІагІахьара», аьлла. Цо жоп делира:

- Зудабер бохуш нах хІунда хьийзабо ахь, хьо хилла и зудабер, - аьлла.

Меллаша шен куьйр ги а йоьллина и хьалха санна дІа а йихкина, дІаволавелира.

Суна хазделлера, мичхьа воьду-те, муьлхачу кІотара воьду-те и майра, шен са ца деза стаг аьлла, со генна тІаьхьавахча и Тинкахона олучу кІотара, аьлча а, цхьаъ бен цигахь йоцчу Іиланчу вахара. Эццахь са а дайтина, суьйранна бода булуш со хьаьkkхина и борз йолчу вахара. Ассаламу Іалайкум, хІай гІайракх, аьлла со чуваьлчи, салам дІа а эцна, чехкка дехьа чу ваьлла таллархочун топ схьаэцна, суна тІе лецира:

- Тхан эвларчу Къедис дешначу Къуръанора дара ас хьан са жІаьлин санна дІадохуьйтур, тахана шен не1согІалчу веана хьаша вийна Мусахан аьлла, наха сайна неІалт эриг ца хилча.

Суна хаьара, шега дуй кхоьллича, хьалха санна хІара Іадда Іийр вуй. Ас дехар дира Делах: «Ва Мусахан, тахана ас хьоьца йинарг забар яра, кху дуьненахь со мел веха, и милла стаг хиларх айса ца ен йолу, суна хаьа хьуна хІинца цІенна со гІалатваьллий, гечдехьа суна, -

ас дуй а кхоьллина дехар дича, цо гечди ас хьуна, хьо хьаша хиларна аьлла, суна хьалха кIалд-даьттий, сискал а йиллина, хьалха дика шен ламаз а дина, меллаша шен кхийра боганаш хьехан ковсташ к1елхьара схьа а эцца, шен етшуьреш тIера т1о схьа а эцна, оцу ша еанчу куьйри чу а боьттина, элира: «Хьаша, сан кхин накъост вац, ша Дела воцург, со вайшинна мала шар даккха воллу, ахь паргIат хьайна хIума яа, со хIинцца йиъна ву».

Ас хIума йиира, чIогIа ойла а йира, гор-лер яI-кха, мел нийса ду-кха вайн дайша аьлларг: «Мел дукха корта лебан беза-кха хьекъал долчо хьекъал доцург кхетош, кхетон г Iерташ». Ткъа хьекъал доцург хIумма а ца дуьйцуш Iа велча, цуьнан хьекъал ду а моьтта адмашна.

Со хIума йиъна велира, дика шен куьйр а листина, Мусахана цхьана кхийрачу кеда а доьттина, суна шар делира.

- Кху йовхачу хенахь чIогIа дика ду хьуна, сан хьаша. Делахь шар мала, шар дацахь, морза мала аьлла. Эццахь айса лелийначух чIогIа дохко а ваьлла, ас элира Мусахане:

- Мусахан, со сайн са дадина лелаш дикка хан ю хьуна, тахана хьоьца айса йинча забаро санна хIара дегI доккхуш юьхьIаьржа хIоьттина вац хьуна со. Хьо сов тамашийна стаг хилла, ас доьху хьоьга, и вайшинна, аьлчи а, сан забарш а, сакхташ а кхайкха ца дар.

ТIаккха Мусахана цкъа а и яшхолаш беш вац ша элира. Со чIогIа цецвелира шина-кхаа сахьтехь тхойша Iаш, хьо мила ву а ца олура соьга Мусахана, цкъа долчу декъана суна моьттара, кхунна со вевзаш хила а мега аьлла, ткъа суна а бакъхьа ца хетара со хьенех ву баха. Иштта тхойша Iаш, Мусахана шен кхо-йиъ котам чу а еана, цхьана кхезар кIел йиллира (цхьогале ца яхьийта чуеана хиллера).

Цул тIаьхьа цо суна поппаран маьнги тIе истанг а тесна, цу тIе кхекхех дина юргIа а диллина, элира: «Хьаша, хьайна наб еъча и мотт хьан бу», аьлла. Цо шена кIел чораш а ехкина, цу тIе цхьа черт а йиллина, лаьтта мотт биллира. ТIаккха а соьга ца боху цо, хьо мила ву? Ахь лелориг хIун ду? Дера дац ас кхуьнга со мила ву дуьйцур, со дIавоьдаш бен аьлла, эццахь метта ваьллачу суна наб кхийтира.

ХIинца Iуьйра ламаз а дина, Мусахана чехка араваьлла шен котамаш дIа а хоьцуш, кхо-биъ етт а, цхьа гомаш а уьйзира, уггаре а тоьллачу зудчул дика. Ас цунна мотт дIабоккхуш гIо а дина, мукъа ца 1ан цунна дечиг а даьккхира, Мусаханан арахь жима пеш а яра, тIехь кхехкаш гуш ей а болуш. Шен хьелий а, гомаш а оьзна а ваьлла, чехкка и шуьреш боганаш чу а йоьттина, шен арара жима ей чу а беана, охьа а биллина, цул тIаьхьа кхаа-деа боги чуьра етшуьреш цхьана боккхачу ей чу а ерзийна, и яй арарчу жимчу пеша тIе а биллина, чехка чу а ваьлла, хьалха чу беанчу ей чуьра жижиггий, думмий, галнашший, шаррий хин метта малалахь, чорпа дуьра ю аьлла, охьа а дехкина, «шен хьайбанаш лаьхкина дIо Шемалан кIотар йолчу агIор генна чу дига деза, нехан цанаш цаьрга хIаллак ца яйта, хьайна цIахь мерза йоур ахь, дог дерг кхузахь а яа. Ерг елларг - комаьрша, керара тоьхнарг - майра аьлла ду вайн дайн кица. Со-суо волччохь а витина, сов чехка шен бежнаш а лаьхкина, Мусахан дIатилира. ХIусамда воцуш хIума яар товш ма дац бохуш со Iаш, веана схьаикккхира:

- Ой хьо хIун хиларе хьоьжу, шел хIунда ялийти ахь хIума?

- Дера хьо цхьаьний воцуш гIиллакхе ца хеташ Iара со-м, - аьлча, ша охьа а хиъна, «яа, дIаэца, сан хьаша, хIара-м боберийи хьакъ даций», аьлла доггах ас яа лууш (эццахь йиъначул мерза хьолтIамаш йиъна ма яц ас со хаъал хилчахьана). Тхойша йиъна ваьлча, ас хоьтту Мусахане:

-Ва Мусахан, хьо ма тамашийна стаг ву, хьо мичара ву, ахь лелориг хIун ду, иза-важа ма дац хьан соьга хоттуш.

Мусахана жоп делира:

- Айхьа лелориг хьуна хьайна хуур ду, вуьшта тхан ден а, я цуьнан ден а дацара хьеше хьо мила ву, ахь лелориг хIун ду, бохуш и хеттарш деш Iедал, кхо де-буьйса даллалц, и хеттарш ма делаш аьлла весет ду, дуьххьара хIара меттиг а лаьцна, кхуза хиъначу тхан веолгIачу дас Тинхонас дина, ткъа деден я веолгIачу ден весет лардеш ца хилча сох къонаха хир аьлла хетий хьуна, хIай сан хьаша?

- Делахь дика ду, шун дайн а, тхан дайн а дуй хаа суна и весет-м. Бакъдерг дуьйцург

дарий ахь, Мусахан?

- Дера хIокху шовзткъе кхойтта шарахь аьшпаш, харц дерг, ямартло вайца хилла-м яц. Бакъду, тхан тайпанца и хилла яц: цхьа хIума ду мацах оьгIаз ваханчохь тхан деден вешас тхан ден дена аьлла олуш ду шен доьзале:

«Варийлаш, оцу сан вешех хьакхаелла бедар хада елаш, цIена ю аьлла ца Iаш».

- Ой, ткъа бакъ дарий и? Варий и иштта тешам боцуш?

- Вацара, Къедассий, Махьмадий дешначу Къуръанор-кха. ДуьххьалдIа и шен ваша тоьлаш а, наха лоруш а хиларна, и ла цалуш аьлла дара хьуна.

Сан хьаша, хьагI ю цхьацца адмашкахь, ала ца ло вайга - дIора Мусахан сол тоьлла аьлла. Суна олу «куьйр луьсу Мусахан». И олучо лисийтал соьга, ша боьрша велахь, шен куьйр, ала суна дуьхьал а хIотте и къайлах яшхалла а ца беш. Сан хьаша, эхь дац хьуна куьйр лийцарх, етт озарх, эхь ду хьуна лийса куьйр а яцахь, оза етта а бацахь, хьаша веача лулахошка орца а дахахь. И ду эхь дерг, сан ваша.

- Делахь дика ду Мусахан, хьуна Дела реза хуьлда, хьо марша lойла, со хIинца дlавоьда, сайн говр Iам болчу арахь рогlехь волчу Махкатlерачу Багашехь а йитина, жимма лахахьа ваьлла, Элистанжа, Эшилхоте, Ведана, Хьаьжин-Эвла, Хорача бlаьрг тухур айса, декхна денош а ду аьлла, са а хьевзина веара со хьо селхана суна тlекхаьчначу чермойн бехачу лома, хIинца хьо паргIат вуьту, со дlавоьда, - ас аьлча, - ДIаводахь хьан некъ дика хуьлда, ткъа ван мукъа мила ву

хьо? – хаьттира соьга Мусахана.

- Со дера ву шун лулара ГушмацIайн Зеламха.

- Ой, - аьлла, веана тIе а кхетта, мара а воьллина, зуда санна ахIи-ахIи бохуш ца соцуш вилхира Мусахан. - Вай Дала ларве хьо, мел харцо ю-кха хьуна дуьхьалъяьkkхинарг. Дала юьхьIаьржа хIоттавойла хьоьга харц луьйриг, дера со-м ахь сийсара са дадайна лела аьлча, хьоьга ца хоттуш ма Iийра, цхьа бехк боцург керах а велла, лелаш хир-кха хIара аьлла. Хьуна хаьий хаа суна, бехк боцуш стаг вийначу стагехь нехан безам хуьлуш бац хьуна, суна гергахь и вара хьо хlинца ахь схьадийццалц.

Дера, Зеламха, со жима ма вац хьуна, суна тахана санна дага догIу и хьан нана хьан дас йигначохь хилла ловзар, ой хьо-м тхан йишин воI вай, и ахь йина забарш ненахощца йича эхь дац тIаккха? Хьо-х лоьман санна Зеламха аьлла Нохч-ГIалгIайчохь цlе а яхана лелаш ву. Цул совнаха, хьо вац и идон дезачех, ахь маьрша стаг а, я хьаькам а ца воь бохуш вуьйцу хьо наха, кхузза дехар а дина дIахьедаза.

Сан кIант, вай массо а ву хьуна са дадайна лелаш. Оцу Делан вазалор, Делан воккхалор Дала хьуна дIахьаькхначу зилал тlех вер ма вац хьуна, хьо мел чIогIа кхоссавелча а. Хаалахь, хьайн хан кхаьччий бен хьо лийр воций, мел ахь са дадорах, хьо хиларах Зулкъарни олу дуьнена паччахь а, Iожална вуьжун де тIе кхаьчча хаалахь, цхьа бахьана а хIоьттина, вайна тIаьхьадаьлла вайн хан кхачаре хьоьжучу малайкаша хьо дIавуьгург хилар.

- Юха а ас доккха баркалла боху хьуна, варий, Мусахан, суна бехк ма биллалахь, со иштта хьайца эвхьаза хиларна, нагахь санна хьайга со веарий аьлла хаттахь, цаьрга аьллахь айхьа соьга ма-аллара, шайн дайша бина беxкам бара кхо де-буьйса даллалц хьеше хьо мила ву хатта,боккъалла хьо хьовзавахь, дIо ломах хьала вахна, шайн хьашт мел ду лохур аш алалахь, хьан Iодика йойла, со вуха кхочур ву хьо волчу.

- Дика ду, Зеламха, ас хьоьга до цхьа дехар, варийлахь, стаг беркъа вара, къен вара, осал вара алий, селхана айхьа соьца йина забар ма елахь и цхьаъ ду хьуна, шозлагIа, оцу Дала хьайна еллачу майра ву бохучу цIарах Iеха а ма лолахь, кура валлане а ма валалахь. Со волчу хьо веаний, ца веаний бохуш соьга ден долчу хеттаршна са ма гатделахь, хIунда аьлча, ша хьераваьлла воцучунна хуур ду, хьо санна волу къонаха со санна чохь зуда а йоцуш, куьйр луьйсуш, етт бетташ ца вала гIерташ хене волу стаг волчу гIур воций.

Юха, Зеламха, хьо сих велахь а, хьуна хала хетахь а, и хьоьга дийцаза ца волу со.

Вайн Веданан гIалайчуьра цхьа хьаькам вара йоккха еха маж а йолуш, цуьнан цIе Муртаз-Iели яра, цуьнца цхьа къорза пагонаш йолуш вайн мотт а ца хууш оьрсий вара -

цуьнан цIе цара суна йиийцира, хIинца йицъелла - цу шинца бIе салти а вара, уьш геннахь а севцна, ши хьаькам чу веара, сан бахаме а хьаьжна, цара хьаттира соьга, хьо волчу веаний обарг Зеламха, ас элира, и вогIур вац иштташу хIусаме и чIогIа стаг ву бохуш вуьйцу аьлла. Бакъду, уьш дIабаханчул тIаьхьа кхуза веана стаг вац хьо воцург.

- Дика ду ма-дарра ахь схьадийцина. Делахь дIаIе, со дIавоьду, хьо марша Iойла. Дала пурба лахь, тIаьхьа рицкъа а делахь, юха а гур хир ду вай, - аьлла, со сайн говр йолчу вахара.

И ду хьуна хьалхара масал.

Гелдагано, хьо нийса кхеталахь сан къамелах, цхьа дика кица ду суьйлийн: «Багахь ярах ца хуьлу хьолтIам, ахьарх ца йича» олуш. Гой хьуна, сов доккха гIалат дара хьан суна тIе топ а лаьцна тIевар, со цхьанхьа хийцавелла гирий хьуна, ахь вуьйр ву аьлла? Дера лаг оьзча, хан кхаьчна хилча, со лийр вуй ма хаьа суна, делахь а оцу хьан тоьпел кхийрира со ас хьоьга вийцинчу Мусахана тIелесточу тIулгех, хIунда аьлча, цунна хьалха со бехке волу дела, ткъа хьоьца долчунна суна гуш бехк бацара, цундела со шек дIа а вацара.

Цхьа хIума ду хьуна, и Вербицкий боху сан а, вайн халкъан а, тIехула тIе шен паччахьан а мостагIа вен ойла сецна чекхдаьлла ду хьуна, цхьа бакъду, со бахьана долуш цуьнан вала Iожалла язъелла елахь.

Амма, бакъду, сан карах садала язделла дацахь, ас бахарх а дош а дац хьуна.

Бакъду, цуьнан карахь ю Ведана, ГIизларе, Шуьйта, Соьлжа-гIала, иштта Несаран округ а. Суна хаьа, вайн дикачу тешамечу накъостийн гIоьнца цу Вербицкийс куьйгалла дечу шахьаршкара ахчанан банканаш я дешин туька, я почта йохош и белхаш бу бан безаш, ас хIора шахьара воьдучу кхойкхур ву и цуьнга кехат а яздеш, сайн а, оцу шахьарехь волчу юьртаден а шиъ мух1ара тухуш. Ас цу кехатийн копеш заказ еш дIайохьуьйтур *ю* Петарбухерчу паччахьан Думе. Дера, сан накъост, цуьнан Iожалла дехьо елахь а, кху ДегIастанара рицкъа-м хадор ду хьуна вай цуьнан. Со хьоьга и ца дуьйцуш Iара, амма и тайпа Iалашо со х1оттийна ваьлла ву хьуна. Эццахь оьшур ю хьуна и хьан майралла, эрна дIакхосса а ца гIерташ, Iалашъе ахь иза.

Гелдаганхочо элира:

- Ма тамашийна ву хьо, харачо Зеламха, ахь боху, хьо сан тоьпах ца кхоьруш, Мусаханна хьалхара топ а карахь ведира хьо.

- Ойла ца йира ахь? И-м ас айса дIадолийна харц дов дарий, ткъа хьо суна тIевеана, соьца ахь дуьйцург чIогIа ледар хIума дара хьуна. Эццахь со бакъ вара. Хаалахь, хьо бакъ а волуш валарх кхера ца оьший а, эццахь валарх хIумма доций а. Амма доцург дуьйцуш верг, харц луьйш верг ву хьуна даима ша ца кхоьру моттийта а гIерташ, зуда санна кхоьруш верг.

Хьажал хьо, оцу етт бетташ, куьйр луьйсуш зударийн болх бечу Мусахана ейти соьга тIаьхьара чIагIо дуьненахь кхин эрна забар ца ян. Цо нагахь санна со вийчи а, цIенна вуьйр вуй хиъча а ас цунна тоьпан лаг узур дацара, хIунда аьлча, дIадолийнарг а, бехкениг а со вара, ас и вийча, ас вуьйриг бехк боцу маьрша стаг вара, со дакъазволура. Ткъа муха вуьйр ву гуш лаьтташехь маьрша стаг?

Велла валарг, цхьа кхин сайх даьлларг а дуьйцур ас хьуна.

Со вара Теза-Кхаьлла олучу эвлана гена воццуш садаIа сецна. Бежехь волу тезакхаьлло, мохь а тоьхна, ас сайна тIевалийра. Цуьнга йира ас дуьххьара цхьа ца оьшу забар. Ас хьаьттира: «Накъост, кху йоккхачу шахьарахь уггар майра мила ву дийцахьа суна» аьлла, ткъа цо, ойла а ца еш, шен некха тIе пIелг туьйхира, кху метта Iаш волу со гой хьуна аьлла. Ас юха а хьаьттира: «Хьол майра цхьа а вуй-те»? Цо элира: «Хьай де дала цуьнан, тхан ваша хьайна бIаьрга вайча, охIхIай» аьлла, цо шакарца тамаша а беш, шен когийн кIажи тIехь хьевзира, го а эккхуьйтуш. Цо го боккхуш хазделла, ас цуьнга валал хелха элира. Хьайн хьашт делахь, хьо вала хелха а, хьайн хьашт долчча а аьлла, цо жоп делира.

Бакъду, сан герзаш цунна гойла яцара. Кхаа когах буржал а тоьхна, генна йоццуш ежачу говран нуьйрах тесна яра топ а, тур а, кхин ерг а.

Сан кисанахь тапча яра, ас и кисанара схьа а яьккхина, цунна гойтуш чу патарман екх а йиллина, хье юккъе тIе лецира, вала хелха аьлла, иза цкъа вела а велла, хелха хьевзира, цо хьаьттира, пхи-ялх го а баьккхина, тоьар дуй аьлла. Ас жоп делира, тоьар дац, валал

зударшха аьлла, тIаккха цо элира:

- Дера, хьаша, волавелчхьана а ма ву хьуна со зударех волуш, - аьлла. И цо аьлча, со а, иза а велавелира. Бакъду, цунах чIогIа эхь хетта, ас чуьра ехк схьа а эцна, сайн тапча кисана йиллира.

Дера, бакъ ма ду и, сан тапча кисана кхаьчча, шен кисанара тапча суна нийса тIе а лаьцна, цо соьга элира: «Валал, хьаша, хелха». Дера ас а ма тесира хелхарна берг, цу накъоста соьга тоьар ду аллалц. Схьахетарехь, цуьнан цIе БугIа яра, хила а хиллера и бугIа. Эццара схьадогIуш ду хьуна нахаладаьлла долу «ваьккхича-м, Зеламха а ваьлла хелха» бохург, цу стаге а дацара хьуна сан ала хIума. Со цо верах а ас цунна лаг узур дацара, хIунда аьлча, цхьа а бахьана доцуш цуьнца забар йинарг со хиларна. Доцца аьлча, стагах доллург хуур дац, маггане а мегар дац ша лакхара хета.

# Гелдаганойн Зеламханна харачойн Зеламхас далийна шолгIа масал

Цхьана дийнахь со вара гIалгIайн ламанца йолчу яртех чекх а ваьлла, сайн доьзал дIабига меттиг билгал а йина вуха вогIуш. Массанхьа лаьмнашца, хьаннашца ло а долуш, со СаIдин-КIотарахь буьйса а йоккхуш, веана МахкатIе кхечира.МахкатIехь Себир волчохь сайн чIогIа кIадъелла говр а йитина, цуьнан говрахь вахара со БIаьчин-юьрта, сайн уггаре а дика, тешаме хьаша БуьлтIиг волчу, хIунда аьлча, БуьлтIигана хаа дезаш дара ас лелориг, ткъа хIинца цига сан вахар цунах дагавалар дара.

Сан доьзална йолчу гIайгIанна а, уьш ГIалгIайчу дIабуьгуш оьшучу накъосталлина а. Со цига а вахана, де-буьйса а доккхуш вовшех дага а ваьлла, ткъа йох ма-елли цу гIалгIайн махка доьзал дIакхалхо цо та а дина, «са ма гатде, иза хала дац», аьлла БуьлтIига сан гатлучу синна йоккха гIоли а йина вухавеара со. Со суьйрана цигара вогIуш ЭгIаштIе кхечира, цигахь Г1обанакъа волчу чу вирзина юург-мерг а йиъна, ламаз а дина, Iаржъелча МахкатIе вуха а веана, Себиран говр дIа а елла, сайн говр цигахь а йитина, со Iуьйрана хьалххе, Iаьржа йолуш схьакхетар ву, сайн говр тховса а хьо волчохь юьту ас, цуьнга а аьлла, со тхан ненан гергара стаг а, сайн хьаша а волчу Товзарха волчу вахара буьйса яккха.

ГIехь набарах боьлла сан хьеший а, юьртахой а болчу хенахь корех т1ехъюьйлучу говрийн тата хезна, со дIахьаьжча, тIаьхье ца хедаш тIехъюьйлуш салтийн говраш яра гуш. Бакъду, сайн хьаша самаваьккхина, цуьнга дIагайтира ас тIехбуьйлу бIо. Сан хьаша лааманна волучух кетIа ваьлла, бIаьрг тоьхча, цунна гира шайна нисса ткъе итт метар бен доцчу маьждиг чу оьхучу адмаша гобаьккхина шайн а, нехан а кертех дIатуьйсу говраш.

Бакъду, сан дан хIума дацара, хIун дича бакъахьа хир дар-те бохуш, сайн хьешан кертахь гIийла наггахь Iохуш хезчу вире ла а дугIуш, башха сахиларе туьйсуш са а доцуш хиъна Iара со. Бакъду, сайн герз кечдира ас. Сина дуьхьал са а доцуш-кха яций вала йиш аьлла. Сан хьаша Товзарха герз доцуш вара, амма ша майраллина чохь са дуй-те аьлла майра вара. Ас и чувеача хьеше хаьттира, Товзарха, тхан дайша олуш хезнера суна, воккхачух дагавала олий, хIинца, схьахетарехь, и бIо суна цхьамма мотт бина беана бу, ткъа со чохь карийча хьо а хьийзор ву, хьуна х1ун бакъахьа хета? Ас и аьлча, Товзархана, шена тIехула хьала оьллина шен шаьлта схьа а эцна, маьнгин к1ел кхевдина цхьа гIайракх схьа а эцна, цу тIе а хьоькхуш, шаьлтан юьхьиг иръян х1оьттира.

- Зеламха, хьо шек дIа ма хилалахь, ас х1окху не1арх чоьхьа цхьа а валуьйтур вац, шаьлта Iуттур ю, ткъа корах чу вог1ург хьан мажаро сацор ву. Шек дIа а ма хилалахь, - элира.

Со чIогIа велавелира, цIенна дIаелира Товзархан маттаца хIорш баьхкина буй-те боху шеко.

Бакъду, суна хууш дара, ша мел къена велахь а, цо цхьана дена а тешнабехк бийр боций. Цхьажимма дегайовхо яра сан, со юьрта веаний хиънехь а, со Товзарха волчахь сецна аьлла мотт тоьхна ца хила а мега бохуш. Иштта ойланаш а еш тхо lачу хенахь, Iуьйранна серлайолуш корах дlахьаьжча, гуш бара шайн юьхьах ло а хьоькхуш маггIара хlитта бохуш командира мохь а бетташ, со чохь lачу кора тle кхаччалц юьхьиг еха а йолуш, магглара дlахlуьттуш салтий. Бакъду, салтех-м дукха а ца кхоьрура со, со бахьанехь дукха мехаш а бехкина, цаьрца хуьлура вайнехан а, суьйлийн а старажникаш. Цара шайна биллина кхаъ схьаэца нийса хьажош кхуссура топ. Ткъа салташна башха а доций хаьара суна, тата даьлчахьана.

ТIееара хаза Iуьйре. Эпсарша омра а деш дlанисбелла бевлира салтий, цу салташка омра деш хезира суна. Омра иштта дара: «ХIора цIийнах шу кхоккха салти дIавоькъур ву х1окху юьртдас lаддус, шун кхузахь хан яккха дезар ду, кху юьрте шаьш кхабуьйтур бу, Зеламха схьаваллалц бохуш. Ткъа хlорш дIасанисбеш хIора цlийнах лаха везар ву шун и паччахьан мостагlа, кхетий шу», аьлла и омра а дина эпсар чекхвелира. Эццахь суна дагадеара, цу Товзархана божли чохь lоьху вир. Ас хаьттира сайн хьеше, цу вираца кож юй аьлла. Товзархана элира, кож а ю, шед а ю, таьлсаш а ду, и вир цхьана суьйли-сагlадоьхурго со волчохь йитира, доккха ло ду ламанца, жимма некъ баьлча и дIайига вогlур ву, аьлла.

- Делахь, Товзарха, со кечло хьуна, ахь чехкка цу вира тle кож а йилла, таьлсаш а дахка, чехка иза кечде. Ас сайн цlен маж дика таеш тle а йиллина, Товзархан хьуьнах кхоьхьу цхьа тиша еха гlабали санна йолу аьхна гlовтал тle а юьйхина, цу гIовтал тIехула бухка а бихкина, коьрта цхьа тиша кlайн куй а тиллина, меллаша Товзарханан цla чуьра божал чу йоьдучу неlарх чоьхьа а ваьлла, вир уьйтle а оьзна, Товзархане, хьайга хаттахь сагlадоьхург ву аьллахь аьлла, и кхета а вина, меллаша сайн сирчу «динахь» цу бlон инарлина хьалхха вахана, цуьнга суьйлийн маттахь сагla дийхира, цо суна схьадаьккхина датон сом делира, тlаккха ас вир Iахийтира. Суна со жима волуш суьйлийн, lаьндойн бераша хьехнера, хьалхара мунда lевдича вир Iоху аьлла. Онда цуьнан мунда а lевдина, цу хьаькамана доккха баркалла а аьлла, кхин пхеа-ялхаммо тle веана суна кIез-кIезиг доьхна ахча а делла, со сайн вир а lоьхуьйтуш, къилбаседехьа охьа боьрзучу урамех чуволавелча а хезаш бара сох а, сан вирах а буьйлу салтий. Сайна тlаьхьа хьуьйсучарна гергахь боккъал а со сагlадоьхург ву аьлла чlагlдан церан цхьа а шеко ца хилийта, хlор кетlахь вир саца а йой, айса сагlадоьху а моттуьйтуш, со эвлан юьстаха Тениг олучу хи чу а воьссина, эццахь хьархо Керим волчохь сайн вир а йитина, цуьнга айса динарг дla а дийцина, хlара вир кху эвлара оьрсийн б1о дlабаллац Iалаш а е, цул тlаьхьа Товзархане дla а ло аьлла, со Мовкин дукъах д1а Хьачаран дукъахь lаш волу тхешан гергара стаг Мадаш волчу вахара.

Мадаша, со варе хьоьжуш lаш санна, кхин шен дагара ца хоуьйтуш чехкка уьстаг1а а бийна, сов чlогlа хьошалла деш цигахь диъ де-буьйса даьккхира ас. Цул т1аьхьа Махкат1е рузбане вахана цlавогlуш Мадаша соьга а, шен доьзале а кхаъ баьккхира, Махкат1е кхаба балийна салтий д1абахана аьлла.

И сайна ма-хиъи, со цу Мадашан к1антаца Аховца Махкат1е а веана, Себир волчуьра сайн говр а, Товзарха волчуьра сайн герз а, т1еюху хlума а схьа а эцна, Товзарханна а, Себирна а доккха баркалла а аьлла, юьртах велира. Ас ойла йира, со лоьхуш лела б1о ламанца хилча, со аренга вала ма веза аьлла. Оццу дийнахь со вахара шелахойн, атаг1ойн арцаца Орган тle. Ткъа буьйса йоьлча цу Органан тогlешца ижуна теба г1ийла борз санна нехан б1аьргех ларлуш Чуьйрийн-эвланий, Органний юккъехь чекх а ваьлла, со вахара сайн хьеший Дикай, Исаллай волчу Жимчу Атагlа. Цигахь со паргlат садоlуш кхаа-деа дийнахь сецира.

Гелдагано Зеламха, и дийцар ас дозал деш ца дуьйцу хьуна. Ас и дуьйцу хьуна юха а цу Мусаханал сов и миска стаг Товзарха хьуна мила ву хаийта. Дера воллура и, эццахь сан лата дезнехь, шен са а ца кхоош цу эскарах летта вала.

Дера, Саь1ид, хьуна бакъдерг ас дуьйцур делахь а, дацахь а хаьа. Цlена бакъ а долуш, и ас Мусаханца а, Товзарханца а хилла юкъаметтигаш йийцича а, тезакхаьллочуьнца хилларг дийцича а, ур-атталла цу салташа ша аьлларг ца деш юьхь1аьржа хlоьттича а

къарвелла ма ца сецира и сан цIархо. Ша Хасун-юьртахь лаьцна каравахча, эццахь цхьа аьтту а баьлла, цо соьга хаам а бина, ас Къеда-юьртахь поезд тIера ша цу салташкара схьаваьккхича, эццахь хилир-кха иза суна къера.

# Зеламхан йоьIаца Медица хилла къамел

- Меди, дийцахьа, шайн доьзал гIалгIай лома бигар а, шаьш цигара лецна Сибрех дигар а, - дийхира ас.

- Тхан дас Зеламхана тхо а, тхо бахьанехь гергарниш а, юьртахой а Iедало хьийзош хилар шена хааре терра, тхо Ерш олучу кIотара дигира.

Цигахь хьешийн берашца цхьаьний тхо кегийнаш же, беже а оьхуш, кест-кеста Зеламха тIе а кхочуш, тхо цхьа доьзал а хилла сов паргIат Iачу хенахь, беже вахана волу тхан сол жимаха волу ваша Мохьмад веана схьаиккхира:

- Мел дукха эскар ду кху ломах хьалаоьхуш, и хIун ду-те, - аьлла. Бакъду, шеко яра, тхаьш леца уьш богIий-те аьлла, делахь а тхан нанас Бицис, мел тоьллачу къонахчул а доьналла шегахь хиларе терра, тхан дегнаш хьаьстира. Шек дIа а ма хилалаш, шун да дийна мел ву, цо вайна ницкъ бойтур бац я байтина а бац. Цул совнаха, зударшкий, берашкий, цара хIумма а бохур дац, баьхча шун дас могуьйтур а дац. Нанас иштта юьхь-дог а йина тхо Iачу хенахь, эскар деана схьакхечира, дIахьаьжча гуш дара, берриг а ломана, басешкарчу жимчу юьртана лоцуш болу го. ЦIенна хиира, уьш цхьаммо мотт а тоьхна, тхо леца баьхкина буйла. Шаьш го лаьцна бевлча маьхьарий деттара оьрсийн а, нохчийн а, гIалгIайн а меттанашкахь:

- Мичахь ву Зеламха? Гучувала, - бохуш.

Цул совнаха, тхан ненан цIе а йохуш кхойкхура, мичахь ву хьан цIийнда Зеламха бохуш. Царна ша шек а йоций хаийта, тхан нанас элира, шуначул чIогIа лаьара суна сайн цIийнда ган, суна ганза а ю дукха хан, шуна карочохь вац-кха иза.

Оццул шаьш дукха а доллушехь, ялх бIе стаг волу суьйлийн полк а ялош баьхкинера уьш тхо леца.

Цул тIаьхьа тхо Iачу кIотарара нах хьалха а баьхна, уьш буьйлабелира хIора цIийнах, божлех, массо хIуманна а обыск ян. И шайна цигахь вуй хиъчи-м дера бацара уьш иштта эвхьаза дийнахь цига бахка баьхьар а, церан эла ву боху Андронников фамили йолу полковник генахь сецца хиллера Зеламхана салташна патарма ца тухий а шена хаьа дела, лаккхарчу эпсаршна тIех ца туьлуьйтуш цо тохар шена хаьа дела. Цуьнца йолчу еа полкан хьаькамех цхьа а вацара гучуваьлла, цхьа суьйлийн полкан хьаькам Донугаев воцург.

Цу Донугаевс хаам бира Андронниковга, ондда мохь а тухуш, ерриг юрт теллина, Зеламха вац кхузахь, цуьнан доьзал оха лецна, вайн керахь бу аьлла. Мохь шерра схьахезаш бара. Цул тIаьхьа тIевеара и Андронников шеца цхьаьна Афанасьев, Циганков, кхин цхьаъ а (фамили йицъелла), кхо эпсар а волуш.

Цу бIон полковника буьйр делира, схьагулбе ерриге а Ерш олучу кIотарара жима а, воккха а аьлла. Донугаевс жоп делира, массо а зударий, бераш, божарий схьагулбина, кIотарна лаьцна кхалха го а бу аьлла. Мохь бетташ дIадолийра полковника шен къамел.

- Хьовсал, ас шу тахана йийсар дина, цуьнан доьзал, зуда, цо Нохчийчохь къевсина ялийна вешин зуда а. Уьш ас дIабуьгучу дийнахь 1уьрга лечкъина Iа мукадахка санна Iаш волу и Зеламха аьлча а трус, тахана мичахь ву и, гуча хIунда ца волу? Иза ма вара Петарбухехь, Москвахь, Харковехь, массо а Россехь, ур-атталла арахьарчу пачахьалкхаша а вуьйцуш, дуьненан ялхолгIачу декъа тIехь куьйгалла дечу Россин паччахье цхьа Зеламха а ца лацало бохуш. Нохчийн, гIалгIайн къомана мел доккха эхь ду цуьнан зуда, нус йигар. Суна-м дера моьттара, иза шен накъосташца тахана гучу а ваьлла, цо тIом бийр бу. Базарахь тай-маха духкуш лелачу къеначу бабел оьшуш хетар ву суна и Нохч-Г1алгIайн аш вуьйцу

турпалхо тахана шен тӏамца суна тӏе ца ваг1ахь. Ой, доллучу нохч-гӏалг1айн къоманна эхь дац тӏаккха, шаьш иллехь хестон и шайн турпалхо гучу а ца волуш, соьга шен зуда, нус, доьзал дӏабигийтича?

ЧӏогӀа дахдеш къамел дира, тхан да сов сийсазвеш, делкъан хан хилира и хьаькам дийцина ваьлча, тхан нанас цу хьаькаме чӏогӀа дехар дира, цо дуьйцучух ша кхеттачул тӏаьхьа. Иштта, хӏай хьаькам, хьан цӏахь доьзал а хир бу, да-нана хила а мега, хьо хӏинца гӏеметтахӀуттуш, ваха а дезаш стаг ву, ткъа сан цӏийнда а шена паччахьан Ӏедалера геч хирг хиларе дог а диллина, шен юкъ йихкина, дуй биъна лелаш ву. Ша са чохь мел ву, бакъонехьа летар ву, гӏийлачух къинхетам бийр бу, тоьллачийн дан пусар а дац шен, шен са а чохь Ӏедалан буйна а гӏур вац.

Юха а элира нанас, нагахь санна и ахь леен оьзда йоцу маьттаза бага хьайн лакхарчу Ӏедало хьайга лее а ца бахахь, зударшна а, берашна а юкъахь хьайга лее аьлла тӏедиллина дацахь, хьо санна волчу оьрсийн эланна товш дац ахь лелош дерг. Эла, дехьа оьздинга къамел, нанас аьлча: - Хьо хӀун ю соьца и къамел дан? Хьуна эхь хӀунда ца хета, соьга хьайн майра боху и оьпа йийца, ткъа маца вер ву и шуна орцах, тахана шу ирхъохка, дайа ас дуьгучу дийнахь мукадахка санна лечкъина Ӏаш волу?

Т1аккха тхан нанас юха а элира:

- Хьо бу хьуна и мукадахка, шен хан кхаьчна дахка санна тахана эвхьазаваьлла-м ву хьо, нагахь санна и доккха къамел а деш, тхо а эцна хьо цу Буру-г1ала водахь, ас тамаша бокха, аьлла, шен къамел чекхдели элира Бицис.

Цул т1аьхьа Андронникове буьйр дира кегий бераш – 1умар-1елий, Мохьмаддий, Энисттий вордана ховшабе, ткъа сой, Зезаггий цхьацца эпсаран говраш т1ехьа хаае, Зеламхан х1усамнана шена т1ехьа хаае. Цо ма-баххара тхо д1анисделира, схьахетарехь, эпсарша тхо шайн говрашка ховшор дара цхьанхьа тхан да дуьхьалваларна кхерар. Цу эпсаран омра кхочуш а дина, го баькkхина, тхуна гонаха салтий а бевлла, тхо новкъа девлира, тхо говраш т1е ховшийна эпсарш масех эзар болчу б1она юкъахь д1анисбина бара, уггар хьалха Андронников вара, цунна т1аьха со шен говра хаийна Донугаев вара. Цу шинна т1аьхьа нисса мог1арехь Афанасьев а, Циганков а шиъ вара. Хаац, кеп йолуш вара я хьекъална ша к1езиг хилар дара а. Несаран округан хьаькам волчу эла Андронников шен бага ваьшта ца юьллуш, тхан дена луьйш бехачу новкъа вог1ура.

Тхо дара 1аьссан ч1оже д1акхаьчна доьлхуш, цу полковника шена т1ехьа йолчу тхан нене элира:

- Оцу д1о т1ел дехьадевлча дика ловзаран бал боккхур бу вай, амма хьо соьца хелхаяла а езар ю, - аьлла. Т1аккха тхан нанас элира, Делах дуй а кхуллуш, талмаже, ахь алахьа кхуьнга, и мохь ма бетта алий, со х1ара велча а, кхуьнца хелха а ер яц. Шуна бакъдерг хаа лаахь, кху тайпана шен зуда, нус, доьзал буьгучу дийнахь и сан майра лечкъар воций суна шера хаьа, нагахь лачкъахь, и ян а ю базаран баба, элира тхан нанас. «Х1а-а, ха-ха», - аьлла, вела а велла, коьртачу хьаькамо юха а мохь туьйхира, хьо хелха йолу ца йолу-м оцу д1о лаьттачу т1ел вай дехьадевлча хуур ду.

Цу т1айна т1е кхаьчча эскаре омра дира, шу т1аьхьа совца аьлла, хьалха Андронников а волуш, тхо т1ай т1е девлира.

Эццахь шен эпсарин йир а тухуш, т1ай т1е велира Андронников шен динахь. Мичара х1ун ду ца хууш, топ елира, нисса юьххьар говрара т1ай т1е охьа а воьжна экха санна керчаш, дукха к1оргучу т1айн бухахь доьдучу хи чу вуьйжира эпсар, тӏаккха тхан дас мохь туьйхира тхоьга:

- Варийлаш, доха ма дохалаш. Шуьца болчу оьрсийн, суьйлийн салташна а хаьа, ас шайна топ тухур елахь а, яцахь а аьлла, кхин ши эпсар а вожийра. Со шен говра хиина Донугаев боху суьйлийн эпсар ша велча санна вуьйжира, бакъду, и велла ца хиллера. Шен х1иллана воьжна хиллера, амма, бакъду, ч1огӀа чов-ма цунна а хилира. Эццахь суна а хууш аьлча, деанхьа топ кхеттера цу Донугаевна. Бакъду, Теркан олучу газето-м ма-дарра ца дийцира, дукха байина салтий бохуш дийцира, сан б1аьрга гуш, коьртехь волу и виъ эпсар вийра. Аьшпаш ботта йиш яц, бакъду, ткъа сов говранна чевнаш хилар а, церах йиъ эццахь

суна гуш ялар а.

И т1ом бархl-исс сахьте бахбелира, тlаккха тхан бераш а, тхо а т1ом бечу хьалхах1иттийра. Цу эпсарех валаза висина Донугаев тхан ворданна т1е берашна юккъе охьавиллира.

Амма цхьа а адам цу тlай тlехула дехьа долуьйтуш дацара тхан дас, схьа а кхойкхий, олура, шайна могаш-маьрша тlех а девлла д1адаха лаахь, сан доьзал битий, шаьш юххера дlадовла.

Ткъа тхан нанас ч1огlа дуй кхоьллира тlом ма бахьара аьлла.

Ша хьалха а яьлла, тхан доьзал т1ехь болу ворда Бицис т1айх дехьаяьккхира.

- Сацае ворд, - аьлла т1айл дехьа йоллушехь, тхан дас шега омра дича, нанас ворда сацийра, амма цунна т1аьхьа д1аволавелларг ша вуьйр вуй хоийла аьлла, юха а мохь туьйхира тхан дас. Оцу ворданахь волу тхан ваша Мохьмад чlогlа велха волавелира. Цул жимах волу 1умар-1ела шек а вацара, шен жималлина делахь а, шо а кхачазчу берана х1ун хуур дара.

Бакъду, эццахь Мохьмад вилхича, цу тхан ворданахь берашна юкъахь 1уьллучу Донугаевс элира Мохьмаде:

- Дера, Мохьмад, велха ма ца оьшу, иштта да хилча, и йоккха сийлалла ю хьуна, - сов хазчу дешнашца и тхан ваша хьаьстира оцу суьйлийн эпсаро. И хиллера ц1енна нохчийн мотт хууш. Эццахь доккха къематде деара тхоьга, тхо леца баьхкинчу оцу эпсаршка а хlоьттинарг, цкъа а дицлур дац-кха и де. Эццахь гонахара доккха орца далийра цига г1алг1аша.

Гулбира гонахарчу ярташкара уггаре а тоьлла къонахий. Цара дехар дира цу Зеламхе, тхан а, тхан доьзаллин а дуьхьа дlабигийтахьа тахана и хьайн доьзал, тхешан ярташ ягорна кхоьру-кха тхо аьлла, т1аккха Зеламхана царна жоп делира, цаьрга чlаг1о а йойтуш:

- Буру-гlаларчу инарле дlахьеде, нагахь санна х1окху Зеламханан доьзална ахь таlзар дахь, ша ч1аг1о йо хьо лаьттах вахийта. - И дlаэр ду аьлла гlалгlайн тхьамданаша тlелецира. Цул тlаьхьа масех ворда а ялийна, цу эпсарийн декъий а, тхо а Буру-гlала д1адигира.

- Хаац, боху Медис. - Ч1огlа тамашийна хеттера суна, оццул долчу эскаро го баьккхина и герз дlатоьхча а тхан дена я цуьнан накъосташна ца кхетийла ма яцара, и т1ом беш цу эскаро герз стигал кхуьйсуш ца хиллехь. Бакъду, цул т1аьхьа хиира суна, цо шена тешамечу доттаг1ашкахула бертаза ткъе пхеа шарахь армехь хьийзош болчу салташка хаам беш хилар. Со Зеламха ву, шун накъост ву, амма харцонна нехан хьакъ а дууш, шу а хьийзош болчу паччахьан инарлашца сан машар бац, сан герзах шу ма кхоьрийла, вай цхьаъ ду шуна.

Ишта дешнаш а яздеш, цу салташка массанхьа листовкаш кхачийтина хилар, т1ехь шен мух1ар а дуьллуш.

Цара ницкъ ма-кхоччу и тхан да ларвеш а хиллера.

# Махкат1ерачу воккхачу стеган Суайпан Шабазан дийцар

Тхо вара виъ-пхи ваша. Тхуна тIе цхьаъ-шиъ луралла деара.Тхан дийзира цIийнах а, юьртах а девлла пхийтта шарахь нехан ярташкахула девлла лела, хIунда аьлча, уггар а коьрта бахьана, нагахь санна хьан я хьан вешин керах юьртара стаг велча, цу юьртахь lийча наха бехк буьллара, шозлагIа делахь, хьо мичахь lаш ву хиъча, хьоккхий тхов кIел а боьлхуш вуьйш а, мостагlа вуьйчохь зуда я доьзалхо вуьйш а меттигаш а нислора, ткъа бахьана тхо а долуш кхелхина болу нах юьртахь уггаре а цIеяхана тоьллачу нахах нах бара. Амма, бакъду, зама кхин хила йиш йоцуш, харцо тоьлла зама яра. Мел и харц велахь а, цу хенахь хьаькамо

боххург бакъ дора лакхарчу lедало. Леррина харцой, бакъой къастош и толлуш цхьа а вацара. Доцца аьлча, тоьлларг воьлура, эшнарг воьлхура. Цул совнаха, лурвоьлла стаг керахь уггаре а тоьлла герз доцуш лелийла яцара, ткъа и герз лаха а, эца а чlогIа хала дара, хьо дикка дукха даьхни долуш вацахь. Оцу халчу заманахь тхешан герз эца боцу аьтто а лерина и эцча а бакъо йоцуш леладойтуш а ца хиларна, оцу вежарша вовшашца барт а бина, со стражник язвелира. Сан Iер дукха хьолахь Ведана-гIалахь дара, ткъа тхо виъ-пхи нохчо воцург, тхоьца берш оьрсий а, суьйлий а бара, ткъа хIора юьртахь Зеламха къайлахьур вац, гуча ма ваьлла Веданарчу инарле дIа а хоуьйтур дац аьлла нохчийн юьртдайшкара а, иштта тхуна муьлш бу ца хуучу нахера мехах даьхна церан куьйгаш тIехь а долуш инарлехь кехаташ дара - къайлаха моттбетта хIоттийначийн. Цхьана lаьнан чиллахь дара и, схьахетарехь, 1905 шарахь дара, и суна дагадогIу оццу шарахь революци хилла бохуш дийцина хиларна, Зеламха ДаьргIахь гина аьлла, тхо 300 сов стаг доккхачу лайлах цига а вахана, цlа даьхкина чlогIа кlадделла набарш кхетта дийшина 1оххкура. Сов чехка буьйр кхайкхийра, чехка говрашка ховша аьлла. Эццахь цхьа дог ца догIуш, оха говраш кечйира. Кхоккха бере цхьаьна хIоттош, тхо дIанисдира.

Со тхан командирана (цуьнан цIе йицъелла суна) ялх-ворхI метар тIехьа дIанисвелира.

ТIаккха цо шега ладогIа аьлла мохь туьйхира. Гой шуна, хIара хьенех веана мотт бахьаш, тховса Зеламха ву Селман-Тевзанахь ЧагIаран Амхьадан чохь аьлла. ЧIогIа сиха варна, цуьнан говр хIоьттина яра. И говр Элистанжахь а йитина, и стаг рогг1ана тхешан говр онда йол-йолчо тIехьа хаавора, амма буьйса шийла яра, дIатесначу туйнах ша бора, ткъа салташа хIун дора аьлча (хьалха воьда командир юхахьажа ларош воцуш, шен вертанаххий, башлакхаххий хьаьрчина 1yнкар а таьIина дIаоьхура), чIогIа озайой, кийрара ма-йоллу шат а йоккхий, цу мотт бахьаш веанчунна оцу хьетIе тухура. Цо хIун дора аьлча, меллаша шен юьхьах чоин пхьош а хьоккхий, дIа а цIанъеш, Iадда Iара-кх. Бакъду, и вайн эвлара вацара, амма хилча а тхо веа нохчочунна шарIан дуй баийнера иштганиг гучаваьлча вуьйцур вац аьлла. Ткъа цу да нелца валларна оьшург дуьненан сийлалла яцара я цо нисдан схьаэцна мостагIал а дацара, и хIун дара аьлча, цхьа б1е деши дара, цо тоьхначу маттах гIуллакх нисделча, цунна Iедало луш дерг. Амма, бакъду, цу накъостана, бIе деший-м хIунда дуьйцура, кхо бIе неIалт а кхайкхийра.

Iуьйранна дуьне серладаьлча, хан йоцчу хенахь шаьш самабаьхначу оьрсийн оццул болчу старажникаша цунна йиттинчу шетех хилла шаш - дера моьттар дара хьуна и, ша цхьана хичохь лаьттачу хьера кIел болчу дечган бIогIамах бина бу.

Ас хьаттира, карийрий шуна Зеламха? Мичара Зеламха хиллера и, шен тоьпан хьокха кочахь а болуш, цхьацанхьахула ваьлла лелаш луравоьлла стаг хиллера, тайпанна ДаьргIахь болчу суьлийшха а волуш. Ткъа тхан, геннахь а севцна, сахилийта дийзира цу цIенна го а лаьцна. Iуьйранна суна гира шен ламазана араволуш Ахьмад, ас тхешан хьаькаме элира, схвакхайкха воллу со аьлла. Цо омра дира, чехка тIе а гIой, мила ву хьажа, хIун ду. Дера бакъ ма ду, иза ша-м генна бертал цхьана гу тIехьа воьжна Iуьллура, тхан командир.

Ведда цунна т Iе а вахана, тхаьш беана некъ ас дIабийцича, Ахьмад велавелира.

Дера вац-кха сан бIаьрга Зеламха гина а, бакъду, шена тIехь долчу мезашна наб ца кхеташ, тIехь мел долу хIума дIа а даьккхина, эцца чохь Iуьллуш и цхьа хьаша ву. Бакъду, со цунна башха реза а вац, цо ша ламчуьра ву боху, ткъа буьйцу мотт ламаройн бац. Дика ду хIета аьлла, со тхешан командирана тIевахара.

ТIаккха цо, сох пхи оьрси а тоьхна, омра дира, чехкка чу а г1ой, лаций схьавалаве и аьлла, варий куьйгаш тIехьа дехкалаш, тешам бац, хьанна хаьа, и Зеламха ву-вац а, хIусамда а шек хилча.

Со хьалха а волуш, тхо Ахьмадан оти чу девлира (бакъдерг хIунда ца дуьйцу, и Зеламха хиларх сайн шеко хилча цу чу со г1уриг велахь а, вацахь а и сайна дика хаьара). Ахьмада ма-баххара, и «даларан моша» кIел тесначу истангана ах арахь а волуш Iуьллуш вара. Ткъа салташа, бийла а буьйлуш, шаьш цхьацца меже дIа а лаьцна, цуьнга тIоьлгаш тIеюхийтира. Оха вехка а вихкина, и шен тоьпан хьокханца тхешан командиран тIевигира.

Командира цуьнга хаьттира схьаваьлла меттиг. Ткъа цо ша ДаьргIара ву, тайпанна

суьйли ву, шовзткъе пхи шо ду, лурвоьлла лела диъ шо хан ю элира.

Цул тIаьхьа иза а, мотт бахьаш веанарг а гIаш Ведана дIавало суна тIедиллира. Суна виъ салти а велира, дIавига веза шиъ мила вара аьлча, Зеламханна мотт тоьхна тхоьца цхьаьний цига веана стаггий, цу бухахь тхуна карийна лурвоьлла ведда лела даьргIахо вара. Говра хаахь мегар дац аьлла, хьаькамо бехкам бира тхуна. И шиъ цхьа боьха жIаьлеш санна тIе говраш а теIош Ведана Добрускина тIе оха дIавигира.

Цу шиннах цул тIаьхьа хилларг суна ца хиира. ЦIенна бакъ а долуш суна хиънарг ду буса а, цул тIаьхьа а оцу ткъе пхеа шарахь паччахьо ж1алечул башха деш сий а доцуш, хьийзош болчу цу гIалгIазкхийн салташна шайн хьаькамел дукха Зеламха везар дара.

Юха шозлагIа цхьанхьа Зеламхас банк хьош я почта йоккхуш, кхин деш, цхьа а салти ца вийна, амма эпсарш байина аьлча, цунах боккха кхаъ хуьлура царна. Цара вовшашка дуьйцура, Зеламхас шен мажар салтичунна тухур яц аьлла йина чIагIо ю олий. Цул совнаха, кхера а вой, цхьанхьара схьалоций, юьртден мухIар а тIехь Зеламхас салташка оьхуьйту кехаташ «шех ма кхера, ша шун накъост ву» бохуш сайн бIаьрга гина ву со. Тамашийна дара - цу Зеламхас дайийтина кехат чIогIа лардеш вовшашка а лой, шайн накъосташка деша а доьшийтий, инарлина я цуьнан тешамечу хьадалчашна ца гойтуш салташа этIадора.

ДIа ладоьгIча, Зеламха, кхолха лаьцна го а боху, эпсарш а эгийна, хIуьнехдинчохь дIавахана бохуш кест-кеста хезаш дара. Веданан округе санна цо массо метте а дIакхачош хиллера и тайпа кехаташ, ткъа иштта цо шаьш лардой хуучу салташа тIех тоьпаш а етташ ихна хьуна, сан кIант, и Зеламха гонаш

юкъара дIа, кхин цхьа а бахьана доцуш.

Сан нийсса кхузза нисделира Зеламханна мотт тоьхначу вахар. И дара бIаьста оханан хенахь. Мотт беара Зеламха МахкатIерачу Берснакъин (шен ненахой болчохь) чохь ву аьлла.

МаьркIажабода булуш со цхьаъ бен нохчий воцуш, тхо хаьхккина цига дахара. Лаьцна го муха бара аьлча, хIора салти вовшийн гуш, лаххара иттех беш юкъахь а юьтуш бара, ша летачу жIаьлин бен цхьа а гIовгIа йоцуш, тхо Iуьйренга девлира, хьалха санна суна тIедиллира командира, хьайца итт салти а волуш, церан чу г1о аьлла.

ЧIогIа хала дара и омра кхочушдан, хьаькам ша-м геннахь 1инахь цхьана берд тIехьа вара, цуьнан дукха бехк а бацара, Зеламхас къорзачу пагонашна бен шен мажар тухуш йоций цунна шера хаьара. Со меллаша неIаре а вахана, вистхилира, чохь дуй шу аьлла. Дер ду аьлла, Берсанакъа аравелира, ас цуьнга тхаьш беана некъ дIабийцира. Цо пурба делира хьашт ма-дду хьовса шайна массо а метте аьлла, и Зеламха бахьанехь харцонца со хьийзон хIара пхи шо хан ю-кха аьлла.

Хьоьвсича хIуй а, жуй а дацара.

Бакъду, чохь ахI деш Iуьллуш церан шайн ву бохуш цхьа «бахьарча-м» вара. Цу буса и Зеламха тхан хьаькам лечкъинчу бердах чу а воьссина дIаваханера, тхо го лаьцна дуй хиъча, коьртах хIа а тоьхна «и мотт бинарг хьо бен вац» аьлла, шаьш охьавиллина хиллера и ахI деш церан чохь 1уьллу «бахьарча». Цигара цу б1оца со оцу дийнахь юха Ведана веана, сайна кхо де хан а ехна, цIавирзича хиира суна и «бахьарча» мила ву а, цунна хан тоьхний а, цуьнгара Iедало сов чIогIа къайлахь дуй а баийна, шаьш цунна делла ахча духа дIадаккхар а.

ХIетахь вайн эвлахь олуш дара, оцу «бахьарчина» хилла юьхькIайла хуьлийла и мотт мел беттачарна а олий.

КхоалгIа Зеламха ву аьлла мотт а беана, тхо Элистанже, Ригахойнне дозане буса лома дигира. Оцу буса тхоьца уггаре лакхара хьаькам Добруска а вара, цуьнан гIоьнча цхьа суьйлийн хьаькам а вара. Тхо цхьана вочу некъах сов хала лома хьаладевлира, мотт бахьаш веанчо дIо лаха чохь ЧIимин-ирзехь Iила ю, цу чохь ву Зеламха элира. Хьалха шозза санна, схьавола, хьо г1о кхуьнца аьлла, со вахийта къастийра. И меттиг дика евзаш а, цигахь ц1енна Зеламха хилар а хууш, сан накъост хьалха а волуш тхойшиъ Iилан берте вахара.

Геннара дIахьаьжча неI йиллина а йолуш, йогуш цIе яра, гуш адам дацара, буьйса беттаса кхетта сирла яра. Цу Iилана нийсса неIартIе боьдуш некъ бара, говрара тхойшиъ ца галла лекха бевлла нитташ бара. Гуш чохь стаг ца хилча гIехь майраваьлла сан накъост Iилана герга таьIира. ЦIеххьана Iила тIехьара схьа вистхилира цхьаъ:

- Ой хьенех, хьо вац и, охьавосса чехка, - аьлла цо и сихвира, и шен вертанца охьаиккхира.

- Мила ву хьоьца?

- МахкатIера Шабаз ву.

- Делахь и хьаша ву, бакъду, накъост, хьо хьошалара ваьлла дукха хан ю, дIаехка шаьшшиннан ши говр, - аьлла, Зеламхас меллаша ей чуьра схьаэцна кхихкина баьлла думий, сискалий тхойшинна хьалха а диллина, сан накъостан барт хатта болийра.

- ХIай накъост, суна шера хаьа, хьо сайна т1аьхьаваьлла мотт бетташ лелаш вуй а, ахь хьаьнга мичахь хIун аьлла а, хьуна юьртан дола муха делла а. Со лацахь хьан маттаца хьуна мел ахча диллина а. Дела валла хьо а, хьан да а нелаца, хIай накъост. Ас мила вийна хьан, да вийна? Ваша вийна? Я ненаца, я зударшца, я йишийца эвхьазаваьлла-те со? Соьгара хьуна хIун тешам боцийла яьлла, схьадийцал хIокху Делан сахьтачохь, зудабер. Дера бакъ ма ду иза, сан накъост, ша воллучахь вегавора. Зеламхас цуьнга омра дира чехконца охьаяхал хьайна тIера хIумнаш аьлла.

Накъоста чехка охьатесира йоллу хIума, чухула духу коч-хечий доцург.

- Чехка охьадилла уьш а, зудабер, - аьлла тIечевхина, верзина ваьkkхира цо сан накъост.

- ТIекхоллал и верта аьлла, - верта тIе а кхоллийтина, уггаре а буьрса нитташ болчу дIа а хIоттийна, омра дира, вижал хIинца бертал аьлла, бертал а вижина, виълар такхе дIагIол дIо, хIара нитташ мел бу аьлла, нийса доьазза бертал и нитташ бийшабойтуш такхийтира сан накъост.

Ас хаьттира, и верта стенна кхоллийтира-те цо аьлла, Шабаза жоп делира, ой, дера кхоллийтира, цуьнан дегIана тIе цхьабосса массанхьа а нитташ кхачийта.

- Схьавоьлла хIинца, накъост, хьо цхьаьна нехан жIаьла ду, бакъду, со маьрша стаг вуьйш вац хьуна, цIок1анах эцнарг хьан боьхачу дегIана хьарам дуй хаалахь, ас Делаца чIагIо йо хьуна, кхин хьо суна тIаьхьа ког баьkkхина хаавеллачу дийнахь, ас хьо шун эвларчу мискачу нахана тIера сагIийна вуьйриг хилар. Зеламхана цу накъостан барт хоттуш дуьненчу садаьржира. Сан накъост верззина дIахьажош воллура Зеламха, ас дехар дира, дIалахьара цуьнан бедарш аьлла.

- Дика ду, хьо дуьххьара веана хьаша хиларна, аьлла, чухулдуху коч-хечий схьаделира. Дера бакъ ма ду иза, цо и коч-хечий тIедуха верта схьатесча, цуьнан дегI гинарг, цунах цо шен да вийна хилча а Iебар ма вара.

Уггаре а со цецваьлларг х1ун дара аьлча, тхойша дIаволавелча, вуха а кхайкхина, Зеламхас цуьнан т1оьлгаш д1а а елла, цуьнга аьлларг дара:

- Хьада вало, схьадуьйла ала оцу хьайн замошка, со кхузахь ву хьуна.

Вистхила бага меттахйолуш вацара сан накъост. Тхойша вуха бIона тIеваха чIогIа кхоьруш вара, эрна шаьш х1унда латтийна тхаьшшинга аларна. Делахь а цо кечдира ала дош. Тхойша Iилана го а баьkkхина, Зеламха воций а хиьна, вуха воьрзуш говр а къаьхкина, нуьйран луьтанахь ког а бисина, баккхийчу нитташлахь ша текхийра. Юха говр кара ца йогIуш, эластанжойн Аьхкачохь дIасайолийла доцчохь хе кхехьначу коьллех а хьаьрчина, эццахь схьалецира говр. Иштта хьевели аьлла, накъоста аьшпаш лалийра, ас тIе а тадеш. Дера вацара сан накъост бакъдерг дIадийца воллуш-м.

- Дика ду, Шабаз, хьо муха вуьтара Зеламхана?

- Дера, сан кIант, цунна шера ма хаьара со старажник муха хилла а, хIунда хилла а, ас шена гIо дахь бен мотт тухур боций а, сан а, сан вежарийн а дуьненан аьтто боьхна юьртах девлла тхо лелачу хенахь, тхан воkkхах волчу вашас ялийра Зеламханан йиша, тхан вешин кIант Межед Зеламхан йишас вина ма ву.

Эски боху цул воkkханиг дIакхелхина.

Со цигара, кхо бутт чувоьллина а боkkхуш, дIаваьkkхира. Тхан воkkхах волу ваша - цу Зеламхан нуц - лецира. Амма, бакъду, и Зеламха бахьанехь тхо массо а ирахъолларх а, тхоьгара Iедална герга цунах лаьцна къайле кхочур яцара, и шера хууш вара Зеламха. Цул совнаха, цхьана а дена хаа йиш а йоцуш, тхо вежарий доцучарна, цо дIаюьллуьйту хIума,

хlуъу елахь а, тхоьгахь хуьлура, наха Iедална мотт а бина, тхан юкъаметтиг lедална йовззалц. Со старажник мел лела, сан хорма lаьржа хила езаш яра. lаьржачу машин чоа, lаьржа куй а, ткъа эскарна юкъе хlуттуш лакхалле хьаьжжина кхолгIа меттиг юй а дIахаийтина дара цу Зеламхане.

ТIаьххьара а х1ун хилира аьлча, Iедална хиънера накъостана динарг а, цо боьттина аьшпаш а. Муха ца хаьа, Зеламхас накъост ваийтира шуьга схьадуьйла аьлла, шу ца даьхкира, шу обарг лоьхуш лелаш дац, шу чермойн уьстагlий дууш лелаш ду аьлла, дерриг дуьйцуш яздина хилча.

Цигара тхо духа дирзина кIира долуш, накъост юьртан долара воссийра и висира шена дезачу Микалайн Iедална а, шена ца безачу шен юьртахошха а ваьлла - наха юьртах ваьккхира иза.

Сан кlант, хIетахь олуш дара, массо а мотт тухучу стеган сий хуьлда-кха Зеламха лоцуьйту ша бохуш, эрна говр хиккинчу накъостан санна, олий.

Хlара къамел Шабаза дечу хенахь сан пхийтта-ялхийтта шо хан яра, Шабаз меттахь висина воккха стаг вара.

# Селман-Тевзнарчу воккхачу стага Дикис Зеламхех дийцира

Зеламха а, Бlехо а, Гушмацlа а тхан гергара нах бара. Тхо Чермахь дехачу хенахь Бlехо тхо долчохь кест-кеста хуьлуш вара. Цунна а, ГушмацIанна а дика хаьара, тхоьгара цкъа а шайна а, нахана а ямартло хир йоций.

Иштта тхан баккхийчийн гергарло а хууш, Зеламха со волчу кхочуш вара.

Ткъа Веданахь волчу полковникана дика хаьара, Зеламхан гергарло хьаьнца ду. Схьахетарехь, цу полковниках Добруска олура. Цу Добрускас цхьана суьйранна со волчу ваийтира хlетахь тхан эвлахь юьртда волу Серби. Цо соьга омра дира, хьо кхана Iуьйранна бархI сахьт долуш Ведана-гlаларчу полковника кхойкхуш ву, цига ца вахча мегар дац аьлла.

Дика ду, вогlур ву аьлла, ас и дlавахийтира. Бакъду, со чlогlа гlайгlане вара, цо бохург хlун ду ца хаарна. Со цу Iуьйранна Ведана вахара.

Цу буса набаран суй бохург сан бlаьрга ца гира, цхьа а бехк боцурш, хlетахь цхьацца бахьанца дlа а буьгий, набахте бухкий, хlаллакьхуьлуш меттигаш хилар со хууш волу дела.

Хьаькамера пурба а даькккхина, со и волчу чу вигира. Цхьа боккъалла а шена со везаш санна дуьхьал а веана, со охьахаийра. Тlаккха дlадолийра талмажо:

- Соьга схьадийцина, Дики, хьан гергара стаг ву боху и Зеламха, бакъдуй и? - аьлла. - Ахь харцдерг дийцахь, хаалахь, хьо набахте гlур хилар.

-Дера со дуьненчу ваьлчахьана аьшпаш, харцдерг а дийцина ма вац со.

- Дика ду, муха хилла шуьшиъ гергара? - хаттар дира.

- Сийсара ахь кхойкху аллалц суна хууш дацара хьо мила ву. Гина а вацара, хьо вуьйцуш-м хезнера суна. Хьоьга кхойкху аьлла баькхинчу кхоо кийра латийна цlе бахьанехь сийсара наб йина яц ас, хIунда аьлча, хьо хьаькам ву, со цхьалха, сайн боцчу аьттонна Кlотара а вахана, цигахь Iила а йина, хене вала гIерташ миска стаг ву. Гой хьуна, сийсара ахь санна буьйсанна хан йоцчу хенахь чу а веана, со Зеламха ву аьлла герзах воьттина а волуш, ас боххург данза вер вац хьо аьлла и охьахиъча, бакъду, ас цуьнга со кхерар дlахаийтира Iедалх. Цо соьга элира, со хьоьга хоьттуш веана вац, ахь я хьан доьзало тешнабехк бахь, сан накъостий хала нах бу, цара хьуна Дала тохуьйтур ду. Цу кхайкхаза веанчу хьеше со хlума ала ца ваьхьира.

Дукха Iуьйрре со волчу кхо стаг веара шайн гIуллакхана, царна и сан хьаша Зеламха вуй хиънера, ша дlаваха говра хиъначул тIаьхьа цо соьга элира:

- Дики, со хьаьнгга а воьдий буьйса йоккхуш вац хьуна. Хьо дайша вийцина чермошлахь уггаре а тешамечийх ву аьлла схьавелла хиларна, эвхьаза чу а веана, ас буьйса яьккхи, хьан а, хьан доьзалан а сайх Iотталуш гIуллакх хилахь, эццахь хуур-кха, кхин доккха къамел ца до ас, аьлла, суна а, хIусамнанна а, берашна а доккха баркалла аьлла и Зеламха дIавахара. Бакъдерг дийца аьлча ма-дарра дийци ас.

- Делахь дика ду, ахь ма-дарра дийцарна хьуна геч дина ас, боху полковника, амма, цунна хьошалла дина стаг, хьо воцург, таIзар данза витина воций хаалахь. Тахана хьо кхайккхар хIунда ду аьлча, х1ара хьаькам тахана Буру-гIала ваха везаш ву. Цу Буру-гIала я Соьлжа-гIала гIойла дац, оцу Зеламхана кхуьнга хаам а бина, шех ларло аьлла, ткъа вай долчохь аьлча, Зеламхе дIадийцина кхо цунна дийцина даккхий хабарш. Ша цунна Дала тохуьйтур ду бохуш, бехк-м кхуьнан шен бара. Тахана хьо хIунда кхайкхина аьлча, хьан и Зеламха воцуш ца тору гергара стаг ву аьлла дийцина хьан наха, хIокхо хьоьга бохург хIун ду аьлча, ша Шела-эвлал т1ехваккха боху. Хьоьца цхьаьна хилча шена кхерам хир боций хиъна кхунна.

ХIара ши де даьлча вухаван дезаш ву. Хьайна лаахь Шелахь саца хIара вухаверззалц, ца лаахь, кхолгIачу дийнахь делкъал тIаьхьа ши-кхо сахьт далале хьо Шелахь старажникийн ха долчу веача а тоьар ду хIара Ведана хьалавалон.

Со чIогIа цецвелира цу къамелах, ас хаьттира:

- Ой и хIун ду, кхуьнан мел дукха эскар ду. ХIара стенна кхоьру цхьана стагах?

- И дита ахь, Дики, кхунна шера хаьа, Зеламхана мел нийса топ туху. Цу эскарах пайда бац, Зеламхана чIагIо йина боху ...

- Делахь дика ду, со кийча ву ала цуьнга.

Дера бакъ ма ду, цу Зеламхана соьга аьлла хилар, хьан сох Iоттаделла гIуллакх хилахь, хуур ду аьлла.

- Дика ду, талмаж, со гIур ву кхуьнца, - аьлла, цу полковникан пайтона, кучерна юххе со охьахиира. Тхо Бенойн Ведана дIакхочуш оьрсийн маттахь омра дира, собарде, шу муьлш ду аьлла.

Со чехка пайтона тIера охьаиккхира.

- Со Дики ву, Зеламха, - аьлла дуьхьал велира.

- Хьоьца верг мила ву?

Ас жоп делира, полковник ву аьлла. ТIаккха Зеламхас элира:

- Дики, со сайн дашах ши дош ца дан гIерташ дакъазваьлла лелаш ву, варий, Дики, кху адмийн цIий муьйлучу хIуманна вуха юххе ма валалахь, тахана ас хьо юьхIаьржа хIоттийча нийса дац, амма сайн чIагIо тахана йохоза ца вели со...

Т1аккха а карор хIара. Амма кхуьнан хан кхаьчначу дийнахь бен керавоьр воций хаьа суна. Дики, хьан некъ дика хуьлда а аьлла, тхо дIахьовсийра Зеламхас. Ас, Зеламха вуха тIе а валийна, дехар дира:

- Зеламха, ши де даьлча хIара ас вуха Ведана кхетон везаш ву. Тхуна дуьхьал ца волуш, ахь суна некъ маьрша битар доьху ас хьоьга, со кхо кхайкхина вуьгуш ву, вуха сайн доьзалх кхетар моьттуш вацара. Цхьана мотт сацарша хьо сан гергара стаг ву аьлла, кхуьнга мотт бина хилла.

- Делахь дика ду, ас жоп ло хьуна, хьо вуха Ведана воьдуш кхуьнца ши де даьлча хир велахь, кху новкъа ца ван. Амма, бакъду, вуха хьо кхуьнца цхьаьна новкъа валарх, сан ницкъ кхачахь, ас хIара са чохь дIавохуьйтур воций хаалахь, Дики, некъ х1инца охьа а, хьала а маьрша бу хьуна, - аьлла, Зеламха къайлавелира, тхо дIадахара. Бакъду, кхолгIачу дийнахь со полковникна дуьхьал а вахана, ас и Ведана хьалакхетийра.

Цул тIаьхьа со цIа а вахана, Далла хастам бу-кха цу шина берзан балеха со ваьлла бохуш Iачу хенахь, вуха а со волчу веара юьртда Серби: «Кхана а кхойкху хьоьга Ведана-гIала бIон полковника», - аьлла.

«Ой, дела яла цунах сийна цIе», - аьлла, со вуха а Ведана вахара.

Полковник  волчу чуваха сайна бакъо а ехна, со чувахара. Ткъа хьалхачул велавелла, дика тIекарен вара хьаькам. Бакъду, сан дог детталуш дара, сайга эриг хIун ду-те ца хууш. Талмажо элира:

- Ас кхаъ бокккху хьоьга, воккха стаг, тахана инарлас хьоьга кхайкхина хьуна цхьана бокккхачу кхоана.

Со цецвелира, хIун ду ца хууш. ТIаккха полковника со шена юххе охьа а хаийна, схьадийцира. Ас хаьттира, хIун боху цо аьлла.

- Дера боху, хьо воккха стаг хиларна, хьуна боккха дика болх бо ша, муха аьлча, юьртда вохуьйту ша боху хьан цхьа кIант. Ас ца оьшу элира. - Хьуна итт гектаре кхаччалц латта ло ша боху кхо. Ас хьашт дац элира. - Делахь хlета хьан йоIарий бу, царна ткъа аьрша к1адий а, куьйгах, лергах, пхьаьрсах йохка хIумнаш ян деши ло ша боху. - Деши а ца оьшу, дети а ца оьшу. - Ой, ахча деза хир ду хьуна, - элира талмажо. - Ахча а ца оьшу.

И дерриге а полковнике дIадийцира талмажо.

Инарлас тIаьххьара дош элира, схьаала хьайна оьшург, хьан дехарна, и мел чIогIа делахь а, жоп дала кийча ву ша аьлла. Доцца аьлча, ас ша Iожаллех ваькккхина бохург дара цуьнан. Амма цунна ца хаьара Зеламхана суна бина бехкам. Ас дехар дира:

- Ва талмаж, ас бохург ахь дIаала. Сол миска стаг вуй-те аьлла, доьзал дукха а болуш, миска стаг ву со. Иштта сан гlуллакх дан хlара кийча хилча, ас кхуьнга дехар дийр дара и Зеламха кхин со волчу хlусаме ма ваийта аьлла, и дехар кхуьнга дойла йоций хаьа суна. Бакъду, луур дара суна вуха и Зеламха со волчу веана аьлла хьайна наха мотт бахьахь, и ас кхайкхина вогlуш воцийла хаар. Ахь ала кхуьнга, суна деши, дети, ахча делларг а ву хьо, сан кlант юьртда вахийтинарг а ву хьо, суна итт гектар латта делларг а ву хьо, цу массо хlуманна меттана ас дехар до боху ала кху бlон полковнике, вуха хьо новкъа вакккха шега ца кхайкхар. Цул доккха дехар дац сан ахь дала боху ала кхуьнга. И дIадийцича полковник гуттар цецвелира, хIунда боху цо и аьлла.

- Дера харц дерг дийца йиш яц сан, соьга оцу Зеламхана ма аьлла вуха ма вола, вагIахь мегар доций а хаа аьлла.

ЧIогIа цецваьлла, цу полковникан бос хийцабелира. Суна цо дош делира, кхин ша кхойкхур вац аьлла. Со чIогIа воккхавеш цIа вахара.

Бакъдерг ала деза, со сапаргIат долуш вацара, хIинца-хIинца вуха кхайкхарна я Зеламха со волчу веанчохь цхьамма цунна мотт а тоьхна, сайн чохь т1ом хиларна а кхоьрура.

Сан дог хууш санна, Зеламха юха эвла со Iачу ца веара.

Амма ломахь хийлазза ас хьошалла дира цу къонахчунна. Дера, сан к1ант, ша саннарг кхин шена юххе хIуттур воцуш оьзда къонах ма вара и сан хьаша.

# Миллер Адолфан дийцар

Тхан лулахо вара Шиллер Арнольд. Иза сов чIогIа дукха доьзал а болуш, накъост воцуш къена стаг вара. Цуьнан охуш лелош Теркайистехь ши-кхо гектар латта дара. Нийса ах пайда юьртан старшинас дIахьош бара. Налог цlе а тиллина, и тайпа хьал-м тхоьгахь массаьргахь а дара, делахь а массарел къийвелла вара Шиллер. Цуьнан сов гlийла говр яра. Цу говраца (наха шиъ южучохь) дан амал доцуш, аха гlерташ воллучу цунна тIекхаьчнера, кхунна цкъа а гина воцу дин-бере. Цу беречо, Шиллер вон човха а вина, дIахеца говр, аьлча а, и дакъа, аьлла говр Шиллере дIахецийтинера. Цо иза шена юххе а валийна, хаттар динера:

- Яла йоллу говр ца хьийзича ца валлало-те хьо? - аьлла.

- Дера дац сан дан амал, чохь итт бер ду, хlусамнана меттахь йисина ши шо хан ю. Стохка хилла ялта халла берашна хьежош, говрана делча тоьар дацара доьзал Iаьнера баха, ткъа нийса ах ялта lедало дIадаьхьна, сайн аьтто цахиларна цхьацца бlал баккха гIерташ воллур-кха со, - Шиллера аьлча, цу беречо шен говра тIехь долчу таьлсан оганара буйнахь схьа а эцна, цунна кхо туьма ахча делира. Ткъа Шиллере элира:

- Варий, со вухавогIуш ахьа хIара говран дакъа хьийзош суна гахь, мегар дац хьуна. Оцу ахчанах хьайна говр эца. Хаалахь, харцой, аьшпашший соьца мегар цахилар. Со мила ву хаа лаахь, Зеламха ву хьуна, - аьлла, и Зеламха дIавахара.

Цул тIаьхьа Шиллера шена дика говр а ийцира, дисинчу ахчанах шен берашна тIедуха, когадуха хIума а ийцира.

Цул тIаьхьа и хьал тхан юьртана а хиира. Доцца аьлча, йоллучу Моздокехь массо а вахархочо доккха баркалла элира Зеламханна. Тхан юьртара дукхахболу нах чIогIа говза бара чIерий леца. Латтанаш сов кIезиг дара, ах пачхьалкхана леладора, цундела дахар сов хала дара, амма белхалойн мукъа хан а хуьлура, Терка чуьра чIерий лоьцуьйтуш дацара, къайлах а, къулах а леца-м лоьцура, гучабевллачу тхан юьртахошна суьдаш а йира.

Со а, тхан юьртан старшинас ала а аьлла, б1е шовзткъе стаг цхьаьна вахара оцу аьхка Каспе чIерий леца, нийсса беа баттахь гергга чIерий а лецна, тхо тхешан помещико ахча схьа а делла, цIадоьлху бохуш, беш болх а боцуш Iаш, ткъа де сов хан елира. Сентябрь беттан деношкахь тIаьххьара тхуна хиира тхаьш эрна дацийна хилар. ТIаккха тхо Шур-гIаларчу коьртачу хьаькамна тIекхача гIоьртира. Нийсса кIиранах гIертарх гIуллакх а ца хилира. Цхьана дийнахь дан амал доцуш Iачу хенахь, тхох со а цхьаьна иттех стаг чувоьллира. «Шуна догIуш кепек дац, аш диънарг дIалерича, шуьца расчет ю. Шу сихонца дIа ца долхахь, хаалаш, шаьш каторге дIадуьгуш хилар», - аьлла тесначу кхерамана дан амал а ца хилла, тхо ялх дийнахь-бусий чохь а дахкийна, и декхар хьехор дац аьлла куьйгаш а яздайтина, новкъа девлира. ХIетахь аьчкан некъаш дацара Мазлаке, оха кхаа-деа дийнахь гIаш некъ бира.

Дийцарах ца тешшал харцо яра иза. Дан амал доцуш, арз дарх дIаоьцуш меттиг боцуш, тхо цIа дирзича, тхан юьртхо Шиллер Зеламхас шена еллачу говраца шен охана а дина, дика ялта а хилла, цу говраца шена шортта докъар а гулдина, цIахь Iаш вара. Цул совнаха, доллучул а тамашийна дара, цхьана буса тхан юьртда цхьанна а ца хууш, баьхкинчу наха Теркайисте дIавигира. Адам чIогIа инзардаьлла хьийзара, ткъа шозлагIчу дийнахь делкъал тIаьхьа иза вуха шен цIа веара. Ткъа хьо мича ваханера, ахь лелориг х1ун ду аьлча, цо ша шен гIуллакхана ваханера, цхьаммо вигна а вацара аьлла, керста дира. Ткъа юьртахой чIогIа шек бара и иштта вигар лартIехь доций хууш.

Тхо Каспехь чIерий лоьцуш а долуш, оцу ша говр эцийтинчу Шиллеран хIусаме Зеламха веана хиллера. ТIаккха Шиллер чIогIа гIайгIане карийнера Зеламханна. Цунах шекваьллачу Зеламхана цуьнга хаьттинера:

- Дийцахьа, х1ун ду хьо гIайгIане хилар, - аьлла.

- Дера, Зеламха, ахь деллачу ахчанах ас и хьуна гуш долу бераш массарна цхьацца чкъор а дина, нахах а ма тардина. Оцу ахчанах уггаре а юьртахь тоьлла говр а ма эцна. Цу говраца шортта Iанна докъар а гулдина, чIогIа паргIат ма ваьлла. Делахь а хьох лечкъор дац ас, ахь суна ахча далар а, ас говр дIахецар а, ахь соьга мел аьлларг дерриге а ма-дарра дIадийцинера хазахетта. Тахана со юьртдас дIа а кхойкхуш, кхерам а туьйсуш хьийзош ву, цхьангге а дийца да а воцуш, и бала бу-кх соьгахь берг, - Шиллера Зеламхане дIааьллера.

Оцу хенахь тхо ц1ахь дац, ткъа юьртда Зеламхана вигначу буса тхо цIахь ду. Зеламхас и тхан юьртда Теркайисте а ваьхьна, цунна керчаш буьрса догIу Терк дIа а гайтина, эццахь барт хаьттина хиллера иштта:

- Нагахь санна кхул тIаьхьа цхьанна а дега ахь со а, и Шиллер а хьахийна багахваккхахь, хьан дакъа оцу хьуна гуш долчу Терка чу кхуссур дуй хаалахь, хьо санна болчу харц юьртдайшна ас Нохчий, Суьйлий, Г1алгIайчохь динарг хаалахь, варий, ма воьллахь сан кхелана к1ел. Ша кхолларх и дохковаьккхина, цхьаьнга а ца дийца цуьнгара кехат а даьккхина, гой хьуна, ас хIара кехат дийцахь хьо Сибрех вахийта кечам бу хьуна аьлла, ша борзан догIа тоьхча санна, цу юьртден бага чIагI а йина дIахецнера.

Шиллера дуьйцура цул тIаьхьа, тхан юьртда чIогIа тавелла цхьаьнгга а хьалха санна эрна хабарш а ца дуьйцуш, чIогIа нийса некъ беш дIавахара бохуш. Обарг эццахь вуха мацца веана а вогIур вуй хаьара тхан юьртдена а, тхуна а. Бакъду, и ц1енна ша дийциначунна вигний хаьара Шиллерна. И сан шича вара, цо соьга ма-дарра дийцира, Зеламха вуха ша волчу вар а, юьртдас хьо хьийзор вац аьлла Зеламхас шена делла дош а.

Ас дехар дира Шиллере, и Зеламха вуха веача сайга хаийта аьлла. Цул тIаьхьа юха а апрель баттахь Зеламха веана кхаьчнера шеца пхи накъост а волуш, Теркайистехь долчу шен декъа тlехь цхьацца гIуллакх деш волу Шиллер волчу. ЧIогlа самукъане бара сан хьеший, дийцира Шиллера. Эццахь шен хьеше Зеламхане Шиллера аьллера:

- Хьо веача шега хаийта аьлла вар-кха сан шича Миллер.

- Хьада вало, схьавалаве чехка, - аьлла, Зеламхана со волчу ваийтира Шиллер. Тхойша сов чехка говраш хаьхкина вахара и хьеший болчу Теркан тогIе.

Ас Зеламхе уггар хьалха куьг а делла (суна и вевзира Шиллера дийцинчу цуьнан куьцех), маршалла а хаьттина, сайна ма-хаъара баркалла а аьлла, сайн кийрара бала балхийра. Дика соьга ладогIа аьлла цуьнга дехар а дина.

Соьга собар де аьлла, Зеламхас пхи сом ахча а делла, Шиллер вахийтира, юьрта а гIой, чехка цхьа-ши москал эций, кхехка а яй, яхьаш вола аьлла. И ахча схьа ца оьцуш, Шиллера гlиллакх хIоттош дуьхьало йира, москалаш сан ю, ахча хьур дац, иза-важа аьлла.

- И дита, чехка де хьайга аьлларг, нагахь хьошалла дан хьайна лаахь, немцойн къахьо (кофе) дика хуьлу, бепиг а дика до, хабар дита, сихо е, - аьлла, Зеламхана Шиллер сихвира.

ТIаккха соьга элира Зеламхана: «ХIинца схьадийцал чехконца хьайн гIуллакх», - аьлла. Ас балхира сайн бала:

- Тхо бIе шовзткъа стаг дIадаханчу шарахь Каспи олучу хIорда тIе а дигна, цигахь болчу хьоладайша беа баттахь даца а дина, тхан рицкъа схьало аьлча, тхо човхийра, аш диънарг дIалерича расчет ю шуьца аьлла. Цул тIаьхьа тхо Шур-гIала а дахана, арз дан хьаькамана тIегIертарх а гlуллакх

ца хилла, - дерриг дуьйцуш ас дlабалхийра тхайн юьртахойн бала.

- Дика ду, Миллер, оха шуьца расчет йойтур ю, амма шайн накъосташка Зеламхана аьлла бохуш хабар ма дийцалахь. Ахь х1ун де аьлча, цигахь болх бинчу нехан шиъ исписка а яй и соьга схьало. Шина кехата т1е а яздай. Шайна диллина ахча а т1еязде. Аса оцу шун хиллачу хьаькаме кехат яздийр ду, нагахь и дийна велахь, цо ахча схьалур ду шуна, нагахь и веллехь, дан х1ума дац. Цу кехата т1е ас цу Касперчу юьртден а, сайн а мух1ар та1ор ду. Цул совнаха, мискачу нехан дуьхьа со лелаш хилар цу хьаькамна хиъна хир дац, ткъа вай вавшаххкетар хилар а ца хиъна цу хьаькамна. Со шена гина вацахь а, сан ницкъ к1езиг белахь а, ас мискачу нахана ца бойту ницкъ а, сайн ницкъан барамехь до г1о а хаа декхар ду цунна. Бакъду, ца хаахь а, вай хоуьйтур ду аьлла шен накъосташка а хьаьжна, Зеламхана элира:

- Гой хьуна, х1ара лоьмаш? Миллер, хьуна хаалахь, ас цуьнга язден кехат эрна дуьсур ца хилар. Ахь х1ун де аьлча, май бутт юккъе боьдучу деношкахь цу хьаькамна т1ег1о, хьайца лаьцна чохь ялх буьйса яьккхинчу нахаца цхьаьний, цуьнга ала, схьало шайн хьакъ. Ас цхьа ч1аг1о ло хьуна, нагахь санна цо шуна дуьхьало яхь, и ахча цуьнгара шалха даккха я и шен коьртах къастон аьлла, суна Зеламхас жоп делира.

Сайга Зеламхас ма-аллара, тхо иттех стаг Каспе вахара. И хьалхарчу шарахь тхо расчет а ца еш харцонца лелхийна хьаькам цигахь волуш вара. Бакъду, ч1ог1а са ца къералуш г1ийла вара. Ас а, сан накъосташа а цуьнга элира расчет ехьа тхоьца аьлла. Цо тхоьца расчет йира, тхоьгара х1орангара шишша расписка а яьккхира, ткъа шиъ х1унда яьккхира аьлча, суна ц1енна хаьара, цхьаъ Зеламханна йоккхуш хилар.

Доллучул а тамашийна дара цу Касперачу ч1ерийн завода хьаькамо тхоьга дина дехар. Шена арз кхин ма дахьара аш, ас ч1аг1о йо шуна, нагахь шу юха соьца балха дагlахь, шуна цхьа а харцо йоцуш, шен хеннахь шун белхан ял дlаяла а, аш хlораммо а шайн берашна цla дахьа цхьацца гали чlерий дахьарх шуьга хlума ца ала а. Иштта вар-кха, сан кlант, Зеламха.

# Муха вевзира инарла Чермоев Тапий, харачойн Зеламхий.Жимчу АтагIарчу Исалан дийцар

Йоккхачу Атагlара Аюб тхан вешин Дикин доттагlа вара, иза оьрсийн мотт-йоза дика хууш, сов исбаьхьа цlена жима стаг вара. Аюбан дас цуьнга оьрсийн ишколехь дешийтинера. Ша дешна хиларе терра, цунна девзара паччахьан lедалш а, ткъа паччахьан lедал лелочара вайнехан адмашна тlехь лелон харцонаш цlенна гуш вара Аюб. Цхьа а бахьана доцуш, дуьххьал дlа цо харцо ма лелае, миска нах ма хьийзабе олий и бакъдерг хьаькамашка а, пурстоьпе а дlаолуш хиларна, бехк боцуш лаьцна хан а яькхина, юха цlа веача, шозлагlа ша лоцуш вуй а хиъна, цо Зеламхаца гергарло теснера, уггаре а тешамен накъостий бара уьш.

Саламбеккий, Аюббий Зеламхан ши тlам бара и шиъ, царах санна и тешаш кхин стаг вацара. И дара гуьйранна ялташ чудерзош адам сиха хьийзачу хенахь. Тхоьгахь бара хьаьаш тилош белхи. Веана цу белхех кхечира lедалах ведда лела Аюб.

Цуьнца сов чlогlа кечвелла, дукха исбаьхьа дой кечдина ши накъост а вара. Аюб, ша белхалошна гучу ца волуш, тхан ваша Дика шена тlе а вигна, элира: «Шина хьеше жимма мехкаршка бlаьрг тохийта, яа хlума яллалц, тхо тlаккха дlагlур ду». Царна сихха юург а йина, цхьана сахьтехь белхех бlаьрг тухуш а севцца и кхо накъост дlавахара, уьш дlабахча, муьлш бара Аюбаца берш аьлла ас хаьттича, тхан вашас Дикас дийцира суна, и шиъ гlалгlа Саламбеккий, харачо Зеламхий вара аьлла. Оцу буса бен и шиъ тхан вешина а ца хиллера кхин вевзаш. Аюба уггаре а шен тешаме доттагlий бу уьш аьлча, Зеламхас шена уьш гайта аьлла, и шиъ валийнера Аюба тхо долчу. Цул тlаьхьа чlогlа гергара хилира тхо, цхьаьнакхетий, д1асадахар а, вовшашца дерг а, дайнарг а дуьйцуш, цхьа зама яьллачу хенахь тхан вешига аьллера Зеламхас: «Дера, Дики, и сан вон г1иллакх делахь а, цкъа со адамана юьхь-дуьхьал а хьаьжна, айса сайн бlаьргашца цуьнан бос муха бу къастталц наха вийцарх гергарло тосуш ма вац со. Дукха мах бу хьуна иманехь болчу бесан, уггаре а хьалха суна Аюб вевзичахьана, цо соьга вийцинера хьо а, хьан ваша Исал а, цо ма-бохху хила а хиллера шуьшиъ». Цул тlаьхьа цхьа вежарий санна, Зеламха тхо долчу а вогlуш яьккхина оха и дийна мел яьккхина хан. Чlогlа лела хууш а, массо тайпана шен духар долуш а, ша даима цlена лелаш а вара иза. Бакъду, тхан кертахь ур-атталла, тхан гергарчарна а я тхан зударшна а хууш дацара и Зеламха вуй. Оха цунна тиллина цlе Ахьмад яра.

Цхьана буса хан йоцчу хенахь сан корах хlума тоьхна, со самаваьккхира, со чехка аравелира, шен Iаьржачу динахь лаьтташ Зеламха вара. Цо соьга хаьттира, салам-маршалла деллачул тlаьхьа, хьаша-да вуй вайгахь? Хlун ду юьртахь керла, аьлла. Хlума дац керла, тхо дерриге а могуш ду, охьавосса аьлла, цуьнан луьйта лаца со воьлча, ца оьшу, со-м хIинца а къена ваций, тховса синкъерамехь а Iийна со-м, аьлла, Зеламха говрара охьаиккхира. Иза хьешан цlа чу а вахийтина, цуьнан говр дlа а Iалашйина, Дики хьалагlаттийна схьа а валийна, тхешан нус а гlаттийна, цуьнга чехкка юург кечъе а аьлла, тхо охьахевшира. Х1ара синкъераме вахарх цецваьллачу ас хаьттира:

- Зеламха, хьо муха кхечир-те цу синкъераме?

- Дера, Исал, дара иза дагахь а доцург. Цхьана накъостах кхетар со аьлла, Суьйр-Коьрта со лакха хьала ваьлча, геннара хезара сов исбаьхьа цlена локхуш кехат-пондар, и пондар хеззачу а вахана, цуьнга ла а доьгIна, дlагlур со аьлла, ас сайн говр цу цlенна юххе дlаяхийтира. ТIехвала а ца велла, со цу цIийнан коре вахара. Корах чу хьаьжча, ирахь лаьтташ йиъ йоI яра, ткъа чохь гуш ши стаг бен вацара, эццахь со Iе ца велира, дика сан говран когех цигонийн буржал а тоьхна, оцу синкъераме чу вахара. Ас вайнехан Iедалехь салам делира, пондарча хьалагlаьттира, ши накъост схьа а ца хьаьжира. Бакъду, суна моьттара, цара сан салам дlа а эцна, сайга маршал а хаьттина, тlекхоьллина сайн верта дlа а эцна хьала уллур ду, доцца аьлча, вайнаха дан хьакъ долу хьошалла дийр ду. Иза а, важа а дацара, со жимма ладугlуш а сецна, цу шина накъостана т1аьхьа таь11аш, сайн вертанан ши тlам хьарчийна кlел а биллина, охьахиира. Шина накъоста юха а пондар дlалакхийтира, ехха ладугlу йиш лекхначул тlаьхьа цу шиннах цхьаммо омра дира, лакхал хелхаран йиш аьлла, ткъа цо шен накъост юкъаваьккхира хелхавала аьлла.

Накъост хелхарна бохь бугIуш волавелира, ткъа йоI а хелха йолаелира, кхин де дац-те хьан болар хийца, айбе пондар аьлла, хиъна Iачу накъоста аьлча, кlанта кхоссавелла бохь

буьйгIира, йоI а чехка елира. Ткъа х1окху суна хьалха Iачу накъоста шен ворхIазза йолу тапча нийсса шен гIантаний, сан вертаний юккъе а лаьцна, юха ша ца хьоьжуш, куьг тIехьа а даийтина йожийра. Амма шозза-кхузза йожийча а тапча ца елира, и ца яьлча хIара-м юьхьIаьржахIотта а ма тарло аьлла, ас цо лаьцначу а лаьцна, кхузза-доьазза тапча кхоьссира, važ-ма хелхар деш гуттар кхиссавала вуьйлира. Оццу минотехь тапча харц хиллачо со хьовзийра, схьагайта тапчин бакъо аьлла. Ас дехар дира, Iехьа Iадда, хьан тапча ялар а ларий, и юьхькIайла ю хьуна. Ас хьо юьхьIаьржа ца хIоттийта, хьуна айса дийриг гIуллакх ду аьлла кхоьссира и тапча. Цунах кхин сакъералуш дацара сан, и вайнехан Iедалехь йоккха юьхьIаьржо ма ю тапча харц хилар. Цо ас бохучуьнга ла ца дуьйг1ира, омра дира сацабел и пондар аьлла, шен накъост хелхаволучуьра соццушехь. Тхойшиннан диицар кхо къайлахьор моьтташ вара со, ас шега дехар дича, и тапча шен яьлларг лара аьлла. Дехар эрна хилира, массаьрга цо ла а догIийтина, суна тIевирзира: «Схьало чехка хьайн тапчин кехат», аьлла.

Ас юха цу чохь болчу мехкаршна а, кхуьнан накъостана а дийцира айса динарг, цара аьлла а, гена ца доккхуш Iийр вацар-те хIара накъост аьлла. Цара цхьаммо а дош ца элира, бакъду, пондарча гIехь елаелира, кхин а карзахваьллачу жимчу стага, тIе а чевхина, схьало оцу тапчин бакъо элира. Сан даима а ду тхешан деден БIехон весет кхочушдар диц а ца деш, кхузза дехар деш Iедал, ас кхозлагIа а элира: «Ма дийцахьара ахь, вай-х цхьа къонахий ду бохуш а ду, кху зудберашна-мехкаршна хьалха нийса дацар-кха вай эвхьазадевлчи, даьлла-кха соьгара и гIалат, гечдехьа суна». Важа тIаккха чуьравелира: «И хIун ю ахь юьйцург, хьере вир санна, кху чу а веана, тапчан чIижаргIа а кхуьйсуш, хьайга луьйриг мила ву хаьий хьуна? Схьало чехка хьайгара бакъо».

ТIаккха кхин детта са а ца хилла, ас вертан кIел коча тесна дашо варкъ доккхуш кечйина сайн иттозза йолу тапча цу марш тIе а лаьцна, элира:

- Оцу ахь юьйцучу тапчин кехат хIара ду хьуна. Хьо оьзда стаг а вац, хилча гIаравер вацара хьайн тапча харц хилла, ас хьайна жимхалла дича Iадда Iен декхар дарий хьо-м, - аьлла со тIевирзича, гIехь мехкарийн гIовгIa елира. Ас цаьрга элира, со шуна моьттарг вац шуна я кху нахаца шу ца хилча а дов дийр долуш а вац, шу паргIат хилалаш, оха къамел дарх шек ма довла аьлла, уьш дIа а совцийна, ас цу шинга дехар дира: «Вало ший а, арахь дер вай къамел, кху чохь мехкаршна юккъехь товш дац гIиллакхехь». Тапча ца яьллачо соьга дуй кхоьллира, дийцахьа, хьо Зеламха вуй, аьлла. Эццахь аланза ца ваьлла, со Зеламха ву ас аьлча, цо элира, ша инарла Орцин Тапа ву, шена ахь бехк ца биллар доьху ша аьлла. Ас цунна жоп делира: «Хьажал хьо, дукха вахарг, тахана со-м цхьанна хIуманна дакъа а доцуш, дуьненан дакъазалла коча эца араваьлла лелаш цхьа пекъар-стаг ву, ткъа хьо паччахьан Iедало инарлин чин а делла, йоккхачу Соьлжа-гIалахь хьайх жима паччахь ала а мегар долуш, тахана гIуллакх таделла стаг ву. Ас хьуна хьеха хIума ду ца бохура ас хьоьга.

Бакъду, хьекъал кIезиг хета суна хьан коьртехь, хIунда аьлча, хьайн таделлачу гIуллакхаца гIиллакх нисдан гIийлачу нахаца, адмашца декхарийлахь вара хьо, и нисдан корта меттахь цахилар хии суна, ахь сайца тахана хIоттийнчу гIиллакхехь. Хьо ала воллу, ца хаьара хьо Зеламха вуй, ой, хьуна гуш ма вара салам а делла чу веана хьайн гIантан когашка охьахиъна «мехкан воцу» хьаша. Эццахь ахь салам дIа а эцна, маршал а хаьттина, со охьахаийнехь, со иттех минот хан бен ца йоккхуш дIаваххал хьекъал долуш вара хьуна. ХIара сайн меттиг йоций хууш а вара. Оцо гойту со цхьа пекъар хиллехьара ахь ден долу «хьошалла», х1окху дуьненахь хьешал бехке стаг лерина вац вайн дайша».

Мехкаршка дехар дира аса синкъерам бохорна сайна бехк ца биллар. Тхан къамел чекх даллалц-м, и мехкарий санна, и ши хьаькам а вара ирахь лаьтташ.

- Делахь, накъостий, хIинца вешан къамел дуьтур вай, вай вовшех кхетта моьтту суна, - ас аьлча, шен гIант суна схьаделира Тапас. Бакъду, со цуьнан а, вукхуьнан а гIанта ца хиира. Суна кхин гIант а деана, соьга дехар дира баьрче валий охьахаа аьлла. Ас сан бакъо яц, шу даккхий а ду, хьаькамаш а ду, шуна а, х1окху мехкаршна а, пондарчина а новкъа дацахь, со леррина кху пондаре ладогIа веана ву и пондар юха дIа а лакха, и лаьтташ йолу йиъ йоI цу маьнгин йисте охьа а хаийта, хьалха санна дерриге а вай дIанислур ду, амма и мехкарий

ирахь а лаьтташ, цу пондаре ладогIа ца лаьа суна ас аьлча, уьш охьахевшира. Амма, Дика, Исал, цу пондарчас цул тIаьхьа лекхна пондар шатайпа бара, суна хIун ду а ца хууш, сох лаьцна иллин дешнаш а далийра пондарчас юкъа. Бакъду, уьш дуккхах дерш бакъ хиларна дог доьлхуш-м Iийра со, делахь а бIаьргаш ларбаза а ца бевлира.

Дикка пондар лакхийтинчул тIаьхьа, тапча харц хилла накъост айса хелха а ваьккхина, цуьнан накъосте тапча а кхуссуьйтуш и бал чекхбаьлча, шина накъосте гIехь забар йира ас:

- Ши кIант, йожорах йолуш тапча а ца хилча, тIаккхахула шаьш вовшаххкеташ эрна йиъ йоI ца латтош, йоI шиъ тоьар ю шуьшинна.

Пондарчина сайна ма-хаъара баркалла элира аса. И хиллера МартантIера леррина хьаькамашна шайна пондарца сакъера ялаяйтина. Церан Iодика а йина, со аравелира, ши накъост суна тIаьхьавелира, со говра хууш Тапа луьйта лаца чу кхоссалушшехь, и луьйта схьалаца ларавалале со говра велира. Сан говран урх схьа а лаьцна, Тапас юха а дира дехар, ша чIогIа юьхьIаьржа х1оьттина ву хьуна хьалха, ша бехказа вита, нахе кхайкха ма ве ша аьлла. Ас цунна тIедиллира, дика ду, ас жоп дели хьуна, бакъду, ахь суна дан чIогIа доккха гIо ду, х1ун ду аьлча: х1ора шарахь цкъа Петарбухера кхуза вогIий хаьа суна паччахьан векал, ахь нийса дIадовзийта цунна вайн мотт-йоза ца хууш болчу нохчийн, гIалгIайн мискачу нахана оцу паччахьера ду а бохуш, законехь нийса боцуш беш болу ницкъаш. Амма ас сайн гIо де хьоьга баха а ца боху, баьхча со нийса а вац.

Ца теринчохь ахь хьайн ницкъ болу гIо ца дича, хьайн оьзда сийдолуш хиллачу нохчийн нехан инарла хила йиш йоций хаалахь.

Бакъду, дукха нийса-м со а вацара. Х1унда аьлча, йо1 йиъ елахь а, чохь шиъ бен стаг ца хилча, со цу чу ваха а дацара декхар, амма йиъ йоI ирахь латтош карийча, х1ара нохчийн Iадатехь нийса-м дац аьлла, сайна гергахь иштта ойла йина, чувахара со. Вайн дайша олуш хезна суна, стагера ледар х1ума кхузза даллалц гечде аьлла, цул совнаха, стеган ледарло юьйцуш верг массо а докъа тIе бен охьа ца хууш лелачу боьхачу мозанах тера ву аьлла ду. Сан ши ваша, тахана шуьшиннах теша а тешна, цу шин накъостан ледарло йийци ас шуьшинга, цхьа чIогIа хазделлера суна тхан къовсамаш вовшийн цадевзаш буьйлабелла. ТIаьххьара а вовшийн тхо девзича паччахьан инарлий, паччахьан мостагIий дагахь а доцуш вовшах а кхетта, цхьаьна сакъера ховшар а. Ткъа оцу пондарчас ша хьалхачул тоьлла а, сакъералуш а пондар лакхар цIенна гуш дара.

ХIинца Дикас элира: «Исал, Зеламхане садаIийта». Зеламхана жоп делира: «Со дукха кIадвелла ма вац, кхана суьйранна кхуза кхача везаш сан ши накъост ву. И шиъ шуна дика вевза - Аюббий, Саламбеккий. Со сарралц мукъа ву, шуна хьашт мадду Iийр ду вай, нагахь шуьшиннан кхана цIахь Iа йиш елахь». Дика ду, садаIа, аьлла, сой, Дикий хьешан цIачуьра ара а ваьлла, цунна паргIато елира.

Кхана Iуьйранна хьалххе Зеламха хьала а гIаьттина, шен ламаз а дина, дика шен мотт дIа а табина, корех дIа бIаьрг бетташ хиъна Iара. Бакъду, и ши накъост - Аюб, Саламбек ван везаш ву бохург стенна ду-те кхуьнан я бакъ долуш ду-те, я тхох ца тешаш шена оха тешнабехк бахь а цаьрга ша хинволу меттиг хоуьйтуш ду-те аьлла, сан шеко яра цу дашах.

Амма сайн шеко хилар сайн веше Дике а ца дийцира ас.

Iуьйранна юург-мерг а йина, говр-хьайба Iалашдина тхо паргIатдевла малх лакха хьалабаьлча, Дикассий, асий элира Зеламхане, хьуна новкъа дацахь, селхана ши-кхо вай а даьлла, дIаIалашданза накхармозий дара эцца вайн стоьмийн бешахь, цаьрга хьаьжна уьш дIаIалашдийр дара охашимма. «Ой, мел дукха хан ю мозаша болх беш суна ганза, тхан дедас БIехос ша пхийттара ваьлчахьана лелийнера накхармозий, со а вара цуьнца дукха хьолахь хуьлуш, вай кхоьа хьажа веза цаьрга», - Зеламхас аьлча, тхо кхоъ бешахь мозаш тIехь болх бан хIоьттира. Оццу сахьтехь чIогIа маьхьарий делира, Iалелай, орца дала, ши тайпа вовшийн карах леш лаьтта аьлла. Цхьаберш тхоьх бара. Эццахь Дикис Зеламхане элира: «Иштта доккхучу орцах ца вахча нийса хир дуй-те?» И ма дийца аьлла, тоьпо кхоьссича санна дIаиккхинчу Зеламхас тхойша генна тIаьхьа витира, дIа тIекхаьчча гуш Зеламхан буйнахь къегаш яьккхина шаьлта яра, и хиллера дуьхьал хьаьлхинчу маслаIат дан баьхкинчу нахана тIе а лестош чугIерташ волчу тхан юьртхочуьнгара Зеламхас тIекхетта схьаяьккхина.

Цул тlаьхьа пхи-ялх стаг тlекхиира, шаьлта етта гlертачу нахах, уьш ворхI вара, бухахь болчех пхиъ а, тхо шиъ а вара эццахь т1ом бича бан хьакъ верг, ткъа юкъалелхаш маслаIат дан гIерташ тхан совцон доьналла ца хиллехь, масех вовшийн вен а тарлуш боьха дара дов. Эццахь цIоькъалоьмо санна чIогIа мохь а тухуш, Зеламхас дIахьедира:

- Дика ладогIал, хIай довхой, шу суна цхьа а ца вевза, со шун юьртхо вац, амма, бакъду, кху юкъа нах а, зударий а баьхкина, шайга деш долу дехарш шу хезаш ду. Ишттачохь дов дича вайнехан доккха эхь ду. Духадовла тIедаьхкинарш а, бухарнаш а. Шайн-шайн чу гIо, схьавола хIай, хьайн шаьлта дlа а эций, батта йолла, - аьлла, Зеламха вистхилча, шаьлта ерг-м чlогlа кlадвелла вара. Цул тIаьхьа тхойша а нийса ду аьлла сецча, тхан тайпанан нах а севцира, вукхарах цхьаъ чуьравелира, ша Iийра вац аьлла. Эццахь Зеламхас элира, делахь хьан дов х1ара маслаIат дан новкъа воьдучуьра схьахьаьддачу соьца ду-кха. Цул т1аьхьа Зеламхана дIа катоьхна схьа а лаьцна цуьнан белшаш, дlаса а ластийна, дlасацаве хlара ахьаро вузийнарг аьлла, цуьнан накъосташка дlавелира.

Цу берзан ка тlе кхаьчча-м и довхо а дlасецира, шаьлта ерг санна, дера яра Зеламхан ка-м берзан санна, мохь цIоькъалоьман санна бара.

Цул тlаьхьа некъа стаг а хилла, Зеламха дIаваха воьлча, баккхийнаш хьаьвзира, хьошал дийр ду, чувола аьлла. Шуна баркалла, шун Iодика йойла, кху юьрта ша дуьххьара кхаьчча санна цу нахана ца гуш дlа къайлавелира. Цо ша новкъа вогlу стаг ву аьлла дlадерзийча, тхойшинна цуьнга вистхуьлийла дацара. Иштта и хьал Зеламха тхан кертахь волуш кхолладалар чIогlа новкъа а долуш, кхин тхойшиннан дан хIума а доцуш, вовшашка Зеламхана дерзийна дов а дуьйцуш, тхойша мозий долчу беша вахара. Цхьа сахьт сов хан яьллачу хенахь тхуна нийсса урда дохал бен доцчу Органан тогlехула коьллаш юкъах нийсса тхан стоьмийн бешан керта тlе а веана, Зеламха схьа тIехlоьттира, салам а луш. Зеламхас малхбуза хан хиллалц болх бира, ша делкъа ламазаний, чай малий бен сецна воцуш. Оцу дийнахь хиира суна мозийн цхьа къайле а. Иза тхойшинна Зеламхас хьийхира: «Хьайна мозий деба лаахь, хlун дан деза аьлча, схьадолучу мозийн веца лаххара кхоъ-пхиъ кегий элий арабовлуш хуьлу, ткъа и эла маса ву а хьаьжна, цу вех кхо-диъ дакъа а дина, мозий дукха муьлхачу яьшки чохь ду а хьаьжна, мозий алсам долчу чуьра уггаре тIехь дукха кlорнеш йолу раманаш ахь цу кегийчу элашна д1анисъяхь, кхо пайда бу хьуна. Хьалхара: веш дуьйлуш мозаша бен болх соцур бац. Шолгlа: къона элий хир бу хьан. КхолгIа: алсам моз а гулдийр ду мозаша, элий бохуш вай даккха кечам беш эрна хан а ца йойуш». Зеламхас и керла хlума хьехначул тIаьхьа ас хьалхачул шозза сов пайда ийцира мозех. Цул совнаха, накхармозий нахана духкуш а. Доллучул а суна цкъа а диц ца ло Зеламхас аьлларг: «Сан ши ваша, хаа дика ду шуьшинна, накхармозий лелон стаг хьанал хила везий а, амма хьанал воцчу стагана уьш цкъа а тоьвр дац я тайна меттиг а яц».

Тхо малхбуза а, маьркIажа а ламазаш а дина чудирзича, Зеламхас дийцира шаьш набахтехь лаьцна долчу хенахь шайца лаьцна тхан эвлара Масин кIант Чолта хилар а, ша цуьнга хаттар дар а.

«Дийцахьа, шун Жимчу Атаг1ахь нахана дан хьошалла а долуш, шайца тешнабехк а боцуш дика к1ентий буй», - аьлла ас хьаттича, цо элира: «Тхан эвлахь шайн дайшкахь дуьйна къонахий а лаьттина, тIевеанчу хьаша-дена дан хьошалла а долуш, тешнабехк-ямартло шайца хир йоцуш шаьш тайпана беношха а болуш, юьртахь ца хила йиш а йоцуш Дикий, Исалий бохуш вежарий бу хьуна. Со тайпанна мелардошха ву, мацах дубин-эвлахочо баьхначух терра, кху балех хьалха вай довлахь, хьеший-м вай а хир ду», - аьлла, дийцира суна. Цкъа делахь, и цхьаъ дара ас шуьца хьошалла тасар, шозлагIа делахь, Аюб уггаре а сан тешамечу накъосташха ву, цуьнца шун долу гергарло а дара.

Дера, Дики, хlокху шун кертахь санна со говр божли чу а юллуьйтий, герзаш охьа а кхуьссий, паргlат волуш хlусамаш Нохч-Г1алг1айчохь кlезиг ма ю шуна. Со лаьцна волуш, цу чохь Нохчийчуьра хIора юьртара бохург санна сох схьакхеташ дуккха а бара хьекъал долуш дика къонахий, мацца а вада кечам беш волчу ас къонахалла йолчушка хIоранга бохург санна олура: шайн юьртара тешам болу дика кlентий схьабийца, амма со бахьана долуш адмашна бохам хиларна кхоьруш, хийла йоьхна 1аьржа буьйса арахь яьккхина ас.

Тахана шу долчу вар, схьахетарехь, боккхачу пайден хирг хиларх дог тешна ву со. Цкъа Бухlан-юьртарчу ИсраилгIаьрга г1о со аьлла новкъа ваьлча, Курумовг1еран кIотарах со тIехволуш, Аюба шу дага а дахкийтина, нийсса Суьйр-коьртах сехьа а ваьлла, со схьавогIуш, дагахь а доцуш ас бийцинчу синкъерамехь Чермоев Тапа вевзира, схьахетарехь, и пайде хирг хиларх дог тешна ву со. Сан вежарий,

иштта нисбелла некъ - шуьгара даьлла беркат лору ас. Амма цунах хиндерг замано гойтур ду.

Иштта хIинца-м дIадуьйшу хан а хиллера бохуш тхо цхьацца дуьйцуш, тхешан хьешах самукъадаьлла Iачу хенахь, тхан корах хIума туьйхира, со чехка аравелира. «Ассаламу Iалайкум, хьеший т1еоьций аш», - аьлла, Зеламхас вогIур ву аьлла ши накъост - гIалгIай Саламбеккий, Йоккхачу АтагIара Аюббий - веана схьахIоьттира. «Ва Iалайкум салам, догIийла шу маьрша», - аьлла, церан говрийн урх схьа а лоцуш, ас элира: «Дисса охьа». КIентий говрара охьабиссира, уьш ас шайн накъост воллучу хьешан цIа чу бигира, говраш цул т1аьхьа х1оъ белла паргIатъехира. Уьш а, Зеламха а цкъа а вовшийн ца гича санна мера бетталуш ч1огIа къамеле бевлира, ткъа тхан вашас Дикис элира: «Ой, шу-м ганза вуно дукха хан ма хилла, аш ч1ог1а цец ма ваьккхи со». Т1аккха Саламбек вистхилира: «Дера, сан хьаша, яц тамаша бойла, х1унда аьлча, оха вовшахкъаьсташ а до хьуна иштта вовшийн сий-пусур, хIунда аьлча, ерриг Дег1аста ю тхан накъостана тIаьхьаяьлла. Иштта ала мегар долуш, церан чоьтехь коьртера х1ара дIаваьлча тхойша ву, ткъа цхьа де-буьйса шеран механ ю хьуна. Д1а ма йоьда тхан хан. Оха вовшахкъаьсташ Деле доьху хьуна, могуш-маьрша духа вовшийн гойла вай олий. Цул совнаха, доггах вовшийн къинт1ера довлаза къаьстина дац тхо вовшийн девзичахьана».

- Саламбек, хIорш вайн гергара нах бу, кхарех лачкъийна х1ума дац вайн, схьадийца мегар ду хьуна шаьш лелийнарг, - аьлла, жоп делира Зеламхас.

- Делахь дика ду, вай хила веза аьлла ворхI накъост кху атаг1ойн Органан тог1ехь хьалха шозза вай вовшаххкеттачохь хир ву кхана суьйранна. Цхьа бакъду, царах шиннан патармаш к1езиг ду, говраш, топ, тур, шаьлтий, цул совнаха, говрашна тоьхна ленаш дерриге а долуш ду. Оцу ахь сийсара вийцинчу накъоста ша волчахь дуург-мерг, аьлча а, бийна уьстаг1а а, кхо-диъ хьийна бепиг а, сискалш а, кийча хир ю аьлла. Цу накъоста х1уъу дича а ахча д1а ца ийци, бакъду, Аюба беран кера кхо-диъ сом ахча-м тесира, дуьйцуш нийса дацахь а, ма-дарра боху ас. Оцу Соьлжа-г1аларчу вайн накъоста схьабоххург ду хьуна ас хьоьга дIадуьйцург. ХIара Аюб хезаш а волуш, цо оцу Хасу-Юьртара лаьцна нах, ахь вийцина пхи стаг юкъахь а волуш, кхана буьйса юккъе яханчул тIаьхьа нийсса ши сахьт долуш и тутмакхаш Буру-г1ала дIабуьгуш бу, уьш мел бу цIенна хуш дац, делахь а и хьан ц1архо гелдаганойн Зеламха оцу пхеаннах цхьаъ хилар цIенна бакъ ду аьлла ч1аг1дира цу накъоста.

Охашимма ма-дарра, ахь тхаьшшинга схьа ма-аллара дIадийцира цуьнга, бакъду, цо шега хаьттича ша цу поездана дуьхьал шу довлуьйтур дацара элира, хIунда аьлча, цаьрца исс-итт эпсар ву, церан коьрта эпсар Михеевн нуц ву, шовзткъа-кхузткъа лаххара салти а бу, цул совнаха, массо а разъездехь хир бу боху

старажникаш. Ц1ерпоштана тIехь салтий хир бу, цара ларбеш тIехьа йолчу вагона чохь лаьцна нах а бу.

Царна тIехьа эпсаршна кечйина вагон билггала кхоалг1а хир ю. Цу т1ехь эпсарш бу.

Охашиммо а цу накъостана чIаг1о йина, нагахь тхо кара а дахана тхуна тоьпаш тохахь а, тхаьшиннан багах хьан ц1е йоккхур яц аьлла. Оцу хьан хьешо бохург, суна хетарехь, цу этапан куьйгалхо инарлан Михеевн нуц хилча, ткъа инарла Михеев воккха хьаькам а хилча, и вайна дукха дарваларна кхоьруш дара моьтту

суна.

- Деллахьа, - аьлла, цуьнан къамел хадийра Зеламхас, - цу цIерпоштаца тховса новкъа волуш Михеев велара, шеца Вербицкий а волуш, царах дан дезарг ма вай дийр дара хьуна.

Аюба хаьттира:

- Х1ун дийр дара вай? Вуьйр варий  уьшиъ? - аьлла.

- Хьанна хаа хиндерг,  кхаьчча и шиъ каравалон ойла яр-кха, Вербицкий боху и зуд бартхоттуш ден а дина, ткъа вукху инарлех йохк-эцар ян, х1унда аьлча, цара шаьш бехк боцуш лецначу нахах дуьхьал хуьйцур вар-кха, и яр-кха сан ойла, ва Аюб. Схьахетарехь, аш ма-бохху делахь, цу инарлан невцах а цхьа дика болх бала а мегий вайна-м.

Т1аккха дагабевлира к1ентий, мичхьа довлу вай цу ц1ерпоштана дуьхьал аьлла. Цхьамма Гуьмсе кхачале, вукхо Сема1ашкахь элира, ткъа Зеламхас оцу Къеда-юьртахь дан деза вай ваьш дийриг аьлла сацийра. Ой, цуьнан бахьана х1ун ду аьлла вистхилира Саламбек, дера ду, цу Михеевний, Вербицкийний х1уьттаренна. Дагадог1ий хьуна, Къеда-юьртахь вуьрхIитта эпсар схьа а къастийна, вай цаьрца бехк боцуш Вербицкийс байийтинчу берийн-зударийн ч1ир екъна. Хаалахь, Къеда-юьртахь уьш байар Питерехь ц1енна паччахьана хууш хир ду. Ткъа тахана цара лаьцна балон тутмакхаш а Къеда-юьртахь вай лаьцча, цу Вербицкийн и некъан дакъа лардан а ницкъ бац аьлла, Iедална гергахь сий дайта бен, цхьа а кхин бахьана дац хьуна, ва Саламбек!

Остопироллахь, хьуна-м дага а дог1у аьлла, Саламбек Зеламханна т1етайра.

Несо соьга хаам бира, яах1ума кийча ю аьлла. Ас вокккхачу веше Дике хаийтира юург кийча хилар, цо т1аккха элира:

- К1ентий, цкъа юург а йиъна дер аш шайн къамел, юкъех аларна бехк ма билла, - аьлла.

- Бакъхьа ду, юург хьехош долу къамел мел хазахета суна, сан ши накъост, - аьлла, Зеламхас бисмилла а даьккхина, яа йолийра. Т1аккха вистхилира:

- Дера хаац, хIара ч1епалгаш сан дог хууш санна дина хилла вайн несо. Арахьа-м дийца а ца оьшура, тхешан цIахь пене, ур-атталла зудчуьнга а хIара еза, и ца еза, и кечъе, важа кечъе бохуш и осал къамел суна хетта ца Iаш, тхан дайшкара охьа дара и, амма уггаре а суна дукха деза даар ду-кха чIепIалгаш, - элира Зеламхас. ТIаккха Саламбека Аюбе, дера Аюб, вайшиннан накъост юха а вайн несе шена чIепалгаш дайта зайл тухуш ма воллу бохуш, забарш а еш, хьеший хIума йиъна бевлира.

Дера яра кIентийн забар сов товш.

Цул тIаьхьа соьга Зеламхас омра дира говраш кечъе тхан, говрийн таьлсаш чу, мел новкъа и делахь а, Iуьйранна тхо севцначохь говрашна бала хIоъ а билла аьлла. Эццахь шу тховса ма Iе бохийла дацара, хьанна хаьа, маттах а кхоьрура, массо а меттехь бара хаш деш «охотникаш» цIераш а техкина, хIора районехь кечбина арабаьхна нах. Цхьацца шайн коьртехь командир а волуш, массо а къаьмнех болу старажникаш, церахчул а кхоьрура кхарна тIаьхьалеларх мел бен, къа дац бохуш, цхьацца Iедална бертахь болчу молланаша тешнабехк бина а, Зеламха лацийта веза бохуш цу хабарех тешаш нислучу цхьацца мурдаш ду шаьш бохуш лелачу Iовдалех а, хIунда аьлча, уьш хIора юьртахь болу дела.

Ас хаийтира говраш кийча ю аьлла, со а кийча хилар.

- Баркалла, Исал, хьол воккха ву Дики, хьо сох нийса кхеталахь, оха цига шуьшиннах цхьаъ бен ца вуьгу, хьанна хаа хиндерг, хууш дац цигахь дийна вуьсур ву-вац, ткъа шуьшиннах цхьаъ цIахь ца Iийча вер вац. Хьажал, Исал, мел яккхий керташ, даьхний, накхарш ду шун, да веза, ас хьо кхоийна ца боху хьуна. Гой хьуна, накъостий мел хили а сов-м бацара, делахь а жимма вай хьожуш ца хилча деврдац.

- Делахь дика ду, Зеламха, ахь бехк ма билла, ас цхьа хаттар дийр дара хьоьга, - элира ас.

- Мегар ду, хуучунна жоп лур ду, ца хуучунна ахь бехк а буьллур бац, - жоп делира Зеламхас.

Ас хаьттира:

- Тахана аш бен кечам хууш ву со, ткъа мел кхераме гIуллакх ду поезда тIера лаьцна нах, уьш ларбан хIиттийначу цхьа бIе гергга нахера схьабохур бу аьлла цу тIе гIортар? Уьш-х массо а герзах воьттина ву, ткъа шун ши накъост ур-атталла патармаш а доцуш ву боху.

- Дера Исал, ахь бохург нийса-м ду хьуна. Бакъду, вайн дайн цхьа кица ду: «ТIемашна кира лерина олхазар ижу йоцуш дисина» олуш, цуьнга терра, тхо декъаза «берзалой» Iадда

lийча тхан ши кепек мах ма бац, гуттар Сахьин чIепалгаш а дууш Iийна девр дац тхо аьлла, хьалха забар а йина, суна сан хаттарна жоп делира Зеламхас:

- Тахана со арахь ву, сан цIархо гелдаганойн Зеламха мухха делахь а кху деношкахь lедалан буйна вахана, лаьцна ву, и лаьцна хилар соьга хаийтинарг ву хьуна Аюббий, Саламбеккий, ша ма вийца аьлларг а, иза вайн хьаша а ву, оцу эпсарийн ша писар ву олуш. Бакъду, стомара дийнахь цо соьга бинчу хаамца гелдагано цу Буру-гIала дIакхаьчча ирах уллур ву аьлла бина цо соьга хаам.

Нехан хьекъале ма хьежа я нехан хьекъалца хьайн хьекъал а ма нисде олуш ду. Дера Исал, вац хьуна со я сан накъостий а тхешан синош ца дезаш-м. Доцца аьлча, хьайга орцах кхайкхина стагана хьо орцах а ца водахь, хьайн да а, ваша а вийна и велахь а, хьан неIарал чоьхьа ваьлла, цо шен бехкана къера хилла шена гечде бахахь хьо гечдеш а вацахь, хаалахь, хьо воций я бусалбан а, я керстан а динехь.

Цул тIаьхьа Зеламхас тхан нус чу а кхайкхина, цунна доккха баркалла а аьлла, и кIентий новкъа бевлира.

Кхо де-буьйса даьлча тхан ваша Дика могуш-маьрша цIа а веана, цо дерриге а суна ма-дарра шаьш лелийнарг дийцира:

- Тхо атагIойн Органна чохь йиллинчу меттехь вовшах а кхеттера, уьш ворх1 накъост а, тхо кхоъ а. Цул тIаьхьа БелгIатойн-эвларчу Хасигара Аюба патармаш а деана, уьш цу шина накъосте дIа а делла, дахана оцу Къеда-юьртана кIел агIор йолчу куллах дика тхешан де а диъна, нийсса поезд схьаян ши сахьт дисинчу хенахь Зеламхас омра дира: «ХIан-хIа, кIентий, хьалхара ду шуна, чов хилла керавахча, мичча тайпана таханчул хьалха а, тIаьхьа а шу ворхI накъост вовшийн багах ма довлийла.

ШозлагIа ду шуна, мел шайн тешамечу доттагIчуьнга а хIара буьйса ца йийцар. Цул тIаьхьа поезд сецца яларца шина маьIIехь, хьалхий тIаьхьий вагонашна ха ден салтий «молчать» олуш тIе тоьпийн юьхьиг а таIош, сацон веза «куьйгаш айде, меттахвалахь вуьйр ву» олуш.

Саламбек, оцу хьайн мохь гена хезачу «туьтинчохь» ахь мохь тоха беза, сой, Аюббий шина вагончу воллушехь, со салтий болчу чуэккхар ву, ткъа Аюб, хьо эпсарш болчу гIур ву вагон чохь ши топ йоллушехь мохь тоха, хьоьца цхьаъ накъост ву, соьца а цхьаъ накъост хир ву. Вайшинца тIаьхьа волчу шиммо вагонийн тховх тоьпаш тухур ю, тхойша буьйр делла воллушехь. Омра де, Саламбек, массо а Iадош мохь тухуш: Зеламхан отрядо шуна го лаьцна, вала лууш верг меттахвалахь, массо а вуьйш ву шу алий, Саламбека мохь туххушехь, аш гонаха волчу пхеаммо пхиппа патарма тоха поездан вагонашна тIехула; ша ца кхеттачо юха а хаттал, аьлла, кхетта, цхьабосса кийча ду элира накъосташа. Ткъа Зеламхас шена тIе пагонаш а йолуш инарлин хорма юьйхира, неIарехь болчу салташка шена «чест» дайта ша церан коьрта хьаькам волчуха. Цул совнаха, гелдаганойн Зеламха коьртехь а волуш иcписка елира Саламбеке, цунна т1едиллира, лаьцна нах, цIераш а йохуш, арабовла ала.

Цул тIаьхьа оха машенан некъа йистехь тхешан декхарш кхочушдан цхьацца маьIIехь меттигаш дIалецира, нийсса и кечам бина тхо довлуш, еана поезд схьаIоьттира, Зеламхана тхайна ма-хьеххара тхо цхьаъ санна массо а молха эккхаран хьесапехь тхешан декхар кхочушдан дуьйлира. Дера бакъ ма ду, цо ма-хьеххара чекх ма делира, Саламбека цIераш яьхна пхи стаг охьавосса аьлла динчу омрица уьш пхиъ охьа а воьссира, и накъостий эцна тхо Гуьмсан регIахула Бамата-эвлан йисте дахара, дуьненчу сатосучу хенахь. Эццахь и де садоIуш даьккхира оха. Цигахь а хиллера Зеламхан хьаша. Цо ши уьстагIа а бийна, шортта бепигаш а деана, оха дика садоIуш де чекхдаьккхира.

Оцу дийнахь эццахь тхо массо а цецвелира, гелдаганой Зеламхас ша харачойн Зеламханна хIоттийна сурт дийцича. И дийцина ша ваьлча, гелдаганхочо чIогIа дехар дира шена гечдар, ша чIогIа галваьлла хиллера, кхул тIаьхьа даима хьох дагаваьлла бен ког дIабоккхур бац ас аьлла, шен нанас винчу вешел гергара ву-кха хьо шена тахана дуьйна дIа аьлла, чIагIо йира гелдаганойн Зеламхас.

Зеламхас цуьнга элира, ахь хIун де аьлча, и сан цlеяхар а дитий, хlокху хьо а ца вевзаш, хьуна а ца бевзаш, сийсара хьан а, хьоьца болчу кху накъосташна а дуьхьа бала арабевллачу

кху к1ентийн де ахь сий, кхарна ала баркалла а, хIорш оха балийна накъостий бу хьуна, вайшимма а лара безаш, вайшиъ-м, хьуна ма-хаъара, цкъа вала кечвелла оьрсашна дуьхьал а вуьйлуш вевзина вара, хIорш цхьа а бехк а балаза, Iедална гергахь сов цIена нах бу, ткъа кхара шаьш гучудевр дац аьлла цхьаммо а йина чIагIо а йоцуш, ойла йича шайна тIеэцнарг онда мохь бу хьуна.

Оцу суьйранна тхо Баса-гIала малхбузехьа юьтуш, Соьлжах а девлла, Жалкх олучу хица хьала Цоцин-эвла даьхкина, циггахь дIасакъаьстира. Бакъду, эццахь забарна а доцуш, боккъала Зеламхас а, Саламбека а бехкам бира цхьана а адаме оха лелийнарг дийцича мегар цахилар дIа а хоуьйтуш. Цунах тоам хиллера Зеламхас шен багах дIааьлчахьана.

Эццахь тхо дIасакъаьсташ Зеламхас Аюбе омра дира, вай сагIе хьовзон дитинчу ахчанах тутмакхашна хIоранна цхьацца туьма ахча ло аьлла, и бара цу хенахь юккъера лерича беа уьстаг1ан мах. Цул совнаха, цу накъосташка цо элира: «Шу кийча хиллаш, нагахь санна рицкъа доьг1нехь, вай ваьшна а, боберашна а жимма шайкай ян даха меттиг ю суна хууш, ткъа шух цига вига мега верг, воцург къастон сийсарлерчу Iожална дуьхьал хIиттийра ас. Бакъду, ала хIума дац сан шу кIенташна. Хаалаш, т1аьхьа дика доцуш хьалха деана вон доций.

Шайн юьртхоша шу магорна дара ас шу къастор, хила а хилла шу цара ма-дийццара къонахий. Кестта вай юха вовшахкхетар ду, кIентий, хаалаш, цхьа бере шайн кетIа а веана схьавала аьлча, сан говран ленаш дац я сан бедарш бераша яьхьна ю бохург дош доций, ас кхойкхур ду шу, Iийр ду шу ладугIуш а, кийча а.

Оха и пхи тутмакх схьавоккхуш лелийначу гIуллакххах цхьа а дош олуш а, я газета тIе тоьхна хезаш а дацара. ЧIогIа тамашийна хIума дара иза. Цул тIаьхьа дукха хан ялале тIекхаьчначу Зеламхе ас ма доккха хIума ду, цунах лаьцна хезаш хIума ма дац аьлча, Зеламхас иштта дийцира:

- Дера, Дики, вац вайнахана тIехь кху ДегIастанчохь цу паччахьан инарлаша харцонца бечу ницкъашна тIаьхьа кхиъна вериг а. Гой хьуна, оццу дийнахь-буса Петербухе паччахье дIахаийта декхар дара хьуна оцу Михеевн а, Вербицкийн а и тайпана гIуллакх хилла аьлла. Цу шиммо и лачкъор бахьана цу Михеевн невцана дан догIу таIзар ца дайта ду хьуна, ткъа Вербицкийн боккха аьтто хилла хьуна цу буса оцу поездан коьртехь хилла жоьпе Михеевн нуц хиларна, кхин цхьа а бахьана дац хьуна.

Ас, деха делахь а, цхьа и санна долу бакъдерг дуьйцур ду хьуна.

Сан хьаша вара ШаIми-юьртахь Коврнакъа цIе а йолуш, ша тайпана нихало а волуш. Цу Коврнакъас ас шега сайн бала балхийча хаьттира: «Зеламха, хьуна шото Аьстамар вевзий?» - аьлла.

- Дера вуьйцуш-м хезна суна, гина-м вац иза, - ас аьлча, Коврнакъас и хьуна вовза веза элира соьга. Оцу тхан эвлара харачойх, соьца ломахь хилла воццушехь, исс стаг кегий нах лаьцнера цу Вербицкийс, ас дехар деш кехат яздира, ма хьийзабе бехк боцурш, дIахецахьа уьш аьлла.

Сан а, нехан а дехарш тергал ца деш, и кегий нах дIа а бигна, Буру-гIаларчу набахте чу боьхкира. Кхеташ наб йоцуш, хIума яа ца луш, даима балехь вара со. Эццахь со дан амал доцуш хьийзачу хенахь ас и бала Коврнакъе бийцича, цо и сан бала шото Аьстамаре бийцина хиллера, ткъа шото Аьстамара соьга хаам бира цу Коврнакъехула: «ОнгуштIехь волчу шен хьаша Далаков Довт волчохь хила шина-кхаа дийнахь, ша хьайна тIекхаччалц», - аьлла. Коврнакъин воккха хьаша вара ОнгуштIера Довт. Ткъа Аьстамаран хьаша а хиллера Довтан хьаша. Со сан шина накъостаца цо йиллинчу метте воьдуш даима лелаш кхайлаха некъ бара.

Оцу новкъа тхо ОнгуштIе дIакхача цхьа ши-кхо чаккхарма йиссинчу хенахь чекха хаьхкина бере вогIура цу вочу новкъа нийсса тхуна дуьхьал. Цо а, оха а говраш совцийра, хаттар дира ас, хьо лаа вуй аьлла, цо жоп делира ша шотой Аьстамара цхьана гIуллакхе вохуьйтуш ву, сиха ву ша аьлла.

- Делахь ахь лоьхург тхоьца ву, - элира Саламбека. Цо жоп делира иза а, цуьнца Далаков Довт а, цхьа оьрсийн эпсар а вайна гена боццуш бу, хаьа шена, куц дийцарехь Зеламха хIара вуй аьлла и цунна маракхийтира.

- Зеламха, хьо сайна ца гуш со валарна кхоьруш, оццул хьо ган сатесна вар-кха со. Со оцу шото Аьстамаран уггаре гергара стаг ву хьуна, со мухха велахь а, доьналла долу нах безаш вара, и дара даима сан дегlан лазар, ткъа гуттар хьо ган лууш со хилар хууш волчу Аьстамара хьога кхаъ баккха, сиха хьо валош а вола аьлла, новкъа ваьлла вогlура со, хьуна дуъхьалкхета мега а ма аьллера цо соьга, цо ма-бохху хьо дуъхьалкхийти. Ткъа юххехь льттачу Саламбека боху, алал сихха, хIун кхаъ бу ахьа беанарг?

- Дера кIентий, цхьа кIира хан хила мегара цу шото Аьстамара тхо, шен уггаре а тешаме ши накъост юххе а ваьккхина, оцу Буру-гIалахь, цу гIалин юкъахь инарла-эла ларвеш (юкъа а иккхина, Аюба элира: доьлхаш дийца вай, мегар ду аьлла, тхо дIадуьйладелира).

И эла, тахана шен доьнчикаца цхьаьний а волуш, Беслане сакъера воьдучуьра Аьстамара схьа а валийна, хьоьга хаийта аьлла вогlура со-м, аьлла, цо шен динна гош таIош шена тIехьа яхкийта шайн говраш аьлла, тхо дIалилхира, ткъех минот ялале тхо тIекхечира садоlуш Iачу кIенташна. Тlекхоччушехь Зеламхана салам делира: «Ассаламу Iалайкум, суна дукха вуьйцуш хезна шото Аьстамар», - аьлла. «ВаIалайкум салам, харачойн Зеламха», - аьлла и шиъ вийцаза вовшийн вевзира.

Эццахь ши кIант вовшийн мара хьаьрчира. Зеламхас элира: «КIентий, олуш ду, ма войла нанас дена яхь йоцу ва кIант, вича а ма вехийла де делкъе даллалц». Ши накъоста, вовшийн ганза ткъе итт шо даьлча вовшахкхетта ши доттагIа санна, вовшех ца къаьсташ марахь гIехь хан ялийтира. ТIаккха Аьстамара, охьахаал, Зеламха, оцу сан метте аьлла, шен верта гайтира Зеламханна. «Аьстамар, хьох лаьцна илли олуш хезна суна хIинцачул бархI шо хьалха, со обарг ву аьлла аравала пхи шо хьалха. Бакъду, тIехьаьжна-м хьо сол къона хета, дика къонаха цкъа а къан ца ло олуш ма хезна суна, со хьол баьрче вер вац хьуна, хIинца хьо ма ву сан хьаша». «Уьш дуьйцур дац вай, хьалха хьо охьахаа», - аьлла, Аьстамар а, Зеламха а, кIентий а охьахевшира. Аьстамара дIадолийра: «Зеламха, хьан хьашас, сан гергарчу стага Коврнакъас дийцарх бехк боцуш исс жима хьан юьртахо лаьцна Буру-гIалахь ву аьлча, ойла а йина, цхьана бахьанийца хила дезар-кха хьо санна волу кIант вовзар аьлла, ас и дIо хьуна гуш волу паччахьан бIон эла валийна, оцу кегийчу нехан рицкъа хIара бахьанехь цу набахтера арадер ду аьлла тешна ву со, хиндерг хаац.

Юха юккъехь делахь а, со а, сан ши накъост а оьрсийн маттах дика кхеташ вац, нагахь шаьш кхааннах оьрсийн мотт хуучо кхетаве и оьрси, ша хIунда валийна дийца цунна, дог иккхина валлал холчохь ву и, ша вуьйр ву моьтташ». ТIаккха Зеламхана омра дира Аюбе, хьуна оьрсийн мотт шера хаьа, цуьнга къамел дан сан бакъо яц, и къиг лаьцнарг хIара Аьстамар ву, кхо хьайга ма-аллара кхетаве иза аьлла. Аьстамара элира: «ХIай Зеламха, ас хьуна совгIатана лаьцна хилча, хьачул бакъо хьенан ю?» ТIаккха накъостий гlехь бийла а белла, Аюб тIевахара эпсарна: «Хьо лацаран бахьана хIун ду аьлча, шун коьртачу хьаькамо цхьа а бехк боцуш итт де хьалха лаьцна валийна Буру-гIаларчу набахтехь исс жима стаг ву, ткъа уьш ахь схьахецийтахь, хьуна маршо ю, хьо хьайн доьнчикаца пайтонаца дIавохуьйту. Ва амма уьш схьа ца хецахь, хьох хиндерг тIе ца лоцу» аьлла. Аюба ша кхетийча, и жима эпсар кхетта малх санна самаваьлла, къамеле велира Аюбаца. Цо элира: «Ша х1ун чIагIо йича тешар бара х1ара накъостий?» ТIаккха Аюба Аьстамаре хаьттира, х1ун олу вай кхуьнга.

Аьстамара шен накъостера шекъа, къолам, кехат схьа а эцна, дIаделира цу эле: «Х1инца яздел: иштта ткъе диъ сахьт далале ахь и лаьцна харачойн исс жима стаг схьахецча со дийна вуьту, ца хецча со вуьйш ву».

Цунна тlетохал: «Уьш дlахеца аьлла динчу омрин копи суна схьаяийта, хIорш цунах а ца теша, царах цхьаъ хIокху вайн кучерца ахь схьаваийтича бен» дIа а яздина, шеггара тIетуьйхира цо: «папа, кху кехата тIера шекъа сан бlаьргех ихначу хиша даржийна ду хьуна, бехьа сох къинхетам», аьлла. Цо яздинчу кехата тlе Аьстамара Зеламхера схьа а эцна «Зеламхан харачоевски» аьлла долу мухIар тIетаIийра.

И кехат чехка дIахьолахь олуш, кучере омра а деш, и схьакхаччалц Зеламхас а, Аьстамара а цхьацца хьекъале х1умнаш дуьйцуш, генна ха хIоттийра, тlе хIун кхочу хьажа.

Оха цхьа кхо-диъ сахьт хан яьккхира дIахьажийна кучер вуха кхаччалц. Шото Аьстамара шен шина накъосте омра дира, хьажал, кхалла хIума хIун ю аьлла.

Эццахь дуург-мерг хьалха а диллина, кIентий къамеле бевлча, шото Аьстамара харачо Зеламхе дийхира, пурба ло шена, ша воккха хиларе терра, хьалха къамел дIадоло. «Пурба ду хьуна, дош хьан ду, - элира Зеламхас, - кIентий, дика ладогIал».

Аьстамара дIадолийра: «Тахана со кхузткъа шарал тIехваьлла, бакъду, хIинцца бен дуьненан ойла ялла хилла а вац, жимчохь хьекъал массарна а луш дац, бIенна юкъахь цхьаъ я шиъ нисло ша жимчохь дуьйнна хьекъале волуш. Гой шуна, накъостий, жимчохь сайна эхь ду моьттуш, стаг сайл дашна тоьлча - тахана ас ойла йича сов сонта хIуманаш дийлина сан карах - хилла вер-ваккхар а, дуккха а сол тоьлаш къонахий бара шуна со бахьанехь кхелхинарш. Зеламха, ахь боху, хьох лаьцна иллеш а хезна хьайна, хьалхенгахь дера ца хилла хьуна иштта долу хьал сан доьналлийца, и ду хьуна оцу сан карахдевллачу хIумнашна суна геч а деш, цу наха вина стаг ву хьуна со. Ша нахал тоьлла хетта волавелларг уггаре а шена ледара хетачо юьхьIаьржа хIоттош ду кху дуьненан гIиллакх. Дуьхьал хестор ледара делахь а, Зеламха, хьо сайна ган лиъна хилар сан хIун дара аьлча, суна хаьара хьан гергарчу нахехула ахь хьайн цхьа толам хиллачохь олуш хилар, «хIан-хIа, и сан толам бац, и сан накъостийн хьуьнар хилар ду» олий, уггаре а суна хьо ган лаар и дара. ШозлагIа дерг ас дуьйцур ду хьуна, сан цхьа дика дин бара Зумсарчу Дадин кIантера Iумарера бIе ка а белла эцна, шен йоргIа цо хьаькхча, мел чехка дин а ца богIуш, чехка йоргIа яра цуьнан. Цу динах чIогIа сакъералуш, со вара МартантIе Iахин Яха йолчу жимма пондар а локхуьйтуш, коьртера дуьненан гIайгIа-бала байбан а беза-кха аьлла, сайца и Iаш волу накъост Солта а волуш, ЧIишка кхоччуш воллуш охьавоьдуш. Ткъа Органчохь, шайн говраш яжа а лаьхкина, хевшина Iара сан юьртахой – шотой, уьш сол баккхий бара, баккхий ца хилча а масех стаг цхьаьний а волуш, царна говрара ца вуссуш тIехвалар гIиллакхе а ца хетта, со говрара воьссина, Солтица царна тIевахара. Эццахь ас хаьттира, шу лаа дуй аьлла. Цара элира: «Дера тхо тхешан картол, нехча, даьтта, кхин ерг а йохка Соьлжа-гIала дахана ма догIу. Хьайн хьуна, мел боккха кхаъ бу, эццахь тахана вайн адмашна берг». – «И хIун ду?» - «И дера ду ворхI де хьалха ворхI бер дуьсуш вайн эвлара цхьа зуда а юьйш, вуьрхIитта-берхIитта зуда а, бераш а дайинера, хьуна ма-хаьара, паччахь инарлас омра а дина гIалахь. И болх биний хиъначу харачо Зеламхас селхана Къеда-юьртахь поезд а сацийна, шайн сакъера боьлхачу паччахьан эпсаршха вуьрхIитта-берхIитта охьа а ваьккхина, царна дуьхьала байина, и цIена бакъ ду. Бакъду, тхоьга гIалин юкъа ма гIолаш вайнаха аларна, тхаьш яьхьна хIума йохказа Чечанахь охьаеххина тхо цIа догIуш ду».

И кхаъ баьккхинчу цу дийнахь бен шед а тоьхна, гош таIийна вацара со сирчу бокъана. Эццахь Дубин-эвлах со тIех а иккхина, хьан юьхь ганза Iийр ма вац аьлла, Шела дIавоьдуш хIара сан накъост Солта хьаьжча ма-ггу суна тIаьхьа вара. Бакъду, Шелан йистехь хIара схьа тIе а кхаьчна, цу Шеларчу уггаре коьртачу нахаца цхьа гергарло доцуш хир воций а хууш, ас хьо хаьттира. Со дика шайна вовзаре терра, соьга элира:

«Аьстамар, хьо муха веана, хьуна хилла кхаъ а хаьа шена. Цул совнаха, вайнахана и Зеламха санна, дан гIо долуш хьо вуй а хаьа суна, нагахь ас аьлларг айхьа дийр делахь, цу Зеламхана цхьа де эшначохь цуьнга диканца баккха цхьа кхаъ а болуш бен хьо санна волу кIант лелуьйтур вацара ас и Зеламха лоьхуш». Цу шелахойн а, йоллучу ДегIастанан а коьртачу стага соьга сайга аьлча ойла а йина, мел доккха хьекъал ду и аьлла, дера бакъ ма ду иза, ас хьан гергарчу нахе Довте а, Коврнакъе а цу Зеламханна тIе со мичахьахула гIур вар-те аьлла со дагаваьлча, цу шиммо хьоьгахь и Харачойн бехк боцуш лецна исс жима стаг бахьанехь болу бала бийцича, цу Буру-гIалахь уггаре а кура эпсар лаца нигат а дина, хIара борхIалгIа де ду ас, сан накъоста а дика наб янза. Бакъду, оцу коьртачу хьаькаман уггаре а гергара стаг ву боху и дIо лаьттарг, цуьнах дарба ца далахь, кхин цхьа хIума ду вайн дан йиш йолуш... Бакъду, Шелахь тхойша малх дIабузу хене велира, ткъа кхин а алсам лиира суна Нохчийчохь уггаре а пондар дика локхуш йолчу Iахин Яхега пондар лакхийта.

Ас Солте омра дира, суна тIаьхьа яхийта хьайн говр, шед кховдош аьлла. Тхойша нах бийшале дIакхечира МартантIе. Хьаьккхина Яха йолчу чу а вахана, ас элира: «Бехк ма билла,

Яха, хьайн керахдалахь, дог а даг1ахь, цхьажимма хьоьга пондар лакхийта веанера тхойша»… И-м халаниг дац аьлла, Яхас, шен пондар схьа а эцна, сов хаза ши йиш лекхира, царах цхьаъ, Зеламха, хьуна яьккхина йиш яра. ТӀаккха Яхе жимма садаӀа аьлча, цо пондар охьабиллира. Ас цунна тӀаккха дийцира: «Яха, таханчул некъ тайна де деана дац сан а, Солтин а. И хьан беркат лору ас. ХӀунда аьлча, тхойша де гӀехь меттахӀоьттинчу хенахь бен Шуьйтара охьа а ца ваьлла, ахьа локху эшарш дагаяьххкина, цига гӀой вайша аьлла. Ткъа ЧӀишкахь Органан тогӀи чохь садаӀа севцначу юьртахоша кхаъ баьккхина, Соьлжа-гӀалахь керла хӀун ду аьлча, «дера селхана Къеда-юьртахь цӀерпошт а сацийна, цу тӀера вуьрхӀитта-берхӀитта эпсар охьа а ваьккхина, Зеламхас уьш байина ма боху, хьастагӀа базарахь байинчу вайн зударийн, берийн дуьхьал». Эццахь цкъа цу Зеламханна баркалла а олуш, цунах бӀаьрг тоха ма беза вайша и Нохчийчохь велахь аьлла, тхойша и мичахь ву хаа хьакъ волчу шелахочунна тӀе вахча, цо цхьа хьехар а дина, и нийса а карийна, вовшех вуха дага а ваьлла, вайша араволуш дан дага лаьцнарг дей вайша аьлла, тховса чӀогӀа самукъадаларна веана тхойша. Яха, ахь и Зеламханан йиш лекхча хьоьга ма-дарра дийци аса иза. Со Дала кхоьлличахьана тахана хилла кхаъ хилла а вац-кха со, мел боккха мохь бу цу Зеламхана Нохч-ГӀалгӀайн яхь йолчу кӀентийн гира охьабиллинарг. Яха, юха а лакхахьа цу кӀантах лаций йиш». Иштта аса аьлча, Яхас дийцира: «Дера, Аьстамар, шовзткъа шо хан ма ю, со ворхӀара яьлчахьана, аса пондара локху. Цхьаьна суьйранна эпсарийн пайтон а яийтина, со йигира Суьйр-коьрта КурумовгӀаьрга баьхкинчу сов курачу хьаькамашна пондар лакха. Цу чу ялийра вайнехан йиъ йоӀ. Уьш охьа ца ховшош ирахь бара. Ткъа хьаькамаш нохчий бара. Нагахь гӀалгӀай хилча-м церан-м мехкарий ирахь латтар шайн Ӏадат дара. ГӀехь царна пондар лоькхуш со Ӏачу хенахь, кхоьллина Ӏаьржа верта а долуш, салам делла, цхьа стаг чувеара. Ши хьаьком меттах а ца велира, со хьалагӀаьттира. И стаг жимма дӀаса а хьаьжна, цу шина хьаькамна тӀехьа таьӀ1аш охьахиира. Цхьаьна хьаькамо соьга хелхаран йиш лакха а аьлла, важа хелхавелира, вукхо тапча кхоьссира цу чохь. Хелхаран бал сецча и тапча кхоьссинарг чуваъннарг хиллера, ткъа коьрта хьаькам карзахвелира тапчийн бакъо схьало аьлла. Вукху хьешо сов оьзда дехар дира, ма дийцахьара хьаштдоцург, хьан тапча харц хилча, хьо юьхьӀаьржа ца х1отто кхоьссира аса. Ӏе Ӏадда кхузза аьлча а гӀуллакх ца хилира. Ткъа хьешо пархъаьлла кочара верта дӀа а кхуссуш, деши санна къегаш йолу иттоза йолу тапча схьа а ерзина, воккхачу хьаькамна нисса дуьхьал юьхьа тӀе а йерзийна жоп делира: «Оцу тапчин ахьа доьху кехат х1ара ду» аьлла. Эццахь хиира цу хьаькамна и Зеламха хилар, цо и охьахаа, баьрче вала аьлла хьовзийча, цу шинга бехк а баьккхина, охьахаал йиъ йо1 аьлла, мехкарий охьа а ховшийна, Зеламхана элира: «ХӀинца д1алакха, пондарча, и пондар», - аьлла. Дера, Аьстамар, бакъ ма ду, ас оцу шовзткъа шарахь лекхна ма бац цу буса санна сакъералуш пондар. Ахь тховса Зеламхана дина гӀуллакх дуьйцуш баьккхинчу кхоана, цу буса санна тховса а локхур бу ас х1ара, аьлла Яхас хьан йиш а локхуш, пондар лекхир-кха, ва Зеламха.

Эццахь сов чехка кехатца схьакхечира кучер, шеца цхьа жима стаг а волуш. И жима стаг хиллера Ахьмад. ТӀаккха цу жимчу эпсарна тӀе а вахана, Аюбе талмажалла а дойтуш, Аьстамара цуьнга элира: «Доьху хьоьга бехк ца биллар, хьо жима стаг ву, хьажал хьо, шун коьртачу хьаькамо дан амал доцчу гӀийлачу адамашна тӀехь беш болу харцонашца ницкъаш. Цо бехк боцуш чу буьхкучу нахе, йохуш йолу тӀехь йоцу ясакхаш, ткъа ша лаьцначу тутмакхашна жӀаьлешна ша луччул а хӀума ца луш. Эхь дац иза? Оха тхаьш юучуха ца ваьккхина хьо я хьан хаза хорма а ца яьккхина схьа, хьо а ма вара тхан тутмакх, бехк барий хьан, алал бакъдерг?» - «Бацара». - «Дика ду, хьачул бехк боцуш хьийзабо-кха тхан зударий а, бераш а, баккхийнаш а оцу шун коьртачу хьаькамаша». Иштта дӀадел цуьнга къамел. Эпсаро элира: «Тахана дуьйна дӀа сайн ницкъ кхочург г1о дийр ду-кха аса шуна, дера аша со дийна вуха воьрзуьйтур ву аьлла дагахь ма дацара, шуна баркалла», - аьлла, эццахь и ала догӀург а аьлла, дӀахьажийра. И бахьана хӀоьттина исс жима стаг инарлас Михеевс схьахийцира. Эццахь Аьстамар къамел дина ваьлча, харачойн Зеламхас, бехк ца биллар а дехна, ша а хир вара вист аьлла, къамел долийра: «Шото Аьстамар, ас санна сий дойла хьо кхоьллинчу Дала, тахана со а, вайнах а бахьанехь ахь Ӏожална кӀел хьайн корта а биллина, де-буьйса а ца лоруш, хьайца со бахьанехь паччахьан Ӏедал эгӀош, тахана ахь дина вошалла со

коша виллалц диц ца дан хьожур ву. Со цIенна хууш ву хьуна ахьа вайнехан боберашна, бисинчу зударшна бьакххина мел, дина гIо тахана ас хьуна хьалха дийца оьшуш а дац, делахь а кху накъосташна хозуьйтуш ала лаьа суна бакъдерг. Цхьа кица ду вайн дайн: «Х1унда гIерта кегийнаш керла некъаш дахка?» Атта ма дара царна шайн дайша-къонахоша дехкинчу новкъа лела. Суна тхешан дедас а, дас а хьалха паччахьан Iедална дуьхьал къийсам латтош гIийлачийн гIо деш, тоьллачийн пусур ца деш, шайн синош гIийлачу вайнехан дуьхьа дIаделла лелла болчу нахах лаьцна дийцина, цаьрца хилла тхан юьртахой Атабай, Айдамир, Эски, 1усман а, кхиберш а.

Тахана санна дагадогIу суна со цIахь маьрша волуш хьох лаьцна илли аьлча тхан дедас БIехос хьуна деш хилла доIанаш: «Дала аьтто бойла цу кIентан, доллучу нохч-гIалгIайн халкъан сий ду-кха иштта къонаха валар» бохуш. Бакъду, Аьстамар, вай дийна хилахь хIара санна доккха гIуллакх ца далахь а, сайн ницкъ а, дегI а ца кхоош иштта гIуллакх хьан юьртахошна т1е цкъа а ма кхочийла, нагахь кхаьчча ахь тахана сайн юьхькIайчу х1оттор диццийр дац аса, и чIагIо-м йийр яра аса. Аьстамар, тхан вара цхьа Iаьрбойн дешар лакхара дешна а волуш, ша вуьззина къонаха а волуш Дибир цIе а йолуш юьртахо, цо олура: варий-лахь, айхьа ца ден дерг я дан ницкъ боцург хьайн багах ма далийталахь. Амма дош аьлла хьо ваьллехь, цу дашна тIера ца волуш эццахь и кхочушдан гIерташ вала а мегар ду хьуна, олий. Юха цхьа кица ду Iаьрбойн: «Мел говзачу лоьро а, шен коьртах цамгар кхетча, кхечу лоьре орца доккху» аьлла. Дера, Аьстамар, вацара со кху балхана, ойла ярах, хьекъал кхочуш. Хьуна хезна хила а мега, цхьацца нехан меттанаш сов а девлла, цIенна хьарам стаг хилар а хиъна, оха и Месяцов боху хьолада вигира йийсар дина, бакъду, хьалха орцаш а дохуш, цIеххьана схьалаьцна дIа а ваьхьна, цунах мах баккха тхан хьекъал ца кхечира. Ткъа тхан кечам боций а хууш, ша вуьгий а хууш, цо шена орца кечдина хиллера, и иштта нисдаларна цунах чIогIа зулам делира.

Гой хьуна, хьан кхаьчна хьекъал. ХIара ахьа лаьцна эпсар кхуьнан кучер воцчунна цхьанна а хууш доцуш нисделла. Цундела тахана сов паргIат гIуллакх хили кхунах. Делахь хIинца вовшех къастаза деврдац вай. Аьстамар, хьуна соьгара гIайгIа йиначу Коврнакъайна а, хьан а, сан а хьаша волчу Довтана а хуур ду вай вовшийн ган хьашт долчу хенахь вовшийн мичахь ду. Аьстамар, кхин мел мехе ер-м ца хаьа, тахана бархI баьIа туьмане яьллий хаьа суна сайн цIока, наха дийцарехь, цундела жимма хьожуш ца лелча вер вац. Дала диканца вовшахтухийла вай аьлла, харачо Зеламха, шото Аьстамаран Iодика а йина, дIавахара.

Бакъду, ва Дики, оцу Къеда-юьртахь оха поезда тIера охьабиссийна тутмакхаш а, цул совнаха, и Михеевн нуц лаьцна валийна суна Аьстамара совг1атна велла схьахецийтина исс харачо жимастаг а, цхьа а гIовгIа йоцуш дерза бахьана а ма дацара, цу шине а меттехь нисвелларг оцу инарлан Михеевн нуц ца хиллехьара. Кхин цхьа а бахьана дацара хьуна, боккъала аьлча, ша оцу лецначу нехан рицкъа оцу набахти чуьра арадалар доцург.

Дера, Дики, цу инарлан нуц и исс харачойн кегийнах схьа ца хецахь вуьйш ву аьла яздинчу кехата тIехь дерг сан мухIар ма дара. ЦIенна хаьа суна хIинца и паччахьан хьаькамаш сан доьзалан коча гIертар буйла. Кхечухьа дIабигаза бевр бац, бакъду, эццахь шуьгара накъосталла оьшур ду суна.

# Жимчу Атаг1арчу Дикин къамелан шозлаг1а дакъа

И Зеламха, шеца Саламбек а волуш, веана кхечира тхан х1усаме ша дIавахана итт де долуш, чIогIа шийла ирча суьйре яра, цу шимма со вахийтира Аюб схьавало. «ДадагIеран чохь ву хьуна иза, ша цигахь садо1ур ду аьллера цо». Со чехка вахана, цигара Аюб валош схьавеара. Вистхилира Зеламха: «КIентий, Iа шийла ду, хецца боккхачу новкъа а баьхна, доьзалш дIасакхалхабойла дац. Уьш жимма йохъяллалц Iадда бита беза боху вайн гIайгIа болчу баккхийчаша а, и иштта бакъахьа хеташ ша а вара». Саламбека а, Аюба а и тIетадира.

«Цул совнаха, - элира Зеламхас, - шуна ма-хаъара вай цхьаьний а, ас айса а нийсса баттахь къахьегна и Вербицкий боху зуд ден гlерташ. Вайна цlенна хаьа цуьнан хан кхаьчна ца хилча и вуьйр ву бохург эрна дуй. Цундела ас шуьга, хьалха ма-аллара, цунна дан дезарг хlун ду аьлча, цуьнан социйла а, хIоттийла а дайа деза, Iедална дIахуур ду и куьйгалхо воцийла, цуьнан куьйгаллин кlел йолчу меттигашкара вай банкаш хьош, туьканаш йохош, почта лела ца юьтуш. Иштта цхьацца белхаш бан беза вай, цу тайпана и вайн нехан кочара ца ваккхахь, цо ден зуламаш ирча болх бу. Гой шуна, хlун бахьана долуш лоьцу цо и адамаш? Хlун бахьана долуш дайина цо Гуьмсехь вайн адамаш?

Суна цlенна хууш нохчийшкахьа волчу хьаькамо дийци Вербицкийс шега и адамаш хlунда дайина ахь аьлла дехначу жоьпана, «обаргаш цу базарахь а нисбелла, ца хууш кхетта маьршачу нахана», иштта делла боху цо шена кlелхьаравала жоп. Цундела тахана и цхьа жlаьла вайга кху вешан махкара дlа ца даккхалахь, вайн мах эладитанаш лелочу зударийнчул кlезиг хета суна». Цу юккъех Саламбека элира: «Ва Зеламха, суна бакъо лохьа, ас хьаькккхина чу а вахана, шен чохь вуьйр ву-кха иза». - «Дера, Саламбек, ахьа бlаьрга негlар ца тухуш и дийр дуйла ма хаьа суна а, Аюбана а, делахь а, гой хьуна, вай вешан синош доьхкина дала арадевлла ду, ткъа вай бехк боцу маьрша адам хIаллакдича вайн сий довр ду. Гой хьуна, цу Вербицкийн чу хьожуш чохь гуш зуда а, бераш а долуш Iийна со цу чу топ тоха ца лууш, бехкбоцчунна кхетарна кхоьруш. Цул совнаха, аса цуьнга кхузза кехат яздина церан лакхарче хаам беш и ахь юьйцу баба ю со аьлла. И сан кехат шега кхаьччахьана хаьа цунна ша маьрша воций, цул совнаха, хаьа цунна вай Добровольскийга, Галаевга, кхечаьрга дина дехарш, царах хилларг а. Ткъа цу мекарло йолчу инарлас лелориг цlенна суна дийцина, цо хlун до аьлча, ша цхьанхьа воьдуш шена гонаха кхалха салтий хlиттабо, цу салташна тоха маггане а мегар дац. Паччахьан Iедало ткъе пхеа шарахь хьийзош лелош цхьа а бехк боцуш болу пекъарш бу уьш.

Кхин цхьа хlилла а ду цу зуьдехь, цо ша малхбалехьа воьдуш и ца дуьйцуш, малхбузехьа воьду ша олу. Ша дlасавоьдуш хилча ялх де даьлча гIур ву алахь, иттех де даьлча воьду я хан тlехъяьлча бен ца воьду. Доцца аьлча, мукадахкан санна ду цуьнан хIилла, мукадахка ша чу баханчохь ара ца болуш, шен кхин 1уьрг лохуш, цкъа баханчу новкъа лелаш бац. Саламбек, и Вербицкий везаш и ларвеш-м бац хьуна и салтий. Делахь а закон леладо цара, гой хьуна, и жlаьла ден а дийна, хьо араволуш хехоша тlехьашха тlетоха тарло. Суна-м Къуръанор хаьара, ахьа ца кхоьруш хlуъу дийр дуй. Делахь а дуьтур вай хIинца, Саламбек, ахьий, Аюбас хIун де аьлча, шаьшшинна чай а мале, тховса оцу вайн Къеда-юьртахь лецна нах схьа а бохуш, цига бигначу нахах кхета, хlунда аьлча, царна вай дош дела, цхьа хlонс яхьаш шу диццийр дац аьлла. Бакъду, ала хlума доцуш майра кlентий бу уьш. Шуьшиъ тховса вахана гlой ала цаьрга, кхана суьйранна бода булуш хьалха вай вовшаххкхеттачу меттехь хила алий, ткъа кхана сарахь Соьлжа-гlаларчу вокзалан кассехь (аьчкан некъан вокзал) хила деза вай, кlентий. Суна цlенна хуучо бина хаам бу, цигахь шина кассехь нийсса итт дийнахь гулдина ахча ду, и ахча вай Дала мукъалахь схьадахьар ду, цхьа а новкъарло хирг ца хиларх тешна а ву со. Саламбек, Аюб, цаьрга ала дезарг шуьшиъ хууш ву, ткъа вайца ван йиш йоцуш, хьанна хаьа, хила тарло, аш цаьрга дуьйла ма аьлла.

Цул тIаьхьа Белгlатара Махьа волчуьра схьа а эций, и гlирс вай вовшахкхетачу охьабилла, цхьана къайллехьа куллахь. Ши де хьалха аьлла соьга, массо а вайна аьчкан яьшка йохон оьшу гlирс - шиъ лом, эчиг хадон цIокъболатан жIов ю. И боцуш йиш йоцу гIирс кийча бу шуна. Цуьнан хилахь эчиг хадон даlам, шиъ делахь а, далаш. Эццахь ас элира, Зеламха, со ван мегар дарий-те тховса шуьца. Исал, Дики, хьол воккха ву, ахьа хlун ден аьлча, х1окху эвлара массо боберан, доьзал боцу баккхий нах, зударий, доцца аьлча закат догlу доьзалш кхана аравалий билгалбаха. Хьо вига меттиг сан йолуш ю, уггаре дикачу хlонсе вуьгур ву ас хьо, хан дехьо яьлча.

Оцу сахьта шайна тхан несо йина хlума а йиъна, Аюб, Саламбек дlатилира. Зеламха, даима санна, шен хьешацlа чохь садаlа паргlатвелира. Бакъду, буьйса еха елахь а, суна наб ца кхеташ Iачу хенахь, сахуьлуш, даима санна, хIума туьйхира. Со, араэккха кийчча Iаш волу, чехка аравелира. И шиъ аса хьешацlачу вахийтира. Цу шиннан говраш тlера гlуьттуш дохк

санна Iаь яра, уьш оцу хьолехь дIайоьхкийла дацара. Уьш жимма дIа-схьа а оьзна, хьацар дакъа а далийтина, нуьйраш схьа а эцна, царна тIе цхьацца тиша верта а тесна, уьш паргIатъяьхна чу вахча, цкъа а наб ца кхетча санна, Зеламхас элира, дийцал Исалина, шаьш суний, Дикиний ма-дийццара. Саламбека тIаккха дийцира, вайн накъостий кхана суьйранна йиллинчу меттехь кийчча хир бу аьлла. Исал, ткъа эчиг хадон мел оьшу гIирс, охашимма БелгIатара схьа а беана, тхаьш вовшахккхета доллучу охьабиллина. Оцу гелдаганойн Зеламхане тахханехь дIаала аьлла стаг а вахийтина. Нагахь каравахь иза а хир ву, ца каравахь вайн шийтта накъост волуш ву, говраш дIалаца кхо накъост а ву. Кечам болуш бу. Делахь вешан Iуьйра ламаз а дина, кху шинга садоIуьйтур вай аьлла, Аюб, Саламбек садаIа витина, Зеламха соьца шен гIуллакх ду аьлла, тхойшиъ кхечахьа вахара, эццахь цо суна юха а тIедиллира: Исал, ахь хIун де аьлча, Йоккхачу АтагIара Таманий, Атабиний дика бевза хьуна дан амал доцу доьзал, бобераш, баккхий нах, зударий, уьш берриге а яз а бай схьавола. Нагахь тхан гIуллакх нислахь, кху шина юьртарчу цхьацца нехан цIарах ду аьлла, сагIадоккхур ду вай кхана сарахь оха яхьаш йолчу хIонсах. Хаалахь, Исал, хьаьнг-хьаьнга а дийца йиш йолуш и даций.

Суна дика вевза хьуна кху эвлара Дада, шел хьанал стаг хир воцуш, хьанал а, тешаме а ву хьуна иза, церан нах суна дика бевза, сан уггаре а гергара нах бу уьш, тхан юьртара цхьажимма хьалха веана и кху эвла, цунна хуур ду хьуна кху Жимчу АтагIахь сагIа хьанна дала деза. Иштта деана ахча я деши ас сан доьзална хене бовла бен хьуш дац, адамех къахеташ хIара сан ши накъост а ву. Амма, бакъду, тхаьш бахьанехь Сибрехь рицкъа язделла болчу нахана гIо до оха, ткъа церан доьзалашкахь хало а ца хьоьгуьйту юучуьнца. Кхидерг даима боберашна дIаделла оха, цхьа бакъду, Iедалан налог такха де доцчунна гIо а дина, цул совнаха, дуккха а меттехь некъаш дахийтина, хиш тодайтина, наггахь кхечу наха некъаш доккуьйтучохь дукханхьа дакъа а лаьцна. Исал, со-м тховса ву а, кхана ву а ца хаьа, цундела хьо бакъ стаг хилар сайна хаарна, ас хьоьга ма-дарра дуьйцу тхаьш деш дерг.

Iуьйре серлаелира, Зеламхана соьга диг схьадал аьлла, диг схьа а даийтина, ша мукъа Iан Iемина вац аьлла, дечиг даккха хIоьттира, аса ца оьшу боххушехь. Оцу хенахь ас говраш хи тIе а йигна, хи а малийна, царна хIоъ а белла, со паргIатваьлча, хьешо цхьаьна кIиранна даггол дечиг даьккхира, и дечиг доккхуш воллуш цунна гонаха хьийзара кхо шо сов хан йолу тхан вешин кIант Ваха, ваша, ваша, суна ши салаз ехьа боху и кIант хьоьстуш, хьо санна маьрша салаз хахка йиш йолуш-м Мохьмад, Iумар-Iелий а велара, йийр яра дера-кха сов хаза-м, аьлла, Зеламхас Вахина ши салаз йира. Цул совнаха, тхан кертаца долчу докан дечган ши хIоз а бира. Оцу хенахь Дикис тилийна уьстагI кхеххкийна, тхан несо хьолтIамаш а йина, Саламбеккий, Аюббий сама а ваьккхина, юург йиира кIенташа. Цаьрга шайн садаIа аьлла, со сайна Зеламхас тIедиллинчу гIуллакхе вахара.

Бакъдерг хIунда ца дуьйцу, айса и гIуллакх кхочушдеш лелаш, эрна дуй-те кхара лелориг, кхаьрга муха далур ду аьлла хетара. Со делкъа ламаз динчул тIаьхьа дукха хан ялале сайн декхар кхочуш а дина, цIа веара. Со цIа кхаьчча Аюб, Саламбек вижина вара, ткъа Зеламхий, Дикий салаз еш вара. Бакъду, цу салазан гIирс охьа а биллина, и ян ца хууш, тхойша нахе салаз йоьхуш лелаш вара. Салаз йина а яьлла, цу тIе ретингаш а тесна салаз дIахIоттира. Цул тIаьхьа ас Зеламхан омрица Аюб, Саламбек хьалагIаттийра. Цу шимма элира, хIокху шина баттахь тахана санна наб йина яц-кха шаьшимма аьлла. Зеламхас цаьрга забар йира, дера вацара шун хехо тахана шуьшинна тIе хIума дуьтур долуш. И-м тхойшинна а ма хаьара аьлла, цул тIаьхьа шайн ламазаш а дина, хIума а йиъна, шайн кечам бан буьйлира, уггар хьалха шайн топ-тапча цIанъеш. Цул тIаьхьа даьтта хьаькхира, юха а якъа а еш тIе хIума а хьаькхна, къамелашка бевлира. Схьадийцарехь, хIорш кхоъ шайн хилла цигара керла хIуманаш дийца буьйлабелира.

Уггаре хьалха Саламбека дийцира: «Со тхешан юьртарчу хьешан гергара стаг волчохь вара, цига со волчу ас кхайкхира цу эвлара юьртда, и вара керла хIоттийна. Ас цуьнга хаттар дира: «И Iиса дIа хIунда ваьккхина, цуьнгара хIун даьлла?» - аьлла. Цо дийцира: «Кхин цхьа а бахьана дера дац, цхьа бакъду, цу Iисас хьалха и Вербицкий я кхиверг а веана, цхьа лартIехь доцург цара де аьлча, адмаша дуьхьало йича я яла налог яц аьлча, я стерчийн ленаш

дац аьлча, цу хьаькамашна хьалха Іисас нахана шед еттара, ткъа цунна дуьхьало йича Іедало бехк буй-бац ца хоьттуш, дІа а вуьгий, ор чу вуллура я набахте дІавуьгура. Ткъа кху деношкахь тхан юьртана чу а баьхкина, нахе тІехь йоцу налогаш, гІуданаш дала деза, эскар кхаба деза аш, ца кхабахь хаьа шуна шайна ден дерг аьлла, инарлас Вербицкийс, кхечо аьлча, хьалха санна шен шед а айина чуьра-м муххале а ца велира Іиса, мелхо а цаьрга дерг-доцург дІадийца волавелира.

Эццахь «ах ты турок», аьлла човха а вина, уьш и дІа а ваьккхина, дІабахара. Цигахь вара суна хьалхе дуьйнна вевзаш волу талмаж, вайнехан мотт шерра хуу х1ири, ткъа цо эццахь цаьрга соьх ша жоп ло, ц1ена стаг ву, х1ара хІотто веза аьлла, суна цІе а тоьхна, уьш д1абахара, хаац, мел хир ю х1ара ц1е соьгахь», аьлла. Ас цуьнга хаьттира: «Ткъа х1ун бахьана ду-те 1иса нийсачу новкъа валаран?» - аьлла. Цо жоп делира: «Дера кхин хІун ду хаац суна, цу Іисас Іалихане дукха хан йоцуш дийцина хиллера, шена тІе харачо Зеламхана шозза стаг ваийтар кехат а дахьаш. Цу тІе яздина дешнаш дара: «Ва 1иса, ахь цу инарлина вазвала гІийлачу вайнахана бен ницкъ цхьана а законехь а доцуш соьга наха дукхаммо схьабийцина, хаалахь, хьан суьдхо со вуй, кхул тІаьхьа ахь царна шед айина суна хаалахь, законехь нийса доцург дийцина а хаалахь хьайца сан дов дуй хаалахь, тахханалц ахь лелийна харцо тоьаш ю хьуна, амма цхьа дош г1ийлачу нахера суна тІекхачахь, ас чІаг1о йо, хьан дуьненчуьра рицкъа хадон». Дера, кхузара дІаваккхарх со лийр ма вац, амма суна хаьа, мискачу нахана харцо йича и Зеламха ловш ца хилар. Доцца аьлча, Іаьхча Іуьно боь, ца Іаьхча барзо боь бохург долуш ду-кх юьртадайн гІуллакх. Я х1ара паччахьан Іедал дІа ца далахь, я и Зеламха дІа ца валахь цхьана агІора маршо яц тахана долчу хьолаца».

- «Делахь дика ду, ткъа хьо воллу цу мискачу нахана инарлас бе боху ницкъ бан?» - «Ца воллу делор-кха, и ас т1елаьцна а дац, амма сайга цара 1едалехь доцург де аьлла т1етаІахь, ас дІа а эр ма ду, цу Зеламхана законехь доцург лелийча вуьйр ву аьлла схьахьедина, ас хІун дича бакъахьа хета шуна? Дера ваьхьар вац-кха со-м, ваккхахь дІавоккхур-кха», - аьлла, жоп делира керлачу юьртдас. Цул т1аьхьа Аюба дийцира, шайн эвлахь долчу адамаша доккха баркалла олуш хилар шайна х1ара паргІато еллачунна. Мел баккхий ницкъаш беш хиллера Зеламха а, цуьнан накъостий а шайн са ца кхоош цу къизачу Іедалан хьаькамашна дуьхьал бовллалц. Доцца аьлча, шайгара суьдаш йора цу юьртадайша.

Цул тІаьхьа малхбуза ламаз, маьркІажа ламаз а дина, шайна юург а йиъна, кІентий дІатилира. Бакъду, Дики цаьрца вахара, со вуха а цІахь висира. Цу буса цара лелийнарг сатосуш цІакхаьчначу Дикис дийцира: «Тхо верриге а бархІ стаг вара машенан некъан касса йохийнарг, ткъа тхан накъост говраш д1алаьцна Соьлжана малхбузехь тІай йистехь сецна вара. Оха чІогІа духьало йинчу цхьанна-шинна а чов йира настарех тоьхна, цул тІаьхьа аьчкан касса йохийра. Цу касси чохь кхин а хиллера касса, ахча чохь а долуш, ший а касса йохийра оха, гІирс сов дика бара. Дийнна ахчанан таппаш галеш чу а ерзийна, датон ахча леррина кечдина тІоьрмигаш чу а дерзийна, тхо сихха говраш т1е дахара. Эццахь гІалара дукхах болу гІалгІазкхий некъаш тІерачу цІерпошташа хьоькхучу маьхьарша самабехира. Зеламхас омра дира, шайн карарчу мажарш чухула даш озийта аьлла. Цул тІаьхьа Зеламхас мохь туьйхира корашкахь арахьуьйсучу бахархошка: «д1ахаийта, Зеламха бохучу «бабас» хьан лулара банк хьо алий, дІаала цу Вербицкий бохучу зуьде, ша майра эпсар велахь, шен эзар эскарца со лаца т1аьхьа вола. Диллинчу лайлахь лар шерра гуш ю ала». Цхьаммо элира корехь схьа мохь а тоьхна: «Молодец, Зелимхан». Кхин дерг тІаьхьа хуур ду, Исал, со кІадвелла ву», - аьлла, Дики соьга шен говр Іалашъе, ша сарахь юхаваха везаш ву аьлла, садаІа чувахара.

Дикис делкъал тІаьххьалц наб йира, ша хьалагІоттушехь элира: «Исал, Зеламха а, Саламбек а Чечана ОсмаевгІаьрга вахара, цо и сох лечкъа а ца дира, ткъа кхиберш цхьацца дІасабекъабелира, тхо вовшах къастале Зеламхас элира, кхана суьйранна БелгІатарчу Іелин хьерахь хила Іаржъеллачул тІаьхьа шу итт стаг аьлла. Ткъа ахча чохь гали а, тІоьрмиг а цу шингахь ду. Тхо вовшахкхеташ сов бегІийла меттиг ю и хьера, болх беш яц и, хих ша бина хІоьттина ю.

Сарахь бода булуш Дики цига вахара, ткъа буьйса юккъе яхале хьалхалерра ши накъост цхьаьна а волуш, хIорш баьхкина схьакхечира, ас чехка церан говраш схьа лецира, ткъа уьш хьешан цIа чу бахара.

Гуттара санна тхан несо сихха хьалха х1ума а йиллира. Эццахь цара дийцира шаьш лелийнарг. Цу шина кассехь долу ахча дерриге а 18000 сом хиллера, цунах цхьайтта накъостана хIоранна цхьацца эзар сом делира. Ткъа иштта бархI бIе сом тхан эвлахь Дадас а, оха а цхьаьна хIоттийначу спискица дIадийкъира, тхан дененан цIарах доккхуш сагIа ду аьлла. Йоккхачу АтагIахь 1200 сом дIадийкъира. Цигахь долчу IелагIеран дайшна-наношна тIера ду аьлла. Дисина пхи эзар сом цу кхаа накъоста тхо долчу дIадиллира. Дера бакъ ма ду иза. Иттех юьртара гIийла нах, бобераш, лецна нах а, я налог яла таро йоцуш Iедало хьийзон нах схьа а лехна, бIаьсте ялале и пхи эзар сом цара сагIийна дIадийкъира. Цу хенахь цIераш, ден цIераш, яртийн цIераш, хьанна мел лур ду а лерина йолу испискаш тхан чохь охьа а ма еххира цу кхаа кIанта (нийсса шина баттахь).

ТIекхечира бIаьсте, хетарехь, апрель бутт болалуш кIенташа кечам бира ГIизлара-гIалара банк ян. Эццахь со а вигира Зеламхана шайца. Бакъду, Дики цIахь витира. «Хиндерг хаац, вайх цхьаъ цIахь ца хилча вер вац», - аьлла. Органан тогIи чохь оха меттиг йиллира. Цигахь хIора юьртара бохург санна уггаре а доьналла долуш болу кIентий бара вовшахтоьхнарш. Амма царах пхийтта бен обарг воцуш, берриге а со санна шайн цIентIехь маьрша беха нах бара. ХIора тIевогIучунна дуьхьал вериг Зеламха вара, хIора схьа мел вогIучунна Зеламхас керла цIе туьллуш хиллера. Масала, хьан цIе Мака ю тахана, хьайга хьаьттича «Мака ву со» алалахь. Ткъа сан цIе а Исал яцара царна гергахь, и тхан кхо хьаша - Зеламха, Аюб, Саламбек - воцчунна ца хаьара со Исал вуй. Сан цигахь Зеламхас тиллина цIе Шарип яра. Иштта беш бара тхан кечам. Тхо вовшахкхетта девлча Зеламхана омра дира: «ДIахаалаш, шен хан йоцуш цхьа а х1ума хила йиш яц. Бакъду, аса сан уггаре а гергарчу нахаца чIогIа къахьийгира и халкъан мостагI Вербицкий вен. Гой шуна, вайн вешан цхьацца эхь-иман доцу нах ярташкахь юьртадай а хIиттош, цаьрга цо вайнехан моьлуьйту цIий. Де а бехк боцчу нахах юьзна цо набахтеш, мел дукха ихийтина Сибрех.

Оцу атаман Вербицкийс соьга кехат даийтира шех лата вола аьлла, и хиллера суна хIилла дан гIерташ. Бакъду, цуьнан зуьда хIуманаш со девзина ваьлла. Ас кхин дан амал а ца хилла, цуьнга кехат яздина, со ГIизларехь хинволу бутт а, де а дуьйцуш. Хьанна хаьа, хила тарло цо бина кечам вайца т1ом бан, хила тарло и цигара ведда бухара дIавала. Бакъду, кечам сов дика бина вай, со шуна хьалха хир ву, цу ГIизлар-гIали чу доьлхуш. Ас селхана церан телефон хадае аьлла, шина-кхаа меттехь сара генна дIахьарчош къайла а боккхуш, кхаа-деа дийнахь болх беш з1е ца хилийта. Сох хир ву Вербицкийл лакхара волу инарла, суна тIаьхьа дехьа-сехьа волу Саламбеккий, Аюббий ший а полковникийн чинахь хир ву. Духар а вайн долуш ду. Болх Делан карахь бу, цо а аьлла боху, бахьана лелон деза; вай тховсий-кханий некъ бича, лама Iуьйранна сахуьлуш ГIизларна герггахь йолчу хьун санна лекха болчу оьрза юкъахь вовшах а кхетта, цигахь делкъа хан хиллалц са а даьIна, делкъахь гIалин чу гIур ду. Ткъа вайх кхо дакъа хила деза: соьца а, иштта Аюбаций, Саламбекаций. Кху шинна хаьа вай вовшахкхетар долу меттиг. Хаалаш, кIентий, вай мича доьлху, варийлаш, буьйсанна цигаьрка ма озалаш, къамелаш данне а ма делаш, топ-тапча сов кийча йита, доллучул а дог меттахь хилийта, эрна цхьа патарма а ма кхосса соьгара омра доцуш. Ткъа гелдагано Зеламха, хьо суна нийсса тIехьа хир ву, соьца банк чу а хьо вогIур ву, вай духа доьрзуш накъостел тIаьхьа соьца хин верг а хьо ву, варийлаш, нийса кхеталаш, кIентий, къонахалла гучуйолу де ду шуна вай хьош дерг.

Массара а цхьабосса жоп делира, шаьш кхетта аьлла. Кхаьрца вара цхьа оьрси, цуьнан фамили Орлов ю элира. Цо элира: «Зеламха, хьох бехказлонаш а еш, хьоьгара ду бохуш кехаташ а яздеш, цхьацца нахера ахчанан мерцхагаш а йохуш адамаш ду. Ткъа паччахьан Iедална и харцо лелош берш гучубевлла, суд йина меттигаш а хаьа суна. Ткъа цул совнаха, ахь Месяцев вигира йийсаре вина, цул тIаьхьа ахь кехат яздина бохура, латтий, жай лелочу воккхачу помещике Т. Юшковскийга «йиллинчу метте ткъа эзар сом охьа ца диллахь хьайна кечам бе кхечу дуьнена ваха» аьлла. Ткъа дуй-те и кехат Зеламханера бохург Юшковскийна

дага деанера, нехан алапа дӀа а луш, нийса лелачу хьаькамна я хьоладена ахь бохам бина цхьа меттиг йоцу дела, Іедало шен тидаме ийцира иза. Цул совнаха, шозза ахь аьлларг ца дича, кхозлагІа бен цкъа а «со Зеламха ву, ас хьо вуьйш ву» бохург хьоьгара хезна ца хилар а ийцира 1едало  тидаме. Иштта долчу хьолаца Т. Юшковскийс и кехат Владикавказан хьаькаме делира. Цул совнаха, шеца гамонаш йолчу ша санна болчу жай, латтий а лелорхойн йозанаш а гулдина, лерина йолчу цензуре таллам байтича, цу Т. Юшковскийга ткъа эзар сом охьа ца диллахь хьо воь ша аьлла кехат яздинарг ц1енна гучувелира, и хиллера уьстагІаш лелош волу Т. Мамонтов. Цул тӀаьхьа Т. Мамонтов лецира, цуьнан кехатех а, иштта Зеламхан цІарах лелачу обаргех а лаьцна араделира Владикавказера «Терские ведомости» ц1е йолу газета. Цул совнаха, цу Т. Мамонтовна обыск йича, цуьнан чохь масех кехат карийра Зеламхан цІарах цо цхьацца хьоладайшка яздайтина. Ткъа уггаре а гучудала хІоьттина бахьана цу Т. Юшковскийга яздинчу кехата тӀехь хьан мухӀар цахилар дара хьуна, ва Зеламха.

И дерриге а дуьйцуш со ала гӀертарг хӀун дара аьлча, со паччахьан Іедалца ца товш висахь, ца висахь вала а веана шуна тІе. Цул совнаха, Зеламха, хІара накъостий а буй хаьа суна со санна цаьрца ийгӀина, хьоьгара пурба далахь, цу ГІизлара-гӀали чохь бехачу бахархошна а, салташна а, массарна а ца вовзахь а, салти волуш а, ротмистр волуш а итт шарахь сов лелла со. Со шуна тӀевогӀуш ротмистран чинехь вара. И дерриге ас хӀунда дуьйцу аьлча, цу ГІизларчу-м хаац суна, схьахетарехь, Зеламха, хьо дика вевзачу салтичо хьуна а, хьан накъосташна а тӀе ерзина топ кхуссур яц аьлла тешна ву-кха со. Доллучул а Владикавказан эскаран бІаьхошна дагах кхеташ хаза хеттарг а, царна юкъахь даьржинарг а хӀун ду аьлча, со шуна тІе вале ши бутт хьалха шун гӀера хӀаллакье аьлла арабехира массо маьІІе цхьацца эпсар коьртехь а волуш салтий. Цаьрха Бумтан чӀоже хьала кӀело ян боьлхачу салташца вара со. И ду аш Соьлжа-гӀалара аьчкан некъа тӀерачу кассера ахча даьхначу кхолгӀачу дийнахь. Бакъдерг хӀунда ца дуьйцу, гича лу я хьакха дуьйр долуш, цхьогал хилла а кхин экха ца хир-те бохуш, цхьацца и меттигаш евза Ассински станицера оьрсий хьалха а баьхна тхо цу воршах лелаш, хьо Зеламха а и хьан цхьайтта-шийтта накъост а дуьхьалкхетча, цу Ассински станицерчу оьрсийчо, сов чӀогӀа кхера а велла, элира: «Дела ваьлла вайн орцах, доха а ма доха, кхера а ма кхера, хаалаш, Зеламха вайн накъост вуй». Цо иштта аьлча, «Схьавоьл суна тӀе, хІун ю хьан фамили?» - «Масленцов ю». - «ХӀан, хӀара датон сом ло ас хьуна, со даима дагаваийта, хаалахь, Масленцов, ахь ма бохху со гӀийлачийн ваша хилар, Іедалан чІагІонца гІийлачарна ницкъ бечийн мостаг1 хилар».

Юха цуьнга хотту Зеламхана: «Ой, хьуна мичара вевзара со, ахьа хьалха дешнаш аьлла, суна тІехьажийра хьайн бІаьргаш, со чІогІа цец а воккхуш». Масленцовс элира: «Зеламха, бехк ма билла, ас хьесталуш ца боху я аьлла дац сайх кхоьруш, делахь а оха-м хІунда дуьйцура и, ур-атталла Москох ас хьешехь буьйса йоккхуш сан лерга хезир-кха сан хьешан Моисеевн зудчо шен багах олуш, бер тедеш, тІаьххьара и ца тийча «тише, Зелимхан идет», - аьлча, тапъаьлла дІатийра и сан хьешан бер. Дера со-м кхузткъа шо сов хан йолуш воккха стаг вара, х1ара сайца болу кегий нах паргІатбаха дир-кха ас и доІа. Ткъа хьоьга хьажаран бахьана - наха хьо а, хьан куц а дийцарехь хьо вевзина вар-кха сайн дагахь аса аьлларг, хІинца хьо сан хьаша хили, суна тоьлларг цхьа ка эццал ахча а делла ахь. Суна-м цІенна хаьара ахь гІо дар бен, цхьана а мискачунна я законаца нийса лелачу хьаькамашна а хьо зулам деш воций. Эццахь Зеламхас элира: «ХІан, хІара сом хьошаллина а ду хьуна, схьаяхкийта говраш» аьлла, и дІатилира. Бакъдерг дийцича, и тоьар ма дара хьекъал долчунна хьо вовза. Бехк ма билла, сан къамел дахдели, оцу Мамонтов санна болчара шаьш ца Іебаш гІийлачу нехан цІий мийлар а Зеламханна тІедуьллу дела, суна хІун бакъахьа хетара аьлча, ас сайн оьрсийн хормица шуна генна хьалха а воьдуш, адамаш долчу кхаьчча я эскар хилча мохь тухуш; со хьалха хила лаьара суна.

ЦІенна хІара Зеламха цаьрца хилар хиъча хиира суна вай церан а, цара вайн а цӀий Іанор доций, салташа тоьпаш тІех еттар юй а. ТӀаккха вистхилира Зеламха: «Орлов, хьуна баркалла, хьо тхуна тІеван хьайна гергахь бина сацам а, хьо тхох хІунда тешна а дийцахь хӀокху вайн накъосташна. Кхарна хууш дац и цхьа Саламбеккий, Аюббий воцчунна цхьанне

а». «Дика ду, дуьйцур ду. КІентий, таханчул шо хьалха со Москохара цІа вогІуш цу поезда тІехь вара сов исбаьхьа куц долуш, нур санна оьзда сан хеннара цхьа жимстаг оьрси. И сол ши шо воккха вара, тхойша къамеле ваьлча, цунна хиира со ротмистр чин а долуш инарлин хьадалча вуй. Поезд деа-пхеа дийнахь сов йогІура Владикавказе, оццул тхойша новкъа оьхуш, цо соьга кепек ца духхуьйтуш, суна хьошалла дира, кест-кеста олура «ох ты бедный ротмистр», - олий. Ас цу стагах тешаш цуьнга балхийра салташа хьоьгу бала, къаьсттина хІокху Россина генарчу Владикавказехь.

Аса цуьнга дийцира суд йоцуш инарлаша дукха адам дерах кхузахь мегаш хилар. Цул совнаха, белхалошна, ахархошна и чІогІа кІордийна хилар. Со тийшира, Юкъарчу Азехь а, Гена Малхбалехь а, Къилбаседа Кавказехь, Закавказьехь сов даккхий хьекъалш долу, тешам болу нах бахийтина хиларх, уьш къайлах вовшах кхеташ хилар, церан коьртехь В. И. Ленин хилар, кхузахь С. М. Киров хилар. Бакъду, цо дуьйцучух тийшира со (шен бІаьрга гинарг, цуьнца цкъа къамел динарг ца тоьшийла йоцуш оьзда дегІ дара иза). Цундела сайна кеста бакъонан Іедал Россехь а, доллучу дуьненахь а х1уттун хан тІекхачар хаарна, ас хІара Зеламха ган лууш бархІ бутт хан яьккхира, хІара а карийна, со кхуьнца лела а кхо-биъ бутт хан ю, шу санна кхо кхайкхича тахана шух а кхетта со. Бакъду, Кировс сайна тІедеххкина гІуллакхаш кхочушдан ойла ю сан. Мисканиг лоруш хир ву, хьоладайн хьал массеран а цхьабосса юкъара хир ду. Зеламхана элира: «Хьовсал, хІара Орлов харц Іедалца ийгІина, кхуьнан стунда а ийгІина кхуьнца, хІара миска стаг ву аьлла, шен йоІ дІа а йигна, пуьрстоьпан кІанте елла. Амма цхьа бакъду, кхуьнгахь вайнехан зуда ю, кхунна мотт Іамош а ю иза.

Доцца аьлча, вайн нуц а, накъост а ву хІара». Орловна Зеламхас доккха баркалла элира. Бакъду, хьо оха тхайца хьуна ца лаахь вуьгур вац, делахь а доггах хьо веача, Аюбана а, хьуна а хуур дара гонаха оьрсийн маттахь дуьйцу къамел. Накъостий, хІара вайца вара аьлла хьахийча мегар цахилар хаалаш, ойла йича тахана вай лелочул сов дукха мехала гІуллакх ду кхо кхочушдан дезаш. ХІара вайца хилар хиъча кхуьнан маьрша лела болу некъ хеда, хІара вайн тешамен дика накъост ву, амма вай лар а вийр ву. ХІинца, кІентий, вай ма-дийццара, дІагІур вай, лама Іуьйранна йиллинчу меттехь вовшийн гур ду вай, - аьлла, Зеламха, шен накъост Орлов юххе а тесна, дІатилира. Иштта шаьшшиннан накъосташца дІавахара Аюб а, Саламбек а. Со Зеламхица вара, нисса цхьа-ши сахьт юкъа долале тхо йиллинчу метте схьакхечира, хьалха Аюб, шозлагІа Саламбек цхьаьна волуш болу накъостий. Тхо верриге а эццахь вагарвинарг шовзткъе итт стаг вара. Юха цигахь элира Зеламхана: «Хаалаш, нийсса ялх де хьалха цу Г1изларара коьртачу хьаькамна Вербицкина а, цуьнан заместительна а тахана вай делкъахенахь цу ГІизларера пачхьалкхан банк яхьа догІий хууш хилар». Зеламхас Орловна нохчийн куй тиллира.

Делкъахенахь, олуш нохчийн илли а долуш, хьаькkхина цу банк йолчу а дахана, оха тІебогІу урам дІалецира, пхи-ялх накъост хІора ураме а х1оттош, говраш дІалецна ялх-ворхІ накъост волуш. Зеламханца Саламбеккий, Аюббий вахара банк чу. Аюба мохь туьйхира: «Вербицкий, хІинца Зеламха ву хьан карахь, дІалаца, хьо къонах велахь», - аьлла. Бакъду, Вербицкий хезчахь вацара, ткъа банкан хьаькамна хууш хиллера, кехат Зеламхана Вербицкийга яздар. Нийсса итт минот хьалха тхо цига кхачале воьлуш Іийна волу банкан хьаькам догІарчий а лачкъийна, къайлавала воьлча, цуьнга шозза-кхузза схьадехча, цо догІанаш дІакхиссира, и эццахь Саламбека «дІакъовкъийра». Шена ца хууш санна Іаш волу цигара Вербицкийн заместитель шен эскарца схьагІоьртира. Амма Саламбека а, Аюба а нeІ-кор чІогІа лардора, шайн накъост Зеламха массо ахчанан тІоьрмиг бассийна схьаэцна валлалц. Бакъду, тІом болабелира, олуш ма-хиллара, цхьа кІарх ца тІадош, мІара ца лазош тхан накъостий могуш-маьрша бухабирзира. Эццахь виъ эпсар а цхьаьна ткъех салтий вийна хиллера. Хьалха санна кІентийн тоба сов хазчу мукъамца Терка т1е кхечира. Теркан тІай дІалаьцна лаьттара эскар, тхо аьрру агІор Зеламхана хуучу гечохула Терках довла дІадирзича, тІе геннара тІом болийра. Амма массо а тхо Терках довлалц, Зеламха, шен багахь беш мукъам а болуш, «же, кІентий» бохуш, наг-наггахь тІедогІучу эскарна мажар а тухуш, массо дехьа девлий хьоьжуш лаьттара. ЦІеххьана Зеламханна гира эвтархо РоІсухьаьжа.

«Х1ун хиларе хьоьжу хьо, ва Ро1сухьаьжа?» - аьлла, мохь туьйхира Зеламхас.

«Дера хьоьжу, хьо Терках могуш-маьрша валаре», - аьлла цо жоп делира. Эццахь и шиъ цхьаьний Теркачу вуьйлира. Бакъду, тхо сехьа девлча, тIаьхьа гуш орца дацара. Тхо паргIат Аксайна тIех а девлла, садоIуш севцира. Ткъа эццахь Зеламхас цхьабосса массарна а ахча дийкъира, оха лелийнарг а, дийнан делкъехь гIалара банк яр а, цул совнаха, ялх де хьалха Вербицкийга шегга хаам бина хилар а, ма-дарра яздар тIедиллира Зеламхас Аюбана, вуха шех кхета меттиг билгал а еш, шен даима садоIуш тешамечу метте Аюб дIахьажийра. Аюб оьрси мотт-йоза дика хууш вара. Бакъду, со царах дIакъаьстинчу шолгIачу дийнахь суьйранна цIа веара, цхьа а гIар-гIовгIа йоцуш дика къайлабахара тхоьца цигахь хилла накъостий. Цхьа а валар доцуш, ша бедарх хьакхаялар бен чов йоцуш. Зеламхана Аюбе яздайтина кехат, шен мухIар тIе а таIийна, дахьийтира цхьаъ - Владикавказерчу инарла-губернаторе, копи - церан паччахье а. Цу тIе яздира цо шеца лата кхайкхар а, и шеца лата ца вар а. Доцца аьлча, цул тIаьхьа Вербицкий дIаваьккхира паччахьан Iедало, цунна суд йира аьлла дийцира Орловс Зеламхе.

# Т1ехьа-Мартант1ерачу Б1ехон дийцар

Тхан вешин хьаша вара Веданара СаьIа цIе йолуш жима стаг, и некъаш тIехь балхахь вара. Тхан ваша Яхьъя а вара некъа тIехь балхахь. СаьIас шеца цхьаьна сарахь тхо долчу валийра Зеламха. СаьIа дIавахара, Зеламха тхоьгахь висира. И дара Зеламхас доьзал гIалгIайн лома дIабигначу хенахь. СаьIас соьга а, тхан веше Яхьяга а элира: «ХIара хьаша ас шу довзийта валийна, ткъа шу санна доьнал долчу нахаца гергарло дезаш хIара ша а ву» аьлла. Бакъду, хьешан цIе Зеламха яцара, цхьа кхин цIе йийцира. Суна цо шен яьккхина цIе йицъелла. Амма и тхо долчу шозлагIа веачий бен суна а ца хиира и мила ву, тхан цхьа Яхья воцчу вукху шина вешина а ца хаийтира. Ткъа и шозлагIа веача цо дийцича бен тхуна хезна дацара, тхан ваша Яхья Зеламхас шеца ГIизларе доьлхуш вигна хилар. Я тхан вешин гергара стаг волчу Саь1ина а ца хаьара кху шиннан гергарло. Ткъа Зеламхана хаьара Яхьяс тхоьга шаьш лелийнарг ца дийцар. Амма, бакъду, Зеламханна тхо а, тхан дай а сов шера дика девзаш хиллера, ткъа массо а тхо девзина валлалц ван а вогIий, шен ца тору гIуллакх ду олий, и дIавоьдура.

Иштта цхьа шо гергга хан яьллачу хенахь буьйсанна хан яьллачу хенахь веана схьакхечира шеца ша санна куц долуш ши накъост а волуш. Тхан вашас сихха уьстагIа а тилина тхо Iачу хенахь, Зеламхан ши накъост кест-кеста рагIанна ара бIаьрг бетташ хуьлура шайн говрашка. Ткъа тхуна хIинца а ца хаьара хIорш муьлш бу, тхуна уьш СаьIа санна цхьацца пачхьалкхан белхашкахь хир бу аьлла хетара, кхеран духар а, герз а гича обаргаш бу бохург-м дагахь а дацара. Эццахь шайна тхо ца девзаш (Яхьъя воцчунна) шен ши накъост сих-сиха арахьоьжуш, Зеламхас элира: «Саламбек, Аюб, шуьшиъ цIахь санна паргIат хиллаш. Х1ара галаш ЯхьягIар, БIехогIар суна бевзина дукха хан ю шуна, ткъа хIорш сан юьртахочун а хилла хьеший, ашшимма хIун де аьлча, ара са ма гатде, ц1ахь санна паргIатхила.

Тахана вай тIедиссина хIара хIусам, сайниг хетахь, тешаме хеталаш, ас муха боху хууш ду. Дера, ши накъост, вайн хьаша вай бахьанехь Iожална дуьхьал хIоьттина ма ву. Бакъду, вай стохка оцу ГIизларе даха вовшахкхеташ хIара Яхья а, кхуьнан кхо ваша а, хIорш кеч а белла ма бара вайца бахка, бакъду, ас вайца хIара цхьа Яхья воцург ца ваийтира. Доллучул а суна кху вежарийн дика хетарг шайн маттана дола дан хууш хилар ду. Хьажал, тахана шуна а ца хаьа хIара вайца хиллий я кхуьнан вежаршна а ца хаьа, и тоьар дац ткъа, Аюб. И дерриге а дийци ас шуьшиъ паргIат хилийта. ХIинца, Яхья, ахь кху шинга садаIийта, ас Iуьйранна серлайоллушехь сайца хIара БIехо а эцна, вахана и доьзалш мича хьолахь бу а хьаьжна, тхойша сарле вуха воьрзур ву, шу паргIатхила, са ма гатде», аьлла. Дика ду аьлла, Саламбека

а, Аюба а, Зеламхас а бохучунна тIетайна тхойша Маьлхистахула дIа гIалгIайн лома Ерш олучу кIотара вахара Iуьйрре, серлаялале юьртах а ваьлла. Бакъду, некъаш хала а дара, делахь а сов чехка хиларна, тхойша итт-цхьайтта сахьт далале дIа а кхаьчна, Зеламхан несо Зезага сов чехка юург хьалха хIоттийна, тхаьшинна хIума а йиъна, вухавирзира.

Юккъехь делахь а, со цецваьлла вара цу Зеламхан хIусамненах, хIунда аьлча, олуш махиллара, цхьа борз санна яр-кха иза. Цо элира шен цIийндега, варий, тхуна са ца гатдеш, хьайн а, хьайн накъостийн а меттиг ларъеш хилалахь, Дала некъ тобойла шун аьлла, цара тхойша новкъа ваьккхира. Бакъду, тхойша ТIехьа-МартантIе кхаьчча, цхьана хьуьнах чекхволуш кхолларх дохковаьлла юьхьIаьржа хIоьттира со, муха аьлча, новкъахь лаьтташ ворда яра, ворданахь дечиг дIадихкина шен асанаш схьайохуш воллура ЭрштIера цхьа гIийла стаг, ткъа сан накъоста хьаттира цуьнга, салам а делла, гIоза догийла хьан дечиг, аьллачул тIаьхьа, хIара ворда дIа хIунда йосту ахь, аьлла. Цо жоп делира: «Муха йостур яц, хIорш ца яьстича цхьаммо дIахьур ма ю, ткъа сан говр Зеламхас дIа а йигна, висина-кха со, дера хааца, иштта нах хьийзош волу и Дала муха лелуьйту дуьненахь. ХIинца цIа а вахана, цхьаьнгара говр ялор ю ас хIара ворда цIайига.

Эцца со дIахьаьжча Зеламхан бос сов хийцабелла гуш бара.

И чIогIа оьгIазвахара, цо, кхин къамел доцуш, муьлхачу агIор вахана и «Зеламха», хьаттира. Иштта дIа, аьлла, пекъаро пIелг хьажийра. Эццахь Зеламхас шен говрана гош таIийча, ша лаьттачохь лом санна хьалхара когаш айбеш и дIакхоссаелира. Дера бакъ ма ду иза, со сов гена тIаьхьа ма висира цунна, сан говр а яцара ледара я оза а. Зеламха къайлаволуш воллура, суна эццахь гира цхьана говрахь воьдучу беречунна тIекхиъначу Зеламхас коьртах шед етташ, со башха сих ца луш вахана тIекхечира, со вевзаш волчу говр ядийначо соьга дехар дира, БIехо, ма вейтахь со аьлла. Эццахь хилира сан юьхьIаьржахIоттар.

Сов оьгIазваханчу Зеламхас элира: «Айса маьрша стаг кхузза дехар дина бен вуьйш а, вийна хилча, ас хIара хьуна вевзаш волу БIехо тIекхачале хьан са доккхур ма дара» аьлла, еттачуьра шед а сацийна, цуьнгара говр соьга схьа а елла, и гIаш хьалха а ваьккхина вухавигира оцу некъ бохийна лаьттачу стагана тIе. Тхойшиннан говраш санна ведда вогIура и тхойшинна хьалха. Бехк а бацара, лергах шед яра тIе ма-кхиъа цунна кхеташ. Бакъду, Зеламхана ша схьаэлира со вист хилале и тайпана стаг ша вуьйш ца хилар. Дечке веанарг шен вордана а хиъна, леррина тхоьга хьоьжуш Iара, тхо дахана тIекхечира. Эццахь цу говр ядийначуьнга Зеламхас хьаттира, хьан цIе хIун ю? Ден цIе? Мича юьртара ву? Тайпа хIун ду? Дерриг и хеттарш динчул тIаьхьа Зеламхас омра дира, дIалол асанаш, аьлла, цу Зеламхана цIарах лелачу бахтарш идочуьнга. Асанаш цо дIаелира, омра дира, дика гел а хьовзош, дIакъовлал ворда, ворда сов дика дIайихкира. ДIайожал и говр аьлла, цу баьхьарче говр дIайожийтира. Хьалххе омра динера Зеламхас со тIекхаччалц хьайн ворданахь Iелахь аьлла, тхо тIекхаьчча а говр дIаюжуш а, ворда къовлуш а Зеламхас дечке веанчуьнга куьг ца тохийтира.

ТIаккха Зеламхана схьавоьл элира шена юххе говр ядийнчу баьхьарче. ТIевахара иза, суна-м моьттура цу стеган легаш Iовда воллу-кха хIара аьлла, легаш ца Iаьвдира, амма цхьаьна куьйга цу стеган мекх схьа а лаьцна, вукха куьйга бетах буй тоьхна, Зеламхас цуьнан мекхан ах кхоьссина дIаяхийтира. Боьха хIума, и мекхан баргал а йина, тоьпан хьокху а эцна, къонахийн сий дойуш лела хьо санна йолу мерцахагаш, зуда, ирс хили хьан хIара БIехо соьца а Хилла. Дера вара ас хьо тахана дIавихкина а витина, кхана пIерасканан дийнахь шун маьждиге а вигна, дIалур, муха аьлча, «некъашкахь лелаш оьзда нах бу, хIара шайн жIаьла сацаде, цхьамма топ тухур ю кхунна» аьлла. Нахана хаьа хьуна ас Нохчмахккахь динарг, дера вигира юьрта чу цхьа хечий бен тIехь ца юьтуш, верзина а ваьккхина-м. Схьахьажал, хIай эрштхо, соьга, тIаккха гича вевзар вуй хьуна? Со ву хьуна Зеламха. Нехан говр, и хьенна хилча а, бертаза схьа а яьккхина, цу тIе ца хууш валлалц лелар вара со гIаш. Хьо-м хIунда дуьйцура, со а, сан тIаьххьара ваша а, шиъ говр а йийна виссинчу дийнахь кIелхьаравала а йигна яц ас нехан говр бертаза.

Хаалахь, со мискачу нехан некъаш хедош воций а, ткъа мискачу нехан некъаш хедочу адамашща машар боцуш вуй а. Ас дозаллина а ца боху хьуна и, хаалахь. Ши-кхо шо хьалха Моздокехь цхьа говр а йоьжна охуш воллура цхьа стаг. И а яра ялла йоллуш. Эццахь цунах къа а хетта, цунна говр эца ахча а делла, дӀавахара со. Цул т1аьхьа гергара хьеший а хилира уьш сан. ТӀаьхьа тхо вовшийн девзича, уьш хиллера цу Моздокехь беха немцой. Юха а хаалахь, со а, сан накъостий а вовшашца чӀагӀонаш а йина, гӀийлачарна гӀо деш, тоьллачийн пусур ца деш, хьарам рицкъа тхешан доьзаллех а лардеш, тхаьш йоккху хан боберашна а, мискачарна а гӀо деш яккха юкъ йихкина лелаш хилар. Вало, хӀинца хьайн дечиг а эций хьо цӀа гӀо аьлла и дӀа а хьажийна, важа накъост шен вежаршка дӀа а лур ву ша аьлла, Зеламхас и баьхьарча хьалха ваьккхира, ткъа цуьнан тоьпан хьокха суна ган а ца гира, Зеламхас ша тӀекхоччушехьа каг а бина, и дӀакхоьссина хиллера, тхо иштта схьадогӀуш Зеламхас и накъост ларвелахь, ведча а эхь дац цунна аьлла, жимма тӀаьхьа сецира шен гӀуллакхана, ткъа цу накъоста соьга чӀогӀа дуй кхоьллира, ша дӀахецийтахьара ахь аьлла. Ас цуьнга элира, мел юьхь1аьржа хӀоттий ахь со, дера тахана дукха гӀоли ма яра хьуна иштта рицкъа лохучул мацалла веллехь. И накъост, цкъа делахь, сан юьртхо вара, шозлагӀа - сол воккха а вара, суна мел хала дара Зеламхане и бахьанехь хӀума ала. Делахь а сох а, сан вежарех а шеко хир йоций ма хаьара суна. Зеламха тӀаьхьакхиира, ас цуьнга элира, хӀара сан юьртхо ву, хӀинца хӀара кхетар ву моьтту суна, дӀахоьцур вай аьлла. Цуьнга тӀаккха хаьттира Зеламхас, говр юй хьан аьлла. Яц, ши бугӀа ю, элира цо. Делахь, БӀехо, хьан тоьшаллах, х1окхо ахь билгалбинчу боберийн доьзалшна кхо ворда дечиг дан тӀелацахь дӀавохуьйтур вайша хӀара. ТӀаккха ас хаьттира, резавуй хьо аьлла, цо сов резахилла и тӀелецира, юха соьга Зеламхас элира, нийсса итт де далале х1окхо дечиг ца хьахь шега аьллахь, тахана хьан дуьхьа вуьту ша хӀара аьлла. Тхойша иза а витина, цӀа вахара.

Оццу буса бахьарчас со хьалагӀаттийра вижинчуьра.

«Ахь хӀун леладо?» - ас аьлча, ша цхьа уьстагӀа беана хьан накъостана а, хьуна а элира, ас ца оьшу боххушехь, цхьа берстина ка охьа а биллина, цо соьга дуй кхоьллира шен цӀе ца яккхар доьхуш. Ас цунна дош делира, хьан цӀе йоккхур яц аьлла. Ас цуьнга забар а йира: «Оцу эрштхочунна гича а хьо хӀинца-м вевзар а вац, и мекх ах дӀадаьккхинчу Зеламхас доккха гӀо лаьцна хьан, ткъа йисина ах дӀа ахь а яьшна, и аьтто бу» аьлла. Ткъа Ӏуьйранна Зеламхе дӀадийцира ас и вар а, айса делла дош а, йина забар а, цо даьшна мекх а. Эццахь суна томана Зеламхас элира, доккха беркат дели хьох, юха а цхьаьна гӀур ву вайша дӀасавоьдаш.

Цу новкъахь и хьал хилла хиларна, тхойша нах бийшинчул тӀаьхьа кхечира цӀа, накъостий меттах ца бохуш, уьш садаӀа а битина, тхойша со Ӏачу дӀавижира. Ткъа Ӏуьйранна ламаз динчул тӀаьхьа Зеламхас шен накъосташка вахар-вар, доьзалера хьал дийцира. Бакъду, и баьхьарча ца вийцира, и суна сов чӀогӀа хазахийтира. Доцца аьлча, шен юьртахочунна хӀума ала а, я цуьнгара ледарло яла а луур дац цхьанна а. Цу сахьтехь ас, тхан жимчу вашас а чехка оцу баьхьарчин уьстагӀа тила а бина, кхехка а бина, цу хьешан таьлсашка биллира и а, кхо-диъ бепиг а, хьеший, шайна хӀума а йиъна, тхан Ӏодика а йина, кестта гур ду вай аьлла, дӀабахара.

Цул тӀаьхьа диъ-пхи де даьлча суьйранна веана схьакхечира Зеламха, ассаламу Ӏалайкум аьлла салам-маршал а, могуш-парг1ат а хаьттина тхо девлча, ас хьешан говр паргӀатъяьккхира, тхо хьешан цӀа чу дахара. Сой, Яхьяй Зеламхане цхьацца дуьйцуш 1ачу хенахь, Яхьяс Зеламхе хаьттира:

- Зеламха, хьуна хууш сов дукха ма бара дукха ахчанаш долуш и хьоладай, гӀаланаш юкъахь бехаш боцу ярташкара купецаш, совдегарш и хьо хууш а ма ву, ткъа оцу б1он бенна юххера бен ма яц ахь йохош банк а, я туька - и хӀун ду хьан? Оцу кхерамечу метте гӀертар, кхерам боцурш Ӏадда а юьтуш.

- Дера, Яхья, и иштта-м дара, хаалахь, хьан Ӏожаллин де хьалха а, де т1аьхьа а озалур доций, яздинчух вер воций а. И цхьаъ ду хьуна, шозлагӀа хӀун ду аьлча, цу Вербицкий бохучу жӀаьло ша кхайкхинчу а ца веана Зеламха, и лечкъаш лелаш ву, шех кхоьруш ву, и ду, важа ду бохуш дийцина ца 1аш, газеташ тӀе а яздеш, со сийсазван гӀерташ лелочу

хlуманаша дог этIош чIогIа цунна цергаш хьекхош и ларвира ас. Бакъду, коре а вахара, маьрша адам-зуда я бер дерна кхоьруш ца кхуссуш Іийра со. Цул тІаьхьа, шаьш лаккхарчу белхашкахь а болуш, вайна гІо дечу наха сайга дехар дича цара аьлларг дина схьаэцна некъ бар-кха сан иза. Цу вайна гІо дечу хьаькамаша соьга элира: ахь ГІизларера, Соьлжа-гlалара,кхечу гlаланашкара банкаш, туьканаш яьхьча, айхьа яхьар цу Вербицкийга а, цул лакхарчашка а хоуьйтуш хилча, тlаккха Іедало ша вохор вара и нехан цІий молуш волу инарла аьлла, нахана зен а доцуш, Іедало ша дІавоккхур вара и вайн кочара. Бакъду, и вийча мискачу нахера уьш текхна ца бовллал ясакъ токхуьйтур ю Іедало. ДІо Девлат-Герин эвлахь а, Соьлжехь а, Веданахь а шозза а хилларг хьо хууш ву, оха аьлларг айхьа дахь, и цу тайпана дог датІийна вен веза.

Цара и аларна, Соьлжа-гІалара дашон хlумнаш юхку туька сарахь дерриг гІалара адам сакъоьруш доллучу хенахь яьхьира вай. Цул тІаьхьа аьчкан некъан касса иштта яьхьира. Цул тІаьхьа ГІизларера банк а яьхьира, хІора мел хьо сайн мухІар тІехь долуш цу Вербицкий бохучу жІаьле кехат а яздина ас. Амма цхьацца бахьанаш хІиттош соьца тІаме ван къонахалла тоьъна яц цуьнан.

Кху Іедалан дика гlиллакх хIун ду аьлча, командир хьалха хила дезар ду, башха Іовдал а ца лору ас и хьаькам, дера хаьара цунна, ас шеначул хьалха мажар цхьанна а тухур йоций. Иштта хьал ду-кха, сан доттагІа, цхьаъ кхин а хета суна, уггаре а коьртаниг. Хьажал хьо, сан геннара схьа гергара нах бу оцу оьрсийн инарлашца цхьаьна балхахь, ткъа масална валор ас Чермоев Тапа. И суна вевзира ши-кхо шо хьалха дагахь а доцуш.

Бакъду, тхан довзар башха чомахь-м дацара.

Эццахь тхо вовшахкхеташ вовшийн довззалц башха гІиллакх а ца деара соьца цуьнан а, цуьнан накъостан а, амма вовшах дІакъаьстачу хенахь со чІогІа новкъаваьkкхира Тапас а, цуьнан накъоста а. Эццахь ас цхьа ши хlума тlедиллира Тапина, цул тlаьхьа лелаш шо сов хан яьллачу хенахь цхьана Іуьйранна со Берд-кlел хьаша волчохь буьйса а яьkкхина, нийсса малхбалехьа йолчу Суьйр-коьртачу хьуьнах сайн говраца схьа Чечан-эвла кхачале чlогlа мохь хьоькхуш, йоьлхуш йогlура шовзткъе итт-пхийтта шеран хьесапехь хила мегаш цхьа зуда. Ас чехкка говр тlеяхийтина, хьаттира: «Дийцахьа, хlун бала хилла йоьлху хьо, хlай зуда?» - аьлла. Цо жоп делира: «Дера, къонаха, хьох дуьйцуш там бацахь а, сан цхьаъ бен воцу кlант селхана бехк боцуш чу а воьллина, хьаьнгга ас дехар дарах т1аьхьакхиа хlума дац цунна, сайга аьлча, нах болчохь ца йоьлхуш, кху хьуьнах а еана ма йоьлхура со сайн дог-бlаьрг lабон». – «Дийцахьа, хlун даьлла-те оцу хьан кlантера?» - «Дера, цуьнгара даьлла хlумма а ма дацара, ткъа цуьнан дас обаргашна хьошалла дина аьлла, и да шина-кхаа баттахь чохь а валлийна и къар ца велча, кхин дуьхьал воьдуш теш а ца хилла, схьахийцира. И ша тахана дlакхелхина кхо шо хан ю, ткъа тхан керла ву хlинца волу пурстоп. Цу пурстоьпана хууш а дара и хьалха хилларг.

ХІинца сан к1ант чуволларан бахьана хlун ду аьлча, керла веанчу пурстоьпан кlант а, сан к1ант а тхан эвларчу цхьана йоlана тlехьийзаш вара, ткъа кхо де хьалха и йоl тхан кlанте еана, йоссийначохь ю. Пурстоьпа а, цуьнан кlанта а, тхан кlант вен тар а ца делла, шен деца лелла хьошалла а ду, обаргаш тlе а богlу, кху к1анта хьошалла а до аьлла. Цу бахьанийна чувоьллина ву-кха и сан цхьаъ бен воцу кlант.

- Делахь дика ду, ас хlара мухlар тlехь долу кехат ло хьоьга, ахь хlун де аьлча, хьан кlант лаьцначу а гlой, сан кехат дlало, эццахь саца, ас яийтина алий де а, буьйса а даккха, хьан кlант цlа валон мега ахь, - аьлла, ас и шега аьлча, сан когех а хьаьрчина, суна доlа деш йилхира и зуда. Ша яда маллу чехка и дlатилира. Ткъа со, буьйса а йолийтина, церан пурстоп волчу вахара. Нах бийшинчу хенахь. Ас и ара а кхайкхина, цуьнга хьаттира, со вевзий хьуна аьлла? Дера шена-м ца вевза хьо цо аьлча, ас элира: «Со Зеламха ву. Хьо муха хlоьттина кху юьртда хаьа суна, дlахІоьттина а валале, хlунда хьийзадо ахь адамаш? Хьайн болх бан а, ваха а лаахь, lеха ма лолахь, хьуна а, хьо санна харц луьйчарна а суд ян халкъо хlоттийна ву хьуна со, Зеламха. Со хьо волчу веана, шун юьртхоша суна ахь бехк боцуш жима стаг лацийтарх дийцарна. Бакъду, хьо тайпана нехан стаг лацийта, харц мотт тоха а ницкъ кхочий хаьа суна, амма и схьа ца хецахь, хьан рицкъа кху дуьненчуьра дlадер дуй хаалахь».

Цо элира, и кIант тахана делкъал тIаьхьа цIа веана хилар хаьа шена, ткъа шена бехк ма билла и даьлла шегара, кхул т1аьхьа шегара иштта хIума далахь шен цIий хьанал ду хьуна аьлла, суна чIогIа чIаг1о а йина, сох хьаша вийр ву ша аьлла хьевзира иза. Цунна ала догIу баркалла а аьлла, цуьнга виц ма лолахь вайшиннан къамелана аьлла, со дIавахара. Гой хьуна, эццахь и кIант схьахецийтина цу Тапас дина гIуллакх суна-м юьхьк1айн хета. Цундела ду хьуна ас цу нехан меттиг ларъяр а, бохург дар а.

Бакъду, Яхья, гIиллакхах воьхначуьнга пашол ала а, нийса доцург ца дан а, хаъал хьекъал-м вайгахь а ду хьуна эшначу меттехь. Делахь, хIинца дикка хан а яьлла, цкъа кху чу юург схьаяийта, Исал, ахь тIаккха садоIур-кха, элира Яхьяс.

- Дика ду, нагахь йиш елахь тхойша кхана Iуьйранна цкъа вуха а г1ур вара оцу гIалгIайн лома, - Зеламхас аьлча, бакъахьа ду аьлла, охашимма иза хьешан цIа чохь садаIа витира. Ткъа хьалха санна Iуьйрре тхойша новкъа велира гIалгIайн лома ваха.

Новкъа воьдуш ас Зеламхе хьаттира: «Зеламха, дийцахьа оццул ахь хIара аренаш идош, къахьоьгуш, хьайга бала балхийначунна хьайн са ца кхоош г1одеш мел дукха къахьегна ахь. Хаьа суна, оццул ахь дукха диканаш диначаьргара хьуна баркалла хилла хир доций а, мел дукха хилла хир ю меттигаш айхьа нехан хьашт кхочушдеш лелийначу гIуллакхашна хьо дохковаьлла а. Мел доккха хIума ду, дуьненахь вахарах дог а диллина, халкъана ницкъ бо аьлла масех паччахьан инарла вер а, банкаш кхоьхьуш, уьш мискачарна, боберашна йоькъуш. Масане ду уьш, дийцахьа, дохковаьллий хьо?

- БIехо, доццу цхьан дашца эр ду, - элира Зеламхас, - айса нахана бинчу дикачу балхана со дохковаьлла вац хьуна мел сайна халонаш тIехIиттинехь а, я вер а вац дохко. Хаалахь, БIехо, дуьненчу сирла малх схьакхетале хьо самаваьлча, кху дуьненчуьра и малх къайлабалале цхьа дика адамашна ца деш лен волу стаг 1ахь, цо дуьненчохь йоккхург эрна хан юйла. Бакъду, со пхийттара ваьлчахьана тахханалц схьа ледар хIума сайгара ца далийта гIерташ схьавеана. ХIокху арах лелаш ас даьkкхинчу итт-цхьайтта шарахь айса мел дина дика гIуллакх цхьана агIор дилллича, ткъа оцу Девлатгирин-эвлахь нохчашха схьаваьлла Шида-инарла вийначу обарга и вийна вайнахана дина дика вукху агIора диллича, ас мел лелийнарг ца кхочу хьуна цу мила ву ца хуучу обарга диначуьнга. БIехо, цу Шидас ша къена къанваллалц болх бина Николайн Iедалан белхашкахь. Цо оццул ша болх беш лелаш цхьа а дина дика гIуллакх дац боху баккхийчу вайнаха. Ткъа цо Сибрех эхийтина бехк боцу нах эзарне кхочур вара аьлла дийцира хьан цIархо волчу тхан дедас.

И дара сан ялхийтта-вуьрхIитта шо долуш, ткъех шо хьалха ду и дийцар, со аравалале итт шо хьалха, тхан дай, дешича волу Iеламхий жеца бIаьста Теркайисте ваханчуьра цIа веара. Эццахь цара дийцира, хIун ду, керла хIума дуй аьлла тхан дедега БIехога хьаттича. Дера, Дада, бу боккха кхаъ Теркайистерчу нахана тахана берг, хIун бу аьлча, паччахьан 1едалца берта а вахана, вайнехан ц1ий муьйлуш, хьарам даьхни гулдина, вайн уггаре а тоьлла къонахий Сибрех эхийтина шена цхьа гали деши гулдина волчу оцу Шидас гайтина хилла и шен деши уггар нохчашлахь бакъ волчу шар1ан дега Дибиран к1анте Элаха-молле дозаллина. Шида дагаваьлла Элахех, гой хьуна х1ара гали деши, дийцахьа, хьо сов хьекъал долуш а вуьйцу, ахь хьайн хилча х1ун дийр дара кху дешех аьлла. Цо жоп делла Шидина: гой хьуна, Шида, хьо тахана, къаналла лела а ца велла, балхара Iедало мукъавитина. Ткъа 1едало хьуна валлалц дуург-мерг иштане дала бина сацам а бу, ткъа хьан т1аьхье а яц, ахь хIун де аьлча, ас аьлларг хьо дийр долуш велахь, цкъа охьадохкал и хьайн деши кху куза тIе, Шидас гали чуьра деши куза тIе охьадоьхкина хилла. Ткъа Элаха-моллас цунах кхо дакъа а дина, д1аса а хьекхна, Шида, х1ара ши дакъа хьайна дита, хIара кхоалгIа дакъа кепек ца эшош, боберашна а, хьажа стаг воцчу баккхийчу нахана дIадекъа, нагахь ас аьлларг хьо дийр долуш велахь. Шидас, деши вовшах а эдина, аьлла, оцу хабарех дIакхуьссуш хилча хIоккхул деши вовшахкхетар дара аьлла хетий хьуна, и хьан хьекъал суна ца оьшу аьлла, цо юьхь йоцуш дIахьажийна и Элаха-молла.

Цул т1аьхьа цхьа а х1ума дагахь а доцуш, шовзткъа километр генахь Теркайистехь вехачу Элаха-моллин цIенна го лаьцна, цунна чу а хьийсина, цуьнан гергара мел волчуьн чу а хьийсина. Шайна цхьа а кепек деши карийна доццушехь, цара цу Шидин маттаца-омрица

Элаха-молла лаца а лаьцна, даима катаргехь яккха хан а тоьхна и Сибрех вахийтина. Ткъа Шидас и бехкевина, шен деши дуй цунна бен хууш стаг а вацара, и цо ша даьхьна я шен маттаца дахьийтина аьлла. Цхьа а бехк боцу и воккха стаг (цу хенахь нохчийн уггаре и хьекъал долу шар1ан да) Шидас Сибрех вахийтина. Цул т1аьхьа кlира далале шен чохь Шида тоьхна вен а вийна, яздина церан чу кехат а диллина, цхьа обарг д1авахана хилла. «Хаалахь, ахь лацийтина нохчийн нехан коьрта стаг Элаха и деши дахьарна бехке воций, шозлаг1а, и санна ахь бехк боцуш Сибрех эхийтинчу нахана т1ера вийна ас хьо, Шида», аьлла и обарг д1авахана. Дера, сов дукха зенаш а ма хилла и бахьанехь, нах а ма лецна цу эвлара. Бакъду, суна тахана ц1енна хууш ду и Шида вийнарг мила хилла, амма хьоьга дийца а йиш яц сан, ас ч1аг1о йина ца дийца. Ткъа сан б1аьрга ган а гина суна и вийнарг, цуьнан и бахьанехь хилла сий сайн хир доций хаьа суна, ас мел къахьегча а. Эццахь тхан дедас а, наха а оцу обаргана олучу баркалле ч1огlа ладийгIина ву со. Цундела боху ас хьоьга а, Б1ехо, ас мел лелийнарг цхьаьна аглор диллича а, оцу Шида вийначо нахана динчу г1уллакхе кхочур дацара ас лелийнарш. Цул совнаха, хьекъал долуш болчу наха олуш хезна суна, паччахьан 1едалца болу вайнехан толам даима цхьацца сонтачу наха царна дечу тохарх хуьлуш бу олий.

Доцца аьлча, нахах дисинарг бен х1умма а дац хьуна, ткъа вайн дикачу к1енташа дехкина некъаш ду хьуна, вай лелийнарш наха диначуьнга хьаьжча х1умма а доцург ду хьуна. Иштта хьал ду, сан хьоме ваша Б1ехо, аьлла, тхойша Ерш олучу к1отара йисте кхаьчча, тхойшинна дуьхьал хьаьдда вог1ура цхьа берашха жима стаг. Схьа т1е кхаьчча и Зеламхан уггар жима ваша Бисолта хиллера. И дуьхьал кхетташехь, цуьнга хаьттира Зеламхас, Инал схьакхаьчний вайга аьлла. Бисолтас жоп делира, Инал кхаьчна вац, аьлла.

- Чlог1а хьо тахана ца варна кхоьруш 1аш дар-кха тхо, мел дика ду хьо веана, - элира Зезага.

Биций, Зезаггий, Зеламхан ши йо11ий, ши к1анттий - берриге а доьзал цхьаьна ирзерчу кlотарахь 1аш бара. Соьга маршалла хаьттира Зеламхан х1усамнанас а, несо а. Бакъду, тхойша хьалха веача санна самукъне бацара доьзалш. Ткъа Зеламхана шекваьлла хаттар дира, шун гlехь яххьаш хийцаелча санна ма хета шена, шуна гучадаьлла хlумма а дуй? Цуьнан хlусамнанас Бицис элира: «Хаац, тхуна го туьйсуш тхо лардахь а, я хьо веана хьежахь а, я тхуна мотт тоха веанехь а цхьа стаг гучаваьлла тхуна сийсара. Бакъду, Бисолта оха хала сацийра, ша и стаг вохуьйтур вац, тlаьхьа а вахана и вен воллу ша, велахь а, вацахь а мотт тоха веана стаг бен хуьлийла-м дан а дацара иза. Бакъду, ахь дов дарна кхийрина, хlа-ра к1ант охашимма сацийра», - жоп делира Бицис. «Делахь дика ду, сан хьоме Бадик, хьо йоьхна-м яц?» - аьлла, шен йоккхах йолчу йоlе вистхилира Зеламха.

Гуш дара, Зеламхан бос а г1ехь хийцабелла хилар, и новкъадеана хьаьвзира Зеламха, иза ч1ог1а шеквелира, цlенна х1орш бу-бац хьажа веана стаг-м ву хьуна и аьлла. Делахь а шен доьзалан дог ийцира, шу шек д1а ма хиллаш, паччахьан буьйр ду шуна зударшний,берашний ницкъ бан йиш йоцуш, шун метта со гlур ву шуна цу Сибрех а. Цхьа Делан болх а хилла, шу цара лаьцна д1адигахь, хаалаш, со оцу б1он хьаькаман ца кхайкхина хьаша хирг хилар. Дера бакъ ма ду, шен са ца дезаш карийна вац суна цхьа а хьаькам. Нагахь санна и мотт тоха шу ду-дац хьажа веана стаг хилахь, цуьнан са даккхарал хьалха болх бийр бац вай, нагахь санна эскарна хьалхаваьлла ваглахь шу лаца аьлла стаг, и милла велахь а, хаалаш, шен са чохь и д1аг1ур воций. И дуьтур вай, т1аьхьа ден дерш ду уьш, со цкъа а вац дош хетта кхана ас и дийр ду, важа дийр ду бохург, хаалаш, ас Дала мукъалахь аьлла бен кхане т1елаьцна йоций.

Зезаг, тахана кхуза ван везаш вара, цхьацца керла х1умнаш а дахьаш, вайн хьаша г1алг1а Инал, иза а ванза Iийр вац, сийсара шайн кхерадалар а дитий, же, юучун г1айгlа бе аш, элира Зеламхас, «Дера тахана юучух мотт дlатоьхна-м бац хьуна оха а, х1окху бераша а», - жоп делира Бицис. Ткъа Зеламхас элира: и хlун ду, Бисолта а, Мохьмад а ши къонаха цхьаьна а волуш, шу хIунда доьхна. Эхь дац иза?

Кхул тlаьхьа хаалаш, къийгаша лечин кIорнеш даьхьна меттиг йоций, боккъал ца хуьлча далахь, дан цхьа кхин хlума а ду вайн, Зеламхас оллушехь, цхьа сов безамехь

г1еметтах1оьттина волу г1алг1а т1ех1оьттира, ассаламу 1алайкум, де дика хуьлда шун, нохчийн к1ентий, аьлла.

- Ва Iалайкум салам, вог1ийла хьо марша, де доцу х1ай г1алгIайн инарла, - аьлла, забар а йина, Зеламхас хьалаиккхина, урх лаьцна и говрара охьавоссийра, тхо кегий доьзалш болчуьра дехьа девлла, гобаьккхина кертана гонаха сов исбаьхьа зезагаш девлла долчу метте, сийначу беца т1е охьахевшира. Эццахь Инала элира:

- Зеламха, со хье-м вели, цуьнан а шен бахьана ду, амма ас ахь да аьлла газеташ деана. Цу т1ехь болу кхаъ хьайна хиъча, суна юха а кхетар вара хьо мара.

Соьга а хьаьжна, Зеламхас элира:

- Х1ара Б1ехо ву хьуна, хьуна ас лун болу кхаъ лур болуш, схьаалий валахьа, и х1ун кхаъ бу?» Эццахь Зеламхан йоккхах йолу йо1 Меди а яра кертана юххех шена зазагаш а лехьош, тхоьга ладуг1уш гонах хьийзаш. Инала шен гIовталан кисанара газет хьала а даьккхина, деша долийра, и оьрсийн маттахь дара, тхуна маь1на а деш. Цу тIехь иштта дара: «Моссуьйттаза шега ша санна кхин воцчу паччахьан мостагIчо Гушмац1ин Зеламхас иттех де хьалха хаам бешшехь, банкаш яхьарна а, кхин г1уллакхаш леладайтарна а Вербицкий балхара д1авоккхур ву». Шозлаг1а, цу Вербицкийна уггар лакхара та1зар дар доьхуш паччахьан сийлаллийн Думе кехат а яздина, Зеламха, и хьан коьрта мостаг1а цу 1аьржачу уьнт1ехь гина-кха тахана сан б1аьргашна, х1ара газета совг1атана а деа ас хьуна аьлла, газет дIаделира Инала Зеламхе. Эццахь вистхилира Зеламха:

- Инал, ахь беана кхаъ суна а, вайн халкъана а сов боккха кхаъ бу. Суна ц1енна хаьа, цу тайпана хьал делахь, цуьнан рицкъа кхузара д1адер дуйла. Бакъду, газета арадаьллачул т1аьхьа и цара эккхор вуй хаьа суна, мацца эккхийна а, дера селхана а волуш ма ву и цу шен балхахь. И ахь бохург суна 1абдулмежида дийцина-м ду хьуна, и 1абдулмежид тахана со бахьанехь цу ж1аьлеша балхара а вохийна хьийзош вайн дика накъост ву. Амма суна г1о ч1ог1а деш ву и Дала сий дарг, со валаза висахь цо сайн дина сий а, вошалла а ас диц дийр дац. 1ожаллех дерг хаац. Инал, Бlехо, ас вуьйцург ша саннарг юххе х1уттур воцуш волу нохчийн майра эпсар Кужуев 1абдулмежид эпсарийн лакхара школа Гуьржех чекх а яьккхина, ша массуьйттазза 1ожална дуьхьал хIоьттина, Австрехь а, Польшехь а, Турцехь а, кхечанхьа а т1емаш бина, ц1ена, даймехка хьанал к1ант ву. Веданахь вара и балхахь, ас и Галаев боху полковник вуьйчу хенахь. Эццахь и вийна аьлла доккхуш шена орца хезча, шена бешахь хиллий хуьушехь, орцах хьаьдда ке-берте а вахана, эццахь шена х1умма а ца хууш санна вухахьаьдда веанера оьзда и эпсар, дикка хан юкъа а йолийтина, цу Галаевн дакъа, чIог1а шена къахеташ санна, накъосташца д1адаьхьнера цо иза 1ачу х1усаме. Суна тоьар дара шена х1умма а ца хуучух цо цу дийнахь ке-бертехьа дигна эскар. Ва Инал, со деха ваьлча паччахьан 1едалера хила геч доцуш, догдиллина висина, дог диллинчу дийнахь сан дог парг1ат даьккхинарг ву хьуна и 1абдулмежид.

Цlенна бакъдерг бен дуьйцур а доцуш, цо соьга дийцина, кху Россин пачхьалкхехь уггар хьекъал долчу цхьана оьрсийн сийлахь к1анта д1адолийна г1уллакх массанхьа даьржина хилар а, кестта паччахьан 1едал духуш хилар а, кху Дег1астанчу революци яккха кечам бан веана стаг гина хилар а, кестта бакъонан Iедал х1уттур хилар а. Бакъду, цо соьга дехар дина, нийсса кхаа шарахь ларлохьара хьо аьлла. Хьовсал шу, Вербицкий бахьанехь ас лелийнарг хууш ду шу. Делахь а, сан карах садала язделла ца хилла-кх цуьнан. Ас шуьшинга вийцина и эпсар тахана кху ДегIастанарчу 1едало шайн хьекъална сов а, тIам тIехь майра а волу дела вохийна хьийзош ву. Бакъду, цу паччахьан Думехь а хилла иза. Бакъдерг х1унда ца дуьйцу, ур-атталла паччахьан Думе вахча а, шена бакъонан некъ карор боций хиъча, революцин болх Россехь д1ахьош буй цу Петарбухехь ц1енна шена хиъча, х1умма а г1айг1а а ца беш тахханалц ерриг цу инарлийн къайленаш вайга схьаюьйцуш схьавеана ву иза. Амма пхи шо хан а кхайкхийна, кху харц 1едалан инарлаша а бехвина ца хилча, ас шуьга и вуьйцур а вацара. Х1инца со санна лору цара и, цабезам хиларца. Амма цунна дуьхьал а х1оьттина, тоьшал дан хууш бакъ дерг дац царна, шеко ч1ог1а хилар бен, ц1енна цхьа хIума хаьара суна, 1едало бехван волийна и Вербицкий юкъара дIавалахь, уггар цуьнан воккха мостаг1 д1аволий. И мила ву ца хаьа шуна. Бехказлонаш йо я шена хьалхара кхин вохуьйту. Иштта

к1елхьарадуьйлуш лела и зуд.

ХIинца, Инал, Б1ехо, со ч1ог1а цхьана х1умнах шекваьлла кху деношкахь, ч1ог1а дуйнаш а кхийлина, соьга дехар а дина, воьлху сурт а х1оттийна, ша вара леррина хьо а, хьан доьзал а ган веана аьлла, со цуьнан дуйнах а тешна, сан доьзал болчу веана цхьа къонаха тхан аг1онгахьара, и дукха хан а яц. Бакъду, ас т1аьхьа ч1ог1а ойлайира, хьалха ян езара и, цуьнан х1ун г1уллакх дара сан доьзал ган аьлла. Сийсара цхьа стаг кхарна гучуваьлчахьана со тешначух ч1ог1а шекваьлла ву, амма со цхьана а г1алг1айн кIентех шек воций хаалаш. Суна сов доккха вошалла цу гIалг1айн к1енташа дина. К1ентий, шу ца хилча сан дан амал дацара, тахана иштта кхерабелла хIара доьзал а болуш, д1аг1ойла дац сан. Тахана ашшимма дан ч1ог1а г1о дара суна, цхьабосса гена ду кхузара д1а Буру-г1ала ваха а, Т1ехьа-Мартант1е ваха а, х1инца ашшиммо х1ун де аьлча, Инал, ахь ала Довте, сан таьлсаш патарманех дузий, вайшимма хьастаг1а йиллинчу метте охьадахка, ткъа Б1ехо, хьо чехка ц1а г1о. Яхьяна хаьа хьуна тховса Саламбеккий, Аюббий мичхьа хир ву, цу шинга тахана делкъале хила ала шаьш суна т1е Орлов боху оьрси валийначохь. Эццахь соьга хьоьжуш саца ала. Ткъа Яхья шена лаахь цаьрца вог1ур, ца лаахь ца вог1ур, тхо кхо к1ант ларор ву цигахь. Бакъду, даго суна ч1ог1а хьоьху, схьахетарехь, и сийсара веана стаг мотт эцна ваханчух тера хета суна. Цхьа х1ума ду, и муьлхха бохам белахь а, тIекхачале кечвелла хилча атта ду, ваставала хала дац. Амма т1екхаьчначул т1аьхьа кечвала а, дог ч1аг1да а халахилар зеделла ву со. Ши к1ант, варий, ледарло ма елаш. Ткъа тхойшиннан ледарло хирг ца хилар цуьнга а хаийтина, тхаьшшинна т1едехкина декхарш кхочушдан д1авахара тхойша. Бакъду, со Яхьяс шеца ца ваийтира. Яхья цигара вахана ши де даьлча ц1а веара. Дера хиллера Зеламхан даго ма-хьеххара шолг1ачу дийнахь и цуьнан доьзал леца баьхкина. Ши де даьлча Яхья ц1а веара, цо дийцира, Б1ехо, шу цигахь Iачу дийнахь кечам беш хиллера и Зеламхан доьзал лаца. Эццахь шуьша цига вахана ца хиллехь йиш яцара, х1унда аьлча, оцу Зеламханан доьзал д1абига Ерш олучу к1отара веанчу б1он инарлас леен маьттаза бага шен лерга ца хезча теша хала дара. Доллучул а «мичахь ву и шун турпал Зеламха, тахана ас зуда а, нус а юьгуш, ирх охка доьзал буьгуш» бохуш, Зеламха дукха геннахь ву моьттуш цо бетта мохь шерра хезаш дара тхо а, тхо санна Зеламха а.

Зеламхас элира, к1ентий, тахана кху гонаха бехачу нахана а хезаш, и мохь цо ца беттахьара, со цхьа патарма ца кхуссуш д1аг1ур вара, амма х1инца г1ойла дац. Дера вацара со кхузарчу нахана сан доьзал бахьанехь новкъарло ян лууш. Тхоьга и аьлла, Зеламхас ч1ог1а мохь туьйхира. Кхера ма лолаш, топ кхосса со говза ву шуна аьлла. Цул т1аьхьа нисса барх1-исс сахьтехь лаьттира и эскар. Бакъду, сан б1аьргашна гуш виъ-пхи эпсар а, церан коьртаниг а вуьйжира. Дера ца гира сан б1аьрга цхьа а велла салти. Бакъду, говраш охьаоьгура, ц1енна хаа-м хаац. Эццахь са дайра, гулделира сов дукха адамаш, церан дехаршца Зеламхас пурба а делла, г1алг1ай юххе а бевлла, шун Дала некъ тобойла аьлла, оха бакъо а елла, Зеламхан доьзал Буру-г1ала д1абигира. Тхо цхьанна а чов ца хуьлуш эццара дIасакъаьстира. Оцу сарахь Зеламха Яхьяца тхо долчу схьавеара, ткъа суна цо т1едиллира: «Ва Б1ехо, тхо г1ехь к1адделла ду, ахь х1ун де аьлча, кхана 1уьйранна БIаьчи-юьрта а гIой, оцу юьртахь ву хьуна вайн гергара стаг, цуьнан ц1е Буьлт1иг ю хьуна. Хьо хьалха т1екхаьчначу адмашка хатта, кху эвлахь суна хьошалдан доьнал долуш стаг мила ву-те алий, хьоьга церан юьртхоша и Буьлт1иг вуьйцур ву хьуна. Иштта хаалахь, цо хьоьга хоттур дац хьуна цхьа-ши де-буьйса даллалц хьан г1уллакх схьадийца аьлла. И суна зеделла ду. «Схьадийцал хьайн г1уллакх», хьеше д1акхаьчна а валале хеттар нийса ца лору. И шатайпа къонах ву хьуна. Ахь цуьнга хIара сан мух1ар гайталахь, и ша кхетар ву, хьо лаа воций хуур ду цунна».

Со сов 1уьйрре вахара цу Б1аьчи-юьрта, со цига д1акхечира делкъан ламаз тилале, Зеламхас ма-аллара, ас эвла юкъахь лаьттачу нахаха жимма сайна басехь г1оле хетарг тIе а кхайкхина, хаьттира, кху юьртахь сан хьаша вац, суна оьшу хьошалла а дийр долуш, дика къонах везар-кха аьлла. Цо оцу сахьта схьавийцира Буьлт1иг бохуш ву хьуна, генахь вац иза, д1о нахаца хиъна 1аш ву аьлла, цо цхьа безамехь дег1-куц долчу къонахчунна т1е пIелг хьажийра. Цу нахана т1е а вахана, салам а делла, ас элира Буьлт1иг вуй хьо аьлла? Ву бохуш ц1е-м ю сан, хьо марша вог1ийла, хьаша, аьлла и хьалха а ваьлла, шайн ц1ехьа вигира со.

Тхойша д1акхаьчча, ас хьеделлехь а, сихха ламаз а дина, тхойша охьахиъча, цуьнан х1усамнанас сиха юург хьалха йиллира. Тхойша чай молуш Iаш чохь стагга а вацара, ткъа ас цуьнга дIагайтира Зеламхас сайга делла цуьнан ден а, цуьнан а цIе тIехь йолу датон мухIар. Эццахь оцу минотехь цо соьга хьаьттира, хьо лаа воций хаьа суна, схьадийцахьа сихха, хилла бохам хIун бу аьлла. Дера, БуьлтIиг, селхана Зеламхан гIалгIайн ломахь болу доьзал, дукха эскар а деана, дIа ма бигна, Буру-гIала бигар хаьа, цаьрца баккхий нах а бахара. Бакъду, со цигахь вацара, сан ваша Яхья а, Зеламха а сийсара цигара цIа веана, цара дийцира суна. Цул тIаьхьа соьга хаьттира БуьлтIига, х1ун ю хьан цIе аьлла.

- БIехо ю.

- ТIехьа-МартантIера вуй хьо, аьлла, со цунна вевзаш хиллера, юха цо соьга хаьттира:

- Ва БIехо, оццул эскар а хилча, бархI-исс сахьтехь уьш дIа ца буьгуьйтуш бина тIом а хилча, цуьнан доьзалшна я цунна цхьа а зен доцуш дуй-те, иштта сиха хьо со волчу ваийтар? И дош ца тайна, ас элира:

- БуьлтIиг, хьуна со вевза моьттара суна, со хьуна ца вевзий хаьа суна, ахь сайга хилла зен дуй аьлла хеттарехь. Дера дац хьуна, ас хьоьга дуьйцучул сов цхьа а хIума. Цхьа бакъду, ас хьалха ма-аллара, цу деанчу эскарх маса велла хоийла дацара, кхин х1ума дац.

- БIехо, ахь бехк ма биллалахь суна, хезна ма-дарра ала ца делир-кха олий, тIаьхьа гучудолу ирча гIуллакхаш. ХIинца теша со ахь бакъдерг дуьйцуш хиларх. Кху сахьта БуьлтIига шен говр схьаялийна, цу тIе нуьйр тиллина, сов чехка шен шаьлта юкъах йиххкина, тапча цунна чухула коча а тесна, тхойша аравелира. Малхбуза хан хилале тхойша новкъа велира. Хууш ду тхойшинна шинне а хьалхенгахь цу Зеламхас мел лелийнарш. Бакъду, суначул дукха хьалха и Зеламха шена вевзина воллушехь, цунах лаьцна къамел доцуш, цхьацца кхидерш хоьттуш-дуьйцуш схьаоьхура тхойша. Со Iа ца велира БуьлтIиге ца хоттуш, Зеламхех лаьцна дийцахьа, хьан гергара стаг муха хилира цунах аьлла.

- Дера, БIехо, со а ма вара оцу Зеламханна а, и санна болчу обаргашна а тIаьхьалела старажник язвелла, доцца аьлча, тоьпах Iехавелла Веданарчу гIопехь хан йоккхуш Iаш. Со цига вигнарг сан доттагIа Iабдулмежид вара. Оцу Ведана гIопехь йолу къайле оцу Iабдулмежидана хууш яра, хIетахь цунах чIогIа тешна бара бIон хьаькамаш, ткъа цунна хиънарг суна а хаьара, бакъду, хIинца-м хьийзош а ву цара и. И дара цхьана буса хан йоцчу хенахь. Оцу гIопе мотт беара, кху сахьта Зеламха шен доьзал болчохь ву, ша бен накъост а воцуш аьлла. Оцу минотехь исс стаг кечвира бIон эпсаро, хIинца чехконца гIой, кIело а яй, ве иза, дийна каравалон гIертар дац, и каравогIур вац са а чохь аьлла. Цу исс стагах виъ Зеламха лаца кечвина волу старажник вара, ткъа важа виъ Зеламхан тобанан мостагIех вара, иссолгIаниг коьртехь волу нохчо вара. Цига а вахана, ша дийр ду цунна дан дезарг аьлла, хьалхаваьлла и нохчийн командир а волуш, Хорача а бахана, шайна кхерам боцучохь хIорш кIел хевшина левчкъина Iаш, Зеламха шен дина а хиъна схьавогIуш цунна кхара тоьхна цхьа а топ, я цунна, я говрана а ца кхеташ, эццахь ша вахийта аьлла, вахаза ца Iийна и нохчийн эпсар вийна Зеламхас.

Цуьнан деана дакъа сайн бIаьрга гина ву со. Дера со воьдуш тхан ден бертахь а ма ца вахара. Цул т1аьхьа цIа а вахана, хьо цига кхин гIур воций хаалахь, дIало церан тоьпан хьокха чехконца, омра дира тхан дас, хIунда аьлча, хаа деза хьуна хьо цигахь хилар а цу Зеламханна тевр доций, тахана хьо бахьанехь вайн ворхIе а дайшкара охьадогIучу гергарлона юкъа мекха яр оьшуш дац. Цо боххург дина, Ведана а вахана, тхан да чIогIа цомгаш ву, сан и лелон деза, хIан, дIаэца шайн топ аьлла, и дIа а елла, со цIа вахара, цуьнах боккха кхаъ хилла, тхан дас элира, гой хьуна, и Зеламха харцо ядийна лелаш хиллехь, цунна исс стаге кIел а хиъна, тоьпаш тоьхча шена я говрана ца кхеташ и кIелхьаравала бахьана дацара, ткъа цо цхьаъ бен ца тоьхнехь а ша вен хьакъ долчунна и кхетта. КIант, ахь хIун де аьлча, хьайн ницкъ кхачахь, цу Зеламхица гергарло таса, и лаха а лахий, и ду хьуна къонахчун гIуллакх. Бакъду, кIело яр вайн дайша акхарошна а дац магош аьлла, тхан дас сайга динчу къамелан ойла а йина, со цу Зеламхан гергара стаг хилира. Ткъа тахана оцу Зеламхас и шен мухIар хьоьга делча хаьа суна, хьо цуьнан гергара тешаме стаг вуйла.

- Ва БуьлтIиг, мел Iийра хьо старажник?

- Ши бутт а ца кхечира со цига язвелла, хьуна бакъдерг дийцича, хьо нагахь эпсар вацахь, цигахь хьан сий дацара лайнчул башха. Доцца аьлча, вайн стаг хьаькам хир вац дикка таро йолуш вацахь, цара чомахь деша а ца вохуьйту и мотт бетташ вацахь. Доцца аьлча, салти хилла ткъе пхи шо даккхар а, катарге вахана вацар а дукха башхалла йолуш дац хьуна, ва БIехо.

Иштта цхьацца дуьйцуш тхойша буьйсанна нах бийшале дIакхечира. Оцу хенахь тхойшиннан ши говр чIогIа кIадъелла яра, елахь а соьга элира Яхьяс, нуьйр дIа ца йоккхуш чехка гIой, тхан юьртхочо йигна шен пайтон цIа кхаьчнехь, тховса я Iуьйранна схьаялае ала аьлла. Со цига вахча, и йигначо Iуьйрре пайтон цIахь хир ю аьлла, со цIа веара. Со чукхаьчча чохь цхьацца дуьйцуш Iара Яхья а, Зеламха а, БуьлтIиг а. Зеламхас БуьлтIигана тIедиллира кхана делкъанна хьаькамаша хIума юучу хенахь Буру-гIаларчу набахтан хьалха а вахана, цигахь дIасавола а велла, хьайна корех схьахьаьжначу БицигIарна хьо гайтар. Цул совнаха, хIара кехат ду хьуна, хьо царна гича, ахь кисанара схьа а эцна, церан коран хьалха царна гойтуш охьатаса дезаш, нагахь санна цхьана дийнахь хьайн ка ца далахь, шозлагIчу дийнахь тасий а, цIена кехат охьатаса. И хIунда тосу аьлча, цара эцца кехат тосур ду хьуна шайца лелориг дуьйцуш, буьйсана и схьадан керистанех суна стаг карор ву. Хьо хьажа, хьайн хIун нисло, боккха аьтто бу хьуна уьш малхбузехьарчу корашкахь хилахь, нагахь царна хьан кехат ган аьтто ца хилахь а, хьо вевзаш ву Бицина а, Зезагна а, ткъа вай шаьш эрна дIатесина дуьтур доций хаар а ду уггаре а коьртаниг.

Яхьа, вай кхоъ Iуьйрре Буру-гIала гIур ву, ткъа хIара БуьлтIиг вевзаш дукха нах бац кху агIор, хьо болх беш волчу хьайн некъа т1е балха гIур ву, ткъа ас сайн хорма хуьйцуш, берриг кечам а бина, юург-мерг йиъначул т1аьхьа тхо д1адийшира. Кхана дукха Iуьйрре ас пайтон кеч а йина, хIара кхо накъост новкъа ваьккхира. Тхо юьртаха ма девлли, Зеламхас шен цхьана дечкан хумпIар чуьра сов хаза маж схьа а эцна, шена тIейиллира. «Хьовсал, кIентий, хIинца хьан эр ду со оьрсийн молла вац», - аьлла, забар а йира. Оцу сарахь уьш цхьа а цIа ца веара, шолгIачу сарахь БуьлтIиггий, Яхьяй цIа веара, Зеламха вацара. ХIара хIун ду-те аьлла, со цецваьлча, цу шиммо элира, тховса садоIуш и шен хьаша волчахь сецна, тхойша кхана вуха ваха веана, ткъа Зеламхан доьзал гина БуьлтIигана, цаьрга шуна кхана оьшург яхьар ю аьлла, веана хIара. Царах дерг ма-дарра хууш дацара, гучуваьллла цхьа да вацара. Ткъа Яхьяй, Буьлт1иггий шаьшшиннан карахь шортта юург-мерг а йолуш, Iуьйрре вуха Буру-гIала вахара. БуьлтIиган юург эцна гIойла дацара, чIогIа гIайгIане дара тхо. Шозлаг1чу дийнахь со а вахара кхаьрца, шен можаца тхуна дуьхьалвелира Зеламха, цо цу буса лехна хиллера хIиришха волу набахтин белхало. Ткъа и юург-мерг цу хIиричун зудчуьнга дIаелира. Цу шозлагIчу дийнахь Зеламхан зудчо хаам бира БуьлтIиге шайна юург-мерг схьакхачар хоуьйтуш. Цул тIаьхьа тхо дIасакъаьстина, са а дайтина, юха вовшахкхийтира, тхо вовшаххкетча Зеламхана элира:

- Шу хIинца цIа гIо, БуьлтIиг, хьо тховса кхаьргахь буьйса а яккхий, кхана дIагIо, ас эшча хоуьйтур ду хьуна. Бакъду, ас хьо валор вацара оццул генара, ахь сайгара бехк баккхарна ца кхирийнехь, хьайга хIунда ца хаийтира аьлла.

- Зеламха, уьш вайна юкъахь дийца оьшуш дац. Иштташохь ца веача, со мича ваийта воллура хьо?

- ХIинца шу паргIат хила, со тховса а цу набахтин хьаькаман хIусаме ваха воллу. Суна дийцина, и керла веана ву, Iаш цкъачунна хьешацIеношкахь ву аьлла. Со тховса цунах а кхетта, цIаван мега, тховса ца ваг1ахь, кхана гур ду вай.

- Дера, Зеламха, хьо цига водахь, тхо а ма ду хьоьца догIуш, - оха аьлча, и велавелира:

- Шуна ма мотталаш со тIом бан воьду. Ца воьду со тIом бан, делахь а со цуьнга ала воллу и бераш, зударий да волуш ду, доцург дийцахь мегар дац аьлла.

- Делахь дика ду, тхо кху Яхьян хьешашкахь совцур ду, хьо схьаваре хьоьжуш, - аьлла, тхо цо пурба а делла, Яхьян хьаша волчу дахара. Цул тIаьхьа кхо-диъ сахьт хан елира оха иза схьаваре сатуьйсуш. Бакъду, тхуна кхин а хьевеллехь новкъа дара, дIадуьйшу хан а яра тIекхаьчна, тхаьш стенга сатуьйсу дIа ца дуьйшуш хьеше дийца йиш а яцара ма-дарра.

Зеламха шен мажаца веана схьакхечира, цо тхоьга элира, ша тахана чIогIа къахьегна

Яхья лоьхуш, иза кху хьешашкахь хила мега аьлла веанера ша, хIара хIинца карийна доккха гIуллакх хили, аш бехк ца биллахь, тховса ас х1ара дIавуьгур вара. Ткъа хьаша цецваьлла, буьйсанна хIунда вуьгу ахь хIара аьлла. Кхана Т1ехьа-МартантIехь цхьа стаг вуьтуш хуьлучу маслаIатехь хIара ца хилча ца валарна вуьгу ша хIара тховса, элира Зеламхас. Хьешо бакъо елира, ткъа кхунах къаьстина, кхана гIаш ваха гIертачул, тхойша а гIор аьлла, тхо цхьаьна новкъа девлира. И дерриге а лелориг Зеламха ца вовзийта дара.

Тхо новкъа а девлла схьадогIуш, Зеламхе оха дийхира, дийцахьа айхьа лелийнарг, аьлла. Зеламхас дийцира:

- Ас цу хьаькаме къамел дан аьтто ца балахь а аьлла, яздина кечдина кехат дара, сайн мухIар тIе а таIийна. Со цу хьешацIа чу вахара. Суна хьалхе хууш дара и муьлхачу чохь ву. Со, бакъо а ехна, чу велира. Цу чохь цуьнца кехатех ловзуш Iаш накъост вара, ткъа ас цу шинга дукха къамел ца деш хаьттира, пхи сом къастон ахча дуй аьлла. И шиъ оьрси хилар хууш дара дечу къамелехь. И ахча доцуш ду аьлла, охьахаа сасед, цара аьлча, жимма цаьрга хьожуш саца а сецна, ас набахтин хьаькам волчуьн хорма билгалйира: шен гIантах тесна йолчу цуьнан пагонаш йолчу костомах хиира цуьнан маьнга муьлха бу, гIайби кIел кехат диллира, и шиъ шаьшшинан кехаташ ловзаш Iашшехь. Дика ду, ловза шайна, со араволу аьлла, со араволуш, цу набахтин хьаькамо соьга хаьттира, хьо мичара веана аьлла. Ас жоп делира, со Алагирера бусалба динера хIирийн молла ву аьлла. Бакъду, кехатан юьхьиг гIехь гуш яра, и дешча хуур-кха цунна шен хьаша хIун молла ву. Цуьнга хаьттира Яхьяс:

- Зеламха, дийцахьа, цу кехата т1е айхьа яздинарг?

- Дера, Яхья, ас башха дукха а ма ца яздира. Делахь а оцу доьзалан да мичча хенахь а доцург дийцахь вуха хьо волчахь хьошалгIахь а хир ву, цул совнаха, хьан хьаькамца дан къамел а хир ду, цо хьоьга доцург лело аьлла омра дахь. Доцца аьлча, ас дIахаийтина цуьнга, законал тIехдаьлла хIума лелош хилахь и сайна хуург хилар а, цу гIуллакхан суьдхо со хирг хилар а.

Оцу буса тхо цхьаьна тхоьга схьа а даьхкира, БуьлтIиг, дIа ца вуьжуш, буьйссашха шен говрахь дIавахара. Цу Iуьйранна Зеламхий, Яхьяй юха а Буру-гIала вахара. Бакъду, Зеламха чIогIа сингаттаме вара цу хьаькамаша шен доьзалца законехь доцург а лелош, царна ницкъ барна кхоьруш. Кхийрича а бехк бацара, цунна а, Iедалан хьаькамашна а гуш дара цу Iаьссан чIожехь хIоттийна къематде и доьзал бахьанехь. Оцу суьйранна Яхья цIа веара, Зеламха Буру-гIалахь висинера шен хьешашкахь. Ас хаьттира, хIун дина-те хьан накъоста, аьлла.

- Дера хаац, цу шайн юьртахь Хорачахь санна эвхьаза лела-кха и цу Буру-гIалахь. Цунна хьеха хIума а дац, цу Буру-гIалахь а, Алагирехь а, гобаькххина йолчу ярташкахь а хьеший бу и шен цIахь санна чу а воьдуш, цара и Iалаш а веш, уьш-м хIунда дуьйцу, цу Ассинскера, Сипсу-гIалара, Михалскера гIалгIазкхи бу-кха цунна бевзаш а, и Iедале дIалур воцуш а. Суна а хууш цу Сипсу-гIаларчу оьрсашца къамел а дина Зеламха дIавахча, шайна дика вевззашехь, Iедалан хьаькамашка и шайна вевзаш а вац, гина а вац аьлла, керста дира. Муха дийр дац, оьрси вара я хIири вара аьлла ца lаш, Зеламхас и ша почта йохош, касса хьош схьадоккху ахча, къаьмнаш ца къестош, дIалуш хилча. Ва БIехо, Iедалан хьаькамашна хууш ду хьуна, цу Зеламхас шен доьзална а ца луш, ша да волу ахча гIийлачашна, боберашна дIадоькъуш хилар.

И хаийла ю хьуна массо а меттехь, хьажал хьо, дагадогIий хьуна, вай Вербицкий Гуьржех воьдуш ву аьлла, Даръяле дахча. Эцца цу оьрсаша схьакховдийна дешин сахьт, мухIарш, чIагарш, дагадогIий хьуна, цо а, Аюба а дIаяха уьш гучара, уьш ца лоьху оха, Вербицкий лоьху аьлла. Масане ду уьш. Дера, сан ваша, цунна тешнабехк бинарг ша хIаллак хуьлу, Зеламха иштта леларан бахьана - и хьанал хилар, гIийлачех цунна къахетар ма ду.

# Зеламхан йоь1ан Медин шозлаг1а дийцар

Дера бакъ ма ду, тхо схьа а лецна дIадуьгуш тхан дас и тIом бале а ирхъухкур ду шу бохуш, туьйсу кхерам зударшна а, берашна а хIунда дуьйцу, къонахашна а лан хала долуш и доккха де ма дара, ткъа оцу Iас олучу хина тиллинчу тIай тIе кхаьчча тхан дас а, цуьнан накъосташа а коьрт-коьрта хьаькам вуьйш, масех салти вуьйш, говраш йойъуш, т1ом бар бахьанехь тхаьш ирхъухкур дац аьлла дегайовхо янне а яцара, делахь а тхан нана, тхан дех терра дика къонаха яра, цо шек дIа ма довла, хIумма а дийр дац бохуш, тхан дог оьцуш, тхо меттахlиттадора. Со а кхеттал яра, кегийнаш-м кегий бара. Юха тхан нанна, тхоьга схьа ца дийцахь а, хууш хиллера, Соьлжа-гIалахь а, Гуьмсехь а Вербицкийс ткъех сов бехк боцу адамаш дайъича а цунна Iедало суд йина цахилар. Цул совнаха, шен цIийндас Зеламхана царна дуьхьал паччахьан эпсарш байъина хилар а. И дерриге хууш ша йоллушехь, тхан дог а оьцуш чекхъелира Бица. Амма шена дагахь лаьттарг цо тхоьга ца дийцира тхо лецначуьра схьахеццалц.

Тхо набахте чудоьхкинчу кхоалгIачу дийнахь кест-кеста йовлакх дIаса а лестош, цхьа стаг набахтин корех дIасавелира моссуьйттаза, и хиллера тхан дас ваийтина шен доттагIа БIаьчи-юьртара БуьлтIиг. И тхан нанна вевзира. Тхуна цу дийнахь-буса набахти чу шортта юург кхечира. Бакъду, тхуна луш долу Iаьржа бепиг даа сов хала дара, тхо цу чохь Iаш чу а веана, шеца талмаж а волуш, цхьаьна хьаькамо хаьттира, шуна хIун оьшу аьлла? Талмаж сов оьзда стаг вара, цо тхан нене элира: «Юург ледар ю ала, бепиг Iаьржа ду ала, вуьжу мотт а вон бу ала». Иштта цо схьааьлча, тхан нанас дIаэлира, тхан дерриге а хIума схьалур ду аьллера. Цхьане а хlуманах хилларг ца хаьа тхуна, тхан тхешан етт бара, чарх яра, со тlергlах хIумнаш еш яра, тхан цхьа а хIума дацара хьарам лелош, ша паччахьан банкера я хьоладайшкара деана ахча, тхан дас шен доьзалах хьарам хlума хьакхадолуьйтур дац ша олий, тхуна ца лора, тхо хене довллал бен. Тхан бераш а дацара мукъа Iаш, даго дечиг лахьадора, хьайбанаш дажадора.

Цул тIаьхьа тхуна кIайн бепиг делира, кlел билла мотт белира, кест-кеста мохе-малхе дохуш, паргIато а йитира. Оцу чохь лецна болчуша тхоьга элира, шу кху чу далорах йоккха паргIато яьлла шайна аьлла, иштта тхаьш цигахь хан йоккхуш доллучул а тамашийна дара, шена тIе маж а йиллина, тхан да тхо долчу корех моссуьйттаза дIасавалар. Бакъду, Бицина а, Зезагана а вевзаш хиллера и, цу шимма тхоьга ца дийцира тхо Сибрех дIадуьгуш бен. Тхо да долчу хIуманах цхьа хIума дIа ца дахьийтира тхоьга. Цу набахтехь дукха хан ца йоккхуьйтуш, тхо Сибрех д1адигира, тхо новкъа дохуш набахтин хьаькама, чу а веана, тхан нене элира, дийцахьа, шегара цхьа а бохам хиллий шуна. Ша и болх банза ца волуш балхахь хилар бен, цо тхуна цхьа а бохам муххалле а ца бина, тхуна йохьу передача массо а хенахь чу йоуьйтура, тхо дIадиггалц чIогIа Iуналла дора, некъана шортта хIума а делира. Тхан нанас цу хьаькамна баркалла элира.

Доцца аьлча, шайн дега ша вон ма вийцалаш бохург дара. Суна хетарехь, дукха и паччахьан Iедал дезаш а вацара иза. Суна дага ца догIу, тхо цIерпоштаца маса дийнахь-буса дIадигира, амма суна дагадогIу, тхо Енисей олучу хи тlехула кеманца деа-пхеа дийнахь дIадигна а, и тхо дигна меттиг Енисейн губерни хилар а. Тхо совцийра Минусинский уездехь. Эццахь, бакъду, тхан нана гlийло гора, цо тIаьхьа тхо партlат девлча дийцира, шена моьттара, кхузахь массо а вай лийр ду аьлла. Мел дукха ихна кху Сибрех вайнах, уьш а ца белла, вай а лийр дац, шек дIа ма хиллаш бохуш, тхо хьоьстур тхан нанас. Эццахь бехачу Сибре-махкарчу нахана тхан да газеташ тIехь вуьйцуш вевзаш хиллера, тхо муьлш ду хиъча, тхан Iаламат дукха доттагIий хилира. Тхан хьалха йолу ойла дIаелира, цIахь санна сов паргIат девлира. Тхо Ермаковка олучохь сецира. Бакъду, тхан ницкъ бацара дечиг даккха а, божарша дан деза гIуллакхаш дукха дара.

Эццахь тхох къахеташ лулахой нисбелира Аркади а, Николай а цIераш йолуш, тхуна гlайгIа ца юьтуш божарша бан беза болх жимма бора. Тхан нанас царна тIергIах пазаташ а, каранаш а дира. Эццахь тхан гергарло хилира цкъа а йицлур йоцу цхьа оьрсийн лулахочуьнца, цуьнан цIе Валентина яра. Иза яра, революцин новкъаяьлла ю хьо аьлла нуьцкъах цига кхалхийна Валентина Михайловна Карташова. Цхьана сарахь, аьлча а, тхо цу

хIусамехь севццачу шозлагIчу сарахь тхо девзина хиллера цунна. Суьйранна тхо чу дирзича неI а тоьхна, чу ян мегар дуй аьлла и оьрсийн исбаьхьа йоI чуеара, цуьнан карахь папка яра, хьалха шен цIе а йийцина, тхан массеран цIераш а хиттина, шен папки юкъара масех газета схьаэцна, деша йолаелира. Со кIеззиг оьрсийн маттах кхеташ яра, цу газета тIехь цо вуьйцург тхан да вара. И газеташ цо тхо ган а гале Iалашдеш хиллера. Цу Валентинел тхан сийлахь хIума дацара, и чу еанчу буса тхо цIахь долуш санна сов паргIатдевлла, самукъадаьлла, вуно дукха къамелаш деш Iийра. Цо соьга элира, ша хьуна йоза-мотт Iамор ду, хьо жимма хууш а ю аьлла. Со, чIогIа йоккхаеш, хIора сарахь и йолчу йоьдура. Тхо иштта Iачу хенахь, шозза а деара газета тхан дас лелориг дуьйцуш. Уьш ас айса дийшира. Соьга Валяс элира, хIинца хала дац, хьуна оьрсийн мотт а, йоза а хаьа аьлла.

Айса цул тIаьхьа дIаяхана яьккхинчу кхузткъа итт шеран хенахь цкъа а йицйина яц-кха и йоI. Цо хIун дора аьлча, цхьане а хенахь шена еанчу посылкин я цигахь керайоьллачу хIуманан тхо декъах ца дохура. Иштта тхо цхьа доьзал а хилла Iачу хенахь, Iедална хиънера цо тхуна деш долу гIо, цхьа дагахь а доцуш и цигара юха йохийна, Минусинске дIаяхийтира. Эццахь тхан дан хIума а доцуш, цунах тхаьш къастар дицлур дац-кха яллалц. Бакъду, тхан дан хIума дацара. Цул тIаьхьа цхьа хан яьллачу хенахь, Iаьнан сов шийлачу буса тхан неI туьйхира, сов чIогIа тхо кхера а делла, неI ца йоьллуш сецча, и хаа хиъна, цо ша йовзийта элира: «Меди, Энист, Зезаг, Бици, Умар-Али, Магомед». Иштта цIераш а яьхна, неI дIаелла элира. Кху дуьненахь массо да-нана, йиша-ваша схьа а деана дIахIоьттича кхин кхаъ хир боцуш, сов боккха кхаъ хилла, тхан нанас не1 дIа а йиллина и чу яьлча, массарна мара а хьаьрчина, юха тхоьца охьахиира. Цуьнан юьхьа тIехь божарийн сибаташ долуш йина маска яра. ТIедехкина даккхий мекхаш дара, цхаммо а эр дацара и боьрша стаг вац, боккха куй а бара божарийн тиллина. Цо чу деара дуьззина ши гали. Цу чохь дерриге а тIедуху хIума дара: пальтонаш, куйнаш, валенкаш, йовлакхаш, кучамаш, хIоранна шен-шена. Иштта мехала совгIаташ а декъна, чIогIа, шена хааре терра, тхан дегнаш меттахIиттийна, тхоьца охьахиъна, еххa йоьлхуш а Iийна, тхоьга, варий, шек дIа ма хиллаш, хIара бала вай дукха хьоьгур боций хаалаш аьлла, иза дIаяхара кучерца ша ялийначу салазахь. Мел къонаха зуда яра и. Цу тайпана и тхо долчу яр хиъча, шена ден долу таIзар хуъушехь еанера иза Iедалах лечкъина.

Цул тIаьхьа дукха хан ялале тхан дас Зеламхас тхуна даийтира итт туьма ахча, тхан чIогIа ойла яра тхешна цо динчу гIуллакхана Валина цуьнах дакъа дан, амма тхо цига даха а, дахка а йиш йоцуш дисира. ТIаккха тхан нанас сацам бира, цхьа сту а бийна, цунна а, тхуна а тIера сагIийна и дIабекъа. Эццахь уггар халаниг дара урс хьакха вайн стаг вац бохург. Ткъа тхуна хиира тхаьшна гена йоццуш йолчу уездехь балийна вайнах-гIалгIай буйла. Тхан нанас цаьрга хаам бира, цхьаъ вагIахьара шу старана урс хьакха. И дара тхуна уггар оьшуш дерг. Царах кхо-виъ стаг схьавеара, тхо дуй хиъча. Тхан нанас ши туьман пхи сом а делла сов боккха сту эцнера, и сту цу гIалгIашна а, цигахь болчу оьрсашна а дIабийкъира. Дукха жижиг а тесна, адамаш схьакхойкхуш хьошалла а дира. И гIалгIай хиллера тхан дена хьошалла дина аьлла лецна балийна. Цул тIаьхьа цаьрца а хилира тхан чIогIа гергарло. Цара иштта аьлча, тхан нана яра чIогIа бехкалъяхана. Цуьнан цIе йицъелла суна, церах воккхачо элира тхоьга: «Шу бехкалдаха хIума дац и, шун да санна тхан Саламбек а, кхиберш а дара тхо далора бахьана. Иштта кIентий вайн нахана юкъахь ца хилча йиш яцара, и къаьркъа а муьйлуш вайна юкъахь сов эвхьаза маьттаза хIумнаш лелор дара цу паччахьан эпсарша. Цул совнаха, церан берта а бахана вайнехан хьаькамаш ду шаьш бохуш лелачу цу мерцхигаш йохучу юьртдайна хIинца дитина и шаьш нахана тIехь лелийна таIзар, и дукхах дерг оцу шун ден хьуьнарца ду шуна» аьлла, тхан шаьш бахьанехь ен ойла сацийна, тхуна чIогIа там бина, и лулара гIалгIай дIабахара. Цул тIаьхьа итт де далале царах шиъ вуха веара, шайн цIера деана кехат а дахьаш, цу тIехь церан доьзалшкара дара, варий, тхуна са магатде, оха шуна пхиппа туьманаш пхеа доьзална ахчанаш а тийсина хIорана а аьлла, и ахча цаьрга схьакхечира, тхуна цара дийцира и ахчанаш шун дас даийтина шайна аьлла.

Цул тIаьхьа цхьа шо даьлча тхуна бакъо елира духа а вайн махка дерза. И бакъо тхуна еллий ма хиъи, шена пропуск а яьккхина, еана схьакхечира Валентина Михайловна. Цо

элира, шу новкъадаха кечам бан еана ша кхо де хан а ехна. Цо тхуна деара цхьа гали чкъургаш а, цхьа гали дуьззина тIеюху хIуманаш а, цхьа тускар дуьззина йина кIеда булочканаш а, кхеккийна шура а, йоккхачу банки чохь тIо а, иштта цхьацца новкъахь оьшу хIумнаш а. Иштта цигара тхо дIадоьлхий хиъча гулбелира цу юьртара берриге а бохург санна нах. Дера, сан кIант, тхо новкъа долуш, шен бакъо йоццушехь, гена тIаьхьа а еана, кхин шен дан амал доцуш, тхо пайтона а ховшийна дIадига долийча, цу Валентинас тхо къайладовллалц шен коьртара схьадаькkхина тхуна лестийна и кIайн йовлакх тахана а сан бIаьргашна хьалха лаьтташ санна хеташ, йицъелла ма яц со. Тхо хинкеманахь деа-пхеа дийнахь Красноярске духадалийра. Доллучул а тамашийна дара тхан доьзал оцу Красноярске схьакхаьчча оьрсаша тхуна бина го. Эццахь тхо поезда тIе а хевшина схьадуьйладаллалц, доллу адам кху вокзалехь тхоьга хьуьйсуш, го а бина, массийттаммо суьрташ а дехира, эццахь цкъа а диц ца ло суна, цхьана оьрсичо цу Зеламхан уггаре а воккха доьзалхо муьлха ву шух аьлла, ас со ю аьлча, схьа а даьккхина цо суна дашон сом делира. Ас доьху шуьга со виц ца вар аьлла. Кхечу оьрсаша ахчанаш таса долийра. ТIаккха тхан нанас соьга алийтира - тхан нехан доккха эхь ду иштта хIума схьаэцча аьлла.

ТIаккха уьш севцира. Эццахь тхан поезд йолаелча, тхо шайн доьзалаш долуш санна массара тIаьхьа кIайн йовлакхаш лестош, тхо новкъа дехира. ЦIена бакъ ду хьуна, Валентинас тхуна делла чкъургаш бархI дийнахь тхо новкъахь долуш кхачадаза цIа а кхаьчна, оха цIахь уьш диъна хилар. Бакъду, тхо Соьлжа-гIала схьакхаьчча тхан гонаха кхолха го бара лаьцна, массеран керахь герз дара. Моьттар дара, и тхан да тхоьца цхьаьна ву. Эццахь тхан доьзал дIа а нисбина, тхан суьрташ а даьхна, тхо оцу эскаран гона юкъахь далийра вокзалера схьа Абубакаран цIеношка, эццахь цхьа ши-де буьйса а яккхийтина, тхо дигира Девлатгирин-эвла. Тхан нана чIогIа яха лууш яцара цига. Делахь а вайн динан коьрта бу бохучу нахе цуьнга дехарш а дайтина, тхо дIадига кечдира.

ТIаккха нанас шена хIусам гайта аьлла цига а яхана и юха еара, хIусам юьстах ю, ткъа ас дош даларна дIагIур ду вай цига, амма цигахь Iойла дац, юьстаха, цхьа гIаддайна lийла ю, аьлла. Iуьйрре шиъ хIургон а еана, тхо дlадигира цу Девлатгирин-эвла. Ткъа оцу буса и тхо чохь lан дуьгу хlусам тlе а кхетта лаьтташ яра. Эццахь тхо иштта юьстах йолчу кхечу хlусаме дигира. Ши де-буьйса оха цигахь даькkхинчу хенахь, тхан нана йолчу веара цхьа оьрсийн хьаькам. И леян дехьа чу яьккхира. И сихха юха чу еара, сан бераш, вай хlинца кхин lийр дац кху эвлахь аьлла, цо lуьйрре яха а яхана, юьртдега дlахаийтира, тхо lедало бехк бац аьлла схьахецна делахь, тхо тхешна луъучохь lан йиш йолуш ду, нагахь санна тхо тахана дlадахча тlаьхьа шаьш хабарш дуьйцур делахь, тхо дlадахийта, и хьоьга хаийта еана со аьлла.

Тхуна шозлагlа елла хlусам и Абубакаран цlенош дара. Оццу дийнахь юьртдас шел лакхарчуьнга хаам а бина, тхуна юха а шиъ хIургон а еана, гlала дlадигира. Эццахь тхуна тlе тхан да ца веара, бакъду, кест-кеста Буьлтlиг вогlура. Тхан дас тхоьга кехат даийтира, цу тlехь дара, варийлаш, шек дlа ма хиллаш, Дала мукъалахь кестта вай маьршачу дахарехь вовшахкхетар ду шуна, и цlенна хуучара дийцина суна. Шуна хаийта боху ас, тахана хlокху хьаькамаша шу паргlатдахар шух къахетта дац шуна. Шуна тlе со кхачаза lийр вац аьлла, суна гур бугlу шаьш бохуш лелош хlуманаш ду шуна. Суна шуьгара хьал цlенна хиъна, аш лелийнарг а хиъна. Со жимма къайлаваьлла а, ларлуш а ца лелахь, тахана берхlитта баь1а туьма ахча а гулдина, со лацахь и лур ду бохуш сан доттагlий лебан гlерташ лела уьш. Дера дац царна моьттарг бакъ-м. Делахь а Дала а аьлла-кха ларло, цундела аш хlун де аьлча, сох дерг шайна хаа лаахь, оцу Бlаьчи-юьртарчу Буьлтlиге хатта. Сан мел болчу гергарчу нахал, ур-атталла са сайн нахал а со тешна верг и Буьлтlиг ву шуна, цул совнаха, Бици, Зезаг, шу нийса ца Iийна оцу Девлатгирин-эвлахь. Шу цара дlадигар а, шу леда цига хьаькам веана хилар а хууш ву со. Аш хlун де аьлча, оцу Меде, Энисте, Мохьмаде, Iумар-Iели-м жима ву, цигахь дешийта, оьрсийн мотт дика 1амабайта. Варий, шу меца а, ледара а дуьтур дац шуна, тахана шуьга хьажа декхар болчу хьаькамашца ас къамел дина и шоьга вийца йиш яц сан. Хаалаш, шаьш юха а Сибрех дуьгур доций, и кхаъ боккхуш чекхделира тхан ден тхоьга яздина кехат. Тхан дас цхьацца совг1ат доуьйтура тхуна хIоранна, ша виц ма ве, виц ца

валийта доуьйту ша аьлла, ткъа суна сов еза дашон заьIа яийтира. И ас лелийра со къанъяллалц. Мохьмадана, Iумар-Iелина кечдина шаьлта-доьхканаш БуьлтIига мацца а тIаьхьа тхан да дIаваьллачу хенахь тхоьга схьаделира.

Тхо оцу Абубакаран цIеношкахь Iачу хенахь шийла цхьа кхаъ беара - Зеламха Шелахь вийна боху аьлла. Бакъду, цигахь тхан луларчу оьрсаша элира: «Бакъ дац, цхьаъ тарделла хир ду. И цаьрга велур вац, иштта аьшпаш дукхазза боьттина цара» бохуш, тхан дагна там бан гIертара уьш. Эццахь тхо долчу а вогIуш, тхан юьхь-дог а еш Iаш оцу Абубакаран да воккха стаг вара, цо аьллера и тхан нене, цунна а хаьа моьтташ чIогIа кадам а бина, иза вилхира.

Цу буса Абубакаран цIеношчохь эпсарша, и вер даздо шаьш аьлла, синкъерам бира, эццахь хелхаяла хьайн йоI (и со яра) яийта цхьа гIиллакхе воцчу эпсаро аьлча, дика ду, йоIана ца хаьа хелхаяла, со ера ю хьуна аьлла, тхан нана дехьа уьш болчу чу елира. Эпсарша шаьш зурма а лекхна, вотанаш тоьхна, тхан нене дIаяло хьалха элира. Тхан нанас жоп делира: товш дац я тхан нехан Iедал а дац зуда хьалха йолуш, дIаволало хьо хьалха. И дIаволавелира. Цунна тIехьашха шен доггах мийра тоьхна тхан нанас эпсар нисса 1ункар вахийтира. Дера бакъ ма ду иза, цу буса тхан нана хелхаяккха г1оьртина эпсар чин дIа а доккхуш, сов сийдоцуча ваьккхина ма висира и гIиллакх доцург.

Оцу шозлагIчу дийнахь тхан нана а, Зезаг а йигира тхан ден дакъе хьажа йола аьлла. Цаьрца сой, Мохьмад, Энист а дахара. Эццахь тхан нанас церан х1уьттаренна элира «хIара Зеламха вац я тера а вац» аьлла. Бакъду, ва-м вара.

Тхо цигара дIасадохале цига валийра Зеламхан мостагI ву аьлла тхан эвлара ши къонаха (ван-м вацара, нехан мотт 1аш бац-кха). И шиъ тIе а кхачале, вийнарг цIенна тхан да хилар хууш дара, эццахь вайнехан а, суьйлийн а старажникаша вон куьйгаш Iуьттуш тхан да дIасакерчавора. Оцу тхан ден мостагI ву аьлла тIе валийначо элира: «Аш е шай ненах сте, и эвхьаза куьйгаш Iуьттур дацара аш цуьнах и дийна хилча. Эхь ца хета шуна, нах дан а дац шу». Эццахь тIаьххьара дош элира церан коьртачу стага – хьаьжас: «Оцу Дала хьуна гечдойла, дера ца ваха лаьттах хьо санна майра кIант Нохч-ГIалгIашха тIаьхьа а витина-м. Оцу Делан а, х1окху нехан а тоьшаллех, хьан дег1 бекхам боцуш дуьсур дац-кха». Кхораш санна б1аьргех хиш а хьаьвлхина, хьаьжа, юха а хилла, дIавахара. Эццахь тхан нанас шалха йихкира шен юкъ. Ц1енна хуучо аьллера цуьнга нохчийн эпсаро и Шелахь долчу бIон божли т1ехьа говрийн пхьаьжех д1авуллуш ву аьлла. Цу сахьта сой, тхан наний чехконца пайтон а лаьцна, Соьлжа-г1ала вокзале а еана, Буру-г1ала яхара.

Тхойша хьаькххина инарла Михеевн чу яхара уьш д1абийшале, х1усамнана ц1ахь яра, церан сан хеннара йо1 а яра. Ас оьрсийн мотт сайна шерра хаарна, тхаьшка х1оьттина де а дуьйцуш Iаш суна гира церан йоь1ан кочахь сан кочахь йолчуха дашон заь1а. И сайн б1аьрга галлалц сайн кочахь йолу заь1а суна дагахь а яцара. И заь1а гича, со мохь а аьлла, социйла дайна цу йоь1ан коча а хьаьрчина, чIогIа йилхира. Ткъа цуьнан нана ч1ог1а цецъяьлла хьевзира, и стенна ду хьан, йилхича а цу йо1ах х1унда хьаьрчира хьо аьлла. Эццахь ас элира, дуьненчохь айхьа йоккхучу ханна ша виц ма ве аьлла тхан дас эцна йолу хьан йоь1ан кочахь йолчух заь1а яра соьгахь а аьлла, заь1а нене, йо1е д1а а гайтина, со юха а йо1ах хьаьрчира. Жолум шайн дай берш, кхи суна гур дац-кха ден совгIат аьлла, эццахь цу йоь1ан, ненан кара хьаьрчина, тхан нана а йилхира. Нанас бохура, валарх, верах ца йоьлху ша, и ма мотталахь, гой хьуна, х1ара а, кхин цхьаъ а ши йо1 ю сан, шиъ к1ант а ву сан, со-м жима яцара, ткъа даккхий хилча кху берашна т1ехдеттар ду-кха шун да говра пхьаьжаш юкъахь ву дIавоьллина бохуш. Тхан ненах хьаьрчина цу хьаькаман зуда а, церан йоьIах хьаьрчина со а йоьлхучу хенахь веана чувелира церан да, цу Буру-гIалан коьрта хьаькам.

И сов цецвелира, х1ара х1ун белхар ду аш дийриг аьлла. Эццахь сан хенарчу йоIа ас аьлларг а дийцина, йо1 юха елха юьйлира шен дена. Ткъа Бицис аьлларг а дийцина, цуьнан х1усамнана а йилхира. Эццахь ч1ог1а ойла йоьхна хьевзира и хьаькам, ша х1ун дер ца хууш. Т1аьххьара тхо те а дина, тхуна томехь хабар а дийцина, ша волчу Зеламха хьошалг1а вар а дийцина, ша цул т1аьхьа набахтехь тхуна дина г1о а дийцина, цу хьаькамо элира: «Тховса цигахь верг сан ваша хилча а, цу Зеламхас лелийнарг а лелийна, сан цунна дан вошалла

дацара. Со 1едало х1аллаквийр вара шен вешина г1о дина аьлла. Суна дагадеана х1инца цу Соьлжа-г1аларчу инарле з1е тоха, ас хIинца цуьнга з1е тухур ю. И Зеламхан дакъа хьайна т1е дехаран нах баг1ахь схьаваккхийта аьлла, амма аша х1уъу дича а со кехат яздан ваьхьар вац. Шуьшиъ тховса буьйсанна кхоъ даьлча йоьдачу ц1ерпоштаца д1а а г1ой, кхана 1уьйрре цигарчу хьаькамна т1е г1о, шиъ-кхоъ воккха стаг а эций, цо шуна бакъо лур ю, аш буса схьа а ваккхий, Веданахула дIа ца хьош, оцу Шеларчу нохчийн кешнашка д1аволла и шайн да». Бакъду, ца велча санна йоккхаеш тхойша оцу буса юха а еана, цу Iуьйрре тхойшинна махьеххара Соьлжа-гIаларчу инарлина тIе а яхана (кхоъ накъост волуш), цо бакъо а елла, Шела а даьхкина, оха тхешан да цу меттера схьа а ваьккхина, шелахойн кешнашка д1авоьллира. Бакъду, адам дукха хила мегар дац, иттех стаг бен аьллехь а, дийнахь мегар дац, буьйсанна бен аьллехь а, и ши омра кхочуш ца дира. Дийнахь схьа а ваьккхина, кешнийн керта тарлойла доцуш, дукха адамаш гулделла тхан да д1авоьллира.

И д1а а воьллина, тхо духа цу Абубакаран ц1еношкахь 1ачу хенахь хиъна хиллера газета т1е тоьхна оцу тхан гергарчу стагана Карташова Валина тхан да воцуш вуйла. И шена хиъча, тхо лаха а лехна, тхоьга кадам беш кехат деара. Цу Валентинас иштта яздора: Бици, Зезаг, Бадик, Мохьмад, Энист, 1умар-1ели. Шуна ма мотталаш, и велларг шайн да ву. И вара шуна вай массеран да а, ваша а. Х1ара кехат шозза хийци ас, б1аьргара хиш ца соцуш и т1е 1енаш, шекъа даржош. Хаалаш, тахана сан бакъо йоций шуна дуьхьал а еана кадам бан. Дог1ур ду и де, гур ду вай вовшийн, шуьга ас санна кадам бо массо а сан доттагIаша, гергарчара а, шайга ас санна кадам бой хаалаш шаьш мел девзинчаша а. Стигларчу олхазарша д1ахьойла шуьгара бала, лаьттарчу акхароша д1аоьцийла шуьгара бала. Мехкаш доьлхийла шун къина. Тайгера хьаннаш йоьлхийла шун къина. Иштта де шуьга кхаьчча вай даимна цхьаьна хилар хаалаш дагца. Шу марша 1ойла, яздинарг ю Карташова Валентина Михайловна.

Медис элира, чIог1а чам байна ю ша тахана, хьоьга дешийта и кехат ца карош аьлла.

Цул т1аьхьа тхо Соьлжа-г1ала схьадалийча бина кечам хиллера, цу Девлатгирин-эвла йистерчу ц1а чу а ховшийна тхуна т1е вогIу тхан да лар а вина и лаца. Цигахь тхо долуш тхан нана дехьа чу кхайкхинарг хьаькам Яндаров Эти вара. Тхо кхана д1акхочу цига аьлча, цу буса и ц1а т1е тохийтинарг а и Эти хиллера. Тхан да арахь лелачу хенахь ерриге а цу паччахьан хьаькамийн къайле схьалуш, тхан да ларвеш верг и Яндаров хиллера. Бакъду, и ша хьаькам хиларна сов къайлах говза лелаш вара, ша Грозненски округан старажникийн начальник вара иза цу хенахь. Амма цхьанна а х1ун ду ца хууш дерг хууш хиллера и. И дара революци яккхаран кечам цунна хууш хилар. Цо а, цуьнан к1енташа а доккха г1о дира тхан шина вешига доьшуьйтуш. ТIаьххьара а хиира тхуна цо кхочушдийриг тхешан ден весет хилар. Цо мацца а т1аьхьа элира: «Со сайн дег1ах дог а диллина велахь а, гучавер-кха аьлла веара цу буса шун нене Бице ала цу Девлатгирин-эвлахь ма Iе, прописка ма е», аьлла. Цу Соьлжа-г1аларчу машена некъа т1ехьо йолчу кассехь ахча дуй хаар а, дашон туьканахь дукха ехкина дашон х1умнаш юй хаар а, и Вербицкий хIун дича эккхор ву хаар а - и дерриге а цу Яндаров Этин а, Кужуев Iабдулмежидан а гIоьнца хиънера тхан дена. Бакъду, Эти сов чIогIа ларлуш вара. Амма Iабдулмежид и санна лар ца лора, шен майралла, шен са мичхьа долу ца хууш майра вара и Iабдулмежид. Амма оцу Этин хьекъал доккха дара, и кхин гуча ца волуш, лела хууш чекх а велира шен балхахь. Цул совнаха, шен ши кIант Мохьмаддий, Iусманий уггар хьалха Ленина хIоттийна революцин программа Iамош революционерашца бертахь а волуш, Петербухехь гимнази чекх а яьккхина, кху Кавказехь уггар коьрта хьаькамаш хилла, Ленина кера удостоверенеш а делла, цигара Ленина аьлларг дина ший а ц1а веара, амма цу халчу хенахь цаьршиннан дукха къахьегначул т1аьхьа Iедалан мостаг1ийн керах дIавалар хилира. Дера бара и к1ентий сов оьзда а, хьекъал долуш а.

Ас Медига хаьттира, оцу хьан дена Зеламханна хууш дарий-те революцех х1умма а аьлла. Цунна а ца хоийла яцара. ХIунда аьлча, тхан ден уггаре а гергара стаг цу паччахьан эпсар Яндаров Эти а вара, шозлаг1а - Ачаршкара Iабдулмежид а вара. Цу шиммо а дехар динера тхан дега нийсса кхаа шарахь ларлохьа, тIаккха паргIатвер вара хьо аьлла, царна шера хууш дара Петарбухехь а, Москох а кхечу яккхийчу гIаланашкахь а, ур-атталла Буру-

г1алахь а цу революци дIахьош къайлах болх хилар. Бакъду, тхан дена герз дахьаш Бакоха студенташ бахкар а хууш дара. Цул совнаха, баттахь сов лехира тхан да студенташа, цунах а кхетта, цхьа кечам бан. Ткъа Шеларчу шен «тешамечу» хьешо шена хьо лоьхуш бу Бакохара, Ереванера студенташ аьлча, тхан да церах кхеттера Сиржа-эвлахь, и дара бIаьста. Эццахь ткъе итт гергга стаг хиллера, Зеламхан накъостий а, иттех студент а, Зеламхан «хьаша»-шелахо а.

Эццахь тхан дега цара а динера дехар, варий, лар а ло, нагахь Китайс я Турцис тIом болабахь, кхузахь Кавказехь хинболчу революцин гIаттамана тхан г1одеш а хила, шаьш тахана а ду кийча ахь боххург кхочушдан. Эццахь тхан дена цара деллера шортта герз а, патармаш а, бомбанаш, цхьацца кхиерш, ур-атталла кеч а дина мухIар а деанера. Шаьш хьан омрица коьртачу хьалкамийн цIенош лелхуьйтур ду, тIеш, аьчкан некъаш дохор ду, уьш дерриге а тхан да шайх тешийта хиллера цара дуьйцург. Эццахь тхан дас цаьрга аьллера: ша цкъа а хир вац реза, адмаш дехачу цIа чу бомба кхосса, и мегар дац, цхьа а бехк боцу бераш, зударий дайа мегар дац. Цул совнаха, аьллера тхан дас, уггаре сайн ца везачу мостагIчунна чу а ца тоьхна ас бомба. Цхьайтта-шийтта шарахь ларвелла со ницкъ ма-кхоччу, маьрша стаг ца вен гIерташ. Цо царна пурба ца деллера нехан чу а оьхуш, зударий, бераш а кхерош, хьалкамашха стаг йийсаре валон а.

Бакъду, эццахь уьш тхан дех кхетар а, церан хилла къамелаш а ма-дарра д1ахиъна хиллера инарлашна. Эццахь тхан дас аьлла хиллера, ша дика реза вац тахана вай вовшаххкхетарна. Цо оцу студенташка аьллера ша кийча хир ву даиманна а, революци йолаеллачу дийнахь, и йолаяларе сатуьйсуш а ву ша.

Шун луларчу Каспехь нехан хьакъ дууш болчашна а дика вевза со. И ас бохучух шу массо кхеталаш, цу белхалоша ден арз соьга далахь а, царна дан догIу таIзар деш берш ях йолу нохчийн, гIалгIайн кIентий бу шуна. Дакъазалла дерриг вон а, дика а динарг со ларахь а.

Хаалаш, кIентий, кегий хьеший, ас со дика реза вац бохург шу бахьанехь дац шуна. Шуна ма мотталаш, кху юкъахь суна шайха стаг ямарт ву аьлла дага деана, и бакъ дац, цIенна хаьа суна шаьш долчохь а, йоллучу Россехь а йолу харцо ца лалуш шу кхуза даьхкиний. Иштта цаьрца къамел а дина, цу шелахочунна тIедиллина хиллера тхан дас, царна билеташ эцар а, хьошалла дар а, уьш новкъа бахар а.

Царна доккха баркалла а аьллера. Тхан ден вуно дукха бара оьрсийн Iилма хууш болу нах-хьеший. Суна тхан да дIаваьллачул тIаьхьа хиира, тхан деца ГIизларе банк ян воьдаш а, цIенна революци хир юй хиъначул тIаьхьа тхан дех кхетта оьрсий хилла хилар. Цу Орловс доккха гIо динера тхан дена оцу БуритIехь йолу Iедалан къайле юьйцуш а, цигахь хьалкамаша хIара бахьанехь беш болу сацам кхуьнга схьабуьйцуш а. Суна хьоьга дийца диц-делира, хIинца дагадеа суна: оцу Красноярскехь муьлха ву шух Зеламхана воккхах волу доьзалхо аьлла, суна дашо сом а делла ша цкъа а виц ма ве аьлла волу оьрси цIенна революционер хиллера. И суна муха хиира аьлча, тхо Сибрехара духа а далийна, оцу тхешан гергарчу Карташова Валица кехат дIаса а доьдаш тхо Iачу хенахь, тхоьга Валентинера кехат деара Петарбухехь паччахь вохийна дукха хан ялале ша паргIатъялар хоуьйтуш. Цу Валентинина хиъна хиллера цу Красноярскехь оцу оьрсичо суна дашон сом далар. Цу оьрсичун цIе Аркади хиллера, фамили йицъелла суна. Цу оьрсичунна а дика вевзаш хиллера тхан да. Ас хьоьга хьалха ма-дийццара, тхан дас оцу гIалгIайчуьнга Инале кестта кху Россехь чекхдериг ду Петарбухехь дIадолийна сов сийлахь гIуллакх бохуш, цо дийцар суна шерра дагадогIу.

Доцца аьлча, хIетахь Инале цо дийцинарг оцу революцех дерг хилар хIеттахьехь сайн ханас йина йиша санна езаш йолчу Карташова Валентинера хиира суна.

# Зеламхех лаьцна суьлийн 1елас дийцира

Iела ша Зеламхан хенара воккха стаг вара. Ша Ботлихан районерчу Iалак олучу эвлара хилла вара Iела. Церан некъ даима хорачойн чIажах дIаса бара. IелагIеран меттигаш ялта хуьлуш йоцуш, даима и говран, виран, бIарзанан букъа тIехь лома хьалакхоьхьуш дара. Дукха хьолахь Шелара кхоьхьура, цхьацца шарахь, ялта дика хилча, Веданара а нислора тхуна эца хьаиш, дийцира Iелас, Зеламхан да Гушмацiа тхан хьаша вара, со дукха хьолахь хуьлура цаьргахь, церан эвлахь кхин цхьаъ а вара тхан хьаша, сан цIархо 1ела бохуш. Тхо цхьаьна ловзуш, охьатохарх леташ лелачу хенахь, берашца дар-дацар хуьлура, кест-кеста нислора суна тIехтохам беш верг, хьо суьйле, сагIа доьху я хьонка боккха, иштта-вуьшта олий. Эццахь тхоьца Зеламха а волуш, цхьана дийнахь тхо охьатохарех леташ, ас ша охьа а тоьхна, к1ел сацийча, суна сох летачо тIехтохам бира «хьо хьонка бухку суьйле, дIавала хIинца», аьлла. Эццахь Зеламхас ч1огIа бехк баьккхира цуьнгара, эхь ца хета хьуна, и оьзда боцчу зударша бен тIехбеттамаш бан. Юха Зеламхас массаьрга а элира, кIентий, ас тахана кху накъостана геч ди, кхо доьххьара и тIехтохам барна, хаалаш, массо а Дала кхоьллина адам а цхьабосса дуйла, дош дац адамана тIехтохам бар.

Уггаре а стогалла хIун ю аьлча, массо а адамаш тайпанаш, тукхамаш ца лоьруш, цхьабосса хетар, адамашлахь гIиллакх дерг, оьздинга верг адамашна гIуллакх деш верг ву. И хета суна дика к1ант, мичча къомах я тайпанах и велахь а. Хьовсал, вай кегий дац, мехкарш а безаш, даккхий нах ду; хаалаш, и тIехбеттамаш беш верг вайца цхьаьна хирг ца хилар, аьлла и дош Зеламханан багах даьллачул тIаьхьа цхьане а хенахь со мел дукха Хорачохь хиларх а сан лерга ца хезира, хьо суьйле, иза-важа аьлла.

Зеламха обарг валале жимма хьалха дара и. Зеламхан хьаша а, доттагIа а хиллера Iаьндара 1арш. Iарш сов дукха жа долуш, ткъех сов Iу волуш, шена чохь хIума юьтуш, тIаргIа хьуьйзуш, вертанаш деш, шен дуккха а белхалой а болуш, хьал долуш стаг вара. И зама сов адам къен долуш паччахьан Iедало тIеетта налогаш такха йиш а йоцуш, Iаршас а, кхечара а гIийланиш бацош хан яра. Ткъа Iаршас, ара бехха муш а тосий, муша тIера вертанаш буса а арахь дуьтура дакъо, цунна юххе ехха заьIа тосий, шен доккха суьйли жIалеш дIа а доьхкий. Иштта хьал гира хIара волчу веанчу Зеламханна. Зеламхас элира Iарше, хьо ма тамашийна ву, и оццул долу вертанаш цу арахь а дуьтий, хехо а воцуш хIокху халчу, къуй дукха баьржинчу хенахь ма дика ваьхьа хьо аьлла. Iаршас элира, гой хьуна и гош 1аьржа сан сира дин, ши баьIа уьстагIа белча а ас дIа ца белла и сайн дин, дера тховса-м божлахь бу иза, и арахь хийлазза битина ас сайн жIаьлех тешна, цхьа а кхерам бац суна. ХIара ков-керт лардеш д1о хьуна гуш долу Iаьржа жIаьла а, и вертанаш лардеш хьуна гина к1айн жIаьла а ду, Iаршас доккха дозалла динера Зеламхе. ТIаккха цуьнга аьллера Зеламхас, хаалахь, цу суьйлийн ж1аьла ца леташ, уьш эвххьаза нехан керта боьлхуш хилар, дера вон-м Iа хьо жIаьлех оццул болу хьан бахам а тешийна. ТIаккха даима доккха хабар дийцинера Iаршас. Ша кхоьруш вац, нанас дена винчу цхьанне а к1анта шен кертана аьттехьа а веана вертанаш дахьарна а, я говр-м хIунда юьйцу, котама-м дера хьур яц. Хьо хьайн говрах кхоьруш хир ву, Зеламха, кхерам бац хьуна, паргIат хьайна дуург даий, мерг малий, д1авижа мегар ду хьуна аьлла, Зеламханна хьешан цIачу мотт а биллина, ши хьаша дIавижнера.

Iуьйранна арараьллачу Iаршана ирхъоьхкина вертанаш ца гира я гуш кхуьнан ара дихкина кIайн жIаьла а дацара, божалчу хьаьжча гуш 1аьржа сира дин а бацара. Керта хьийзаш дацара Iаьржа жIаьла а.

ЧIогIа ойла йоьхна, божал чу хьаьжча - чохь яцара Зеламхан говр а, корах чу хьаьжча шен 1уьйра ламаз деш гуш вара кхунна шен хьаша. Юьхьа тIера бос дIабаьлла, сов воьхна чу велира Iарш Зеламха волчу.

- Дера, Зеламха, ца хилла дозаллаш дан мегарг, хьаьий хьуна х1ун хилла, - воьхна вистхилира хьаша. - Дера ахь ма-бохху сийсара вай дийшинчул тIаьхьа сан дин а, хьан дин а ма бигна, я цхьа а жIаьла а ма дац, и ткъа сов верта а ма даьхьна, мел юьхьIаьржо ю хьаьий хьуна? Дера вац хьуна со цу зенах шек дIа волуш, бакъду, айса сийсара хьоьга дийцина и доккха хабар а, цу жIаьлех дина дозалла а ду-кха суна Iаьткъарг а, диц ца луш дерг а.

- Кхин мегар дац, Iарш, цу жIаьлех тешна, хIоккхул болу бахам бита, дера веза ахь кхул тIаьхьа хьайна хехо хIоттон.

Юха а Iаршас тамаша бора, данне а хIун ду-те хилларг бохуш.

- Хаац суна-м, айхьа дика ойла йича, хьуна хаа тарло хилларг. Бакъду, хьо сох тешахь, ас цхьа бакъ дерг-м дуьйцур дара хьуна, ва Iарш, - элира Зеламхас.

- Дийцахьа, ас ладугIу хьуна. Хьо санна вехаш, дукха жа а долуш, цхьана лома юххехь йолчу жимчу гIалахь хиллера цхьа жима эла. Цу эло лелош ялхо хиллера буса жен хе а вохуьйтуш, дийнахь гIала жен шура йохка а вохуьйтуш. Иштта и шиъ Iачу хенахь шен долчух тоам ца беш, и эла шуьрех хи детта волавеллера. Цу эло хи мел туху а, ялхочо олуш хиллера: «ХIай сан эла, ма деттахьа цу шуьрех и хи. Оцу Дала ловрий-техьа ахь и шен леш лебар?» - «И-м хьайн Iамар дара хьан, марз а делла и аланза ца Iало-кха хьо», - бохуш, цу эло и хи шуьрех детташ, ялхо йохка а оьхуьйтура. Ткъа шо сов хан яьллачу хенахь, эло шен ялхо лома вахийтира, вало, ворданца лома а гIой, тховса жена хехь а Iей, Iуьйрре шура а яхьаш охьавола аьлла. Ялхо сов Iуьйрре веана схьакхечира шен гIаж бен, керахь хIума а доцуш. Эццахь эла карзахваьлла, мичхьа ю ворда, стерчий, шура аьлла. ТIаккха эла вистхилла ваьлча, вистхилира ялхо: «ХIай сан хьоме эла, со сийсара лома хьала кхаьчча малх лакхахь бара, цIеххьашха цхьа Iаьржа бода и вайн жа а, ворда хIоттийначу а бижира, эццахь чеккка стерчий дIа а хецна, со ведда гоьлтIе а ваьлла, сайна верта чехкка тIехьарчоларийра и дог1а тIе тохале. БIаьрг ара хьажо йиш йоцуш, цхьа чехка дог1а доьттира цу ломахь, сов Iуьйрре со самаваьлла дIахьаьжча цу боьрахь гуш яцара я ворда а, я сту а, я жа а, я хьан шура чуютту цхьа а гуьмалк а».

Ой, и хIун ду ахь дуьйцург аьлла, карзахвелира эла. ТIаккха жоп делла ялхочо: «Дера, сан хьоме эла, цу ткъа шарахь сов ахь Делан леш лебеш шуьрех диттина хи мархашца цу лома хьала а эцна, оцу хьан жена тIехецна Дала цу булкхачух ломара хьан берриг бахам охьа ма баьхьна. Ас хьоьга дехарш деш, ма детта и хи цу шуьрех бохуш ца хиллехь, со а ваьхьна хир вара хьуна цу 1овраша. Х1инца, эла, хьан Iодика йойла, хаалахь, эла, хьарамчу эзар соьмал хьанал долу сом тоьлий. Варий, кхул тIаьхьа ларлолахь, хаалахь, и догIа духа а догIур дуй», - аьлла, дIавахара ялхо. Ва сан хьаша Iарш, и кица ас хьуна далийна хьо сайна дукха везарна. ХIинца вайша гергара ши стаг велахь, шиммо а чIагIо ян еза, уггар хьалха ас чIагIо йо хьуна, хьан йигна ши говр, даьхьна вертанаш, дигна жIаьлеш, цу Нохч-ГIалгIайчухула лехна, юха хьан цIен тIе далон.

- Ой, - аьлла, юкъаиккхира Iарш, - хьанна хаьа и суьйлаша диний?

- Iарш, - элира Зеламхас, - ас ца элира хьоьга, жIаьла ца леташ суьйлий керта боьлху аьлла, хаалахь, къунна бен жIаьла леташ доций. И суьйлий къуй бац хьуна. Суьйлиша аьлла ду: «Iаьндара стаг хьалха воцуш, суьйлийн даьхни доьвр дац» аьлла. Бакъду, нохчел тIех бу хьуна Iаьндий къола дарна говзаллица. Цундела хаьа суна цу суьйлиша и къола дина доций.

ХIинца сихха доьзалшна а гIарадаьлла доккха белхар хIуттуш лаьттара Iаршан кертахь.

- Iарш, - элира Зеламхас, ас хIун чIагIо ян лаьа хьуна схьаалахь ахь, амма дегабаам ма белахь, ас бохучух дика кхеталахь. Юккъехь делахь а, тхан дедас дуьйцура: шаьш Теркал дехьа даханера цхьан хьоладен даьхний далон, цу хьоладен гIап ч1огIа къевлина яра, чу гIойла дацара, арахь лаьттах гуш жимчу тхов тIехь цхьа аьчка топ яра, эццахь подвал юй хиънера царна, цара тхов дIа а кхоьссина, уьш цу ор чу бевлча, цхьаммо аьллера: хIара гIорза туьхан хилла-кха, суна-м моьттира и шекар ду аьлла. Эццахь царах тхьамда волчо элира, дIадели хIинца, вайн кху тхов кIелхьара хIума хьойла яц, вайн хIорш хьеший хили, хьуна цу туьхан чам хиънехь. Шаьш и х1усам ларйина, оццул гена некъ биннашехь, цIадахкар дийцира суна оцу тхан дедас БIехос. Бакъду, 1арш, хIара хьан хIусам ларъян а, со ларвала а хьакъ ву со стаг велахь, амма ас сайх тешна х1усам лар ца яхь, со лара мегар ду беллачу нахех. ХIинца суна лаьа ахь ч1агIо ян, цкъа а куравер ма вац со аьлла. ШолгIа, дуьненан рицкъа карадеъча ца Iебаш, и ас лакхахь бийцинчу эло санна хьал совдоккху аьлла дечу вертанаш юкъа цIеначу т1аргIана меттана жен тIергIан баргалш йоххур яц аьлла. КхоалгIа, сайца белхаш беш болчу мискачу нехан хьакъ нийсса дIа а лур ду, царна эрна ца догIу дов а дийр дац.

- Зеламха, - элира Іаршас, - хІинца ахь бохург а дийр ду ас, кху эвларчу боберийн г1о а дина, кхул тІаьхьа а дийр ду дан амал доцчу мискачийн г1о, кхин хІун боху ахь соьга?

- ХІинца схьакхайкхал хьайн кІанте Расуле. Расул чехка схьавеара, вало Расул, чехка ГІагІатла а гІой, Мохьмаде ши говр а, вертанаш чуьра ши машта а, ас схьаяийта боху ала, ши жІаьла дІахецча, шаьш дедда схьадогІур ду ала цуьнга, вуьшта ас и ши жІаьла чохь даьхьна ши машта а цигара схьая. Іарш, со къу ву ма мотталахь. Со къу вац хьуна я хир а вац.

Баккхийчаша цхьана хенахь лелийна хІумнаш ду хьуна уьш. Ас буьйсана юккъехь хьала а гІаьттина, оцу керта тІе тиссинчуьра и шун диъ машти схьа а эцна, маштин берте дІа уьйтІехь ахь вертанаш дІасадула даийтинчу докан серех саттийна хІоз бина и маштин бертиг горга шор а йина, хьалха Іаьржа жІаьла схьакхоссалушшехь цхьа маштин бертиг дуьхьал лаьцна и меллаша цу чу а дерзийна и маштин бертиг йихкина, араваьлла кІайн жІаьла иштташ хІилланца схьа а лаьцна, и ши жІаьла вовшах а дихкина, цхьана говрана тІе а оьллина, ткъа вертанаш шина машти чу а дерзийна, дукха паргІат сайн хьаша Мохьмад волчу вахана, цуьнга ма-дарра айса хьуна динарг а дийцина, схьавеара со, ва сан хьаша Іарш.

Іаршас элира:

- Кхул тІаьхьа со валлалц кхин дозал дийр ма дац ас. Мел дика ду-кха, Зеламха, хьо къу воцуш, вайши-м ши хьаша варий, мел дукха бу сол таро ерш кху тхан Іаьндахь, уьш да берг лачкъийна ваьлла хир вара-кха хьо къу велахьара.

- Дера, Іарш, яц къу боху цІе сийлахь, цхьана дехкаша бен деш бакъхьа дацара и къола.

Кхин дІа а дуьйцура Іелас:

- Дера, сан кІант, и Зеламха сов тамашийна стаг ма вара. ХІунда аьлча, цуьнан Іедал дацара мисканиггий, хьалдерггий я тайпа-къам къестош, и массаьрца цхьабосса вара. Бакъду, цунна мискачех, гІийлачех къахетара.

И обарг ваьлла лелачу хенахь цкъа гира суна иза, кхин гина вацара. Ас цуьнга дийцинера, цхьана шелахочо чхо йойтуш ЦІумадара суьйлий баца а бина, и чхо вон йина аьлла, ах мах бен дІа а ца луш, ша Іедалан белхало хиларе терра, дІахьовсор. Цул т1аьхьа цхьа бутт баьлча Зеламхас цу стаган тІебахийтира уьш, амма буха баьхкира, «варий, бехк ма билла, со галваьлла хиллера» аьлла, шена къинтеІра а баьхна. Царна догІу ахча нийсса схьа а делла. Дера бакъ ма ду, и Зеламха тхан суьйлийн нехан къомана сов боккхачу пайде ма велира, муха аьлча, тхан латтанаш сов кІезиг а, хІума дІаерах ша цхьа сула бен ца хуьлуш а, хала яра меттигаш, ткъа тхан нах даима хуьлура Іаьндашна мангалахь я церан дохнехь, церан даьхний а, мохк а дукха бара. Цара шайна къахьоьгуш болчу тхан нахана йогІу ял ца луш я хенахь и дІа ца луш, чІогІа хьийзош меттигаш хуьлура.

Цу Зеламхан хьаша волчу Іаршас ца леладора и нийса доцурш, цо ша йиллина ял дІа а лора, гІийлачех къа а хетара цунна. Уггаре а тхан а, шун а нахана цунах баьлла пайда хІун бара аьлча, и Зеламха обарг валлалц цу паччахьо хІиттийначу церан юьртдайша ярташкахь нахана ца богІу ницкъаш бора, цхьаьнгахьа озабезам а бой, важа харцонца хьийзавора. И хьал ду цхьана эвларчу юьртдас лелош аьлла, цу Зеламхе и дІааьлча, цул т1аьхьа цхьа карийна кІеза санна ма хуьлура и вайнехан хьаькамаш вайн нахаца. Доллучул а тхан ломахь бехачу итт декъах исс дакъа суьйлийн и Зеламха дукхавезар, цунна хьошалла дар хІун дара аьлча, оцу Хорачах хьала лелаш бара суьйлий, кхечу некъашхахула кІезиг бен лелаш бацара, ткъа Хорачойн Іендинна чІажа олучу меттигашкахь юькъа кегийра хьаннаш яра. Цу хьаннашкахь кІелонаш а еш, тхан наха шайна ялта, кхиерг эца-йохка кхоьхьу хІумнаш - даьтта, нехча, жижиг, дума, тІаргІа - дуьхьал а буьйлуш, керара схьадохура, шайна уьш дІа ца луш, дуьхьало йинарг вуьйш меттигаш а хуьлура. Ша да волу хІума дІа а дукхий, шен доьзална оьшу барзакъ дахьаш вогІура. Ур-атталла ялтан мохь бахьаш вогІург а схьа а лоций, оззайой цуьнан карара хІума схьа а йоккхий, д1ахьажавора я тухий воьра.

Бакъду, тхан эвларчу Асалдира шена дуьхьалваьллачу шина стагана дан деззарг динера, муха аьлча, оцу Асалдиран Гуьнахь эцна хьаьиш хиллера, и хьаьиш шен шолгІачу говран букъа тІехь цІа яхьаш вогІучу цунна духьалваьллера Декъа дукъ олучохь керахь тоьпаш а йолуш ши стаг. Цу шина стага омра динера, цуьнан мохь тІехь болу говр дІа а лаьцна, «охьавосса чехка, дІавала говрана юххера» аьлла. ТІаккха кхо цаьршинга дехар динера, и

мохь а, говр а дIа а йигий, со тIехь волу говр дIа ма яккхахьара аш, со хьаша а вара, дан амал а дацара аьлла. ТIаккха маьттиза хIара човха а вина, говрана генавала, охьавосса аьлла, юха а омра динера. Воссаза волий хIета, хIара говр ас дIахецча шуна а хир яц, сох-м хIете а, вете а яьлла хIара, вайна кара ца йог1уш тхан лома дIагIур ю-кха х1ара аьлла, говрара охьа а иккхина, х1ан, дIаэца хIара аьлла, цу шинга говр дIа а елла. ХIинца гIаш ваха деза-кх сан аьлла юха а хьаставелира, лерг духа хьажон а ца вешаш, ши накъост хIонсаца дIаволавеллера. Эццахь Асалдира шен вертана кIела гехь йолу пхоьазза йолу хадийна карбенк олу топ тIе а лаьцна, омра динера: «Ас Делаца чIагIо йо, шуьша куьг меттах хьадиначу юкъахь ши жIаьла ший а ден. Охьакхийссал и тоьпан хьекхий, варий, ши говр дIа ма хецалаш, и цхьаъ дIагIур ю» аьлла. И церан охьакхоьссина ши топ шаьш йолччахь а йитина, цу шинна тIе топ а лаьцна, омра динера: «ДIаса ца теIаш вало ший а шайн маьждиге дIа. Хаалаш, соьга юханехьа хьажа мегар ца хилар».

Цу шиннах цхьаъ дехар дан воьллера и ши топ, пхи туьма ахча а лур дара охашимма, витахьа, ма вигахьа тхойша аьлла. Асалдира дог диллийтира, гали ахча делча а ца хиндерг ма дийца, шу цхьана нехан жIаьлеш ду, ткъа кху некъашкахь ца лелча дан амал доцу адмаш, шу жIаьлеша, новкъа дуьхьал а дуьйлуш, хьийзадо, цкъа шун юьрте дIахоуьйтур ду ас, кхин шуьшиннан муцIар юха хьажохь мегар дац и тIаьххьара ду шуьшинна, чехкка волало ший а аьлла, ша т1аьхь хилла говр шега схьаэцна, ша цу говра а хиъна, хаьхкина веданхойн маьждиге дIа а вигна, цигахь рузбане гулбеллачу нахе дIавеллера, муха аьлча: «Варий, шу а, тхо а вовшийн лулахой ду, харцой, ямартло оьшуш шу доций а хаьа, ткъа хуьлу-кха, цхьа харц буц санна нисло-кх юкъахь». И ши накъост шайга дIавелча, веданхоша доккха баркалла аьллера, тахана ахь динарг дан дуккха а белар-кха къонахий аьлла. Доккха гIуллакх ду ахь динарг, Дала хьан некъ тобойла аьлла, веданхоша и тхан юьртахо Асалдир доккха баркалла а аьлла, новкъа ваьккхинера. И шиъ цу веданхошна вевзаш ма ву хьуна, элира Iелас.

Асалдирана хезнера, Беной-Веданара схьа ДаьргIа вогIуш цу шина юьртан доза къаьстачохь оцу Зеламханна дуьхьалваьлла хиллера иштта ши накъост, говрара восса хьайн са дезахь аьлла, омра а дина, и-м халниг дац, хIан, дIаэца говр аьлла, шен говр дIалаца вогIург мийра тоьхна аркъал а вожийна, вукхуьнга айбал куьйгаш аьлла, тIе тапча а лаьцна, охьакхеттачун топ шен кера а эцна, цо и шиъ вигнера Бенойн-юьртарчу маьждиге. Эццахь церан коьрта нах цига схьа а гулбина, и шиъ юха новкъа валахь ша сачохь вуьтур воций хаалаш аьлла, Зеламхас къамел дича, беноша Зеламханна баркалла а аьллера, вешийла а хьединера.

Цо динарг даима тхан Суьйличохь дуьйцуш дара. Эццахь Зеламхас динарг дан деза ша аьлла дагадеана динера цу Асалдира динарг. Бакъду, элира Iелас, и Зеламха обарг ваьлчахьана, тхан Суьйлийчу боьда некъ Веданах, Хорачах-м дийца а ца оьшура, Хасун-юьрта, ШаIми-юьрта боьдарг а, Шуьйта, ДIай боьдарг а сов маьрша бара хьуна. Цуьнан бахьана хIун дара аьлча, Зеламханна моссуьйттазза гуча а даьллера, кхузза-доьазза ша тIе а кхаьчнера нехан карара хIумнаш, говраш я кхиерг цхьана жоьлгаша, «со Зеламха ву», олий схьайохуш. ТIаккха зударша, бераша шена кхайкхон неIалт, доьху сардамаш дукха хезира Зеламханна. Цундела цо массо а ша дIакхаьчначу меттехь олуш дара, цу жоьлгашца машар бац шен аьлла. Массо а меттехь Зеламха хIинцца схьа тIекхочур волуш санна цунах кхоьрура и жоьлгаш. Тхой, нохчий, гIалгIай-м бийца а ца оьшура, ур-атталла цу г1ебартойн, чергизийн махкара дуьйнна, гIумкий, ногIойн махка кхаччалц, гIалгIайн махкахь алсам а йолуш, еххинчу станицашкахь болчу оьрсашна а яьллера йоккха паргIато цу жоьлгашкара, къушкара. «Шаьш-м Зеламхан гIера яй» бохуш, Iа ца буьтуш хьийзон боьлча, цу хенахь сан а, нехан а лерга хезна ду хьуна цхьана хьаькамо я хьоладас, нехан хьакъ дууш харцо лелош меттиг хилча, «дера деза и Зеламхане ала» олуш.

Кхин цхьа хIума а хиира суна оцу оьздачу обаргах. Тхан дайша дуьйцуш дукха ладоьгIнера аса нохчийн, гIалгIайн доьнал долуш, яхь йолуш майрачу къонахех лаьцна. Дика ладоьгIна ойла йича, цара лелийнарг а, Зеламхас лелийнарг а вовшашца йоккха башхаллаш йолуш карадо. Муха аьлча, царах дукхах болчуша лелийнарш цхьацца хьола дуьхьа, я сийлаллин дуьхьа, я дозаллина, нахе шаьш дийцийта, я цхьацца хазчу йо1ан дуьхьа хилла

шен ц1ийнан я тайпанан, я юьртан сий лардеш лелларш а. Иштта лелийнарш дӀадахана хий, мох санна дӀадевр ду хьуна, сан кӀант, дуьйцу Ӏелас. Ткъа Зеламха хьал лоьхуш лелла вац я дозалла дайта, я иштта цхьацца хӀумашна дуьхьа а. И вацара ша дешарца кхетам совбала дешна а, и вацара дег1аца нахал тоьлла доккха дегӀ долуш я ницкъ нехачул сов бу ала билгало йолуш а. Амма, бакъду, хьанкамийн, эпсарийн кийрахь шийла ша латтош яьккхира цо ша ара а ваьлла дӀаволавелчахьанна ша валлалц дӀа яьккхина хан. Шега дуй кхоьллича цунна дуьхьло еш вацара и, цуьнах цунна сингаттам хуьлуш меттигаш а Ӏитталора. Амма цо бекхам чӀог1а бора тешнабехк болуш гучаваьлча. Кхин цхьаъ а ду сан кхун тӀетоха бакъдерг. Цхьа а вац шен бӀаьрга гина Зеламхас салтичуьнна чов йина я цо салтичуьнна хьажийна топ кхоьссина, бакъду, нисделла хир ду эпсаршна кхуссучохь кхетта меттигаш, ша лаца баьхкина уьш хиллехь. Амма ша санна нийса топ тухуш верг цунна юххе хӀоьттина аьлча, суна бакъ хетар дацара. Зеламха лаца ша тӀаьхьаваьлла леллачу тхан нехан стага соьга дийцира, и вара эпсаран чин а долуш, цуьнан цӀе МуртазӀела яра. Цо элира:

- Тамашийна ду, паччахьан Ӏедало ша валлалц даа рицкъа а луш и верах къа хир дац Делах тешачарна бохуш, керста динан а, бусалба динан а молланашка маьждигашкахь, килсашкахь хьехамаш а бойтуш. «Зеламха паччахьан мостагӀ хилча, хаалаш, и Делан мостагӀ вуй» бохуш, ДегӀастанахь мел долчу оьрсийн, бусалбанийн маьждигашкахь даима кхайкхош лаьтташехь, цу къелла балла бохкучу оьрсийн а, Нохч-ГӀалгӀайн а бахархоша цунна, хьошалла дар бен, тешнабехк а бина, къелла балла бохкучу нахах и лаца гӀо деш цхьа а ца валара. Цунна тешнабехк бинарг доккхачу хьолан да а, паччахьан агент а ша Зеламхан «гергара» стаг а хиллера. Цул совнаха, сайна цӀенна хиъна дерг аса цхьа кхин а дуьйцур ду хьуна.

Тхо кхоъ накъост вара Сипсу-гӀалахь Тимофей олучу оьрсичунна цӀенойн тӀулган пенаш дуттуш, оха цунах Тима олура. Цо дийцира: лулахь хьаьжкӀаш а, картолаш а ен бӀаьста ирзе охуш долуш цӀеххьана цхьа ши бере Иванна тӀе а веана, охучу меттигана юьстах охьаеххина Иванан а, цуьнан кӀентан а топ-гӀап хьалха схьа а эцна, цул тӀаьхьа тӀе веана, цу шимма ши говр дӀахеца аьлла, говраш дӀа а хецийтина, ша Зеламха ву аьлла, дуьхьало ца яйта кхерам а тесна, ши говр дӀайигира. Эццахь мичара вели ца хууш тӀекхечира цхьа кхин бере, цо хаьттира, гӀалгӀазкхий, хӀун хьал ду аьлла. ХӀун хьал хир ду, цу Зеламхас тахана тхо дайинехь гӀоли йолуш дар-кха тхан хьал, и ши говр дӀаюьгучул, Ӏедале цунна хӀумма а ца дало, Ивана оллушехь, сихвелира тӀекхаьчна бере, чехка схьаалал, муьлхачу агӀор ваха иза аьлла. И шиъ ши накъост ву, цара дӀаяьхьна цаьргахь тхан тоьпаш а ю, ахь хӀун дийр ду, цара хьуна цхьаъ дарна кхоьру со-м, Ивана аьлча, схьаалий вала, муьлхачу агӀор вахана уьшиъ, элира т1евеанчо. ТӀаккха Ивана куьг хьажийра дӀо Ӏассин чӀожах хьалаваха аьлла. Беречо, чехкка охьаиккхина, говрийн бергийн лараш а юьстина, ша толлуш лела иччархо волуш санна, шен говра а хиъна, дӀахийцира, ша вуха валлалц кхузахь совцалаш аьлла. Эццахь цхьа-ши сахьт хан а яьлла, лулара кхин а ши накъост тӀе а веана, тхо Ӏачу хенахь веана схьакхечира и бере, хьалха ваьккхина и шиъ а волуш. Зеламхас элира, гайтал, муьлханиг ву кху шиннах Зеламха. ТӀаккха дӀагайтира и ву аьлла, доккха дегӀ а долуш, тӀехь тиша тоьлгаш а йолуш, сов цӀармат ирча стаг. Цу беречо ластийна шед тоьхна, ша волччохь дӀакарчийра Зеламха. Эццахь тхо кхераделла, дагадеара, мел тамаша бу паччахьан эпсарш цӀе яьккхича а ирахӀуттуш волчу Зеламханна иштта шед еттар аьлла. Юха дагадеара, тӀехьенгахь тхуна таӀзар дан там бар-кха хӀокху Зеламхас аьлла. Бакъду, тхуна тӀекхачале цу шинна йиттина хедийна беснеш аьрснаш хӀиттийна яра.

Шаьш дӀаяхьна тоьпаш цхьаьнгахь яра, важа накъост ши говр а лаьцна, Ӏадийча санна лаьттара, ткъа цаьргара говраш схьаэца тхан а дацара хьекъал. ТӀаккха цу беречо шен ворданчуьра, со тӀе а вигна, патармийн ши г1ап схьаелира, дӀаэца аьлла, ткъа вукхуьнга омра дира, дӀало тоьпаш, дӀало ахь говраш а аьлла. ТӀаккха вистхилира и бере: «Хьовсал, хӀай гӀалгӀазкхий, тахана хӀокху бахтарш лехьочу заддаша шун бохийна болх. Хьовсал шу, иштта долу адмаш бахьанехь мел чӀогӀа сардамаш доьху суна а, сан накъосташна а бобераша, зударша, мискачу наха. Дера бацара Ӏедало декхар дина со лаца а, вен а тӀаьхьабаьхна лелаш болу эпсарш, инарлаш хӀумма а хала, хӀокху нехан мерцхигаш идош лелачара гӀад дайина-кх.

Тlаккха цу беречо соьга хоьтту, хlун ю хьан цlе? Сан цlе Иван ю. Дика ду, Иван, оцу хьайн юьртахошка дlахаийта, цкъа а нехан говр я сту, кхин йолу хьарам хIума харачо Зеламхас яьхна ца хилар, и Зеламха со ву хьуна. ТIаккха Иван Зеламханна тlе а хьаьрчина, элира:

- Дала хьо Iалашвойла. Мел доккха хIума ду ахь тахана тхан доьзална динарг, хIара ши говр кху охан хенахь хьо тlе ца кхочуш дlайигнехь, мел боккха бала хlуттур бара тхан доьзале.

- Хlума дац, дика хьаха ду тахана со шуна тlекхаьчна. Тlаккха Зеламха цу шина къунна тlевирзира:

- ХIун ду аш лелориг? Эхь дац х1ара тахана?

- Зеламха, бехк ма биллахьа тхойшинна, тхойшиъ кхул тlаьхьа хlара некъ ца беш мацалла вала реза хир ву-кха, мел юьхьIаьржа х1оьттина тхойшиъ тахана хьуна хьалха!

Зеламхана хаьттира:

-Делах теший шуьшиъ? - аьлла.

Жоп делира:

- Ламаз деш ву, тешаш ву, - аьлла.

- Эрна ду, эрна къахьега оьшуш дац. Мискачийн хьакъ мегар дац Делах тешачарна, - Зеламхас аьлча, цу шиммо элира, керстанехан хlума моллас магийна-кх аьлла. Зеламхас жоп делира, и шуна магийна молла мацах шена уьстаг1 белча жен жlаьла кешнашка д1адолла магийначу молланах тера ву шуна. Шу цунах ма тешалаш, керстанан хlума цкъа а мегар яц лачкъо, уьш а вай санна Дала кхоьллина адамаш ду. Оцу молле дlахаийта, кхул тlаьхьа иштта хьехам цо бахь, ас цунна могуьйтур ца хилар. Хаалаш, ши кlант, Дала мел кхоьллина массо адам Адам-пайхамарх схьа а даьлла, цхьабосса дуйла. Амма, цхьа бакъду, хlора къомана а юкъахь долуш ду адмаш гIиллакх долуш а, доцуш а, хьарам-хьанал ца къастош а, и башхаллаш массо а меттехь, массо къомаца йолуш ю. Гой хьуна, ахь шайн моллас аьлла бохуш дуьйцу Iовдал къамел, и тайпа коьрта чохь даьтта доцу молланаш кху оьрсийн а хила тарло, бусалба нехан хlума керстанна хьарам яц бохуш. Суна цхьа хlума ду хезна со дукха жима волуш, цхьацца болчу молланийн кортош шарахь цхьа го бен ца боккхуш йолчу хьераша охьур бу бохуш. Шуна и хьехамаш а ца беш, сайн говра а хиъна дlавахча со волий-м хаьа суна. Iадда Iан атта дуйла массарна а хаьа.

Хьовсал, шу кхузахь Iен-даха дезаш лулахой ду, вовшийн денна цхьаьнакхета деза шун балхахь, дечкехь, базарахь я новкъахь, шуна гlоли хlун ду аьлча, вовшашца бертахь дахар, вовшийн къолаш ца дар ду. Тхан эвлахь вара Дибир цlе йолуш молла, цо олура: оьрси вогIуш цунна некъ бита, цуьнан некъ хадон мегар дац, оьрсийн стаг вийнарг ялсаманехь хир ву аьлча ша тешар вацара и шен бlаьрга ца гича олий, цо хlуъу дича а оьрсий вен бакъо ца лора, цуьнан хlума лачкъо бакъо ца лора, уьш Iийса-пайхамарах тешна бу, и вайн пайхамарал хьалха хилла ву, ткъа оьрсашца гlиллакх дохийча 1ийса-пайхамарца гlиллакх дохийнарг ву олура. Хьовсал, шена йоцу цlе тиллина, ша Зеламха ву аьлла харц хабар а дийцина, и шун говраш дlайига веанчу оцу лаьттаче. Хаьа суна, и дlадекха деза аьлла, гlалгlазкхи шен топ коча а тесна аравер вуй а. Ткъа хьанна оьшу и хьарам гlуллакхаш? Эццахь Тимофейс а, Ивана а, кхечара а цуьнга дика ла а доьг1на, шайгара бала балхийра. Шаьш такха ца луш дlатоькху налогаш йийцира, чоь юьззина шайн меца, беркъа доьзалш хилар а дийцира. Эццахь Зеламхас цу шина накъостана йина оьгIазло а дlаелира, и шиэ а хиллера церал а гIаддайна. Тlаккха Зеламхана элира, хаац, кlентий, шайна лаахь оцу шинхьара болчу молланашка а хатта, бакъду, со царах дагавуьйлуш вац, сан сайн 1едал ду. Ас паччахьан банкера схьаоьцу ахча.

Мискачарна дlало аьлла, меллаша шен таьлсара цхьа доккха тlаьрсиган бохча схьа а эцна, кхуза баьхкинчу оьрсийн баккхийчу нахана шен ахчанах итт-итт туьма ахча делира (и цу хенахь беа аьттан механ дара), схьавола шу шиъ накъост, хlара итт туьма ло ас шуьшинна, бакъду, кхул тlаьхьа кху тайпа миска нах ашшимма хьийзина суна хазахь, сан чlагlо ю шуьшиъ дийна ца вита. Ашшимма хlун де аьлча, вайн нахера оцу паччахьан Iедало бертаза я бехк боцуш гlуданаш детташ дlа а кхоьхьуш, шайн банке охьадуьллу ахча да, шаьш къонах велахь. Хаалаш, ас шуна а, кхечашна а луш дерг и шуьгара шу санна болчушкара

ямартлонца дӀадаьккхина ахча дуй. Амма сан «жайнахь» ас магийна-кха церан банкера охьа а дахьаш, и ахча шу санна долчу мискачу наханий, боберашний дӀадекъа. Дала шена лаахь гечдер-кха, болх цуьнгахь бу.

Ларделаш вовшийн, шу марша Ӏойла аьлла, Зеламхас шен динан гош таӀийра, эццахь тхо тӀаьхьа хьовса лароле и ламанан леча къайладелира. Эццахь Дала Ӏалашвойла хьо нохчийн, гӀалгӀайн майра кӀант аьлла, оха цунна тхаьшна хуу доӀа дира. Ткъа говраш йигна ши накъост а вара цецваьлла тӀаьхьа хьоьжуш, цу ша «Зеламха» ву аьллачо куьг кховдийра Иване, шена гечде, къинтӀеравалахьа, ша къера ву шегара даьллачунна аьлла. Иштта вовшийн къинтӀера а бевлла, гергара хилла къаьстира гӀалгӀазкхий, нохчий Зеламха бахьанехь. Сан хьешана Тимофейна нохчийн мотт хаьара, цуьнан нана нохчо хиллера, ткъа Зеламха шера оьрсийн мотт хууш вацара.

ЦӀенна дӀадийца ца хаахь а, дика кхеттала мотт хаьара, цул совнаха шега схьабуьйцучу маттах цӀенна кхеташ а вара. Дера и Зеламха кхачаза Нохч-ГӀалгӀайчохь-м хӀунда юьйцу, юрт ма яцара хӀирийн, суьйлийн, гӀумкийн а Теркаца Ставрополе дӀакхаччалц, Каспи хӀордаца чӀерийлецархойн а ма вара и хьаша. Хаац, и лара муха вора, тамашийна хӀун дара аьлча, тахана Ӏаьндахь хилла Зеламха аьлла хезча, кхана Несарехь а, я Хасав-юьртахь а, я ГӀизларехь, я Моздокехь Зеламхан гӀерано цхьаъ дина олий хезара, и лаца боьлхарш хӀинцца и дӀаваха аьлла дӀабахча, и тӀапъаьлла вайна каравора. Цо деш дерг дерриг валлац хиъна ца хиллера паччахьан Ӏедална. Цуьнан ленаш хиллера говран бергех харцахьа а хьовзийна тухуш. Цунах дара цунна тӀаьхьа бахаран меттана паччахьан бӀо харцхьа бахар. Цул совнаха, цуьнан хиллера масех тайпана къаьмнийн духарш, масех тайпа кечйина мажош а. И хормий, мажжий бахьанехь иза массийттазза ваьллера эскаран буйнара. Цул совнаха, шен доьзал Владикавказехь болуш и леллера ша оьрсийн молла ву бохуш шена ма-луъу паргӀат.

# Суайпан Шабазан дийцаран шозлагӀа дакъа

Цхьана шарахь сов старажник а лелла, майра ву аьлла, коча тосу цхьа мидал а елла, иштта со цу хьаькамаша лоруш хилар накъосташка лалуш а доцуш, вайн эвларчу (МахкатӀерачу) наха къайлаха биттина мотт бахьанехь со балхара дӀаваьккхина ши-кхо шо хан яра. Цуьнан коьрта бахьана сан вешигахь ерг Зеламханан йиша ХӀайкалхан хилар дара. Хьалха ас ма-аллара, сан ваша Зубайра лаьцна Сибрех вахийтина вара. Цу хенахь кӀеззиг ханна и тхешан нус Хорача дӀа а кхетийна, тхаьш и йитина ю аьлла юкъа а даьккхина тхо Ӏачу хенахь, ас зуда ялийра оцу Зеламхан мостагӀийн гергара а хуьлуш. Цул совнаха, харачойн, чермойн лам бахьанехь юкъаметтиг чӀогӀа галъелира, хуьлучу хьалтӀе делира гӀуллакх. Тхан дешича Данга сов сиха стаг вара, цуьнан галъелира хорачошца йолу, къаьсттина Зеламхан цӀийнан нахаца йолу юкъаметтиг. Тхешан ваша схьахецийта оха долийра, тхан мостагӀал ду цу харачошца, къаьсттина цу БӀехон цӀийнан нахаца аьлла.

И дерриге а хӀунда ду цӀенна хууш вара Зеламха.

Тхайх Ӏедал тешийта а, доцца аьлча, заманан халалла бетташ лол бар-кха. Иштта и ши-кхо шо хан яьллачу хенахь, хьалха Веданан округан хьаькам хилла волу Галаев Зеламхас вийра. Иштта цо вийна дӀаваьллера Добровольский а. Со балхара дӀаваьккхина вара чу а вуллуш. Бакъду, суна а, сан вежаршна а чӀогӀа новкъа дара тхешан Ӏедалца йоьхна юкъаметтиг а, тхешан лаьцна волу ваша а.

Иштта кхо шо хан дӀаяьллачу хенахь тхан аьтто хилира керла веанчу Маргани бохучу хьаькамца цуьнан талмаж волчу Ӏаббазехула гергарло таса.

Цхьана буса хан йоцчу хенахь со вижинчуьра гӀаттийра хӀетахь юьртда хиллачу тхан эвларчу Ӏоддус. Со цу хенахь кӀотарахь вара Ӏаш, тхан юьртдас суна тӀедиллира, сов Ӏуьйре Ведана гӀо, хьоьга полковник Марганис кхойкху, аьлла. Цхьа бакъду, герггачу хьесапехь суна хууш дара сайга хӀунда кхойкху, амма иштта хууш ца хилча чӀогӀа аьрха дара

полковника кхайкхар. Со сов Іуьйре Ведана вахара, веана хилар хехошка дІа а хаийтина, арахь хиъна 1ачу соьга чу кхайкхира, чуван бакъо а ехна, со чу вахара, сан куьг а лаьцна, чІогІа веза хьаша санна со охьахаийра Марганис, цуьнца Буру-гІалара кхин цхьа полковник а вара. Цу шиммо а роггІанна хеттарш дан долийра. Зеламхан йиша хІунда йитина аш аьлла? Ас жоп делира: «Тхуна мостагІаллаш ца оьшу, тхан ваша а лаьцна цхьа а бехк боцуш, и шаьш бахьанехь лаьцний хуъушшехь, тхоьца гІиллакх хиларан меттана, тхан боцчу бехкан ойла а ца еш, цу Зеламхан уггаре а хьалхара нах бу и лам къуьйсуш, тхан коьртачу стагана Дангина чу гІоьртинарш».

Юха а хаьттира:

- Бакъ дуй иза, дукха хан йоццуш хьоьга еана зуда оцу Зеламхан мостагІашха ю бохург?

- ЦІенна бакъ ду, шуна бакъдерг дийца лаахь, тахана шун а, Іедалан а санна ю тхан цу Зеламханца а, цуьнан нахаца а йолу юкъаметтиг. Тхан вежарш хьехон а ца оьшура, берриге а чермойн нехан юкъаметтиг а ю цу Зеламханца кхин хила йиш йоцуш галъяьлла. Шуна шерра хаьа, цу Зеламхас тхан чермойн зуда схьаялор. ХІумма а тамаш бацара шен герз карахь волчу цу Зеламхас цхьанна а ца хууш шен гІуллакхана арაяьлла и Зезаг дІайигар. Моьтта хир ду нахана, тхо и обарг хилча, цунах кхоьруш Іаш ду. И бакъ дац, и бакъ доций хуур ду шуна. Церан юьртарий, тхан юьртарий сов сийлахь болчу наха дина маслаІат дохон гІиллакх ца хеташ садетта оха, амма дуьтур дуй-те аьлча, и аьттехьа а дац. Ас мел дуьйцург хьалхе церан талмажца бертахь дара. Дерриге а ас лелош дерг тхешан ваша схьахецийта дара, тхешашкахь герз хила лаар а дара, сайна мотт биттина со дІаваккхийтинчу нехан хІуьттаренна а дара.

Суна хиира хІинца хІорш тешна хилар Зеламхан а, тхан а юкъаметтиг галъяьлла хиларх. Оцу сахьта цу шина хьаькамо со аравалийтира, цхьана сахьтехь собар де арахь, вуха чу вогІур хьо аьлла.

Нийсса ши сахьт арахь даьккхинчул тІаьхьа цара со вуха чу вигира. Марганис дІадолийра, тхуна цІенна хаьа, шуна и обарг бахьана долуш хилла зен а, шуна тІедеана эхь а, и дерриге а теллина хиъна тхуна, хьалха Галаев волчу хенахь цІена болх бар а, хьуна елла мидал а теллича карийна тхуна, ахь бехк а боцуш кхо бутт чохь хан яккхар а, хьо гІалат хьийзор а. Тахана оцу хьан вешин цхьа а бехк ца карийна Іедална, ша дуьххьал дІа цу Зеламхан йиша йигар бен. Цундела хІинца оха оьрсийн а, Іаьрбийн а маттахь хІара ши кехат кечдина, хьуна ма-хаьара, тхан йиш яц Іедалан омра кхочуш ца дан, хІара ши кехат тхоьгахь хир ду, ахь хІинца дуй баа беза кху шина кехат тІе куьг таІорца, Іедалан белхахошна а, Іедална а тешаме хир ву аьлла, шолгІа, и обарг Зеламха ницкъ кхачахь дийна, ца кхачахь вийна а схьалоцур ву, сайн цІий а, дег1 а кхоор дац Петарбухехь волчу паччахьан сийлаллийна аьлла. Суна хьалха диллира яздина ши кехат.

Цул совнаха, цу шина кехата тІехь дара цу шина хьаькамо а, талмажа а дуй буу, хьо Суайпан кІант Шабаз цхьаьнгга а вуьйцур ма вац аьлла.

Эццахь ас цаьрга элира, со дийна а волуш, Іедална тешаме а хир ву, аш бохург ницкъ берг дерриге а ас дийр ду, амма ас шуьга доьху, сан ваша Іедалан буйнара схьахецар, и цхьаъ ду. ШозлагІа, ас доьху шуьга, сан доттагІа МахкатІера Илясан Межид соьца шайн старажник схьаэцар, хІунда аьлча, и сол а т1ахъаьлла а ву, майра а ву, тешамен накъост а ву. Аш бохург дийр долуш ву и ас аьлча. Цара жоп делира: «Делахь дика ду, ши де даьлча и накъост а, хьо а вухавола», аьлла. Цара ма-баххара, цул тІаьхьа ши де даьлча со, Межид а эцна, вуха Ведана вахара. Тхойшиъ дІакхаьчча, со хьалха чу а вигна, шаьш ма-баххара дуй а биъна, шина метте куьг таІадайтина, со аравелира. Сол тІаьхьа Межид чу вигира, иза цхьа сахьт даьлча цу чуьра аравелира, цуьнга хетта оьшуш дацара, суна хаьара, цара суна тІехь лелийнарг цуьнца лелийний а, ткъа шаьш бохху дуй биънарг бен цара вайнехан стаг старажник оьцуш воций а.

Цхьа бакъду, охашимма хаьттира къилахь дуй-те тхешан аьтто лоьхуш цу паччахьан хьаькамашна дуй баар аьлла. Тхуна жоп делира юьртан моллас Бертиза, Іедало динчунна геч хир ду, амма бертаза дацахь шайна хуур-кха шуна аьлла. Бакъду, оха тхаьшна тхаьш магадора, цхьацца бахьанаш а хІиттош. Тхойша цу Веданан гІопера араваьлла, нийсса итт

де далале Зеламханна хиъна хиллера хьалха со левар а, ас сайца Межид валор а, оха таIийна куьйгаш а. Цу Межидан веше Бакаре а, тхан веше Бесе а цу Зеламхас дийцинера шена и хууш хилар. Цул тIаьхьа йоккха хан ялале сан цу Зеламхаца а хилира цунах лаьцна къамел Эшилхотойн Шулакха олучу дукъахь. Хьалха санна дика тIекаре вацара соьца Зеламха, ас и кхетийра ма-дарра, цу Зеламханна а дийзира сан дуй баа, цхьа Дела болх а хилла, вай вовшийн дуьхьал кхетахь, со цу эскарца а волуш, ас сайн топ кхуссур ма яц, стигала бен, аьлла. Сох дика кхетта, ша геч ди хьуна аьлла, тхойша вовшах къаьстира. Цул тIаьхьа дукха хан ялале сох санна Межидах а кхетта, ас йина чIагIо цо йинера. Цул совнаха, тхоьца болу важа накъостий хилар а хиира суна Зеламхас тешамна чIагIонаш яйтина хилар.

- Сан кIант, - аьлла, юха а долийра Шабаза, - ас уггаре а тамаша бинарг дуьйцур ду хьуна цу Зеламхех.

И дара Зеламха валале ши шо хьалха. Сов йовха аьхке яра. ТIедогIуш догIа дацара, буьйсанаш Iаьржа яра, тхо юург а йиъна, хIинца садаIа хан а хилла, хьаькамо омра даре хьуьйсуш садоIу аьлла Iачу хенахь, цхьа бутт сов хан бен хIоттийна а йоцуш харачойн керла юьртда веара. Иза, тхан командире

бакъо а ехна, Марганин заместительна тIе вахара. Тхуна д1адийша бакъо яла еза хан тIекхаьчча тхан командир д1авигира Маргани волчу.

Эццахь веана схьакхечира Зеламханан мостагIех ву аьлла виъ стаг. Цу веаннах туьйхира Зеламха лаца куьйгаш а таIийна, тхоьца балхахь волу виъ суьйлий а, кхин виъ старажник а, уьш шийтта а, юьртда кхойтталгIа а, со вейтталгIа а. Оцу юьртдас беана мотт бара, тховса сахуьлучу хенахь Зеламха ву Хорача вогIуш, и вогIуволу некъ Чермойн ломара нийсса охьа КIолмуш-коьрте догIучу хоршах хичохь охьа бу. Нагахь тховса ца вагIахь, кхана сарахь вогIург хилар цIенна хаьа шена, аьлла. И Хорачойн юьртда хьалха а волуш, тхо чехка тхешан говраш кечйина, цу йийцинчу метте дахара, цига а дахана, цхьана хорша а хевшина, тхо цигахь Iийра синбилгало яллалц. Тхан говраш тхуна юххехь йолчу хьуьнан юкъахь яра. Ур-атталла паргIат са ца доккхуш, хорша левчкъана эрна цигахь буьйса а яькххина, серлаялале нахана ца гойтуш цу хьуьна юккъе лома а девлла, новкъа ца догIуш, тхо Чермой ломахула Шемалан кIотара а диссина, цу кIотара чу ца доьлхуш, нийсса хичухула охьа юха Ведана-гIала даьхкира.

Тхо духа Ведана кхаьчча, тхоьга омра дира, массара садаIа, шайн говраш паргIат а яхий аьлла, тхо дика са а даь1на, суьйранна юург-мерг а йиъна паргIатдевлча, Марганис ша волчу гулдира, мичара вели ца хууш, и хорачойн юьртда а схьа чувелира.

Эццахь Марганис тхоьга омра дира: тховса шу духа а даха деза сийсарлерра меттиг ларъян, обарг тховса вогIур ву бохург чIагIдо юьртдас, варий, ницкъ кхачахь са чохь ван хьовса, ца кхачахь дакъа дай а и тIех ма валийта аьлла, чIогIа дехар деш хIоранна боккха кхаъ хирг хиларх тешийна, тхан командиран коча датон мидал а оьллира. Цуьнга къамел дайтира, шех эпсар хилла ваьлла аьлла, Iехавелла, сов доккха хабар а дийцина, цо дош делира: «И Зеламха оцу йийцинчу метте тховса вагIахь, ас дош ло хьуна, дийна я вийна цуьнан дегI кху гIала дан хIокху накъостийн тоьшаллица», - аьлла, сов доккха хабар а дийцина, тхан командир, юьртдас хьалха а ваьлла тхо хьалхарчу буса ма-даххара цу йиллинчу метте дахара. Цу метте дIа а кхаьчна, тхо дIаловчкъа кIел ховша доьлхуш, нийсса бIе метар тIе кхачале дуьхьал тхуна тIе говрахь стаг вогIура, тхан командира тIе вогIучуьнга хьаьттира, дийца, хьо мила ву аьлла. Цо жоп делира, соьца бала ма хила, шайн новкъа дIагIо аьлла. Эццахь суна гуш юьртда говрара охьа а эккхаш, цунна тIаьхьавелира. Суна санна цунна а девзира Зеламхан гIоргIа аз. Оццу минотехь тоьпаш евлира, Зеламхас схьатоьхначу тоьпо тхан командир чIогIа мохь болуш вожийра.

Тхайн командир дIаваьлча тхо йоккха паргIато яьлла кхо-йиъ говр эццахь а юьсуш, чехка девдира къайладовла. И дара буьйса юкъах тIех яьллачул тIаьхьа. Бакъду, эццахь Зеламха ведда ца хиллера. Меллаша оцу тхан командирана, цо ден узарш хезча, тIе а вахана, цунна мала хи а делла, и бакъхьа верзийна, еса а дешна, оццу буса, и шена шерра вовзарна, цуьнан нахе и валар а, ша и вуй ца хууш топ тохар дIа а хаийтина, цаьрга кадам а бина, цу кIентан дас ша шен к1ентан цIий хьанал дина хьуна аьлла, Зеламха дIаваханера. Бакъду, и

тхан командир ша ледар стаг вацара, шена юххе ша санна майра к1ант х1уттур воцуш майра кlант а вара. Со дуй бууш ала ваьхьар вара, цу тхан командира Зеламхас шена кхоссар йинчул тlаьхьа бен тоьхна ца хилар. Суна юххехь лаьттачара дlатуьйхира топ, амма Зеламхана и кхетта ца хиллера. И тхан командир иштта къонахалла йолуш ца хилча, цо мила ву вог1ург аьлла вист а ца хуьлуш тухур яра. Суна цlенна хууш дара Зеламхас цуьнга шена тlаьхьа ма лела алар а, ткъа иза шен жималла чинах lехавелла, ша тIаьхьаваьккхинчу хьаькамна дуьхьло ян ца лууш лелаш вара. Мел новкъа деанера иштта хьал 1оттадалар тхуна а, тхуначул сов Зеламханна шена а.

Ас хьоьга сов тамашийна х1ума дуьйцур алар и дара, гой хьуна, кхо-виъ ца лерича, массо а итт стаг и Зеламха вен а, лаца а араваьлла вара, ас агlор а, дукхахболчара цу Зеламханна дуьхьал а оха тоьхна тоьпаш цунна я цуьнан говрана а ца кхийтира, ткъа цуьнан цхьана тоьпо тхоьх цхьаъ вийра, цхьанна гlехь чов а йира, кхо говр йожийра. Сан кlант, и дар-кха ас тамаша бинарг, - элира Шабаза.

Ас юха а хаьттира:

-Ва Шабаз, и юьртда х1ун нисдеш хилла-те цу Зеламханца?

- Цу хенахь доккха эхь дара нехан эвлара юьртда хилар, шайн эвлахь хIоттон стаг вац-те юьртда олий, т1ехтохам бора. Ткъа Хорачахь цу хенахь юьртда шелахо вара. И ца везаш, шайн эвлара юьртда хила лууш (ас цlе ца йоккху цуьнан), ша х1ун дер, мича эккхар ца хууш цхьа къонаха вара, и шелахо вийна а цигара иза дlавала лууш. Ткъа оцу шелахочун х1уьттаренна цул тlаьхьа юьртда хIоьттинчу хорачочо Марганина тlе а веана, дош делла хиллера, ша ши бутт хан ялале и Зеламха шуьга лоцуьйтур ву, ахь ша цу Хорача юьртда вахийтахь, аьлла. Хlетахь юьртдена коча уллуш цхьа мидал санна детин х1ума яра, чимчаргlа а тосий. Цу Марганис и шелахо кхечу эвла а хьажийна, и харачо хIоттийра юьртда, коча и мидал а уллуш.

Цу хенахь Зеламханна тешнабехк бийр бу я лоцуш гlо дийр ду аьлла тlелаьцначунна муьлхха деза чин а лора, мел деза а ахча а лора. Амма и Зеламхас хиъча дохковоккхура. Цул совнаха, харц мотт тоьхча Iедало Сибрех вохуьйтуш меттигаш а нислора. Я шаьш делла ахча схьа а доккхий, и ца дийца куьг а таlадойтий, дуй боуьйтура. И ас мотт тоьхна аьлла хьуна вийцина стаг чlогlа тамашийна вара, цlенна бакъ а долуш суна хиира, цо ша соьга и Зеламха вийначул тlаьхьа дийца а дийцира, и цо тхоьга ларъяйтина ши буьйса, хууш х1ума а доццушехь, ша Марганина юьртда вохуьйтуш Зеламха лоцуьйтур ву аьлла хан тlекхаьчна, шена луъург хуьлда, со юьртда дlа ца ваьккхичахьана аьлла, хууш х1умма а доцуш дара ша динарг аьлла. Кхин цхьаъ а хиира суна цу хlетахь юьртда хиллачу харачочо дина. И х1ун дара аьлча, цуьнан маттаца йигна хиллера Махкатlе маре и Зеламхас схьаяьккхина цуьнан нус Зезаг а. Доцца аьлча, нахе ша майра ву, къонах ву алийта шен бlаьрг а боккхуьйтур болуш сов инзаре стаг вара иза. Дера, сан кlант, цо яьккхинарг цхьа а сийлалла ма яцара.

Бакъдерг хьуна хаа лаахь, сох дукха цамгарш а, зенаш а Iитта ма делла хьуна, хlара пхийтта шо со меттахь бала хьоьгуш волу а ма ду. Цул совнаха, и сан доттагlа Межид охьакхетта гlогI а дойна, барам а бина дукха генара говран букъа тlехь ма веара ас, тхо Зеламха лаца лаьмнашка дахийтича. Доцца аьлча, цу Зеламхана тlаьхьа я дуьхьалваьлларг юьхьIаьржа а х1уттура, и ша паргlат дlалелара. Гой хьуна, ницкъ беш хьийзош воццушехь, хьекъал цахиларна цу хенахь Зеламханна тlаьхьа мел лелларг цхьа бала шена тlе база ца вуьссура я вуьйш меттиг а хуьлура. Цlенна бакъ дара хьуна, цу Зеламхас шена тlаьхьа-ваьллачу стаге дlахьедора хьуна, шех ларло олий я шега тlаьхьаваьллачуьнан дега цо алаза витина цхьа а вацара хьуна. Цlенна бакъ а долуш, оцу Добровольскийс нийсса пхи бlе доьзал харачой Сибрех бахийта кечам а бина и кехаташ а эцна и Добровольский Владикавказе воьдуш вийнера хьуна, цо шен багах цу Зеламхане, сан ваша Зубайра юххехь а волуш, схьадийцира хьуна и кехаташ ша цуьнан тIоьрмига чуьра и вийначул тlаьхьа схьадахар а, гlопехь вехаш волу Пятка боху оьрси шозза цунна дехар деш тlевахийтар а. Цул совнаха, ша и волчу чу а вахана, цуьнга и нах ма бохабе аьлла дехар дар а.

Цхьа а цо тергал ца дича, цу Добровольскийца кхин дlаса ма вахийта хьайн кlант аьлла, дега дехар диннашехь дас аьлларг а ца дина эпсарийн дешар доьшу Веданара жима стаг а

веллера и Добровольский вуьйчохь, ца хууш топ а кхетта цу Зеламхан карах, уггаре а чlогla дог Iовжош и дара шен карах даьлла аьлла, дийцира Зеламхас. Тхо вейтта стаг кlел а хиъна, оха тоьпаш тоьхча, шена хlумма ца хуьлуш, и Зеламха, тхан командир а, кхо говр а йожийна дlавахча, ас и тамашийна хlума дийцира Махкатlерчу Къеда цlе йолчу молле. Бакъду, цо сан юьхь ца йира, ас а, сан накъоста а дуй а биъна, куьг а таIийна и Зеламха лаца аьлча, цо иштта элира: «Шабаз, жайнахь ду хьуна Iуьйкъахь даима ека котам сахилийта бохуш ека аьлла. Ткъа и котамаш екарх, са хир дуй шен хенахь бен? Хила йиш яц хьуна, хьажал хьо, цу котамел оьшуш ву хьуна мотт бетташ хеназа хlума дан гlертарг. Дера, Шабаз, ерриг Росси дуй а биъна тlаьхьаяьлча а, нагахь санна цу Зеламхана хан кхаьчна яцахь, цунна хила хlума ма дац. Амма, цхьа бакъду, lедал а Делан ду. Цо дlахьекхна къолам буха баккха да вац и ша воцург, гой хьуна, и Зеламха лоцур ву бохуш аш диъна дуйнаш шух гlур ду я шул тоьллачех гlур ду».

Цо и аьлча, суна дукха бакъ а ца хийтира. Дера, сайх мел Iоттаделларг и бахьанехь дуйте бохуш, Деле сайна гечдар доьхуш ма ву со, айса х1окху цамгаран бала токхучу кху нийсса пхийтта шарахь. Бакъду, Зеламха къинтlераваьккхира ас, - чекхдаьккхира шен къамел Шабаза.

# Акхсайхь ваьхначу Баширов Ахьмадан дийцар

Зеламха ша набахтера ведда бутт а кхачале тхо долчу Аксае веара. И тхан дайшца чlогla гергарло тесна, ша шун кlант ву, аш боххург дан даима кийча ву олий, хlора ша боккхучу кога тlехь дагаволуш, кест-кеста тхо долчу вогlуш вара.

Цхьана дийнахь шеца цхьа накъост а волуш веана схьакхечира Зеламха, иза тхан юьрта тlе кхаьчча говрара вуссий вогlура, юьртах валлалц говра ца хуура. Суна гира ши стаг нийсса тхешан урамехь схьавогlуш, хиира и цIийнна хьалха динахь вар лаа доций. Ас, дуьхьал ваьлла, ши говр схьалаьцна, паргlат а яьккхина, ши накъост тхешан да волчу чу вигира, царна тlаьхьа со а вахара. Эццахь Зеламхас шега Бакохара деана кехат дlаделира тхан дега. Тхан дас дийшира иза. Цу тlаьхьадерш хlара дешнаш дара:

«Сий долу нохчийн кlант, харачо Зеламха. Хьан майраллех, доьналлех, хьекъалах, къинхетаме хьо хиларх лаьцна сайна хазарна, хьох лаьцна тхан къомо иллешца хьо вуьйцу бохуш хазарна а, гlийлачехь къахеташ, тоьллачашца ахь латтон къийсам бахьанехь нохчгlалгlайн къомана елла паргlато йоккха ю тахана бохуш, и дуьйцу хабарш шеко йоцуш бакъдерш ду аьлла, со масех стагах дага а яьлла, массара бакъ ду аьлла со тешийча, сайна вошалла ахь дан хьакъ хеташ яздо ас хьоьга х1ара кехат.

Дуучуьнца, духучуьнца, дуьненан рицкъаца со паргlат ю хьуна, могашалла сов дика ю хьуна. Ва амма, бакъду, айса сайна хорам бина со елла аьлла хезар ду хьуна нийсса цхьа бутт баьлча, нагахь ахь хаттахь тхан Бакохарчу мехкдаьттанан белхалошка. Тахана кху маьлхан дуьненчу со кхоьллина хуьлуьйтур яцара ас. Цlенна сох тешалахь, сан кийрахь йогу цlе цхьана аьчка тIе охьа1анийча и эчиг лалор долуш бала бу-кха сан кийрахь. Балхон и бала гIур ярий цу пана-махка, шаьш бахьанехь со дуьненчу яьллачу сан дас-нанас йина-кха сох тутмакх. Сайн хьомсар нанас Iамочу маттаца, дас дечу хьехарца сан цlийх летта дерг дlадала тигац-кха сох, цара тахана сайга де бохург сан дилха даго тlеэцац-кха. Мел дукха баьхна ахь гlийланаш балеха, мел дукха толийна ахь миска нах хьоладайл. Сан даго орцахвериг хиларх даггара тешна, даима хьан хьуьнарш дуьйцуш, хьо шен уггаре а тешамен гергара стаг ву бохуш сайга а, сан дега-нене а дуьйцуш, гина воцу хьо сайна вовзийтинчу хlокху хьан гергарчу стаге Мухтаре ас хьайга доуьйтучу кехате ладогIий, валахьа суна орцах. Сан нанас ца вина, амма даго къастийна ваша Зеламха.

Дика ойла елахь сан къамелан. Суна дика дагадогIу тхан дас, дедас сайн бераллехь сайна дийцинарш, уьш доцца яздо ас. «Маггане а мегар дац хьакха яа, хьакха санна боьха ду

жlаьла а, жIаьлех хьакхаелла бедар иссаза лаьттах хьокхуш йила еза. Иштта сий доцуш ду бусалба динехь корта берзина зуда лелар, йоца коч лелор. Масане ду бусалбанийн а, керистанийн а башхал йолу халкъан Iадаташ. Тахана тхан дас гуьржийн элашна дош а делла, со цаьрга бертаза маре дIалуш ю. Сан дена, нанна дицделла, шаьш суна мотт Iемаш дуьйна керистанех, церан Iадатех ларло бохуш дина хьехарш, шега кхаьчна хьаькамалла д1адаларна кхоьруш, сан дас со хIаллакьеш ю дуьнен рицкъа а, шен хьаькмаллин а дуьхьа, бакъду, сох царна нус хир яц. Т1аьххьара ду хьуна, ва Зеламха, хьо суна орцах а ваьлла, ахь кху балеха со ца яккхахь, сан хьоьца хатта дов хир ду-кха цу Делан Махькаме хIиттийнчу дийнахь. Сан адрес а, хьуна со кху балех яккха ницкъ а хIара кехат ас доуьйтучу Мухтара дуьйцур ду хьуна, нийсса баттахь хьоьга ладуг1ур ду ас. Мерзачу маршаллица со ю Зарри».

Зеламха и кехат дахьаш тхоьга а веана, тхан дех дагавелира, ша хIун дича бакъахьа дарте аьлла? Тхан дас цунна бакъо елла ца Iаш, мелхо а цунна тIедиллира иштта цу йоIа дечу дехарна хьо орцахвала веза аьлла. Цхьа а шеко йоцуш некъ нисбелла ц1авогIур ву хьо цу Бакохара Дала мукъалахь.

Эццахь сацам бира Зеламхас цу йоь1ан дехар кхочушдан. Цунна цу тIехь доккха г1о дира Соьлжа-г1алахь мехкдаьтта доккхучу белхалойн хьаькамех волчу Мухтара. Мухтар чIогIа цу йоIах къахеташ хиллера, и бертаза цу Гуьржечу маре яла ца лууш, цунна дан шен гIо а доцуш. Цу йо1а шегара бала цуьнга балхийнера, ткъа шен дан кхин цу йо1ана г1о цахиларна, Мухтара аьллера, язде кехат Зеламхе, ша дIакхачор ду иза.

ГIуллакх муха хилла аьлча, Гуьржеха хьаькам сардал вара, ткъа Бакохара хьолада цуьнга йо1 а елла, цунах шен нуц а вина, шен хьал кхин а совдаккха Iалашо йолуш хиллера. Цу сардална гуш яра кест-кеста Бакох волчу хьоладен йоI. И йоI дуьненахь кхин хуьлийла а юй-те аьлла ч1огIа хаза хиллера, сардала, и шега лур юй а хууш, шен векалш а бахкийтина, Бакохарчу хьоладега ехнера, хьоладас шен йоI еллера. Амма йо1а дуьхьало йинера, ша бертахь яха ца лаар хоуьйтуш. Йо1е хоьттуш х1ума а дацара, ткъа сардал шен кечам беш вара. Ша санна болу хьаькамаш гулбан кечам бан шовтзкъа де хан яра йоI дIайига йисинарг. Цига тойне ловзарга Россера а, Петарбухера а хьаькамаш бара кхайкха безаш, берриг кечам бан шовтзкъа де билгалдира. Ткъа йоIа чIогIа дехар дира: «ХIай сан да, со ма совъяьлла хьуна. Ткъа сан дагах кхеттарг ахь а, хьан дас а со кхеттал хилчахьана суна дина хьехар ма ду. Гуьржийн Iедал ду хьакха юуш, жIаьлех ца къехкаш, коьртахь йовлакх ца лелош. Царех Дала вай лардойла, уьш кхин дин долуш къам ду бохуш, шу шаьш дукха бехке, сан дог уьйр дац царах. Цул совнаха, цу инарлин йоI сол йоккха ю». Иштта а, вуьшта а дийцарх дас тергал ца дира цу Заррин дехарш.

«Тахана а, тховса а ас ницкъ бича со кхана сарале Каспе кхочур ву сайн говрахь, ткъа Каспехь са а даь1на, цигахь сайн говра а йитина, со цIерпоштаца Бакох гIур ву. Цигахь Мухтара вийцина сан хьаша ву. Соьгахь цуьнан адрес а ду. Цигахь цу йоIана тIекхачаран Iалашо ас цу Мухтаран хьешаца х1оттор ю, цига вахар хьоьга хаийта чу вирзира со», - аьлла, къамел дира тхан дега. Тхан дас цуьнга омра дира, варий, Зеламха, лар чIогIа лолахь. Собар сов доккха дезаш некъ бу хьуна ахь хьош берг, сан дехар ду хьоьга, хьайн ницкъ ма-кхоччу цIий Iанорах ларлолахь. Хьо некъ тайна, дика аьтто хилла, и йоI а ялош вуха ДегIастана верзийтар Деле доьхуш Iийр ву со. Хьан юха а Дала некъ тобойла аьлла, иза тхан дас новкъа ваьккхира.

Цул тIаьхьа нийсса шийтта де даьлча Зеламха ша хьалха балийначу lаьржачу динахь веана вуха кхечира. ЧIогIа самукъане вара Зеламха, цкъа а ца хиллачу тайпана. Ас цуьнан дин хIоъ белла паргIат а баьккхина, тхойша цхьаьний воккха стаг волчу вахара. Воккхачу стага, Дела ва хьо могуш-маьрша аьлла хьала а гIоттуш, Зеламха къевллина маравоьллира. ЦIенна гуш дара кху шиннан къамел доладалале, Бакохарчу хьоладен йоI Зеламхана цу балех яьккхина хилар. Эццахь тхан дас элира:

- Дийцал, Зеламха, хIинца ма-дарра хьайн хилларг а, лелларг а.

- Дера, воккха стаг, дика кIентий а, къонахий а массо а къаьмнаш юкъахь болуш ма бу. Ас хьоьга ма-аллара, со кхузара дIаваханчу шозлагIчу буса Петровскал дехьа йолчу Каспе кхечира некъахьовзам боцуш. Цигахь сан цIадахьарошха а волуш Шовхал бохуш хьаша ву.

Цу буса и волчахь ас буьйса яьккхира, ткъа шозлагIчу дийнахь суьйранна цу хьешо цIерпоштана билет а нисдина, со Бакох малх схьакхетале Iуьйранна дIакхечира. ДIа ма кхаьчна пайтон а лаьцна, со Мухтара сайна вийцина хьаша волчу вахара. Цуьнан цIе Эльнур яра, и шен балха ваха кечлуш, со салам а делла, цунна тIехIоьттира. Цо, марша вогIийла хьо аьлла, со чу вигира. Сан хьешо къамел долийра, бакъду, суна вевзаш-м вац хьо аьлла. Ас жоп делира, дера суна хьо а ма ца вевза аьлла. Ас цуьнга буьйцург гIуьмкийн мотт бара, цIенна ца хаахь а, кхеттал хаьа суна, и мотт ас хьуна ма-хаъара, кхузахь Iамийнера. Цо соьга хьаттира, хьо гIуьмки вуй аьлла? Ас жоп делира, гIуьмки вац, со нохчо ву аьлла. Иза сов чIогIа цецвелира, цо кхин къамел доцуш соьга хьаттира, хьо велахь а, вацахь а суна Мухтара вийцина хьаша ву-кха аьлла. Дера хила ма мега ас аьлча, и сох хьаьрчира, хьо Зеламха ву-кха аьлла. Тхойша тхаьшшиъ вара хьешан цIа чохь. Бакъду, нийсса цхьа сахьт далале масех тайпа хIуманах кхача (цкъа а суна ца гинарш а) хьалха беара. Хьешо дIадолийра, дела лела хьо могуш-маьрша, мел боккха кхаъ беана ахь тахана тхан цIентIе, хьо оцу сан доттаг1 волчу Мухтара дукха вийцинера суна. Хьоьх лаьцна газеташ тIехь дийцарш дерриге а сан долуш ду хьуна, сох цIенна теша мегар ду хьуна, хьан гIиллакхаш а, ахь мел лелийнарш а цу Мухтара дийцича, хьо сайна гайта доккха зен дийр долуш вар-кха со. Дала валийна хьаша ву хьо, Зеламха, цо аьлча, ас цунна жоп делира:

- Дера, Эльнур, и бакъ ма ду, со Дала валийна ца хилча кхочийла яцара кхуза, хьо бакъ луьйш ву. Цунах цхьа а шеко яц, суна дика вевза хьан доттагI Мухтар. Цу Мухтаран гIиллакхаш суна хьуначул дика хаьа, и схьавалар кхузара делахь а, тхуна юкъахь кхиъна стаг ву, и тхан стаг ву, теший, ма теший бохург юкъа догIуш дац, со цу Мухтара ваийтина, хьо хьаша ву Бакох аьлла. И тоьа суна цхьа а хьоьх шеко ца хила.

Со чIогIа паргIатвелира, цу стеган сайца йолу тIекаре суна тайра. Ас цуьнга элира, хIинца хьо хьайн балхе хьажа, хьелуш хила а тарло, хьо сарахь балхара ваьлча а ларор ву вайша сан гIуллакхана аьлла.

Дика ду соьга а аьлла, цо дехьа чу ваьлла, зIе туьйхира ша балха вогIуш ца хилар хоуьйтуш. Со а вацара башха и балха ваха лууш-м, делахь а цунна новкъарло хила ца лаьара. Цул тIаьхьа цо соьга элира: «Дийцахьа хIинца, хьо лаа вуй, хьан гIуллакх х1ун ду-те», аьлла. Бакъду, суна сайн гIуллакх тIехь тешаш сов кIезиг безара, цундела ас айса беана некъ ца буьйцуш, цхьацца хеттарш дира. Масала, паччахьан хьаькамаша ницкъаш бой шуна? Белхалошна ял хенахь нийса дIалой кхузахь? Дера тхо долчахьа-м цу хьоладайн берта а боьлхий, миска нах дукха хьийза ма бо. И-м дац кхузахь, ткъа шун белхаш дукхах берш мехкадаьтта доккхуш и лелош буй хаьа суна, церан хьаькамаш муха бу мискачу нахаца? Сан хIоттийна Iалашо муха яра аьлча, цу хьоладен йоIа Заррис сайга даийтина кехат ду ца олуш, цу хьоладас и йоI гуьржийн сардале яларх хIума кхо сайга схьа хьахор ма ду шена хаахь бохуш, цу тIеван гIерташ дара. ТIаккха цо долийра:

- Дера, Зеламха, кху тхан шахьарехь и ахь боху цхьа яккхий харцонаш ца хилла аьлча бакъ дац, цара хьоьгучу къине хьаьжча, царна луш йолу белхан ял ах а хир яцара. Иза а цкъачунна ловш ду тхо. Хьекъалан дай коьртехь а болуш, массо а къомах къонахий бу кечам беш йоллучу пачхьалкхехь бакъонан некъ дIахьон долу Iедал хIоттон лууш.

Бакъду, тхан мехкадаьтта лелочу а, доккхучу а белхийн хьаьккам хIинцалц схьа тхуна гергахь нийса лелла вара, амма кху деношкахь цунах бIаьрг бедда бу тхан уггаре а коьрта нах. Х1унда аьлча, цу шен хьаькамаллех кхоьруш, и даима шен карахь латтор ша аьлла, дуьненан рицкъана дуьхьа шен йоI гуьржийн эле маре елла, цу шен йоIал ткъе итт шо воккха и воллушехь. Ас хьаттира:

- ЙоI дIа-м ца йигна?

- Ца йигарх хIун ду, ас жоп а делла, гуьржийн эла а дIайига кечам беш ву.

- Ткъа и йоI юй бертахь?

- Яц дер-кха янне а. Иштта ма-дарра хьешо схьадийцар дара суна чIогIа лууш дерг.

- ТIаккха кхин дIа а дийцал, Эльнур, цунах лаций.

- Дера цу балхана тхаьш хIун дер ца хууш чIогIа тхо цу тхешан элан гонах дерш

йоккхачу гIайгIанехь ма ду и гIуллакх йоIана цалуъушехь дIаялар цхьана а Iедалехь нийса а ма дац, керстанна лууш хилча хIета а, вета а. Хаац, тхан хьекъал ца кхочуш дисина гIуллакх ду иза аьлла, шен къамел чекхдаькккхира сан хьешо.

- Делахь дика ду, тахана и йоI цу шун элан гIопера дена ца хоуьйтуш я цуьнан ден бертаза дIа а йигна, йоIана луъучу маре яхийтича и муха хир дар-те? – хаьттира ас.

Эльнура жоп делира:

- Цу йоIа ша аьлла ду-кха: вац-техьа пхьи бIе эзар цIе йогучу кху йоккхачу шахьарехь шена вала яхь йолуш кIант, яла а гIур яр-кха ша цуьнга, цу гуьржийн эле ца яха, Зеламха, бакъдерг ду-кха хьуна иза.

- Делахь дика ду, Эльнур, хьоьл чоьхьара гергара стаг вуй цу шун элан?

- Дера ву иза а, и санна болчийн кхечийн хIусамаш, бахамаш ларбен старажникаш (хехой) керахь болу Алиев Фируддин. Уггаре а цу элан тешамен верг а, цул совнаха, и йоI цу хьоладас эле ялар уггар новкъа хеташ верг а и ву хьуна, иза ша паччахьан инарла а ву. Бакъду, ша гIийлачарна г1о деш, сов доьналла долуш стаг ву иза.

- Делахь дика ду, Эльнур, тахана хьуна ма-хаъара, со сайн доьзалах, юьртах ваьлла сих дог диллина, Делаца дуй биъна гIийлачийн гIодан лелаш стаг ву. Айса лелон гIуллакх а, со а бахьанехь адамна сингаттам бала лууш вац со. И иштта делахь а сох сингаттам баьлла меттигаш а ю хьуна, амма бакъду, цу сингаттамел дукха сох пайда а хилла хьуна дуккха а адмашна, ас и ца боху хьуна дозалла деш, ас и боху хьуна ма-дарра хьо кхето. Тахана ахь хIун де аьлча, соьга оцу инарлин адрес ло, со хьо волчу санна церан чу а вахана, ас цуьнца дийр ду айса ден дерг, хьо хIинца паргIат хила.

Оцу сахьта Эльнура пайтон дIахIоттийра, цхьанхьа з1е тоьхна схьа а ялийна. Ас шега аьллачунна и чIогIа резахилира, цу сахьта сайн инарлин хорма схьа аэцна, тIеюьйхира, цу тIехула верта а кхуллуш, сан герзаш хьуллойла яцара тIекхоьллина верта ца хилча. Ас дуьйцучух дика ша кхетар а хоуьйтуш, Эльнура со цу дийнахь шайн гIалел арахьа йолчу стоьмийн беша вигира пайтонахь, сан самукъадаккха. Церан сов йоккха хаза стоьмийн беш яра, шена тIехь массо а тайпа мерза стом болуш. Сан хьешо суна томана цигахь а хIоттийра стол, бакъду, мел новкъа хеттехь а, ас сайн хьешан дехар кхочуш ца дира, амма тIаьхьа сох и кхийтира - и дехар дара ворхI-бархI шарахь лаьттина чагIар мала аьлла. Цигахь цхьацца дуьйцуш тхуна садайра, тIаккха Эльнура элира:

- ХIинца и ас хьоьга вийцина Алиев цIахь хила декхар ду, ткъа вайша церан керта юххе а вахана, ас хьуна гойтур ю уггаре а тешамен хьаша вогIуш йолу цуьнан неI, хьо и волчу чу гIур ву, нагахь санна цунна а, церан хIусамна а хьо реза ца хилахь, сихха са волчу вуха вола, пайтон хьо валлалц лаьтташ хир ю хьуна, ас ткъе диъ сахьтана мах дIабелла.

- Дика ду, Эльнур, хьо паргIат хила, - аьлла, со АлиевгIеран чу вахара.

Ас неI тоьхча Фируддин неIаре а веана, цо неI схьайиллира. Ассаламу Iалайкум, аьлла ас салам делира, цо сан салам дIа а эцна, чоьхьавала, хьаша, аьлла, со хьалха чоьхьа ваьккхира. ПаргIатвала, хьаша, аьлла, Алиевс сан верта дIаийцира, и верта а керахь леррина соьга схьахьаьжна сецира, цецваьлла. Гуш дара пагонаш инарлин елахь а, герзийн башхаллаш. Ша охьахаале сан хьешо хаьттира, хьо мила ву, мича къомаха ву, лаа вуй аьлла. Ас ма-дарра дIадийцира, цу къонахчун ийманехь болчу басо а гойтура, Эльнура ма вийццара и дика къонах хилар.

- Со нохчо ву хьуна, вуьйцуш хезна хила а мега, обарг Зеламха. Ас кехат дIа ца гайтира, амма цу элан йоIа сайна тIе хабар кхачийна хилар хаийтира, ша цу балех яккхар доьхуш. Эццахь Алиевс элира, кхо хIума ду олу тхан наха собар ца деш дан дезаш, царах хьалхара ду хьуна, - соьга а аьлла, - цхьа пенах йолчу нуьйданах пIелг таIийра, оццу сахьта юург-мерг хьалха еара, бакъду, чагIар кхузахь а дара, ас цунах къурд а ца бира, ас ца мелча хьашас а ца мелира. Хьалхарниг: хьешана, яа хIума хьалха йиллар ду. ШозлагIа ду хьуна, - дуьйцура инарлас, - маре яххал зуда хиллехь, иза сеца ца яр, кхозлагIа ду хьуна нехан декхар дIадаларан сихо яр, аьлла.

Зеламха, тахана хьол сийлахь хьаша со волчу веана вац аьлла ас чIагIо йо хьуна, къонахашлахь дийцича, хьо санна волу дика къонах кху шахьара веана вац ала ваьхьар вара

со. Хьажал хьо, тахана хьо орцахвалар цу йоIана дац, тхан дерриге а халкъана ду, яхь йолчу кIенташна а ду. Дера и йоI цига ялар бен, кхин тхуна гуш даьлла гIалат а ма дацара цу йо1ан дегара, амма цу йоIана и лууш доций а хууш, шун хIун бала бу сан а, сан йоIан аьлча, дан хIума а доцуш цу белхан йоккха гIайгIа йолуш ма бу тхан дуккха а нах. Зеламха, суна цIенна хаьа, со ца хиларх а хьоьга и йоI цу балех яккхалур хилар. Ас сайн доккха ирс лору цу гIуллакхана юкъ йихкина хьо хIоккхул йолчу йоккхачу шахьарехь сох а тешна, сайна тIевар. Тахана со кийча ву хьуна цу г1уллакх т1ехь хьан г1о а дина, цу Дег1астанан лаьтта т1е хьо цу йо1аца ваккха. Дера хаьа суна, иштта г1уллакх т1едеача ахь к1адо а йоцуш и дийр дуй. Зеламха, хьо парг1ат хилалахь, нийсса цхьана сахьтехь со чу вогIу хьуна аьлла, иза ша ма-аллара вуха чу веара.

Цо соьга элира, хьалха кху чу вог1уш санна верта т1екхолла аьлла, ас и верта т1екхоьллира, меллаша сайн четара схьаяьkkхина Iаьржа маж тIейиллира. Сан хьешо элира, ма дика хир дара и маж шегахь а хилча. Эццахь ас четара ц1ен маж меллаша схьа а яьккхина, хIан аьлла, дIаелира, и хьешо тIейиллира.

Дан дезачух Алиевс соьга элира, ткъа сан хьоьх цхьана сахьтана къаьстина аравалар хIунда дара аьлча, ас телеграмма яз а яйтина, кисана йиллина, со сайн ваша чIагIвеллачу Дербенте вахана аьлла, ткъа хьанна хаьа, массо а хьоладай ларбен старажникашка жоп доьхур хилча, цу йоьIан дас соьга а, сол лакхарчаьрга а орца даккха тарло, тIаьхьа цаьрга хабарш дуьйцуьйтучул атта ду кисанахь цIераваьлла аьлла бакъо хилча. ХIинца вайша араваьлча пайтон кийча хир ю, ткъа цу пайтонахь вайша цу элан гIопана гергга а вахана, и пайтон дIайохуьйтур ю, ас тхешан стаге омра дина, цу гIопана малхбалехьарчу урамехь кийча Iе аьлла. Цул совнаха, соьгахь массо а догIанаш ду, амма царна хууш дац иза, вайша хIинца ара а ваьлла, меллаша цу йоI чохь йолчу гIопе а вахана, ас догIа а даьккхина, чоьхьа вер ву. Хехь волу старажник, нагахь наб кхетта вацахь, ахь тIе тапча а лаций, мохь хьакхахь мегар дац алий сацор ву, ас дехьа кехь верг меллаша цунна тIе схьавалор ву я дIавихкина охьавуьллур ву, бага цхьа горгам а йоьллина. ТIаккха церан йоI кхолгIачу гIатта тIехь ша цхьаъ долу цIа чохь юьжуш ю. Ас и араяккха тIелоцу хьуна.

Цо ма-баххара, тхойша араваьлча кийчча лаьттачу пайтонахь тхойша вахара цу элан гIопана юххе, и пайтон дIа а яхийтина, сан накъост меллаша гIопан догIа а даьккхина, чоьхьаваьлча, сов чIогIа хар деш наб йора хехочо, со цунна юххехь витина, вукху хехочунна тIе а вахана, и эццахь виккина охьа а виллина, ша ма-аллара, цуьнан бага хIума а йоьллина, чехкка и йо1 эцна, тхойша малхбале ураме велира. Бакъду, и йоI тхойшиннал чехка йогIура, тхойшинна юххе а яьлла. Цу малхбале урамехь кхо дин боьжна пайтон лаьттара, чехкка цу пайтонна т1е а хевшина, говраш дIалелхийтира. Эццахь Фируддина соьга элира, хьо хIун деш ву, патармаш кхоадо-те ахь, топ-тапча хIунда ца кхуссу ахь, аьлла. Ас жоп делира, и товш дац, хIара Зарри боху йо1 суна евзаш кIира хан ю, гина яцахь а, кхо шен ваша ву хьо, нанас ца винехь а аьлла, соьга шен куьйга яздина кехат сан кисанахь ду, ткъа тхан нехан Iедал дац йишина орцах веача герз кхуьйсуш. Ахь х1ун де аьлча, суна йига цхьа азербайджан йоI лаха, хIара вайн йиша ю. Делан тоьшалийца ас и аьлча, Зеламха, во Зеламха аьлла, Зарри, соьх хьаьрчина, чIогIа йилхира.

Ша йоьлхачуьра сецча цо элира, ма мотталахь, со йоьлху кхечу хIуманна, со йоьлху хьуна йоккхаеш, сайн кийрара цIеран суйнаш сецалац соьга. ХIинца хаьа суна, кху маьлхан дуьненахь нанас вина ца хиларх а, яхь йолу кIентий ваша воцчу йишина вежарий хилар аьлла. Тхо цу буьйсанна юккъехь цигара схьалилхича, сан накъоста дийцарехь, малх схьакхеташ Бакона езткъех километр генахь дара.

Тхо т1екхочуш лаьттара цхьана шахьарна. Эццахь Фируддина шен маж дIаяьккхира, Заррин коьрта божарийн куй тиллира, цунна тIе верта кхоьллира, ткъа ша инарла ма хиллара кечвелира, сан герзаш, цхьа тапча йоцург, пайтонахь йолчу яьшки чу дехкира. Цхьа боккъал а Iедалан балхана тхо арадевлла догIуш санна кеч а делла, цу шахьарчу кхоччушехь даимна кийчча Iедалан гIуллакхана дIахIоьттина пайтон тхуна схьахIоттийра. Эццахь цу тайпана доьазлагIа оха кхоккха говр йоьжна йолу пайтонаш хийцинчул тIаьхьа, тхо Дербенте

боьдучу новкъа девлира. Эццахь тхойша Каспе дlа а хьажийна, Фируддин Шуре вахара шен ваша волчу, хьанна хаьа, и бехкеван тарлуш вара цlахь хилча.

Сой, Заррий Каспе кхаьчча буьйсанна хан йоцу хан яра, ШовхалгIар бийшина бара, ас пайтон царна цхьа урам дехьа сацийна, чехка сайн хьаша Шовхал хьала а гlаттийна, айса бохьу некъ цуьнга дIабийцича, цо чехкка тхойшинна юург-мерг а елла, садаlа элира. Бакъду, суна чlогlа лиира цу буса новкъа вала. Шовхалан хьекъал сайчул эццахь туьйлира, цо элира:

-Хьо хьайн динахь дlагIо, хьуна некъ дика хаьа, хьо цхьаъ бен ца хилча хьуна йоккха паргlато ю, ткъа хlара хьоьца йолу йоI ас сайн йоIаца цхьаьна Гуьмсе дlаялор ю цlерпоштаца, - аьлла.

- Делахь цигахь хьуна дуьхьал ас стаг воуьйтур ву, цуьнан куй а, чоа а кlайн хир ду хуна, и цу вокзална хьалха долчу доккхачу дитта кIел, карахь шен жайна а долуш, хиъна Iаш хир ву хьуна, цуьнан цlе Буьлтlиг ю, х1окху сан йишин цIе Зарри ю хьуна. ХIара цуьнга дlалур ю ахь, нагахь хьайн йиш елахь, цхьана-шина сахьтана некъ бен бац хьуна Бlаьчи-юьрта, цигахь буьйса яккхий вола, амма хьуна хаа деза, кхана сарахь бен хьо цу цlерпоштаца дIаван ца везий, х1унда аьлча, хьуна дуьхьал Буьлтlиг ваийта а, и ц1ахь ца хилахь со суо ван а суна говраца новкъа ваха тховса а, кхана а, кхана сарахь буьйса юкъаяххалц хан езар ю. Цул совнаха, хьанна хаьа хиндерг, цхьа Делан болх хилла меттиг хилахь, хьаккхий Соьлжа-гIала а гlой, цигахь мехкадаьттан хьаькам Мухтар массарна а вевза хьуна, хlара йоl цо тlеоьцур ю хьуна аьлла, цуьнца барт бина, айса дечух и йоl кхета а йина, со новкъа ваьлла, могуш-маьрша шозлагlчу буса Бlаьчи-юьрта кхечира. Айса ма-дийццара, цу Iуьйрре Буьлтlиг кечвина, Гуьмсе Зарриний, Шовхалний дуьхьал вахийтина, и цу Буьлтlигlаьрга схьа-ялаяйтира.

- Дера, Зеламха, гlуллакх ма ду ахь динарг, - аьлла, вистхилира тхан да. - Делахь хlинца хlун ойла ю хьан? Цу йоlах дагаваьллий хьо, цунна хlун лаьа?

- Со цунах дагаваьлла вац, сан ойла хIун ю аьлча, ас уггар хьалха хьуна нийса хетахь кехат яздийр ду цу йоь1ан дега-нене а, цу Гуьржехарчу сардале а, айса цу йоь1ан ойла хиъча, йоI ас дlайигна, цунна са ма гатде аьлла. Схьахетарехь, иштта кехат яздар нийса хила мега, цу йоIа шен нахаца йолу юкъаметтиг хууш хилийта. Цул совнаха, сан гергара стаг а, цу йоь1ан чIогIа гlайгlа хилла, цуьнгара кехат суна тlедеанарг а азербайджан Мухтар ву. Нагахь цу Мухтаран кlант а, и йоI а вовшашна реза хилахь, уьш цхьана хенара бу, ас и йоI цу кIанте йохуьйтур ю.

- Со реза ву хьуна, Зеламха, хаалахь, тахана дуьненахь а, кхана эхартахь а хьо цу йоьIан да хилар. Ас ца аьлча а хаьа сунна, ахь цунна бохам бийр боций.

- Делахь хьан Iодика йойла, - аьлла, ша вуха кхетар ву аьлла, Зеламха дlавахара.

Цул тlаьхьа нийсса итт де даьлча вухавеара и тхан да волчу.

Де дика а дина, тlехIоьттина Зеламха хьалхачул а самукъне вара.

- Хьажал, СаьIид, мел со воккхавеш дIанисдели цу йоь1ан гlуллакх, ас хьоьга ма-аллара, цу Мухтаран кlанттий, йоIIий вовшашна чIогIа реза хилла. Бакъду, цу йоь1ан цlе хийцина, ткъа Мухтаран кlант а, и Зарри а ший а цхьана ханна цlера дlадаьлла шайн гергара нах болчохь хир ду, lедал шекдаьлла таллам беш меттиг хилахь а аьлла, Мухтара йоIана кхечу фамилица паспорт ду нисдеш. И Мухтар санна къинхетаме стаг сох кхетта вац, цу йоь1ан гIайгlа дIаели суна. Ас цу Бакохарчу йоьIан дега а, Гуьржехарчу сардале а кехат яздина и йоI лоьхуш къа ма хьега, иза вочу кlантехь яц шуна, нагахь лаха лаахь, со карош карор ю шуна аьлла. Деа и бахьанехь сан талха хIума дац. Цхьа бакъду, суна хаьа цу Азербайджанерчу эло шен йоl сардале кхоьруш а, шен белхан меттиг ларъеш а луш хилар, ткъа мацца а цхьа зама яьлча дена-нанна тlеяха йоIана некъ хир бу.

СаьIид, хьуна Дела реза хуьлда, ахь деллачу хьекъалца цкъа а некъ ийгlина бац сан, хьан пусур Дала дойла, ас доьху хьоьга, со хьо волчу дукха эхарна сайна бехк ца биллар аьлла, тхан ден Iодика а йина, Зеламха дlавахара. Бакъду, цул тIаьхьа суна ца гира иза.

# Зелимханов Мохьмадах лаьцна Джафаров Хьасана дийцира

Зелимханов Мохьмад Соьлжа-гӀалахь деша а дешна, Ростовехь реальни училищехь доьшуш Петарбухех Ленин коьртехь а волуш, паччахь а вохийна, революци хилча шен пхийтта шо хан бен йоцу иза, шен буйнахь герз а долуш большевик а язвелла, кӀайчу эскарна дуьхьал къийсам латточу партизанашна юкъавахара. Цунах доккха дозалла деш, баккхийбеш шайна юхxе озийра иза. Шен берхIитта шо сов бен хан йоцу жима стаг 1920-чу шарахь опергруппан хьаькам хIоттийра, иза вара Веданахь Советан Ӏедал доккхуш уггаре а коьрта хьаькам, масала, Шуьйтахь Асланбек Шерипов санна. Цу хенахь Гикалос Мохьмадана цӀе тиллинера Лоьман кӀеза аьлла. Мохьмад, бакъдерг ала деза, ван а вара лом санна майра кӀант.

Со Ушаев Мазлакца йозан болх беш масех шарахь лийлира. Мазлака дийцира суна, шаьш СаьIидбекан гӀаттам хилла, Нохчмахка дахча, Тезакхаьллахошка, царна юкъа а вахана, къамел дан уьш кхетон мила хир вара аьлла тхо вовшех дагадевлча, Зелимханов Мохьмада ша воцург цхьа а гӀур вац аьлла, ас хьо жима ву, 1адӀе, собарде, хьан хорманах хьо оьрси ву аьлла, хьанна хаьа, цхьана Ӏовдало топ тоха а аьлча, Мазлака дуьйцура, ша и сацо гӀоьртича: «Сан хан кхаьчна яцахь тухур яц, тоьхча лийр а вац», аьлла дӀахаьжкина шен говрахь церан юьрта йисте а бевлла, лата, тӀом бан кечбеллачу нахана юкъа иккхира Мохьмад. Эццахь цо уьш кхетийра большевикаш, революционераш а бакъонца болу советан Ӏедалан тӀемалой хиларах, ца хуучунна а ду шуна хӀара сан хорма гой шуна, со а, сан накъостий а тхо цу вайн мостагӀашна дуьхьал т1ом бан даьхкина, шуьга хаийта веана со. Эццахь царах цхьамма мохь тоьхна хьаттинера: «Хьо мила ву, хьенан ву» аьлла. Мохьмада, со Зеламхан кӀант ву аьлллера. Церан тхьамдас тӀаккха мохь тоьхнера: «Сан вежарий, хӀинца хаьа вайна ваьш дан дезарг, гой шуна, тахана вайгахьа хилла хӀара нах» аьлла. Уьш партизанашкахьа а бевлла, кхаьрца мостагӀчунна дуьхьал тӀом беш дӀахӀиттинера. Доллучул а уьш тӀеберзар шайна цу кӀентан да вевзина хилар дара. И зама муха яра аьлча, ша муьлхачуьнгахьа вала веза ца хууш, большевикаш, меньшевикаш бохург къасто хууш берш сов кӀеззиг болуш, чӀогӀа кегарийн зама яра. Большевикашна юкъахь буй а ца хууш, большевикийн барт бохон юкъа веанарг нислуш и 1оравоккхуш а меттигаш нислора, ас цӀераш ца йоху, иштта советан Iедална дуьхьал меньшевикашкахьа а, паччахьан Ӏедалехьа а волуш шена карийнчу масех стагана Ушаев Мазлака цхьанна суьде ца хьажош, тухий вуьйш меттигаш дуккха хиллера, и бахьанехь таӀзар дан Мазлак лаьцна чу воьллича и дика шена вевзаш хиларна, Ф. Дзержинскийс Москох дӀа а вигна, Мазлак чинехь лакха а ваькхина, Узбекистане, Казахстане басмачийн гӀаттам дӀабаккха цига вахийтина, масех шо а даькхина, вуха ц1а веара.

Мазлака соьга элира, Хьасан, гур ду хьуна, и Мохьмад жимма воккха хилча цу Дзержинскийс шена юхxе дӀавуьгуш аьлла. Амма Мохьмадан хан еха ца хиллера. Иза МахкатӀе а, Мазлак ЦIонтара а хьажийнера. И дара бӀаьста 1922-чу шарахь, цхьацца гIаттамаш бахьана долуш дара иза. Бакъду, со цу хенахь МахкатӀехь писар вара, юьртда жима стаг вара, Мицаев Халид бохуш. Оцу бӀаьстенан деношкахь МахкатӀе салтий баьхкира, цаьрца цхьаьна веара ша операгруппан хьаькам волу Зелимханов Мохьмад а. Цуьнан заместитель Кузаев Iалавди а. Ша эпсар а волуш, цу эскаран командир вара цхьа оьрси, цо шена талмаж оьшу аьлла цига кхайкхира хӀетахь эскарера ц1а а веана, оьрсийн мотт дика хууш волу Семизаев Абуезид. Цу бӀон командиро соьга исписка хIоттаяйтира стерчий долчу нехан, ас исписка ян а йина, цуьнга дӀаелира, со юьртсовета чохь вара и бӀон хьаькам а, талмажал дан валийна Семизаев Абуезид а арахь нах тӀе а кхойкхуш, стерчий, ворданашший дӀаязъеш и болх беш вара. Оццу дийнахь нехан стерчийн ворданаш вовшахтухуш болх беш Зелимханов Мохьмад луларчу юьртахь Тевзанахь сецна вара. Дагахь хӀумма а доцуш тхо

тхешан болх беш Iачу хенахь арахь гIовгIанаш евлира.

Оцу Абуезидаца чIогIа дов делира цу бIон хьькаман, и дара МахкатIерачу вахархочунна Iазизана тIехула. Iазиз ша могуш воцуш цамгарца хилар хууш дара, цуьнан ши сту бацара, йожа Iамаза ши старгIа яра. Цу хьькамо чехка ши старгIа дIайожа аьлла буьйр дира. Абуезида цуьнга элира, ма хьийзаве и пекъар, и могуш а вац, иза и валарх а хьуна тахана ши старгIа йожа Iама а лур яц аьлла. Эццахь хьькамо Абуезидана нанна а олуш, Абуезида цунна шеташ туьйхира, юха нанна а элира, эццахь цу эпсаро тапча а тоьхна и вийра, ша жIаьла дийча санна, гонах лаьттачу эскаран андонца и шек а воцуш дIа волалушшехь, цу Абуезидан хаьнтIера тапча катоьхна схьа а яьккхина и тоьхна эпсар вийра Междан кIанта Iабдулхьалима. Цу юьртара нах берриге а бохург санна оцу эвлаюкъе гулбелла бара, нах сов чехка дIасахьаьлхира. Эццахь цара лелориг ца хууш уьш кхерабелла бевдда моьттуш салтий буьйлура. Уьш хиллера цIера тоьпаш схьаэца хьаьлхина. Юха маьI-маьIIера схьалелхаш, наха тIом болийра. Оцу минотехь мохь беттара цу юьртан коьртачу тхьамданаша Юсуп-хьаьжас а Яриханов Абубакара а нах сацо кхуьссу герз, кхин герз кхоьссинарг Делан а, Iедалан а мостаг1 ву, хаалаш аьлла. Бакъду, цхьа виъ стаг воцчо, кхин топ ца кхуссуш цаьрга ла а доьгIна севцира. Амма и виъ стаг, цаьрга ла а ца доьгIна, шаьш веъа хIаллакьхилира. Царна суьдаш йира.

И тоьпаш юьйлуш шена хезча гIуллакх лаа доций хиъна, шен говр хаьхкина вогIучу Мохьмадана дуьхьал кхийтира Кузаев Iалавди. «Мохьмад, ма гIолахь, ма ваьллахь МахкатIе дехьа» бохуш, ма-йоггIу говр хаьхкина вогIура Кузаев, и човха а вина, вуха верза чехконца, ас омра до хьоьга аьлла, ма-йоьдда шен говр хаьхкина басах дехьа а ваьлла, Шовда олучу хих волуш цхьамма хIара а вогIу тIом бан аьлла, топ тоьхна, эццахь кхелхира Зелимханов Мохьмад. Цу дийнахь чIогIа холчахIоьттира ерриге МахкатIе и Зеламхан кIант хилар хиъча, ша и зударий санна йоьлхура, баккхий нах къаьсттина, и новкъадеанера Юсуп-хьаьжина а, Абубакарна а. Эццахь зударий тийжаш санна чIогIа боьлхура цу Мохьмадан ненахой, чермойн Дичалаев Iелихьаьжи, Къаршай Муртай. Дера, хьан да-м ларвира оха кхойтта-дейтта шарахь тхешан декъа тIе ваьлча. Тахана язъелла хилла хIара юьхь1аьржо аьлла, и Мохьмадан дакъа мара а доьллина, вилхира цуьнан ден ненахошах уггар цуьнан ден тешамен стаг Лорснакъа. Иштта валар хилира цу оьздачу жимчу стеган. Дуй бууш чIагIдеш дийцира Хьасана, вайн районехь-м хIунда дуьйцу, республикехь а суна гина ма вацара цу Мохьмадал куц долуш, цунна юххе хIотта и санна майра кIант. Шен са мичхьа ду ца хууш, шега ларло аьлча, хан йоцуш лийр вац олуш вара и Мохьмад. Кхин цхьа тамашийна хIума а дуьйцур ду ас хьуна цу кIантах лаьцна.

Шен пхийтта шо кхаьчна а далале, цо Iамийра герз лело, цуьнан яра тапча а, хадийна йоца топ а. Мохьмад ша цIера дIаховра, ткъа хьо мичахь вара аьлча, цо бакъдерг схьа ца дуьйцура, Эвтара, я БIаьча-юьртахь я кхечахьа вара олура. Цигахь хаьттича и цига веана ца хуьлура, и шен нана а, йижарий а Iехош хиллера цаьрга са ца гатдайта. Оццу хенахь Веданахь Узум-хьаьжа охьахиира и гIап дIа а лаьцна. Узум-хьаьжина деш ахча а долуш, шен б1о а болуш, ша советан Iедалехьа волчуха а лелаш.

Амма цхьа а Iедал ца лоруш, ша паччахь хила ойла а йолуш и лелачу хенахь, Шеланий, Сиржа-эвланний юкъахь цхьана элхьамчийн, хьаьмцийн кIохцалгаш юкъа а лечкъина хIара имам миччахьа соцу, буьйса а йоккху хаа кхуьнан го ларбеш, гонаха лечкъаш, ладоьгIуш стаг хаавеллера Узум-хьаьжин ха деш болчу суьйлийн нахана. Иштта хьал ду тхан хьомен имам аьлча, Узум-хьаьжас чехконца лаца, схьавалаве аьлча и стаг веддера. Эццахь тIаьхьа а хьаьлхина, схьа а лаьцна, цу Узум-хьаьжас цу дийннахьехь Веданан гIопе а валийна и чувоьллира.

Ткъа цунна тIаьхьара ца волуш и ваьлла ваьллачу а вуьйлуш, и вен ка ца долуш лелачу Мохьмаде хаам бинера цу буса шелхочо и хьан дена тешнабехк бина шелахо тховса лаьцна Узум-хьаьжин гIопахь Веданахь чувоьллина ву хьуна аьлла. Оцу буса дика шен топ-тапча кеч а йина, Мохьмад цу Узум-хьаьжин нах чубухкучу набахтин бедана ваьллера, ткъа Мохьмадана хаьара, лецна нах Iуьйранна арабаха безаш хилар. Иштта дIа нис а делира. Цу буса сахиллалц ойла йира ша бохура Мохьмада, кху тховх Iуьрг а даьккхина, чу а гIой, ве ша

и шен да вийнарг бохуш. Амма кху цIенна ха дечу суьйлашна хиъча дерриг дохор ду я чохь цхьаьна болчаша соьга цунна хIумма а дойтур дац бохуш, са хиллалц гIаж тIехь котама санна ас буьйса яьккхира, дуьйцура Мохьмада. Iуьйранна малх лакхабаьлча лаьцна нах шишша цхьаьна арабига болийра, уьш шийтта стаг вара, суна оьшу шелахо пхьоьазлагIа ши стаг аравуьгуш аравелира, амма неI схьа а йиллина дIо лаьттачу хьаштагIе дIавоьдуш суна юьхь гойла яцара, ткъа вуха вогIуш и сан шеко ерг ннйсса схьа тIе а ваийтина, цуьнан цIе а яьккхина со вистхилча, цо шен аьрру агIо схьа а берзош элира, ву-те, ша ву аьлла, шек а воцуш. Эццахь, со Мохьмад ву, ахь вийначу Зеламхан кIант, ас дIаалар а, аьрру белш тIехь кхозу топ тохар а цхьаъ дира, иза, шеко йоцуш, велира, эццахь ха деш волу суьйлийн кхо накъост сов чехка тIехьаьлхира.

Со оццу минотехь дукха сих ца луш Ведана малхбузехьарчу новкъа а воьссина, чехка хьуьнан юкъа а воьлла, сов сиха Хорача вахара, тхешан ненан йиш-ваше кхаъ баккха а, уьш Узум-хьаьжин эскарх ларбан а. Суна дуьйцуш хезнера баккхийчаша, тешнабехк бан мегаш бац и топ айхьа экхана тухуш елахь а, вистхила олуш. Иштта суна хезнера, хьайна стага тоьхначу метте тоха еза олуш а. Иштта ца нислахь, маьршачу стеган цIий тIедарна кхерам бу олуш а. Ткъа тхан дена цу шелахочо нийсса оцу тхов тIера чу аьрру агIор тоьхнера топ. Дала суна лаарна нисдина хир дар-кха и, сан а нисделира цо шен аьрру агIо схьа а берзош, нийсса цу аьрру агIор топ тоьхна и вер. Бакъду, сан дейтта шо кхаьчначу дийнахь дуьйнна иза вен лийлира со, цIахь болчара со вохуьйтур воцу дела, царах лечкъаш. Амма цу тхан мостагIчун хан кхаьчначу дийнахь бен ка ца делира сан.

И кхаъ ас баьккхича, тхан нанас а, шина йишас а дIаяьстира шаьш тхан да вийначу дийнахь йиххина юкъ. Цул тIаьхьа оха кIира далле дуьйгIира тхешан дена чурт а.

Доллучул а тамашийна дара, и сайн мостагIа а вийна, со Хорача вахча, оццу сахьта Узум-хьаьжин бIо беара цу Хорача со лаха, эццахь тхоьга хаам бира тхан ненашичас, шу лоьхуш бIо бу аьлла. Ткъа тхан нана а, доьзал а тхан ненахоша арахь даьккхинчу ор чу а боьхкина, тIе хьардаш хьаьккхира. Тхан лерга шера хезаш дара суьйлийн маьхьарш, церан говрийн бергаша ен гIовгIа а. Цара ерриг йол кегош, рагIош, цIенош - цхьа а хIума ца дуьтуш тхо лоьхуш гича, тхан ненашичас тхо чохь долчу ор тIехь йолчу хьардех цIе теснера, чохь адам дац моттийта. Амма цхьа суьйли оцу ор тIе велира, тIехь серийн заьIар дара, кхи тхо цу чохь дуй ца хууш, тхо леха кIордийча, уьш дIабахара. Цу буса тхан ненахоша тхо хьуьнах дигира къайладаха. Бакъду, хIинца а деза-кха вайн лечкъаш лела бохуш, и буьйса наб йоцуш тхан дIаелира, ткъа кхана Iуьйрре веара и тхан ненаваша, сов самукъадаьлла дара тхан иза схьагар. Тхо тхайх массарах сийна цIе тесча а шек девр доцуш дегнаш чIагI дина Iара, тхешан мостаг1 тхайн дена дуьхьал верах сов боккха кхаъ хилла. Тхан нанас вешега элира: «Дийцал схьа, айхьа деанарг, хьо гIехь сакъералуш санна ма хета суна», - аьлла. ТIаккха СоIдус жоп делира. Оцу Узум-хьаьжас тахана Зайпулла-хьаьжина а, суна а тIе кхо стаг ваийтина, шу шена тIе Ведана-гIала даладе аьлла. Ша шуна къинтIера ваьлла ву боху цо!» ХIинца шу шена къинтIера даха кхойкху цо шуьга. Цкъа а шеко яцара тхан, СоIдус харц дерг дуьйцур ду аьлла.

Оцу сахьта Узум-хьаьжас тхо дига яийтинчу хIургонахь тхо Ведана-гIала дахара, ткъа тхан нана хьалха а йолуш тхо дерриге а цу «паччахьан» хIусаме дахара.

Тхаьшна чудахка пурба а дехна, тхо чоьхьа девлча, еха чоь яра, тхуна Узум-хьаьжа дуьхьал веара, велхаран къурдаш дара деш хезаш, цо боху аьлла талмажа схьадийцира. «Дика шега ладогIалаш, суна хьалха болчу шарIан некъ шу дерриг ирахъохка йиш йолуш бу суна хIоьттина. ХIунда аьлча, аш вийна сан тутмакх бахьанехь со Далла хьалха бехке хиларна. Амма ас яздина хIара омра а дара» - аьлла, шен омра охьадешийтира Узум-хьаьжас писаре. Бакъду, бохура цо, шех а, шух а цу Делан къинхетам хиларна сан б1она шу селхана карийна ца хилла. Шу царна карийна хиллехь сан буьйр чекхдаьлла а хир дара, шух къасто стаг воцуш, шу ирахъоьккина а хир дара.

Сийсара оьгIазло совъяьлла со набарна вижича, гIена кхоьлахь тIе а веана, оцу шун дас Зеламхас чIогIа бехк баьккхи соьгара, иштта дешнаш а олуш:

«ХӀай Узум-хьаьжа, хӀун боху ахь оцу боберашка? Хьажал хьайн карахь долчу шарӀе а, цуьнан нийсачу некъе а, х1ун ду хьан ала, хьажахьа, цу сан к1анта суна ма-тоххара тхов тӀера чу тоьхна топ, цул совнаха, суна санна аьрру белшах а тоьхна цо, нийса вац хьо, харц лоь хьо цу боберашка: хьоьгара Делан Махькамехь дов хоттур хилар хаалахь, кхин ахь и бобераш хьийзадахь» аьлла, соьга бехк а баьккхина, и шун да дӀавахара. Ас доьху шуьга, доггах сайна къинтӀера довлар аьлла, чӀогӀа хьаставелира и воккха стаг.

ХӀара ирахь муха латтало-те аьлла, чӀогӀа векъина, корта тӀехь латта муха ло-те аьлла, дуткъа лаг а долуш, лохочу дегӀахь стаг вара и Узум-хьаьжа.

ЦӀенна цо ма-дуьйццу и ду-дац-м хаац суна, цунна гӀан гаррий ца гаррий и чӀагӀдан а хаац, цуьнан талмажа цо боху аьлла, тхоьга схьадийцар и цӀена бакъдерг ду. Юха а кхечу агӀор хила а тарлора тхо паргӀатдовлар. Массарна а оцу Узум-хьаьжин бӀона - суьйлишна а, нохчашна а оццу сахьта дӀахиира и сайн мостагӀа ас сайн да ма-верра вийна хилар, цунна ма-тоххара топ тохар а, ткъа суна цхьа кхин а хетара. Узум-хьаьжин бӀоца бара лаккхара Ӏаьрбойн дешар дешна а болуш, хьекъал а, доьналла а долуш дуккха а нохчий. Масала, цуьнан хазанча вара Шелара Саламов Ӏабдулхьалим, иштта хӀора юьртара а бара тхан да дика вевзаш болу нах. Суна хетарехь, цу наха а аьлла таро яра нийса дац шарӀан некъаца ахь и Зеламхан доьзалш хьийзор аьлла. Бакъду, цо и омра хьалхарчу дийнахь яздар а, шозлагӀчу дийнахь тхо паргӀатдовлар а. Тхуна оьшург паргӀато яра, царах муьлхха бахьана хӀоьттина а.

# Зеламхан к1антах 1умар-1елех лаьцна

И Зеламхан кӀант Ӏумар-Ӏела бер долуш дуьйна сан лулахь кхиъна вара. Шеца хӀара сакхт ду аьлла, сакхт доцуш, вайнехан г1иллакх сов хаза долуш хьалакхиъна жима стаг вара иза. Ткъа Ӏумар-Ӏелин цкъа а берашца ловзаршший, забаршший йоцуш, баккхийчу нахе ладугӀуш, гергарло баккхийчаьрца дара. Иза Ростох вахара, ша доьшуш волчера цӀа веача сан де дика дой я суьйре дика йой, садаӀа цӀа веача со волчу а, со санна баккхий нах болчу а воьдура. Иза иштта лелаш, дешна ваьлча, тхан Веданан райздравотделан заведующий вахийтира. Иштта цо цигахь болх беш яйтира керлачу больницан гӀишлош а, цунна дуьххьара вайн республикехь елира больницан цӀарах машен а. Иза вайн республикан куьйгалхоша чӀогӀа лоруш вара. Иштта цхьа хаза хан йоккхуш Ӏачу хенахь цӀехьашха тӀом болабелира. Ткъа Гитлер, вуьрхӀитта паччахь а вохийна, вайх летта ву бохуш болчу кхерамана цхьацца кӀилло нах массо а къомах нислуш, вайн ламанан районехь дезертираш нисбелира. Цаьрга терра нислора юьртадас ваша дӀа а лачкъавой, цунна хьалхара тӀамтӀе вига хьакъ воцург хьовза а вой, иштта́ниг воьдуш меттиг а.

Доцца аьлча, оьрсийн мотт а, закон а девзаш лаьмнашкахь бехаш берш кӀезиг бара.

Иштта кхолладеллачу хьолехь чӀогӀа оьшура Ӏедална хьекъал долуш а, йоза-дешар хууш а волу тешаме накъост, уьш мел дукха вайн районехь белахь а, къеначу чекисташа Зелимханов Ӏумар-Ӏела шайна вовзаре терра, райкоман направленица Ӏумар-1ела Дагестанан МГБ балха а вахара, йоккха хан ялале ДАССР-н МГБ-н Веданан райотделан хьаькам а хилира. Ша чӀогӀа лоруш, шех берриге а цу МГБ-н белхахой дага а буьйлуш, хан дӀайоьдура. Цуьнца даиманна цхьаьна хуьлуш вара МГБ-н белхахо Башаров, и шиъ со волчу схьавогӀура, я со дӀакхойкхура, шаьшинца чай мала вола олий.

Даима сох дагаволура и ши чекист. Иштта Ӏумар-Ӏелас бечу балхо доккха г1о дора бехк берш а, боцурш а, адам махках доккхуш бевдда болу нах Ӏедална тӀебалош, уггаре а доккха пайден гӀуллакх дира цу Ӏумар-Ӏелас немцоша кеч а бина шайн махкахь, вайна дуьхьал болх бан шпионаш а бина, парашюташ тӀехь вайн махка кхиссина обаргаш дийна карабалийна. Уьш бара Баталов Ахьмад, Селимов Исрапил, Альмурзаев Жунид. Иштта обаргийн тхьамданаш: Махмудов Мата, Сангириев Шами, Абаев Жуьнид, иштта бандитех ткъех сов

стаг а. Уггаре а цу Іумар-Іелас Іедална а, адамашна а пайдехь динарг хІун дара аьлча, адам махках доккхучу дийнахь шаьш дойур ду аьлла кхераделла лаьмнашкахь, аьрцнашкахь, варшашкахь, лечкъаш лелаш адамаш дара вуно дукха, иштта лелачарах ах адамаш делла а ца Іара. Царна хилира тиф олу цамгар. И адамаш Веданахь МГБ-н хьаькам Зеламхан кІант вуй шайна ма-хиъи, цуьнан цІарах кехаташ туьйсура, цуьнан неІар тІе оьхура шаьш и тІебаьхкинарш чу а ца бухкуш, иштане дуург-мерг а луш, Іалашбеш буй хиъча, лечкъаш лела бехк боцу нах шайн доьзалшца схьабогІура.

Дукхах берш тІебаьхкира. ТІе ца богІуш бисинарш Іумар-Іелас Іедалца бертахь ша ара а ваьлла, шеца суьйли Арса, Іаьндо Тимирха, иштта цхьацца кхиболу нохчийн мотт хуун нах шена юххе а баьхна, массо а хьалха хиллачу ламана районашкара уьш яра ГаланчІож, ЧІебарла, Ведана, Ножай-Юрт, иштта Шуьйта а, Іедало и адамаш схьагулдан ша векал вича, Іумар-Іелас и болх тІеийцира, бехк берг-боцург къастон а, уьш вовшах кхетталц тІебаьхкинарш кхаба а, берриге а вовшахкхетта бевлча шайн доьзалштІе уьш дІабига бакъо а луш. Иштта таро аш шена лахь, ша и нах берриге схьагулбан шена тІелоцу а аьлла. Бакъду, шен дашах ши дош дойла йоций хаалаш аьлла, Дагестан обкоман а, МГБ-н барт а хилла, шена дош деллачул тІаьхьа чІогІа къахьоьгуш, арахь буьйсанаш йохуш, сих-сиха говраш хуьйцуш цу районашкахь акхарой санна лела и адамаш нийсса 1944-чу шарахь ворхІ баттахь схьагулбина велира Іумар-Іела. Цу тІе балийначу нахана-доьзалшна Іумар-Іелас бакъо елира шайн ярташкахь Іан, берриг вовшах а кхетта, церан гергарчийн адресаш а карийна, кечам хиллалц. Иштта Іедалца барт а бина, Іумар-Іелас бакъо елира оцу нахана шайн хиллачу бошмашкара стом дІаІалашбан а, эшахь шайца дІабахьа а, ца оьшучо дІабохка а. Иштта акхарой санна леллачу наха шайна хене бовла цхьацца ирзошкахь, варшашкахь дІаІалашдина ялтанаш хиллера, шаьш и ялтанаш Іалашдар дийцича, Іумар-Іелас царна бакъо нисйира и ялта шаьш дІабоьлхуш шайца поезда тІехь дІадахьа. И адамаш вовшахкхеттачу ярташкахь царна ехкира столовеш, пачхьалкх хоржах кеч еш, юург-мерг а йолуш.

И болх ша кхочушбеш ламанашкахь лелла могашалла гал а яьлла, Іумар-Іелина операци йина, больницехь цхьа жим д1абаькхира. Бакъду хьуна, цІенна ша тавелла а валале велира иза цу больницера ара. Ас бехк баькхира, Іумар-Іела, хьо бен хІума а доцчу хьайн йижаршна, йижарийн берашна Іунал хьан дер-те хьо дІавалахь, мел вон ваьлла хьо цу больницера ара, тавелла ца хилча. Цо суна жоп делира, дера, Хьаса, бакъ ма ду со тавелла воццушехь цу больницера аравалар, лоьраша соьга чІогІа ларло а ма аьлла, делахь а цІена бакъ а долуш, хІокху сан цамгарал гІайгІа ю-кха суна оцу сох а тешна, Іедална тІебаьхкинчу доьзалийн. Хьаса, массо а дика ву аьлча а дац бакъ, со больнице вахале кІира хьалха МахкатеІхь дІабига вовшахтоьханачу нахана Іедало дІало аьлла схьаелла юург-мерг юьрта-дассий, председатела а цу нахана дІа ца луш ши де а даьлла. ТІаккха соьга цигара веанчу Хусаинов Арсас хаам бина, со цига вахча, кхин эхь ца хеташ, ша шайн нахана екъна бохуш, юьртдас суна харц дерг дийцира, ткъа соьга схьааьлла волу Арса харц луьйр волуш вацара, эццахь ас юьртда а, колхозан председатель а охьа а хаийна, и харцо-бакъой къастийча, цунна бехке юьртда а карийна, и ас райисполкоман председателе докладной а яздина цу балхара лаллийтира, гой хьуна, иштта дерш а нисло, и со бахьанехь т1ебаьхкина нах эзар гергга ву, обаргаш боцурш, кхин тайпа нехан хуьскаш идийна боцурш. Ткъа оццул болчу нахана хьалха сайх хІума далийта йиш яц сан, Хьаса, аьлла, суна жоп делира цу Іумар-Іелас. Цунна цу пекъарех Іаламат чІогІа къахетара. Уьш дІабиггалц Іумар-Іелас цхьа а ха а доцуш, шайна малуъу паргІат битира и нах. Цара хІораммо бохург санна шайна шортта ялта а, кхин чохь оьшун сал-пал а яьхьира. Уьш берриге а Соьлжа-гІала гулбира 1944-чу шеран октябрь бутт чекхболучу хенахь. Цара шайна гулйина хІума ца лоьруш, царна Іедало некъана даа-мала сурсат а, кера ахча а делира. Цул совнаха, цу 1умар-Іелас ша омра а деш, цара мел гулдина хІума ярташкара машенаш а, гергахьара ворданашца а цу аьчкан некъан вокзале а яхьийтина, ша юххе а ваьлла, уьш дІахьовсийра, цаьрца уьш д1акхетон чекист Исаков Николай а вахийтира. И вара цІенна нохчийн мотт хууш.

И тІаьхьабисина нах дукхаберш чІебарлой бара, сов кІоргарчу варшашкахь шайн даьхни а кхобуш Іийна болу. Со ала ваьхьар вара, Іумар-Іелах кхетта цамгар цу вочу

меттигашкахь вала да воцуш акхароша а, олхазарша а коьртан хьеш а дууш, Іохкуш шена цу лаьмнийн варшашкахь карийначу адамийн декъий гар

ца лалуш дара аьлла.

Вайн адамаш дохочу дийнахь Іумар-Іела чекистийн ишколехь вара. Бакъду, цунна хиънера, уггара тІаьхьа йоьду эшелонаш шайн расписанех хадахь мегар дац аьлла, и адамаш Веданара, Шуьйтара дуьйнна Сталинан, Берин буьйраца машенаш ца тоьъча, тІе шодмаш а етташ, новкъахь велларг дІа а кхуссуш, ерриг Нохч-ГІалгІай республикехь мел болу нах буьйсанна шийтта далале вагонаш тІехь хила беза аьлла. Іумар-Іелас чІогІа Далла хастам бора и денош гуш ша цІахь ца хилла.

ХІинца чекхделира бехк боцурш къаста а бина, шайн доьзалш тІе дІахьовсор. Уггаре а халаниг дара дисинарг, хІунда аьлча, Іедална хьарам лелла шайна геч хила йиш йоцуш бисина бара нехан а, Делан а, Іедалан а мостагІий, уьш бара маьрша нах байинарш, я туьканаш, банкаш кхехьнарш, я тІамтІера идда масех къомах болу дезертираш. Цаьрца къийсам латтон чІогІа хала дара, уьш нуьцкъах леца гІертарш цара, шайна Іаламан къайленаш, некъаш дика довзаре терра, кІело а йой, шаьш леца арабевллачу чекистех кест-кеста масех вийна схьавохьура. Ткъа Іедалан белхалошна хиира, массо а Нохч-ГІалгІайн къомо а, ур-атталла Дагестанарчу къаьмнаша а Зеламхан кІант чІогІа лоруш хилар. И шайна хааре терра, Дагестанан МГБ-с сацам бира, обаргех шаьш цхьаъ вийча, обаргаша шайх иттех вуьйш хилар тидаме а эцна, х1инца цу Іумар-Іелин болчу лерамах пайда а оьцуш, юкъаралло дуьйцуш тІебалон беза и обаргаш аьлла. И гІуллакх, Махачкала а вигна, шена тІедиллича, хьалха санна сох дагавелира Іумар-Іела. Бакъдерг дийца деза, ас то а ца дира и сайга хьаттича. ТІаккха Іумар-Іелас соьга дийцира, шена цІенна хууш хилар, цу бевдда леллачу нахах итт я пхийтта стаг велахь, кхин сов берш шайгара кІезиг зуламаш дийлина я данне а зулам даза, цкъацкъа несалахь я нуц, я ваша, я шича, я доттагІ ву бохуш, вукхарах къаста ца лууш, царех хьерчаш берш дукkха а хилар. Цо соьга элира, уьш паргІат а бохур бу ша, амма шен аьшпашший, харц дерггий дийца йиш яц, шайна луург тІе а вогІур-кха уьш даккхийн къинош долчех а, бакъду, ас сайн ницкъ кхачахь бехк боцурш къастор ма бу.

Иштта и план шена хьалха а хІоттийна, шеца юххехь шен тешамен накъост майор Башаров а волуш, кест-кеста хІинца а валийна Іумар-Іелас хьенех-обарг тІе бохуш, наха а дуьйцуш, дІайоьдара хан. Иштта цу кхерамечу балхахь ша-шен са доьхкина и Іумар-Іела лелачу хенахь цунна кхерам туьйсуш, «мел лела воллу хьо, тхох тхан ткъе пхийтта накъост хьайн мекарлонца къаста а къастийна, уьш Сибрех а бахийти ахь, хьо мичах лела воллу, тхоьгара вала меттиг бац хьан». Иштта дукха маьттаза хабарш хазо велира оцу обаргийн баьчча Абаев Жунайд.

Цкъа-шозза Абаев хуьнах йиллинчу метте ца веача, Іумар-Іелас цунна бакъо елира къамел дан ван шен хІусаме.

Іумар-Іелин йишин кІанта хаам бира, Абаев веана, Іумар-Іела цІахь ву, хьоьга хаийта боху, аьлла.

Іумар-Іелин йишин кІанта юург еара, цуьнга сов вон дІахьаьжира «хьаша».

Дукkха къамелаш диначул тІаьхьа билггала хууш дара, Абаев Жунид каравогІур воций. Цо элира: «Ва Іумар-Іели, хьох хІун хила гІерта тхан цІокарчий а йоьхкина. Лакхавала воллу хир вара хьо. Иштта и ца хилча хьан хІун бала бу тхоьца?»

- Жунид, - элира Іумар-Іелас, хьуна цІенна хууш ду, со бахьана а долуш кхузткъе кхойтта вагон йоьттина вайнах бохийначул тІаьхьа ворхІ бутт баьллачу хенахь шайн доьзалш тІе дІабигар. Иштта масане кІант суд йоцуш новкъа ваьккхина чекисташа со бахьана долуш, дера дацара хьуна тІеман хенахь, соьх бахьана ца хІоьттича и адамаш бехк буй-бац аьлла къестор долуш. Бакъду, суна доккха хІума хета со бахьана долуш цхьа адам а боцчу бехкана суд ца еш маьрша паргІатдалар.

- Ой хьан да а ма лелла обарг, и ца хууш-х ваций хьо а, со а.

ТІаккха гуттар оьгІаз а вахана, цкъа цергаш хьаккхийра Іумар-Іелас, цкъа кхоссавелира.

- Хьуна шера хаьа, и хьо санна я хьан накъосташ санна мискачу нахера базара йохка юьгу уьстагІ-газа карара йохуш ца леллий, и мискачу нахана гІодеш леллий хаьа хьуна, ас

дийца оьшуш дац я сан Іедал а дац цо лелийнарг дуьйцуш. Хьажал хьо, адам хилча соьга и хьахон а вацара хьо и хьайх а тарвина. Тахана вай хІуъу лелийча а ваьш лийр дуй хаьа вайна. Вай далар ловзар ду, наха тІаьхьашха стаг вацара и хьенех, гІиллакх дара, оьзда вара, тешам бара - иштта ала хІума тІаьхьа доцуш и велла велахь, и ловзар ду, белхар дац. Амма и оьзданга вацара, тешам бацара, гІиллакх доцуш вара наха олуш велла верг, и ду доккха белхар, и ву ша дийна воллушехь а кешнашкахь лара везарг. Хьажал, сан хьаша, ладогІал соьга, хІокху Хьасанах эхь делахь а, тахана сайн доьзал а, хІусам а йолуш веха хан яра сан, гой хьуна, бехк белахь а, бацахь а сан да араваьлла лелачу хенахь и цхьаьна а волуш сов оьздачу нехан масех аьлча а, цхьа-шиъ суна хууш нехан стаг велла, тахана цу нахана хьалха Зеламхан кІант шена зуда а ялийна лелаш ву, вайх а, нахах а хеташ эхь а дац ца алийта, хІара шовзткъа шо гергга хан ю хьуна со хІусамнана йоцуш Іаш волу. Бакъду, хьуна цІенна хаьа эцца и тІом ца иккхинехь, и суна тхан да бахьанехь бехке нах шаьш хиллий суна зуда ялон кечбелла хилар. ХІинца уьш Азехь бу, уьш цкъа а ца хилча а сайн гІиллакх, оьздангалла ас ца ларъяхь и суна ду, цул совнаха, со дика кхеташ ву оцу хьан Іоттарх, хьан кийрахь долчух а, цхьа юьхьиг ю ахь гойтуш ерг. Хьо тешаш мила хир-м хаац суна, Делах тешачо маьрша стаг вуьйр вац олуш хезна суна. Цул совнаха, шена везнарг вонах ларван везар гуш ду вайна.

Ас цхьа дехар дийр дара хьоьга, ас ма-бохху дІаалахьа оцу хьайца болчу накъосташка, суна эхь хеташ верг царах кхо-виъ стаг ву. Шуьга цара дІа а хаийтина, кхул тІаьхьа аш маьрша стаг вехь, вай вовшийн карах лийр дуй хаалаш, аьлла. ХІинца дика ладогІалахь соьга, хІокху Хьасанан кхарда дог делахь, со харц ву, ас кхуьнга дина а, кхо къобалдина а къамел ду хьуна иза. Со хІокху балха веана вайнах Сибрех бахар дагахь а доцчу хенахь. Суна Іедало тІебиллина болх бехк боцурш бехк болчех а къастийна, уьш маьршабаха хьакъ берш маьрша бахар ду, и болх  чекхбаьлла бу, шу ткъех стаг тІевалийна, шух бехк берггий, боцурггий къастийна ваьллачул т1аьхьа со хьаькамалла дезаш, и сайн чин айда г1ерташ велахь а, вацахь а шера хаьа соьца сол лакхара а, лахара а болчу накъосташна.  Ас сайна хьалхах1оттийна 1алашо ас чекхйоккхур ю. Иза мотт-йоза ца хууш, цхьацца 1едалан мостаг1аша лебина кхерабелла бевдда нах парг1атбахар ю. Цул т1аьхьа сайн нахана т1е д1аваха бина сацам бу сан. Цигахь цара лелош дерг сайга лелалур дуй хаьа суна. Ас доьху хьоьга, кхи тхан ден ц1е ца яккхар. И вита. Амма со юьхь1аьржа хир вара, цо шен мажар мискачу нахана а, салташна а т1ехьажийна хиллехь, я шена хьал лоьхуш цо хьоладайн даьхни дигна я диъна хиллехь, вистхуьлу 1умар-1ела.

Абаевс элира, айхьа оьцу х1ума хьайн кара эца,  вухавар кеста хир дац хьан, бакъду, хьо воцуш сан д1аг1ойла дац тахана, хьуна моьтта хир ду, ас эрна къамел до хьайга. Со хьо дийна ваг1ахь дийна вига, дийна ца ваг1ахь хьан корта бахьа веана ву. Т1аккха 1умар-1елас элира, деллахьа мел хьаштдоцург дукха х1инца ахь дуьйцург. Цкъа делахь, хьаша ву хьо, т1аккха делахь со 1едалан балхахь стаг ву, мел новкъа ду суна вайша х1окху сан чохь хилар.

Хабар дита аьлла, адаман басах воьхна, цо шен тапча ц1еххьана схьа а йоккхуш, хьалха валал, элира. Эццахь Іумар-Іелас соьга а хьаьжна элира цуьнга, дІаяккха и хьайн карара тапча, эзарзза со а, хьо а велча ца хиндерг ду  ахь бохург. ТІаккха Абаевс нийсса тапча хье юккъе тІе а лаьцна, хьалхавала ца боху хьоьга! - элира. Оцу минотехь тхуна вуй а ца хууш корехь лаьтташ хиллера Іумар-Іелин гергара стаг Ваха, цо коран бІаьрг тоьхна дІа а бохуьйтуш, цу обаргана хье юккъе тоьхна шен тапчин чуьра итт патарма чекх баьккхира. Цу обарган хье цу цІийнан биъ пен ма-ббу дІасабиттира, цІий гучадалле оццу хенахь д1а не1арех схьа цхьаъ я шиъ тапча Барона а туьйхира, и обарг нисса юьхьар стоьла к1ел корта а боьдуш охьавуьйжира. 1умар-1ела сов сиха хьалакхоссавелла, Вахега вон вистхилира: «Делан мостаг1, эхь дац ахь динарг? Х1унда вий ахь вайн чохь, х1ара хьаша ма ву, нахана гергахь х1унда йожий вайн ц1е, эхь дац иза?»

Эццахь ой, элира Іумар-Іелас, х1ара хІун ду, дера суна а ма кхетта тапча, - аьлла, 1умар-Іела ша волчча д1атаь1ира. Эццахь цхьа ирча орца а даьлла, Іумар-Іела МГБ-н машенахь больнице вигира. Цунна оцу дийнахь гІалара кеманца лоьраш балийра. Тахана ян йолийна операци кхана делкъанга яьллачу хенахь лоьраш хаам бира, дан хІума дац, и даьндарг цу

цхьаъ бен боцчу жинах кхетта аьлла, эццахь х1ара дуьне 1арждделира суна а, и 1умар-1ела мел вевзачарна а.

Иза цу шолг1ачу дийнахь д1авоьллира, со Дала кхоьлличахьана цунна саннаадам орцахдаьлла стаг велла меттиг суна гина яцара.

Бакъду, эзар кехат деана 1ийр дацара цунах кадам беш цуьнан йижаршка цу 1умар-1елас шаьш парг1атбаьхначу нахера.

Оцу тезета веара 1умар-1елин хьаша волу хьуьнхо Муртаз1ела, цо хьаькkхина цу МГБ-н конторе а вахана элира, чехка схьадуьйла соьца, ас шуна гойтур ю уьш лечкъина 1аш болу хьех, шу цига ца даг1ахь ша-шена тухур ю я цхьа-ши бомба ло аьлла дехар дира цо. Оцу буса кхин хан ца йолуьйтуш, милицин а, МГБ-н а белхалой цу хьехана го лаца а бахана, цара буьйр динера, шун коьртера волу Абаев Жунид тхан каравеана, арадовла оцу чуьра, чу бомба туху шуна аьлла.

Чуьра вистхуьлуш цхьа а вацара, цхьа обаргийн накъост вара Абаевх хилларг хаа веача каравоьлла лаьцна, эццахь цу хьехачу вахийтира, цул т1аьхьа и хьалха а волуш, сов боьха яьлла мажош а, кортош а долуш, цу чуьра вуьрхIитта стаг схьалаьцнера. Бакъду, и Солсаев бохучунна тоьпаш тохар хаьа шерра, ткъа вукхарах хилларг ца хиира суна. Амма Iумар-Iела дийна висинехь, цо аьлла дара, царах бехк боцуш а, гIийлачех къахеташ а кхо-виъ стаг ву шена хууш. Церан г1о дан-м хьожур ву ша.

Иштта чекхделира воккхачу стеган Хьасанан къамел.

**Воспоминания об абреке Зелимхане**
**(на чеченском языке)**

Редактор И. И. Эльсанов. Художник М. Б. Воцаев. Младший редактор Р. Х. Плиева. Художественный редактор И. И. Джансуева. Технический редактор Н. Ф. Палихова. Корректор А. А. Арсамирзаева. ИБ № 2009. Сдано в набор 17.05. 1990 г. Подписано в печать 20.07. 1990 г, СФ03090. Бумага типографская. Формат 60x84 1/16. Печать высокая. Гарнитура литературная. Усл. печ. л. 9.3. Усл. кр.-отт. 10,23. Уч.-изд. л. 10,24.
Тираж 15 000. Заказ № 5343. Цена 3 руб.